ДЖОН БИВЕР



# ИЙЗАДАЛАР ДОХОШ

БЕХКЕ ХИЛАР А ЦА ХААЛУШ, «ХIАН-ХIА» МУХА ОЛУ
АДАМИЙН КЪОБАЛДАР А ДОЦУШ, ТЕШНА МУХА ХУЬЛУ

Хьоме доттагӀ,

Со, шун карахь йолчу книгин дахьийтаран, таханлерчу Динан тобанан доккхачу хьаштана жоп даларна, пайхамараллин даьтта хьаькхна хиларх теша. ХӀара книга  араяьллачу муьрера дуьйна схьа, дуккха болчара цо царна маьршо а, тешар а, собар а хиларна гӀо муха дина хиларан тоьшалла до. Ас айса а, Везачу Эло и билггал бакъдерг сайга кхачийча, синехь меттахдалар лайра. Кху книгин дешнаш Цуьнца алссам кӀорге леларна Ӏаь тоьхна ду.

Везачу Эло хӀара дахьийтар хьоьца а, дерриге дуьненарчу лидершца а декъар диллина сан даг. Доьху ас, хӀара книга, сан безаман а, гӀо даран а билгалонна, юьхьша совгӀат санна тӀеэцар. Со, цо шуна а, шух тешна дитинчу адамашна а Ӏалашонан а, авторитетан а, делаллин хьажийна хиларан а ницкъ лург хиларх теша. Аса иштта тхайн **MessengerX.com** сайтера электронни кепара хӀара книга маьхза чу яккха йиллина. Шун хӀара дахьийтар маьрша чу даккхийла а, шайн динан тобанехь дӀасадаржадойла а ду .

Хьоме доттагӀ, кху дахьийтаро гуттаренна а сан дахар а, Далла гӀуллакхдар а хийцина. Ас доӀа до, аша кху агӀонашна тӀера шайга долу Делан дахьийтар доьшучу хенахь, шу а иштта кӀоргга хийцина хиларна тӀера. Суна, кху дахьийтаро хьуна а, ахь динан гӀуллакх дечохь долчу адамашна а Ӏаткъам муха бина хаза, тамехь хир ду.

Дала леррина Къобалвинчуьнца волу хьан ваша,




Джон Бивер
JohnBevere@ymail.com


MessengerX

MESSENGER INTERNATIONAL
MessengerInternational.org

ДЖОН БИВЕР

# ИЙЗАДАЛАР ДОХОШ

БЕХКЕ ХИЛАР А ЦА ХААЛУШ, «ХIАН-ХIА» МУХА ОЛУ
АДАМИЙН КЪОБАЛДАР А ДОЦУШ, ТЕШНА МУХА ХУЬЛУ

**Breaking Intimidation by John Bevere, Chechen**
© 2021 Messenger International
MessengerInternational.org
Originally published in English as Breaking Intimidation.

Additional resources in Chechen are available for free download and video streaming at
**MessengerX.com** and on the **MessengerX App**
To contact the author: JohnBevere@ymail.com

This book is a gift from Messenger International and is NOT FOR SALE

**«Ийзадалар дохош», Джон Бивер, Нохчийн маттахь**
Copyright © 2021 Messenger International
MessengerInternational.org
Юьхьенца «Breaking Intimidation» цIе йолуш ингалс маттахь арахецна.

Нохчийн маттахь маьхза чуяккха кхин тIе йолу ресурсаш **MessengerX.com** сайтехь а, **MessengerX** юххедиллларехь а тIекхочийла долуш ю
Авторан контактни электронни адрес: JohnBevere@ymail.com

ХIара книга – «Мессенджер Интернэшнл» динан гIуллакх дарера совгIат ду тIаккха ЙОХКА МАГОШ ЯЦ.

App Store Apple Inc-ан товарни билгало ю, цуьнан США-хь а, кхечу пачхьалкхашкахь а регистраци йина ю.

Google Play а, логотип Google Play а Google LLC-ан товарни билгало ю.

ДЖОН БИВЕР

# ИЙЗАДАЛАР ДОХОШ

## *Авторера алар*

Ас хIара книга язъешшехь, Дала пайхамаралле элира соьга:

*Сан кIант, тIаьхьарчу заманан тешачийн сийлахьчу эскаре тIекхайкхинчарех дуккха берш ийзабаларо бихкина бу. Церан Делан а, адамийн а хьокъехь цIена дегнаш ду, делахь а, ГадIан санна, уьш адамашна хьалха кхерамо дIалаьцна бу (Куьйг 6-8). Ас царна чу дехкина долу совгIаташ, хIумма а деш дац. Ас кху книгин чулацамна даьтта хьоккхур ду, дуккха берш паргIатбахархьама. Уьш хьалха а бевлла, кхерам боцуш Суна муьтIахь хир бу. Цара сийлахь тIемалой хилла дIа а хIиттина, шайн Делан ницкъаца баккхий толамаш бохур бу.*

## *Чулацам*

Дешхьалхе . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . vii

ДӀадолор . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . ix

**Дакъа 1**

**Синан лакхаллин агӀо чӀагӀъяр**

Корта 1. Олаллехь лелар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1

Корта 2. Синан лакхаллин агӀо а, олалла а . . . . . . . . . . . . . . . . . 11

Корта 3. Ши йист . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 21

Корта 4. Дала делла похӀманаш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31

**Дакъа 2**

**Ийзадалар Ӏорадоккхуш**

Корта 5. ХӀумма а ца ден похӀманаш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45

Корта 6. Ийзадаларан энаша лаьцнарш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 59

Корта 7. Ийзадаларан са . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 71

**Дакъа 3**

**Ийзадалар дохош**

Корта 8. ПохӀмин алу кхин а йовха ягийта . . . . . . . . . . . . . . . . . 87

Корта 9. Ийзадаларан орам . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 101

Корта 10. Лаам хилар ца тоьа . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 115

Корта 11. Делах кхерар адамех кхерарна дуьхьал. . . . . . . . . . . . 133

Корта 12. Деш-лела я терго е? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 151

Корта 13. Хьекъалечу кхетаман са . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 163

Корта 14. Хьалхе дӀалаьцна . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 179

Эпилог.... . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .197

# ДЕШХЬАЛХЕ

Суна Джон Бивер сайн динан гӀуллакх дарехь накъост а, хьоме доттагӀ а санна вевза хӀинца дуккха а шераш ду, тӀаккха ас иза сайна доккха озабезаме хӀума хилар а лору.

Со доллучу сайн дагца, Дала иза толаман а, тешаран а, сатийсаран а дахьийтар вайн тӀаьхьене тӀекхачорхьама гӀаттийна хиларх теша.

Джонан Биверан «Ийзадалар дохош» цӀе йолу книга – чӀогӀа шен хеннахь долу дахьийтар ду, иза Дала леррина Къобалвинчун дерриге дегӀана оьшуш ду. Вай, кху дуьненна тӀекхиархьама, Дала ваьшна делла долчу совгӀатех пайда эца беза. Оццу хенахь вайх дуккха болчара и Ӏалашо мекарчу я дӀогара дукха мекара йоцчу атакийн бахьанехь, Дала леррина Къобалвинчуьнца долу вайн олалла дӀатосу.

Иблисо, шуьгара Дала делла долу совгӀаташ лелаш хилар сацорхьама, оьшу хьелаш а хӀиттадо, адамех пайда а оьцу. Делан Дашехь ийзалуш болу тешаш берш толам баккхаре чекх муха буьйлуш хилла хиларх лаьцна дуккха масалш ду. Нунин ЮшаӀ а, ГадӀан а, Нахьми-ЯхӀу а, Дауд а – царех цхьаберш бен бац. Делан Йозанашкахь аьлла ду:

*Хьуна дуьхьал даьккхинчу цхьана а герзо хьуна зулам дийр дац.*

*– Еш 54:17*

XIокху книгин а, Дезачу Синан ницкъан а бахьана долуш, хIора тешаш верг эхь хеташ а, ийзалуш а хиларх, толам баккхаре чекх валалур ву. Дала кху тIаьхьенехь, цкъа а юха ца буьйлучу тIемалойн, эскар гIаттадойла!

– Джон Мейсон,

*“Юкъанаккъаралла” цIе йолу мостагI” а, “Сатийсаран дешнаш” а цIераш йолчу книгийн автор.*

# ДІАДОЛОР

Барамза дукха Іийсах тешарш ийзабаларца къийсам латтош бу. Амма, орамца къийсам латточу метта, цуьнан тІаьхьалонца къийсам кхин а алсам латтош бу. Цхьана чоьнна тІехь тхов боцчу, чохь еза йийбар йолчу хазачу цІийнан сурт хІоттадейша шайна. Доккха догІа деача, дерриге а цІа хих дузур ду, - чохь мел долу хІума бохург санна, талхийна хир ду. Бехъелла а, ситтина а йийбар а, лаьтта тоьхна аннаш а дІадахархьама дуккха а денош оьшур ду. Дерриг а дохийна хилла долу хІума нисдархьама, хІусамден дуккха а болх бан дезар ду.

Берриг а болх кхоччуш чекхболуш хирболчу хенахь, кхин йочана тІе а еана, тодина долу дерриг а хІума хІаллакдийр ду. Дог а доьхна, хІусамдас юха а кІадвен а, сахьийзаме а юхаметтахІоттторан белхаш дІаболор бу. Амма кхин а цхьа хан яьлча, догІано юха а ерриг а интерьер йохор ю. ХІоразза а догІанан йохоран ницкъ алсам хир бу. Догдаьллачу хІусамдас цкъа дІатосур бу и болх, тІаккха цу аьтто бохаро гуттаренна а Іаткъам бийр бу цуьнан дахаре йолчу тергонна.

Дера, иза цхьа а доцург санна хезаш ду. Хила тарло аша ойла йо: «Цо цкъа хьалха тхов а тобина, ткъа цул тӀаьхьа доьхнарг то хӀунда ца до те, аьлла? Ма сонта а ву!».

Мухха делахь а, цу суьрто, дуккха берш ийзабаларца къийсам латто муха гӀерта, гойту. Ийзабаларан ницкъ бохочу метта, уьш цуьнан тӀаьхьало дӀаяккха гӀерта: сингаттаме хилар а, бохар а, догдиллар а, бӀарздалар а иштта кхин дӀа а.

Цхьаболчара ийзабаларца къийсам латтабо консультанташна тӀе а лелаш, тӀаккха цара уьш шаьш-шайн кхерамашца тарбала муха мега Ӏамабо. Кхечара шайн дахар эхь хетаран лоллин кӀел дохуьйту, уьш паргӀато хиларан ур-атталла сатийса а ца баьхьа. Уьш а, вуьйш а тховх Ӏуьрг долуш санна, хи чекхдаллалц тӀадийначу йийбарна юкъахь бехаш Ӏаш бу. Кхиберш дӀакъаста боьлху. Сатийсийла доцуш цара шайн тӀадийна хих дуьзна цӀа дӀатосу.

Кху книгин чулацамо гӀо дийр дац, нагахь шу ишттачу гӀуллакхан хьолаца дӀате лууш делахь. Амма кху книгано муьлххачу кхерамах а, ийзадаларх а паргӀатдовларан Делан некъ гойтур бу, шуьга шайн дахарна Делан хьажийна хилар кхочушдайтархьама.

Аса кху книги тӀехь болх беш компьютерна хьалха дуккха а сахьташ даьхна, Везачу Эле сайна айса яздечунна тӀехь суо Цо вигар а доьхуш. Цкъа со Ӏуьйранна болх беш волуш, суна чоь Веза Эла чохь хиларо юьзна хилар хааделира. Со компьютерна хьалхара хьала а гӀаьттина, доӀа деш дӀасалела волавелира. ДоӀа дечу хенахь Везачу Элан Са суна тӀе а доьссина, иштта дешнаш кхолладелира:

Сан кӀант, тӀаьхьарчу заманан тешачийн сийлахьчу эскаре тӀекхайкхинчарех дуккха берш ийзабаларо бихкина бу. Церан Делан а, адамийн а хьокъехь цӀена дегнаш ду, делахь а, ГадӀан санна, уьш адамашна хьалха кхерамо дӀалаьцна бу (Куьйг 6-8). Ас царна чу дехкина долу похӀманаш, хӀумма а деш дац. Ас кху книгин чулацамна даьтта хьокхур ду, дуккха берш паргӀатбахархьама. Уьш хьалха а бевлла, кхерам боцуш Суна

муьтӀахь хир бу. Цара, сийлахь тӀемалой хилла дӀа а хӀиттина, шайн Делан ницкъаца баккхий толамаш бохур бу.

Иза дуьххьалдӀа долу теоретически хьехар дац. Дуккха а шерашкахь со суо а ийзаваларо вихкина вара. Сан къийсамехь уггаре а ладаме дуьхьало стенца яра аьлча, со сайн халонийн хьоста мичахь ду ца кхетара. Амма Дала и зуламе мостагӀ Ӏораваьккхира. ХӀетахь дуьйна Цо, дерриге дуьненахула Ӏийсах тешаш берш паргӀатбахархьама, кху дахьийтарх пайда оьцу.

Цхьана лидеро ур-атталла элира: «И хьехам Америкехь хӀора динан тобанан Ӏуналхочуьнгахь нисбалийта беза!» И дахьийтар динан тобанан Ӏуналхошна хилла а ца Ӏаш, амма динан тобане лелачу муьлххачу декъашхочунна а хила деза. Со ца теша, хӀара книга ларамаза хьан карахь нисъелла хиларх. Хьо хьуо паргӀатваьллачул тӀаьхьа, доьху хьоьга, хӀара дахьийтар, иза оьшучуьнца декъахьара ахьа. Цу гӀуллакхо хьуна хьайна цу тӀехь чӀагӀваларна гӀо дийр ду.

ТӀаккха цу некъан юьххьехь, аса сайн доӀанах схьакхетаре иракарахӀоттаво хьо. Доьху ас, хьайн дог дӀа а деллий, Дела а волуш, хӀара дешнаш ала.

Дада, сан Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан цӀеран дуьхьа, ас доьху, хӀара книга йоьшучу хенахь Дезачу Сино Хьан Дош дӀаделлахьара суна. Доьху Хьоьга, сан дахарехь муьлхха а лардазалла доцург Ӏора а даккхий, дӀадаккххахьа, ийзавалар а, кхоьруш хилар а шайн орамехь хӀаллакдина хилийтархьама. Со Хьуна кхин а юххера хуьлийла, тӀаккха майрра сайн Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу Ӏийсах лаьцна тоьшалла деш а дӀахӀоттийла.

# СИНАН ЛАКХАЛЛИН АГIО ЧIАГIЪЯР

# ОЛАЛЛЕХЬ ЛЕЛАР

Дала шайна деллачу олаллица лела, и ца дахь цхьаммо иза схьа а эцца, шуна дуьхьал пайда оьцур бу цунах.

Везачу Элана гӀуллакх дарца, со тӀаьхь-тӀаьхьа алсам кхета, Цо вай Цуьнан хьажийна хилар вешан дахарехь кхочушдан кечдархьама, хьелех а, адамех а пайда оьцу.

1983-чу шарахь цхьана йоккхачу динан тобанехь кхоччуш хан йоккхуш гӀуллакхдарна юкъавахархьама, аса сайн инженеран карьера дӀатесира. Со динан тобанан Ӏуналхочунна а, цуьнан зудчунна а, тӀеоьхуш болчу хьешашна-гӀуллакхдархошна а гӀуллакхдеш вара. Со церан хӀора денна оьшучу хьаштийн гӀайгӀа беш вара, церан Дала шаьш хьажийначу балхана алсам паргӀат хан хилийтархьама. Диъ шо дӀадаьллачул тӀаьхьа Дала кхечу йоккхачу динан тобанехь къоначийн Ӏуналхо хилла дӀахӀотта магийра суна.

Со цигара дӀаваха везаш волчу, дӀадаханчу кӀиранах, иштта

динан тобанехь болх беш волчу цхьана стага сан зудчуьнга Дала суна лерина дош делла шега элира. ТӀаккха хӀетахь дуьйна и дош ларвар санна хезаш ду сан лергаш чохь, цо суна хьекъалалла а, ницкъ а ло. Делера догӀуш долчу ма-дарра долчу дешаца хуьлуш ма-хиллара, иза сан дагна некъан седа а, со тешна ца хиларх ларваран бух а хилла дӀахӀоьттинера.

Цу стага сан зудчуьнга иштта дӀахьединера: «Нагахь Джон Дала шена деллачу олаллехь ца лелахь, цхьаммо иза схьа а эцца, цунна дуьхьал пайда оьцур бу». Цу дешо сихха гӀуллакх дира. Ас иза Делан хьекъалалла санна тӀеийцира, амма хӀетахь сан цунах пайда муха эца беза кхоччуш кхетам бацара. И хаар масех шо даьлча гучуделира.

## Дахар хийцадолуьйту, зедалар

90-гӀачу шерийн юьххьехь Везачу Эло, Цо сан дахарна долу хьажийна хилар, со динан тобанашка а лелаш, адамашна гӀуллакхдеш хилар дуйла тӀечӀагӀдира. Иштта со гездеш лийлира цхьайолчу хенахь, тӀаккха сан дахаран зедалар хилира, и бахьана долуш со эххар а Дала масех шо хьалха аьллачу дешнех кхийтира.

Цхьана динан тобанехь оха гӀуллакхдар кхаарийн дийнахь суьйранна дӀадолийра, тӀаккха иза кӀиранан денна тӀекхаччалц дӀакхехьа дезаш а дара. Делан Са нуьцкъала лелара, чӀогӀа паргӀатдовлар дара, адамаш то а луш, кӀелхьардуьйлура. Гуламашкахь Дела хилар хӀора суьйранна хьаладолура.

Хьалхарчу кӀиранах «Нью Эйдж» боламна юкъаялийна йолу зуда сийлахьчу кепара кӀелхьаръяьккхина яра. Иза дерриге а тӀаьхьадогӀучу гӀуллакхдаршкахь кхиам хиларна таттар хилла дӀахӀоьттина хилар хеталора. КӀиран чохь адамаш езткъа чаккхарма генарчу ярташкара схьадогӀура.

Динан тобанан Ӏуналхочо элира: «Вайн хӀара динан гӀуллакх дӀакхехьар дуьтийла дац. Делан вайна кхин а цхьа алсам дерг ду». Со реза хилира, тӀаккха оха кхин а 21 гулам дӀабаьхьира. Делан Дош зевне татол санна догӀура, тӀаккха Синан совгӀаташ хӀора гуламехь гуш хуьлура.

ГӀуллакхдаран шолгӀа кӀира дӀадоьдуш цхьана суьйранна, кхайкхам бечу хенахь, со юхавирзича, суна юьхь-дуьхьал мукъамчаш а, иллиалархой а нисбелира (сцени тӀехь уьш 25 гергга бара). ТӀаккха ас элира: «Кху сцени тӀехь къа латор ду. Нагахь шу дохко ца довлахь, Дала иза Ӏорадоккхур ду».

Сайна айса и дешнаш бохуш хезча, ас ойла йира: «Ма дан а ду! Иза мичара даьлла?» Делахь а со кхайкхамаш беш волу хӀинца тоъал дукха хан яра тӀаккха суна хаьара иштта меттигаш нислуш хуьлу, Делан юххехь хилар оццул чӀогӀа хилча, ахь цхьа дӀахьедарш до, ткъа хьан дегӀан лергашна и дешнаш хӀинца ахь уьш аьллачул тӀаьхьа хеза. Вай Делаллин дог ирахӀоттар долуш бохучу хенахь, – цунах «пайхамараллин кхайкхам» олу.

Сан хьекъалехь хаттарш гучудийлира: «ХӀун дара те ас аьлларг?» Делахь а ас сихха дӀатеттира и ойланаш, сайна хаьа дела: аьлларг Делера дара. Ас хьалххе дуьйна ойла ца йора цунах лаьцна, дуьххьалдӀа кхайкхам барна чӀогӀа синан лакхалле хьал дара суна тӀехула.

Тобанаш хӀора гӀуллакхдарехь алсамъюьйлуш яра. КхоалгӀачу кӀиранах, юха а кхайкхам бечу хенахь, со юхахьаьжира, сцени тӀерачу адамашна тӀе пӀелг а хьажош, тӀаккха Дезачу Сино вуьгуш волчу аса майрра, элира: «Кху сцени тӀехь къа латор ду. Нагахь шу дохко ца довлахь, Дала иза Ӏора а даьккхина, шу дӀадаьхна хир ду!» Суна сайн тешна хилар а, олалла а хьаладолуш хилар хааделира. Кху муьрехь со хӀинца шеко йолуш вацара цу деша тӀехь, хӀунда аьлча суна хаьара: Дала Шен цӀа къинах цӀандеш дара.

## Кхелъяр я кхелйина хилар

Нагахь къа текхна вайн дахаре дагӀахь, Дезачу Сино Ӏора а доху, нис а до вай. Делахь а нагахь вай ла ца догӀахь, шелдала а дуьйлалой, бен доцуш хилла дӀахӀуьтту. ТӀаккха иза вай вешан дегнашкахь Веза Эла кхоччуш хаа ца луш хиллалц, кхин дӀа а хуьлу.

ТӀаккха, вайна я вайн гонаха болчарна тӀе кхиархьама а, лардархьама а, Дала къа Ӏорадаккхархьама, цхьаъ вохуьйтур ву.

Цо иза вай холчу хьоле хIитторхьама а доцуш, амма лардархьама а, гIо даккхархьама а деш ду. Нагахь вай хIетте а ладогIар дIатеттахь, кхелъяр догIу. «Нагахь вай ваьш зуьйш делхьара, Везачу Эло йийр яцара вайна кхел. Ткъа вайна тIехь Цо кхел еш хилча, вай нисдеш долу таIзар хуьлу вайна, дуьненах кхечаьрца цхьаьна вайна кхел йина ца хилийтархьама» (1 Ко 11:31-32).

Дала мелла а йолчу хенахь садеттар ду къинна, вайна дохкодийларна аьтто бархьама а, таIзар дарх кIелхьардахархьама а. Амма ур-атталла вайна таIзар деш а, Цунна вай дуьненца цхьаьна кхел йина хила ца лаьа. Долахь дерг дайина волу кIант, хьакхарчийн божалахь нисвелча, дохковаьлла. Хьакхарчийн божалхь дохковалар гIолехь ду, кхин дIа къинош а летош, Олахочо цкъа иштта олуш хезачул:

> *«Генадовлал Суна уллора, харц белхаш лелош дерш» (Мат 7:23).*

Нагахь вай дохко ца довлахь, вай баланехь хир ду, Далла и лууш дацахь а. Цу хьокъехь ПахIала аьлла: «Цундела шух дукхахдерш гIораза а, цомгуш а хуьлу, цхьаберш бала а ле» (1 Ко 11:30). Къино синан лакхалле а, дегIаца а валар дохьу. ТIаккха цу динан тобанехь, суна Дала сцени тIера цхьанна таIзар деш хилар хааделлера, иза дохковаларна тIевалорхьама. Амма суна Цо Iоравоккхуш волу къилахь верг мила ву ца хаьара.

## Кхероран мекара атака

Юха суьйранна, динан тобанан Iуналхо а, со а офисехь гIуллакхдарна кечам беш волуш, цхьана къаночо чу а веана, мукъамбалораш а, хастамаш беш иллиалархой а кхоьлина а, вон а гуш хиларх хаам бира. Iуналхочо уьш сих-сиха гIуллакхдеш хиларна кIадбелла хир бу аьлла ойла а йина, элира: «ДуьххьалдIа, шайна хеташ дерг юьстах а дитий, ара а довлий, Далла хастамаш бе, ала».

Ас къаночуьнга а хьаьжна, элира: «Собар дехьа минотана. Цхьа хIума низамехь доцуш-м дац?»

ХIетахь со кхеташ ца хиллехь а, амма иза хала хьал дара. Дала суна гIуллакхдан а, гIо даккха а деллачу олаллина кхоссар йинера. МостагIчунна гуламашкахь хуьлуш дерг тамехь дацара, тIаккха цунна цу гIуллакхан чаккхе хилийта лаьара.

Со хIетахь цу гIуллакхах кхеташ ца хиллехь а, сан харжам бара. Сан, иллиалархошка аьлларг дацаре а дина, кхерам тийсарна муьтIахь хуьлийла дара, цу кепара сайн олаллин агIонах юха а волуш. Я сайн олалла лардойла дара, Дала бохучунна тIера а ца волуш, ийзавалар а, кхерамаш тийсар а доха а деш.

Ас сихха ойла йира: «Джон, и адамаш мара стенна ца духку ахьа? Юха а ца воьрзуш, царна тIе пIелг а ца хьежош, хьехам хIунда ца бо те ахьа? ХIинца динан тобанехь адамаш сценитIера адамех къилахь верг мила ву те бохуш, ойланаша дIалаьцна ду. Ткъа нагахь цхьа а вацахь? Я ур-атталла къа хилча а, нагахь иза цкъа а Iорадаьккхина ца хилахь? Адамаша вовшийн шеконаш йолуш хир ду, тIаккха бехке воцчунна зен хир ду. Цу гIуллакхо зулам дийр ду динан тобанна. Дерриг а дина долу диканиг дохор-м дац те ахьа? Нагахь и хилахь, хьо вочу агIор гуш хир ву, ткъа хьо-х хIинцца бен динан тобанашкахула дIасалела волавелла вац».

Юха а, юха а сан хьекъална тIелетара и ойланаш. Сан кхерамаш цхьана ойланна тIегулбала буьйлабелира: хIун хир ду сох? Иштта ийзаваларан хуьйцийла ду шун кхетарш. Бахьана стенца ду аьлча, кхерам – ийзаваларан орам бу, тIаккха цо адамашка тидам шайна тIегулбойту. Ткъа буьззина бакъболчу безамо кхерам дIатотту, хIунда аьлча кхерам гуттар а таIзарца боьзна хуьлу. Кхоьруш волчун буьззина бакъболу безам бац (1 Я 4:18).

Динан тобанан Iуналхочо хIумма а ца элира. Оха кхааммо а вовшийн куьйгаш а лаьцна, кху гуламехь Делан лаам кхочушхилархьама доIа дира. Сцени тIехь кху кхаа кIиранахь муьлххачу кхечу суьйранна лелаш ма-хиллара санна, лийлира. Хастамаш а, сийлалла а дечу хенахь, Везачу Элан дош ца догIура сан даг тIе. Суна цхьа а тайпа суо вуьгуш хилар ца хаалора, амма ас ойла йира:

*«Дела тешаме ву, тӀаккха суна хуур ду хӀун ала деза, со кафедрехь нисвеллачу хенахь».*

ГӀарадаккхар чекхделира, Ӏуналхочо дӀахьедар дира, амма суна сайн даг чохь цхьа а хӀума ца хезира. Ас ойла йира: со хьалагӀоттур ву, тӀаккха со когаш тӀехь нисвелча, Дала хьажор ву со, аьлла. Со конспекташ а язъеш, тӀаккха кийчачу кхайкхамца араволучарех вац. Ас дош Ӏама а дой, доӀа а дой, дог ирахӀоттарца сайн даг чохь дерг олу. Амма хӀетахь сан сагатдар алсамдуьйлуш дара, хӀунда аьлча хан дӀаоьхуш яра, ткъа суна хаьара, нагахь Дала суна хьажор ца лахь, сан ала хӀума хир дацара.

ТӀаккха Ӏуналхочо со вовзийтира. Со кафедрина тӀе вахара, тӀаккха, сайн хӀинца а хьажор доцу дела, ас элира: «ДоӀа дер вай». Амма доӀа дечу хенахь а, соьга хӀумма а ца деара. Аса масех минотехь доӀа дира, амма кхин а оьшуш дерг хӀун дара, сан доӀанаш дахаре дацара. Дешнаш багара сан когашка охьадегарна бен арадуьйлуш дацара. Ас ойла йира: «ХӀинца хӀун де те?» Ас айса цкъа мацах хьалха Забур тӀера бина кхайкхам бан сацам бира.

Хьехам бечу хенахь суна цхьа а дахар а, синхаам а ца хаалора. Ас ойланаш цхьаьна сецорхьама къийсам латтабора. Хеталора, Дела ванне а вац. Со хӀинца ойла ян волавеллера: «Ас и хӀунда аьллера?», я «Ас и мичара схьаэцна? Схьахетарехь, со эхь хетаро лелош ву-кх, ткъа Дезачу Сино а доцуш». Ас со кхин дӀа а тевора, Дела гучу а ваьлла, со нисвеллачу кегарера кӀелхьарвоккхур ву. Делахь а дерриг а оьшуш бен ца дуьсура. Эххар а ас кхайкхам чекхбаьккхира.

## Дерриге гӀуллакхдар 35 минот гергга дахделлера.

Кхоччуш кхетамах тилла, со сайн метте юхавирзира. «Дела, Хьо гучу ца волуш хӀунда виси те?» – хаьттира ас. «Берриге гуламаш исбаьхьа а, нуьцкъала а ма бара, ткъа хӀара бен бацара дахар доцуш. Кху адамийн меттехь со кхин вогӀур вацара кхуза. Мел йистерчу барамехь суна билггал ца лаьа цига юхаван». Цу суьйранна со гӀамарх буьзна тӀоьрмиг дӀакхаьллича санна, вахара дӀавижа.

ШолгIачу Iуьйранна со самаваьлча, суна гIамарх буьзна тIоьрмигах лам хилча санна хааделира. Оццул хала хиларна, суна маьнги тIера хьалагIатта а ца лаьара. Воккхаверо дIатеснера со. Ас доIа дан ара а ваьлла, юха а хаьттира Деле: «Хьо гучу хIунда ца велира?»

Жоп дацара.

## «Ас къа латийна? Ас халахетийтина Хьуна?»

Хьалха санна – вистцахилар дара. Ас сахьтехь доIа дира, тIаккха хIора минотехь къийсам бара.

Со сийлалла даран кассета тIе а йиллина, тIаьхьара лекха волавелира. Суна Дала безачу мохьан метта хесторан духар луш хилар хаьара, ткъа со цунах кIелхьарвала везаш а вара. Делахь а дахар доцу эшар лоькхуш ах сахьт а далале, со кхин тIе а алсам воьхнера. «ХIун ду те ас динарг? Ахь жоп хIунда ца ло суна?»

Делкъал тIаьхьа аса луларчу аренга а вахана, иблис дехка сацам бира. Цуьнца ду дерриг гIуллакх! Делахь а ша вихкина ву аьлла хааделларг, иза со суо бен вацара. Ас доIа а деш, кхаа сахьтехь мохь хьийкхира иблисана тIе, амма цунах сан аз дар бен хIумма а ца хилира. Юха а вирзина, гуламехь гIуллакхдарна кечам бан безаш бара. Ас со суо тевора: «Ишттачу дуьхьало ярца, тахана Дала чIоггIа Ша гойтур ву. ДуьххьалдIа тешарца гIо, Джон».

Хастамаш бар а, Iамалъяр а, дIахьедарш дар а, сагIанаш далар а тIехделира, ткъа сан дIаяханчу суьйранна ма-хиллара болу синхьехам бара. Ас юха а ойла йора, Дела со сцени тIе хьала ма-велли вогIур ву, аьлла. Со дIакхайкхарца вовзийтира, тIаккха юха а – хIумма а дац. Ас хьажорах лаьцна доIа дора, амма суна хIумма а ца хезара.

Со айса хьалха пайда эцна болу кхин а цхьа кхайкхам бан волавелира, тIаккха юха а эхь хетаро дIалаьцна вара со. Цхьа а дахар а, хьажийна хилар а, даьтта хьакхар а дацара. И кегаре йолу пхи минот дIаяьлча ас элира: «Адамаш, вай доIа дан деза.

Цхьа хIума низамехь дац!» Берриг а гулам хьалагIаьттира, тIаккха тхо дерриш а даггара доIа дан дуьйладелира.

## Ийзадалар Iорадаьккхина

ТIаккха цIаьххьана 24 сахьт сов хан дIаяьллачул тIаьхьа Делан аз дуьххьара дистхилира соьга. Цо элира: «Джон, хьо сцени тIерачу цу адамаша кхерийна ву. Хьо олаллин агIонна тIера ваьккхина, тIаккха хьуна чуьра Делан пох1ма дIадайина».

Цу кIеда-мерзачу Iорадаккхарца сан са серло хьакхаро дуьзира. Берриге а бисинарш кхин а пхеа минотехь доIа деш бохкучу хенахь, Делан Сино со дерриге а Делан Йозанашкахула чекхваьккхира, божарий а, зударий а боьхна болу дуккха хиламаш а гойтуш, тIаккха цу гIуллакхо цаьргара Делан совгIат дайар а гойтуш. Суна цара олаллах буха а буьйлуш, Синехь эвсаралла муха йойура гира. ТIаккха Цо со сан дахаран тIаьхьарчу масех шарехула чекхваьккхира, тIаккха аса изза деш хилла хилар а гайтира.

ДоIанехь сихха ийзаваларан ницкъ бохо волавелира со. (Книгин эпилогехь иштачу доIанан масала ду). ТIаьхьайогIучу сахьатал а сов хенахь аса Дала сайна гайтина меттигех лаьцна кхайкхам бира. Со чекхваьлча, гуламан декъашхойх кхааннах ши дакъа, ийзабаларх паргIатбовлархьама хьалхабевлира. Иза берриге кхетам боссаран бохаллехь сийлахь гулам бара.

КIира а далале, Дела сцени тIера къа Iорадаккха волавелира. Динан гIуллакхдаран гулам чекхбаьллачул тIаьхьа бас-гитаристо вахо маларш муьйлуш хилар гучуделира. Цу тIе хестамаш беш волчарех цхьаъ, динан тобанан гуламе лелачарех цхьана йоIаца дIавуьжуш хилла. И шиъ ший а динан тобанера дIададьккхинера. Бас-гитарист динан тобанера дIаваханера, амма сийдаран хастамаш беш верг дохко а ваьлла, Везачу Элаца волчу юхаметтахIоттийна вара.

Кестта сийдаран хастамаш бечийн лидеро а, адамийн кхин а цхьана тобано а питана а тесна, динан тобанехь барт бохийнера. Динан тобанан доьалгIа дакъа цаьрца цхьаьна дIадаханера.

И хиллачу хенахь, сийдаран хастамаш беш хиллайолу лидер нахаца лела йолаелла, цхьа шо дӀадаьлча шен майрачуьнца дӀаса а къаьстина, кхечу стегаца яха хӀоьттина. Динан тобанан барт бохийначу доьзалех цхьа доьзал бен ца бухуш ца бисна.

И адамаш Ӏаткъамаш беш дара, со шайца тӀех къиза вара бохуш. Дала дӀахьедора цаьрга. Мел гӀолехь хилла хир дара, нагахь цара и дӀахьедар дега тӀеэцна хиллехьара.

Со шозза юха веара цу динан тобане, тӀаккха суна цигахь цкъа хьалха мацца а хиллачул алсам цхьаалла а, ницкъ а карабора. Динан тобанан Ӏуналхочо кхетийра со: «Иза Дала цӀанйина тхан динан тоба, тӀаккха тхо ницкъ болуш хилла. Тхан сийдар а, Ӏамалъяр а цкъа а ца хиллера оццул паргӀате!» Цо иштта а элира, шен хьалха цхьалхадаха дезаш хуьлу девнаш, кхин дац. Далла бу хастам!

ХӀетахь Дала, пхеа минотехь динчу доӀанехь динарг, аша хӀинца доьшуш долчу дахьийтаре хийцаделира. Цо суна цунах лаьцна дерриге а дуьненахула кхайкхамаш бан аьтто хилийтира. ЖамӀехь суна ийзабаларан лоллех паргӀатбевлла барам боцуш дукха божарий а, зударий а гира.

## Массарна долу дахьийтар

И довзийтинарг суна со динан тобанан гӀуллакхдаран къовсам эккхарна юккъехь Веза Эла лоьхуш волчу хенахь хиллехь а, иза кафедрина хьалха лаьтташ болчарна а бен дац алий, ма мотталаш. Дуккха Ӏийсах тешаш берш бу ийзадаларца къийсам латтош. Сих-сиха кхерийна берш шаьш стенца къийсам латтош бу ца кхета. Иблисан дукха долу хӀилланаш санна, ийзадалар лачкъийна а, къайладаьккхина а ду. Вайна тӀаьхьалонаш хаало: уьш депресси а, эхь хетар а, тешар тоьаш ца хилар а ю, амма церан орам мичахь бу ца хаьа. Нагахь со дуьххьалдӀа кхеравелла вуйла кхеттехьара, сан цу динан тобанехь иштта къовсам хир бацара. Амма со Далла баркалле ву, Цо сайна еллачу урокана. Вайх дуккха болчара, ийзадаларан гӀуллакх цуьнан ораман юьххьехь цхьалхадоккхучу метта,

эхь хетарца ийзадаларан тӀаьхьалонашца, цуьнан стоьмашца дерг цхьалхадоккху. Цундела наггахь вай цкъачунна долу дайдалар лов, амма вайн къийсамаш ца совцу. Дитта тӀера берриге стоьмаш схьалахьабойла ду, амма орам хьабаза мел буьсу, стоьмаш хӀетте хьала бевр бу. Цу хьалакхиаран циклан вай дохадойла ду, хӀунда аьлча вайна ваьш цу дуьхьалонех кӀелхьара цадовлало аьлла хета дела. Вай сатийсар цахилар хаадала дуьйлало, тӀаккха Дала ваьш хьажийначул дуккха а лахарчу агӀонгахь нисло.

Кху книги тӀехь гайтинчу билггал бакъдолчара, ийзадалар хӀун ду кхета гӀо дина а ца Ӏаш, амма шун дахарехь цуьнан буржалш дохо оьшуш долу хаарш хуьлуьйтур ду. Сан доӀа стенца ду аьлча, и билггал бакъдерш дешарца а, цаьрца леларца а, аша вайн Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан ялхой хиларе терра, шайн хьажийна хилар кхочушдан паргӀато схьаэцархьама ду.

Хила тарло, шу хӀинца ийзадаларца хила безачу тӀамехь муха дуьхьаллатта деза бохучо гӀайгӀанехь латтош ду. Сих-сиха вайна вешан дахарехь ваьш охьатеӀош долу цхьацца хӀуманаш го, тӀаккха вай сихха дайдалар хила лууш хуьлу. Амма дукха хьолахь сихха бина сацамаш тӀех дукха мах болуш хуьлу, уьш даиманна болуш а, чӀогӀа а ца хуьлу. Суна ларлуш гайта лаьа хӀара дахьийтар, иза сайна дӀадиллина хилла долу дела. ТӀаьхьабогӀучу кхаа кортошкахь аса, вайн синан лакхалле агӀонах а, олаллах а кхетарна тӀера дӀаболалуш болу, бух буттур бу.

# СИНАН ЛАКХАЛЛИН АГIО А, ОЛАЛЛА А

Иблис, Iийсас шегара дIадаькккхина олалла шена юхадерзорхьама, вайна эхь хетийта лууш ду.

Соьга деллачу даше хьовсур вай: «Нагахь хьо Дала деллачу олаллехь ца лелахь, цхьаммо и схьа а даькккхина, хьуна дуьхьал пайда оьцур бу».

Цкъа-делахь, вай Iийсах тешаш дерш хиларе терра, синехь къаьсттина меттиг я агIо хиларх кхетар чIогIа лараме дуйла, дIалаьцна хила деза. АгIонца цхьаьна олалла догIу. МостагI вайн олаллах хьаьгна ву. Нагахь иза Дала ваьшна делла олалла дитарна тIекхиахь, цо иза схьа а даькккхина, цунах вайна дуьхьал пайда оьцур бу. ТIаккха иза вайна ваьшна тIехь гина а ца Iаш, амма иштта вайн гIайгIа баран кIелахь болчарна тIехь а гур ду.

Вайн сихехь долчу олаллах лаьцна бохуш долу, Дезачу

Йозанийн масех меттиг ю. Царех цхьайолчаьрга хьовсур вай.

Веза Воккхачун тхов кIелахь вехаш верг Нуьцкъалчун IиндагIехь Iаш ву (Заб 90:1). Кхераме йоцучу метте Цо араваьккхира со, Ша суна реза хиларна, кIелхьарваьккхира со (Заб 17:20).

*Сан ког бу лаьтташ шерачу меттехь. Веза Эла декъалво аса динан гуламашкахь (Заб 25:12).*

Тешачара синехь ма-дарра цхьа меттиг дIалоцу. Иза, хьуна тешаш верг хиларе терра, и меттиг хууш хилла а ца Iаш, амма цунах пайда оьцуш хилийтархьама а, омра ду. Нагахь хьуна хьайн агIо ца йовзахь, хьо хила ма-деззачу кепехь Дала леррина Къобалвинчун дегIехь лелалур вац.

ЖамIехь и олаллин агIо яйина я лачкъийна хуьлийла ду. Делан Йозанийн ма-дарра долу масала - ЯхIуд Искархо. Iийса стигалшка хьалаваьллачул тIаьхьа, мурдаш доIа дан гулбеллера. ТIаккха Кипас ЯхIудах хилларг дийцира.

Ткъа Забур тIехь яздина ду: «Цуьнан керт дIатесна хуьлийла, цигахь цхьа а кхин ма вехийла» (Век 1:20).

ЯхIуда, къа а латийна, синехь гуттаренна а шен меттиг яйина (Век 1:16-17). Долччул дукхачу хьолахь мостагIчо билггал иштточу кепара арадоху адамаш синан лакхаллерчу олаллера. Билггал иштта питана теснера цо Адам а, Хьава а къила дахийта, ткъа жамIехь уьш ара а теттина, царна а, цара тIехь урхалла деш мел хиллачунна тIехь а олалла дар доладаьккхира.

Адамо а, Хьавас а уггаре а лакхара агIо дIалаьцна яра лаьтта тIехь. Дерриге чохь са долу хIума а, дерриге Iалам а церан олаллин кIелахь дара. Дала аьллера: «Кхуллур Вай адам, Вешан аматехь а, вастехь а долуш. Хуьлийла уьш олалла деш дуьнен чу мел кхоьллинчу са долчу хIуманашна тIехь: хи чуьра а, лаьтта тIера а дийнаташна тIехь а, лаьттан текхаргаш тIехь а, хIаваэра олхазаршна тIехь а, дерриге лаьтта тIехь а» (Дол 1:26). Муьлхха синан лакхалле а, лаьттара Iаламехь дерг а адамийн олалле дIаделла дара. Лакхара Дела бен вацара.

Адамо шен олаллин агIо дIалаьцна мел ю, я цамгарш а, я мохк бегораш а, я мацалла а, я мискалла а яцара. Адам Делаца уьйр а йолуш, Дала деллачу олаллица а, ницкъаца а урхалла деш лелаш мел ву, лаьттахь стигало паччахьалла деш дара. Къа латорца, Адама шен олаллин кIелахь мел дерг дIаделира. Зулам дарца, цо синера шен меттиг Делан мостагIчунна йитира.

Дезачу Йозано тIечIагIдо иза: иблисо яьссачу аренгахь Iийсана марздарца куралла йора. Иблисо иза лекхачу лам тIе а валийна, дуьненан ерриге пачхьалкхаш а гайтина, элира:

> *Хьуна лур ду ас оцу пачхьалкхашна тIехь олалла дар а, церан сийлалла а, хIунда аьлча иза дерриг а Дала сайна даларна, сайна луучунна дIадала йиш ю сан (Лак. 4:6).*

Дала олалла Адамах тешна дитнера, ткъа Адамера олалла иблисо схьадаьккхинера. Адам дуьххьалдIа агIонал сов долчух ваьллера. Цуьнан леларо, Дала Адаман гIайгIа бар тIедиллинчу массо а кхоьллинчу хIуманна Iаткъам бинера. ТIаьхь-тIаьхьа дуьненан гармони йожар доладелира.

Масалех цхьаъ – дийнатийн пачхьалкх. Делан а, Адаман а олаллин кIелахь, лоьмаша кхин дийнаташ ца дуура (Еш 65:25). Текхаргийн Iожалла йохьу дIовш дацара (Еш 65:25). Iахарийн берзалойх а, кхечу акхаройх а кхера бахьана дацара (Еш 65:25). Амма вайна го, къа латийначул тIаьхьа сихха, дерзина долчу адамна тIе хIума юхархьама, бехке доцу дийнаташ сагIина дохьу (Дол 3:21). ТIаьхьа вайна, адамашна а, цара мацах урхалла деш хиллачу дийнаташна а юкъарчу юкъаметтигашкахь кхерамо паччахьалла деш хилар го (Дол 9:2).

ТIаьхьалонаш ша лаьттахь а гучуюьйлу. Латта неIалт хилла нисделира, тIаккха иза адаман агIор а доцуш, ткъа цунна дуьхьал хилла дIахIоьттира. Адамо хьацарца къахьоьгура, мацах шена шортонехь хилла болу стом хьалакхиорхьама (Дол 3:17-19). Римхошка дахьийтарехь 8:20 боху: «Дала мел кхоьллинарг цу хIуманийн лаамца ца дахийтина эрна долчун кара».

Лаьттахь синца я дегIаца долу цхьа а хIума муьтIахь цахиларан тIаьхьалонах кIелхьара ца даьлла. Харцонан а, Iожаллин а, цамгаран а, мискаллин а, мохк бегорийн а, мацаллин а, уьнийн а, кхин долчу а неIалташа дуьзнера латта. Делаллин низам а, олалла а дайина дара. Адаман дуьххьарлера доьзалхо хIинца хьагI хила а, адам ден а хууш вара. МостагIчо Дала лардарна а, хIума латторна а делла долу олалла схьа а даьккхина, дерриг а кхоьллина долчу хIуманна дуьхьал пайда эцна, дайа а дойуш, доха а деш.

## ЮхаметтахIоттийна олалла

Иштта, адамо шен олаллин агIо йитина, тIаккха иза цуьнга шега бен меттахIотталур яцара. Эзарнаш шераш дIадаьлча Iийса дуьнен чу велира. Цуьнан нана Делаца весет долчу халкъан йоI яра. Цуьнан да – Делан Деза Са дара. Иза цхьадолчу декъехь адам а, цхьадолчу декъехь Дела а вацара. Иза Iимануал вара, цуьнан маьIна «вайца Дела ву» (ингалс маттера гочдарехь - «адамехь гайтина Дела») (Мат 1:23). Иза ма-дарра адам хиларо, цунна дайина дерг схьадаккха магийна дара. Ткъа Иза Делан КIант хиларна, адамаш ялхош динчу, мостагIчун олаллах паргIат вара.

Цо дерриге а дечуьнца а, бохучуьнца а Делан лаам дIабоьллура. Къиношна гечдеш дара, хIунда аьлча Иза волчохь къинан цхьа а олалла доцу дела. ЭгIазаллаш а, цамгарш а Цуьнан олаллина а, авторитетана а хьалха охьатеIара (Лак 5:20-24). Ша Iалам а Цуьнан командашна карадоьдура (Мрк 4:4). Иза Адама шен карара арадалийтинчу олаллехь лелара. МуьтIахьхиларца а, сагIийца а Iийсас, Адама дайина, Дала делла долу олалла юхаметтахIоттийра, тIаккха цуьнгахула – Делаца йолу юкъаметтигаш а.

Да волчу юхаверзале хьалха Iийсас элира: «Стигалшкахь а, кху дуьнен чохь а мел йолу бакъо Сан кара схьаелла. Иштта, дерриге а къаьмнашна тIе а доьлхуш, царна Сан мурдаш хила Iамаде, Ден а, КIентан а, Делан Синан а цIарах адамаш хих чекх а дохуш, Ас шайна тIе мел диллинарг кхочушдан а хьоьхуш. Ткъа

Со массо а хенахь шуьца хир ву, дуьненан чаккхе тIекхаччалц» (Мат 28-18-20).

Кхузара къаьстташ го, Iийсас Адама дайинарг юхадерзийна, ур-атталла кхин сов а. Иблисан а, Адаман а латтана тIехь бен олалла дацара, амма Iийсан олаллина латта хилла а ца Iаш, амма стигала а юкъайогIу. Iийсас иблис шех яьлла йолу олаллин агIо кхин а лакха хьалаайина. Iийсас шен агIо а, олалла а вайна дIа а диллина, элира: «дIагIо». Iийсас вайн олаллина а, вайн хьажийна хиларна а юкъахь зIе хIунда хIоттайо те? Жоп вайна векалан ПахIалан кехаташкахь карадо.

## Олалин агIо

ПахIала, вайна довзийтархьама, доIа дора «Шун дегнашна тIера пардо дIадоккхийла Цо, шу тIекхайкхина долу сатийсар а, Шен нахана лур ду аьлла долчун хьал муха ду а, Шех тешаш долчу вайна чохь лела барам боцу боккха ницкъ бохург хIун ду а шуна хаийтархьама. И боккха ницкъ Ша леррина Къобалвинчунна чохь лелийтира Дала. Иза, веллачуьра ден а вина, стигалшкахь Шена аьтту агIор охьахаийра Цо (Эпа 1:19-20). Билгалделаш, «стигалахь», аьлла, цхьааллин терахьехь а доцуш. ПахIала къаьстташ «стигалашкахь» боху. Цунна бахьана вайна масех аят лахахь доьшучу хенахь карадо: «Ткъа шу хIетахь делла дара, шайн зуламаш а, къинош а бахьана долуш... Вай Цуьнца, ден а дина, стигалшкахь охьаховшийна Дала, Ша леррина къобалвинчу Iийсаца вай доьзна хиларехула» (Эпа 2:1,6). И «стигалш» – Цуьнан цIандина бераш Iаш долу меттиг ю.

ХIинца кхин хаттар ду: и «стигалш» мичахь ю а, цигахь хIун агIо ю а? Жоп вайна Эпасхошка 1:21 аятехь карадо: «Цо Иза охьахаийна, стигаларчу массо а хьаькамел а, куьйгалхойл а, ницкъел а, олахойл а лакхара а вина, муьлхха а кху заманчохь йоккхуш йолчу цIарал лакхара вина ца Iаш, массо а хин йолчу заманашкахь йоккхур йолчу цIарал лакхара а вина».

Дала леррина Къобалвинчуьнца къайладаьккхина цIандинчу адамна синехь иблисал лакхара агIо елла ю. Iийсас майрра

дIахьедина: «Ас шуна ницкъ белла, кхерам боцуш, шайтIанашна тIе, лаьхьанашна а, дIаьвше гезгашна а санна, ког баккха, шайн мостагIчун ницкъ хьаша. Шуна зене цхьа а хIума дац» (Лак 10:19).

ХIинца вайн «Даха а гIой» бохучу командех кхетийла ду. Iийсана тешачарна делла долу олалла девзара. Вайн юха дуьнен чу евллачу бакъонаша вай мостагIчун олаллел а, ницкъал а лакхарчу цу «стигалшка» дехкина.

Ша Адамца Эдемски бешахь дина ма-хиллара, тахана иблис вай синехь эша а дина, Iийсас шегара схьадаьккхина олалла шега юхадерзо аьтто лоьхуш ду. Нагахь иблисан и агIо лачкъо я юьстахйилла аьтто балахь, цуьнан сихха деш-лелийла хир ду. ПахIала цунах лаьцна чIогIа къаьсташ боху:

«Ма йита иблисана цхьа а меттиг» (Эпа 4:27). Тешаш дерш хиларе терра вай синехь вешан меттиг йита ца еза.

## Пачхьалкхан иерархи

Вай кхета деза, Делан пачхьалкх – иза билггал пачхьалкх ю. Пачхьалкхаш рангаца а, пачхьалкхаллин олаллица а догIуш хьалахIиттош ю. Стигалийн долахь дерг юкъара ца долу. Ранг лакхара мел ю, Iаткъам а, олалла а алсам ду.

Бешахь иблис пийлана я ур-атталла лоьмана тIаьхьа ца уьдура. Иза олаллин агIонах кхетара, тIаккха и адамна тIаьхьадаьлла лелара. Иблисана, нагахь адам доладаккхахь, цуьнан Iуналлехь а, урхаллехь а дерг дерриг а схьаэцийла хир дуйла хаьара.

Цундела иблис динан тобанна тIелетачу хенахь, цуьнан хьалхара Iалашо лидерш бу. Дукха хан йоцуш йоккхачу динан тобанан Iуналхочо зудчуьнца дIасакъаста сацам бинера. Цу гIуллакхна цхьа а Делан Йозанашца догIу бахьана ца карийра, тIаккха цо дуьххьалдIа йитира шен зуда а, береш а. Цуьнан куьйга кIелахь болчу лидераша иза иштта леларан бахьанийн хаттар хIоттийча, цо элира, нагахь царна цхьа хIума тамехь дацахь, церан дуьххьалдIа дIагIойла ду, аьлла.

Цо хаа а хууш дохийра Делан весет, тIаккха шен юкъараллехь дIасакъастаран а, Iехоран а са паргIатдаьккхира. Цул тIаьхьа динан тобанехь дIасакъестарш алсамдевлира, цу юкъа догIу ур-атталла лидершна юкъахь а. Кхиберш дуьххьалдIа боьхна бара. Эхь хетарца уьш динан тобанера динан тобане лелара, тешна хила мегар долу цхьа-милла а карoран сатийсарца. Иблисо цIа чохь нуьцкъала верг вожийча, цуьнан лардаран кIелахь берш а иштта мостагIчун тIекхачийла долуш хилла дIахIуьтту.

Суна, дай-наноша кхеташ а болуш, Делан весеташ дохош хилар го. Цу хиламехь бераш а церан масалина тIаьхьахIуьттур ду, - иза хенан хаттар бен дац. Шун иза неIалт хилар ду олийла ду. Амма хаттар стенца ду аьлча, иза иштта хIунда хуьлу? Къа латорца, дай-наноша синера шайн олаллин агIо юьту, тIаккха шайн бераш мостагIчунна Iаткъамалле дуьту.

## Везачу Элан мостагIашна бахьана далар

Цу агIонан сурт Даудан дахарехь карадойла ду (Дад 8-18). Цуьнан урхаллин кIелахь пачхьалкх нуьцкъала а, кхерамазалле а яра. Дала иза дуккха кIенташца а, йоIаршца а декъалвира. ТIаккха Дауда Дала шена делла доцург схьаийцира: цо Бат-ШабаIца ямартло йира. Иза берах хилира, ткъа гIуллакх, цуьнан майра тIамехь а волуш, Даудан мохк ларбеш хиларо, кхин а чолхе доккхура.

Дауда цуьнан майрачунна УрьяхIуна тIаьхьабахийтинера, цо Бат-ШабаIца буьйса яккхаре сатуьйсуш, тIаккха беран да иза волуш санна гуш хилийтархьама. Делахь а УрьяхIус Даудна а, цуьнан пачхьалкхана а муьтIахь хиларна, шен салтий тIамехь хIаллакьхуьлуш болчу хенахь, зудчуьнца самукъадаккхар дIатеттира. Дауд, къа къайладаккхаран Iалашонах гIуллакх хуьлуш ца хиларх, кхийтира. Цунна, УрьяхIуна Бат-ШабаI берах юйла цхьа хан яллалц бен ца хууш дуьсур доцийла хаьара. ТIаккха берриш а беран да Дауд хиларх кхетар бу.

ТIаккха Дауда УрьяхIу вен Iалашо хIоттайо. Паччахьо иза ша шен Iожалла яран буьйра кара а лой, тIаме хьажаво. УрьяхIу

уггаре а луьра тӀом дӀакхоьхьучу метте хьажийнера, тӀаккха мостагӀаша цунна го бинчу хенахь, цуьнца цхьаьна тӀом беш хилларш юхабевллера. УрьяхӀу мостагӀчун карах вуьйжира. Даудан ямартлоно Ӏехорна а, харцонна а, адам дерна а тӀедалийра.

*Кестта пайхамаро Натас Дауд волчу а веана, цуьнан къа Ӏорадаьккхира. Дауда даре дира: «Везачу Элана хьалха аса къа латийна». Натас Даудана жоп делира: «Везачу Эло ахьа латийначу къинош-на гечдо хьуна. Хьо лийр вац» (Дад 12:13).*

Дауд дохковаьллера тӀаккха цунна гечдинера. Дала иза зуламах кӀелхьарваьккхинера (Еш 43:25-26). Амма, кхин дӀа, Натас Дауде дӀахьедира: «Амма, хьайгара далийтинчу цу хӀуманехула хьо Везачу Элах чӀогӀа ца ваьшна дела, хьуна вина волу кӀант лийр ву» (Дад 12:14).

Дауд гечдина вара, амма цо Везачу Элан мостагӀашна шен дахаре а, шен доьзалан дахаре а тӀекхочийла дӀадиллинера. ДегӀаца болчу мостагӀашна хилла а ца Ӏаш, амма синан лакхаллечарна а. Цуьнан доьзало а, дерриге исраилхойн къомо а чӀогӀа бала хьийгира.

Даудан Бат-ШабаӀах долу хьалхара бер делира. Паччахьалла тӀаьхьалонна дуьсун долчу цуьнан воккхах волчу кӀанта Амнона дена йина йиша Тамара хьийзийнера. Даудан кӀант а, Тамарин ваша а волчу Абушалама, дӀа а декхна, шен дена вина волу ваша Амнон вийра.

Абушалама дуккха а болчу исраилхойн дегнаш Даудна дуьхьал а даьхна, паччахьалла дӀалецира. Цо шен ден безарш болчу а ваьлла, Исраилан къонахошка Дауд схьа а лаций, ве аьлла буьйра дира.

Делахь а и Ӏалашо йоха а йоьхна, Абушалам вийнера.

Даудан кӀентех кхоъ веллера, къа а латийна, цо шен доьзал Делан мостагӀашна дӀабиллина дела. Суна, наркотикех пайда а оьцуш, динан тобанан хьокъехь долчунна дуьхьал дог-ойла а

йолуш, хьайна хиларца а, гомосексуализмаца а дихкина долу динан гIуллакх дIакхоьхьучийн бераш гина. Къинехула церан дай-наноша духехь шайн агIонаш йитина дела. Вай ладаме тIеэца деза Делан Йозанашкахь бохуш дерг: «Сан вежарий! Шуна юкъара кIеззиг нах бен ма хила хьехархой. Шуна хаьа, вайна еш йолу кхел мел чIогIа хир ю» (Якъ 3:1). Хьехамчаш (динан тобанийн Iуналхой) къовламе кхелйина хир бу церан муьтIахь цахиларан тIаьхьалонна. Цара шайна йина а ца Iаш, амма иштта шайн куьгалла кIел лелош болчарна а чевнаш йо. Дала гечдо царна, Даудана санна. Делахь а цара хIетте а шаьш дIадийнарг схьалахьор ду. МостагIчунна меттиг елла яра!

Со кхета, уьш – буьрса дешнаш ду. Со шуьга муьлххачу муьтIахьхиларца кхойкху, тIаккха хIара дешнаш кхерамца а, вегорца а яздо. Вайна дукха бохамаш гина, къаьсттина динан гIуллакхаш дIакхоьхьучарна юкъахь. Вай кхелаш ян ца еза. Вай геч а деш, охьакхеттачарна гIоьнан куьг кховло деза. Нагахь уьш дохкобовлахь, Дала гечдийр ду. Амма ас хIара дешнаш мостагIчунна гIакх болчарна инструкци а, ларвалар а санна, яздо. Вай дерриш а муьтIахь а, юхаметтахIиттийнарш а долуш лела деза.

Сан виъ кIант ву. Со сайна тIехь церан дахаршна тIера инзаре жоьпалла а, отчет а яла дезаш хиларх кхетта. Уьш – Делан бу, ткъа со – царна тIехь дIахIоттийна, дуьххьалдIа урхалча ву. Суна хIуъа делча а, ас иблисана меттиг яларна, церан дахарш хIаллакьхуьлуш хилар ган луур дацара.

Со динан тобанехь гIоьналлин гIуллакх дIакхоьхьуш волчу хенахь, аса кхайкхамчин дахарехь, церан Делан хьажийна хилар кхочушдойла хилархьама, тайп-тайпаначу кIадбоцчу хIуманашна тIехь гIайгIа бора. Ас церан бедарш а цIанйора, школера бераш схьаоьцура, машенаш а юьлура иштта кхин дIа а. Цкъа Дала аьллачу цхьана хIумано динан гIуллакхдаре кхетаме а, паргIате а хьажа магийра суна. Цо элира: «КIант, нагахь ахьа гIуллакх кху агIонна тIехь талхадахь, иза атта нисдойла ду, хьо физически хIуманашца гIуллакх долуш волу дела. Амма Ас хьо динан гIуллакхдаран агIонна тIе дIахIоттийча, хьо адамийн

куьйгалла деш хир ву, тӀаккха жоьпалле диллина церан дахарш хир ду».

## ДӀакхоьссина олалла

Кху коьртан Ӏалашо – синан лакхаллин агӀонан а, олаллин а кхетам балар ю. Вайна, шайн олалла дайинчу я Делан мостагӀна дӀаделлачу цхьадолчу адамийн масалш гира. Иблис боллучу ницкъаца олалла лачкъо гӀертар ду, шун дахаре къинан ун а далийна. Нагахь хьо даггара Везачу Элана гӀуллакхдарна хьажийна хилар долуш велахь, иблис иштта хьо ийзаваларехула а, эхь хетарехула а Дала леррина Къобалвинчун агӀонна тӀера арататта гӀертар ду.

Ийзадаларх кӀелхьардовларна йолу хьалхара гӀулч, - хьан хьайн деган хьал цхьалхадаккхар ю. ТӀаьхьабогӀучу коьртехь ас иза муха дан деза яздийр ду.

# ШИ ЙИСТ

Довзийтаран, цаьрца догӀуш даха магош долу хьекъалалла а, амал а доцуш, цхьа а мехала хилар дац.

Делан Синан цу сохьта шун син чу Шен хьал Ӏанадойла ду. Амма довзийтинарг цхьа а мах болуш дац, нагахь шун цаьрца догӀуш даха магош долу хьекъалалла а, амал а дацахь. Дезачу Сино, ийзадалар Ӏорадоккху, Дезачу Йозанашкара меттигаш гайтинчу хенахь, Цо, тешаш волчун дахар собарх дохор долу, ши йист а гайтира суна. Хьалхара йист – олаллин хьогалла, шолгӀаниг – харцмуьтӀахьхилар. Оьшу баланс вайна Тимапин дахарехь карайо, иза харцмуьтӀахьхиларан метта, цӀена амал хьалакхиош вара, тӀаккха Делан совгӀатех пайда оьцура, ткъа Ӏаткъар а ца лоьхуш.

## ЦӀена дог

Листрехь векал волчу ПахӀална дуьххьара дуьхьалкхийтира Тимапи. Цу къоначу стеган нана Ӏийсах тешачарех жуьгти яра, ткъа да – грекахо вара.

ПахӀална, Тимапи шайх схьа а кхетта, шайца гездеш лела лиира. Иза ПахӀалан тайп-тайпаначу хьаштийн гӀайгӀа бан безаш вара (Век 19:22).

Хан дӀаелира, тӀаккха Тимапин тешаме хилар зийна дара. Иза даржехь сов а ваьккхина, Хаза кхаъ кхайкхоран гӀуллакхдар а цунах тешна дитина дара, ткъа билггала аьлча, иза Эпасхойн динан тобанехь Ӏуналхо хилла дӀахӀоьттира. Тимапига шолгӀачу дахьийтарехь ПахӀала яздора:

Хьо цӀеначу даггара Ӏийсах тешар дагадогӀу суна. Хьалха хьан бабин Лусин а, хьан ненан Эвникин а даг чохь иштта тешар лаьттара. Ткъа хӀинца хьан даг чохь а и тешар латтарх шеко яц сан. Цундела юха а дагадоуьйту ас хьуна, сайн куьйгаш тӀедахкарехула, Дала хьайна деллачу похӀмин алу кхин а йовха ягийталахь (2 Ти 1:5-6).

Гой шуна, ПахӀала билгалдоккху, Тимапин тешар шалхалле дацара. Цу къоначу стеган цӀена дог дара. Иза цхьа-муьлхха а шарлатан вацара. Кхечу дахьийтарехь ПахӀала яздо: «Аса, ПахӀала, сайн куьйга яздо хьоьга: аса дӀатокхур ду и декхар. Ткъа хьайн дахарца хьо суна декхарийлахь хилар-м ас хьехош а дац. Цундела, сан ваша, хьо Везачу Элаца волу дела, и гӀуллакх дар доьху ас хьоьга. Синтем бехьа сан дагна Дала леррина Къобалвинчуьнца хьо хиларна. И ас дехнарг ахьа дийриг хиларх со тешна волу дела, яздо аса хьоьга. Суна хаьа, аса дехначул а сов ахьа иза дийр дуйла. Кхин цхьа дехар а ду сан хьоьга. Хьайн хьешан чоь кечъелахь суна. Шун доӀанашна жоп а луш, со шу долчу дика дӀакхочур ву аьлла, дегайовхо ю сан» (Пхьал 2:19-22).

Кхузара го, Тимапин амална реза цахилар дацара. Ӏийсах тешачарна амал коьрта хьалхе а, гӀертар а хила деза. Вайн Дас ницкъ а боцуш, амма амал лоьху. Сингаттаме ду, амма иза

долуш дерг ду: дуккха болу Іийсах тешаш берш Синан ницкъехь даьтта хьакхар хиларна тІе гІерта, цІена амал хьалакхиор юьстах а дуьтуш. Коринтхошка хьалхарчу дахьийтаро вайна хьоьху: «безамна тІекхиа; синан лакхалле совгІаташка эмгаралла хила». Делахь а вай и весет харцхьа даьккхина. Вай совгІаташна а, даьтта хьаькхна хиларна а тІе гІерта, тІаккха дуьххьалдІа вешан дахарехь безаман стом хила а лаьа. Дела безам бу, тІаккха вай безамехь лелаш хиллалц, вай Цуьнан Іаламна тІе кхиалур дац.

## Хьалхара йист: амал а доцуш, олалла лехар

Цхьаболу Іийсана тІаьхьахІиттинчарах берш, Іаламат схьаэцархьама а, пайхамаралле динан гІуллакх дІакхоьхьучу метте кхачархьама а, бІенаш чаккхарманаш гена меттигех чекхбийла кийча бу, амма уьш шаьш-шайн дегнашкахь йолчу дераллица а, къинтІера цадовларца а, къаьхьаллица а дерг цхьалхадаккха кийча бац. Гуш ду, цара тохар ницкъана тІе до, ткъа амална а доцуш. Цу тайпаначу динан гІуллакхдаршкахь, схьахетарехь, синан лакхалле гушдерш Делера ду, амма вай вешан чоьхьарчу адамца а болх бан деза. Ур-атталла динан тоба керла хІума ловш елахь а, къинца дерг цхьалхадаккха дезаш ду. Адамаш Делан ницкъана меца хилар исбаьхьа ду, амма деган цІанонца дерг диц ца дер вай.

Вайна гина дуккха болу динан гІуллакхаш дийраш охьа муха бега. Уьш ца бегна, шаьш цкъа телхина, оьзда доцу хІума дина хилла дела. ХІан-хІа, церан дегар хьалха доладелла, - динан гІуллакхдаран кхиам, церан Делаца юьхьша юххера йолчу юкъаметтигел коьрта хилла дІахІоьттинчу дийнахь. ТІаккха вайна иза динан гІуллакхдархошкахь хилла а ца Іаш, амма иштта церан юкъараллашкахь а гина.

Іийсас аьлла: «Декъалбина бу цІена дог дерш – царна Дела гур ву» (Мат 5:8). Цо ца аьлла: «Декъалбина бу, кхиаме динан гІуллакхдар дерш». Цо аьлла, цІена дог доцуш, шуна Дела гур вац! ТІаккха дера, Іийсан бен лойла дац вайна цІена дог. Вайн иза болх бина доккхийла дац. Иза оццу хенахь мах боцу

а, маьхза а ду. Мах боцуш ду, Делан КIант валаран мах хилла дела. Маьхза ду, Иза лоьхуш волчунна, цхьа а мах боцу дела.

Дукххахьолахь аса иштта дора доIа: «Дела, дайна долу синош доладахарна пайда эцахьа сох. Адамийн тобанаш тоярхьама а, кIелхьаръяхархьама а пайда эцахьа сох «. Ас иштта доIанаш дора юха а, юха а, - иштта бара сан Дела лехаран лакхаллин барам. Сан лаккхара Iалашо, кхиаме динан гIуллакхдархо хилар яра.

Амма цкъа Iийсас сан терго нийса ца хилар гайтира суна. Цо инзарваьккхира со иштта а аьлла:

*«Джон, ЯхIуда жинаш лоьхкура, цомгушнаш тобора, Хаза кхаъ а кхайкхабора. Цо шен бизнес а дIатесира, Сан мурд хилархьама, амма мичахь ву иза тахана?» Иза суна тонна кибарчигаш тIеегча санна, дара! ТIаккха Дала кхин дIа элира:*

*«Iийсана тIаьхьахIоьттинчун сийлахьчу хьажийна хиларан маьIна – Делан ницкъ я динан гIуллакхдар дац; Iалашо – Со вовзар ю» (хь. Пил 3:10-15).*

ТIаьхьа, сан зудчо, цунах а Дала оццу кепара пайдаэцар доьхуш доIа дечу хенахь, Iийсас цуьнга хаттар делира: «Лайза, хьох цкъа-мацца а пайда эцций хьан доттагIчо?»

ХIаъ, - аьлла цо.

ТIаккха муха хьал дара хьоьгахь?

Суна сайна ямартло йинча санна хетара.

Везачу Эло кхидIа бохура: «Лайза, Ас адамех пайда ца оьцу. Ас даьтта а хьокху, то а бо, дIа а тарбо, хийца а болуьйту сайн вастаца богIуш, амма ас пайда ца оьцу царех».

Доьзалера юкъаметтигаш муха гойтур яра ахьа, зудчуьнан цхьа лаам а бен ца хилча – майрачунна бераш дар. Иза майрачунна дуьнен чу цхьа рогIера бер даккха луучу хенахь бен юххе ца йогIу. Шен майрачуьнца, иза юьхьша адам долуш санна, цхьа а тайпа самукъа дац цуьнан.

Суна хаьа, иза гӏурте хезаш ду. «Вешах адамаш кӏелхьардахархьама пайда эцахьара», бохург, Деле чӏеӏамаш бар санна, хӏума ца хета шуна, ваьш цу хенахь Цуьнца йолчу юкъаметтигех а, уьйрах а марзо оьцуш а йоцуш? Вай Делаца юххера долчу хенахь, вай билггал Цо билгалдаьккхинарг юхаметтахӏоттор ду: «Шайн Дела лоруш долу адамаш, чӏагӏ а лур ду, деш-лелаш а лелар ду « (ингалс. гочдар - «Дела вевзаш долу адамаш чӏагӏ а лур ду, цара сийлахь турпалаллаш а кхочушдийр ду» – гочдархочун билг.) (Дан 11:32).

Пахӏалан цхьаъ бен боцу лаам Иза вовзар бара (Пил 3:8-10). Мусас аьлла: «Ткъа нагахь Хьо суна резавелахь, Хьайн ойланаш хаийтахьа суна, Хьо суна вовзархьама а, Хьо суна кхидӏа резахилийтархьама а» (Ара 33:13). Дауд воьлхура: «Везачу Эле цхьа хӏума доьхура аса, изза бен ца лоьху аса. Иза ду, со вехаш мел ву, Везачу Элан цӏа чохь со ӏен лаар, Цуьнан хазалле хьежархьама а, Цуьнан цӏа чохь Цунах дагавалархьама а» (Заб 26:4). Тӏаккха кхин а: «Сан даго Хьо даим а лоьху! Хьоьга сатуьйсуш ду суна чуьра са а» (Заб 63:1).

Делан Йозанашкахь Дела вовзарна хьогах болчу божарша а, зударша а дисинчу долччул а дукха, Цунна тешаме буьсура, тӏаккха цара Цо царна билгалдаьккхина девдда дахар чекх а доккхура. Уьш дийначу онддачу хьажийна хиларан агӏонах ӏеминера.

Кхидолчу адамаша шайн синан лакхалле кхиъна хилар пайхамараллаш дан корматаллица я совгӏаташкахь леларца бен ца дустура. Амма дагахь латтаделаш, совгӏаташ луш ду, ткъа болх беш дохуш дац. Ур-атталла виро а пайхамаралла дора тӏаккха синан лакхалле адамаш а гуш. Нӏаьна а кхузза кхайкхира Кипа ӏора а воккхуш. Дой те цу гӏуллакхо дийнаташ синан лакхалле?

Ӏийсас аьлла, дуккха болчара эр ду Цунах Веза Эла, тӏаккха Цуьнан пачхьалкхе чоьхьабовла са а туьйсур ду, амма уьш дӏатеттина хир бу. Цара ӏаламаташ а дийр ду, жинаш а арадохур ду, Цуьнан цӏеран дуьхьа пайхамараллаш а дийр ду. Амма Цо жоп делира:

*«Генадовлал Суна уллора, харц белхаш лелош дерш!» (Мат 7:23).*

Делан даьтта хьаькхна хилар – иза Делан къобалдар дац. Шаула пайхамаралла дина Дала ша дІатеттинчул тІаьхьа (Шам 19:23-24). Кайбас пайхамаралла дора, цуьнан цхьа Іалашо йоллушехь – Делан КІант вер (Яхьъя 11:49-51). Вайн Делан дог хила деза, тІаккха вай Делан лааме ладогІалуш хир ду. И доцуш, вай дуьххьалдІа Цуьнан даьтта хьакхаран Іиндагlехь лелар ду, Іедалалло а, там хиларо а Іазапехь а латтош. БалиІамо пайхамараллаш дора, тІаккха цуьнан пайхамараллаш билггал бакъ а нисделлера. Делахь а иза холмачхо-шайхан Іожаллица велира, - Исраило сатийсина латта схьадаьккхинчу хенахь, цунна тур тоьхнера.

ПахІала Тимапин дикалла цуьнан цІеначу дагца а, динан гІуллакх тешаме дІакхехьарца а билгалдоккхура. Вай ваьшна гонаха иштта стандарт дІахІотто еза, тІаккха Дезачу Синна ваьш оза маго а деза. Вай тІаме ийзадаларан синца долхучу хенахь, цу билламан йисттера мах юхахІоттабойла дац. Иштта кхетам боцуш кху дахьийтаран билггал бакъдолчо шу паргІатдохур дац, ур-атталла гІо дочул, алсам бохам бийр бу. ПаргІатдахарна ницкъ шаьш дешнаша бохьуш а боцуш, амма царна тІаьхьа лаьттачу сино а, маьІно а бохьу.

Хьал кхеторхьама, вайн Кипин дІахьедар дагадаийтийла ду: «Вайн Везачу Элан собаре хилар вайн кІелхьардовлар ларалаш, шена деллачу хьекъалца вайн хьомечу вашас ПахІала шуьга язма-дарра. Цо цунах лаьцна дуьйцу шен массо а кехаташ тІехь. Кхета хала хІуманаш ду царна тІехь, цундела кІорггера хаарш доцучу а, динехь чІогІа боцучу а наха, кхидолу Деза Йозанаш санна, талхадо уьш, цу бахьаненна шаьш хІаллак а хуьлуьйтуш (2 Кипин 3:15-16).

Вай Делаца нийса юкъаметтигаш хила гІертар коьрта ду, Цуьнан ницкъаца муха деш-лела дезаран формула леха гІертачул. Цу серлонгахь, Тимапига шолгІачу дахьийтарера ПахІалан чІагІдарш толлур вай. Тимапин деган цІена хиларх

а аьлла, ПахӀала яздо: «Цундела юха а дагадоуьйту ас хьуна, сайн куьйгаш тӀедахкарехула, Дала хьайна деллачу похӀмин алу кхин а йовха ягийталахь» (2 Ти 1:6). Кхузахь боху «цундела». ПахӀалан Тимапига, тӀаьхьарчуьнан дахарера Делан похӀмийн паргӀатдахарийн хьокъехь йолу инструкциш болх беш хир яцара, нагахь цуьнан тешар даггара дацахьара. Кхин дӀа дӀагӀор вай.

## ШолгӀа йист: харцмуьтӀахьхилар

Хьо цӀеначу даггара Ӏийсах тешар дагадогӀу суна. Хьалха хьан бабин Лусин а, хьан ненан Эвникин а даг чохь иштта тешар лаьттара. Ткъа хӀинца хьан даг чохь а и тешар латтарх шеко яц сан. Цундела юха а дагадоуьйту ас хьуна, сайн куьйгаш тӀедахкарехула, Дала хьайна деллачу похӀмин алу кхин а йовха ягийталахь (2 Ти 1:5-6).

«Цундела юха а дагадоуьйту ас хьуна». ПахӀал шен Тимапига долчу хьалхарчу кехатана тӀе юхавоьрзу, цу тӀехь цо тӀекхойкхура: «Делера хиллачу хаамца а, динан тобанан тхьамданаша куьйгаш тӀедахкарца а хьуна делла ду иза» (1 Ти 4:14). ПахӀала Тимапин тидам тӀебохуьйту Делан Синан похӀма тергам боцуш ца дитар лараме хиларна. Цо цунах лаьцна хӀинца шозлагӀа яздо, тӀаккха и дагадаийтар кехатан юьххьехь а хӀоттадо.

«Делан Синан похӀма тергам боцуш ма дита» бохург хӀун ду таллархьама, хьовсур вай цхьайолчу антонимашка:

> Кхочушдан, тӀекхиа, деш-лела, тидам бан, гӀайгӀа бан, дан, тидаме эца, чекхдаккха.

Дерриг и дешнаш – деш-леларан а, олаллин а дешнаш ду. Царех дукхах дерш вербальни санна, иштта номиналан а кеп йолуш ду. Уьш позитиван а, хадам боллуш а ду. Делан Дешан кхин а кӀорге кхачархьама, «тергам боцуш» бохучун хӀун маьӀна ду хьовсур вай:

Іуьрг даккха, ца даша, сацо, тидам ца бан, чоте ца эца, тергал ца дан, ма-дарра ца лара, гучуьра къайладалийта.

Цу дерриге а дацаречу дешнаша деш-лелаpaн тоам а, хаддош хилар а, олалла а цахиларан кІел сиз хьоку. Вешах тешна дитинчух ца дашар – иза чІогІа ладаме а, деза а хІума ду. Вай эшамехь дуьсур ду, нагахь ладаме ца хилахь.

Олаллин хьогаллина дуьхьал йолу йист – иза, ас хІинца аьлла ма-хиллара, харцмуьтІахьаллехь долу дахар ду. Ишттачу хьолехь дехачу адамаша Делан амална тІегІертар ларамехь хилар тІеоьцу, амма юккъе бевллачохь совцу. Цара Делан похІманех пайдаэцар цкъа а кхераме ца дуьллу, кхоьру дела. Уьш конфронтацица дихкина долчу дерригенах кІелхьарбуьйлу, иза безам я Іийсана тІаьхьахІиттинчийн амал цахилар тІе а оьцуш.

Ас иштта адамаш «машар ларбийраш» санна, билгалдоху. Дуьххьар хьаьжча «машар ларбар» тамехь гуш хуьлийла ду, амма Іийсас цкъа а ца аьлла: «Декъала бу машар ларбийраш». Цо аьлла:

«Декъалбина бу нахана юкъахь машаре гІуллакх лелорш – царна, Делан бераш ду аьлла, цІе туьллур ю» (Мат 5:9). «Машар ларбархочо» муьлхха мах белла а машар латтабо. Иза, ша гІалате машар санна тІеоьцуш болу, ша-шен кхерамазалле хиларан харц синхаам ларбархьама, там барехьа теІар ву.

Вукху агІор, машарларбархочун майрра конфронтаци гІойла ду, иза цунна хІун мах болуш хир ду бен а доцуш, - иза шен гІайгІа беш вац. Мелхо а, цуьнан бахьана –Деле а, адамашка а болу безам бу. Цу билламехь бен ма-барра болу машар дІахІуттур бац.

Делан пачхьалкххехь машар бу (Рим 14:17). Амма и машар конфронтаци йоцу дела хуьлуш бац. Іийсас гайтина ма-хиллара, «Стигалийн Олалла ницкъаца доккхуш ду» (Мат 11:12). Делан Пачхьалкхан гІуллакхаш дІадахарна нуьцкъала дуьхьало ю.

Сих-сиха вайна моьтту: «Ас дуьххьалдӀа цу гӀуллакхан терго йийр яц, тӀаккха дерриг чекхдер ду». Амма вай сама а девлла кхета деза, вай конфронтаци доьлхуш доцург, вай хуьйцур а дац!

Хьоменаш! Вайн массеран а кӀелхьардовларх яздан кӀорга лаам боллушехь, шуьга, цкъа массо а ханна Дала Шен нахана делла долу дин чӀагӀдарехьа къийсам латтабе аьлла, яздан дезаш хийтира суна (ЯхӀ 3).

Цо боху «къийсам латто», ткъа дуьххьалдӀа гӀоле долчунна сатийсар а доцуш. Къийсам латтор бохург – «летар» я «тӀамехь толам баккхар» ду. Керсталла – иза дуьххьалдӀа атта дахар дац! Вай Ӏаламехь а, синан лакхаллехь долчуьнца Далла тӀе гӀертарна даим а дуьхьало ю!

> *ПахӀала иштта чӀагӀвора Тимапи: «Дакъалацахьа ас хьоьгучу баланашкахь, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан дикачу тӀемалочо санна. Цхьа а дика тӀемало шен цӀерачу гӀуллакхашна тӀера ца хуьлу, эскаре кхайкхинчу хьаькамна муьтӀахь хила лууш...» (2 Ти 2:3-4).» Воне хьо эша ма вайта, ткъа диканиг дарца вонна тӀехь толам баккха (Рим 12:21).*

ПахӀалан Эпасхойн динан тобанан Ӏуналхочуьнга Тимапига долчу кехаташа командующичуьнан буьйранаш дагадохкуьйтура. Тимапи кхайкхамашна дуьхьал нислора. Харцдоктринаш Ӏораяха дезара, къийсам латто безара, девнаш сецо дезара, лидерш гӀовтто безара, - доцца аьлча, динан тоба нуьцкъала а, кхиъна яьлла а хилийтархьама, дерриг а хӀума дан дезаш дара. Уьзуш, цуьнан тӀеӀиттавала дезначарех, гуш долчу декхарех цхьадерш бен дацара.

Со тешна ву, конфронтацина дуккха а аьттонаш бара. Со тешна ву, динан тобанехь Тимапина дуьхьал бехкевар а, эладита а дӀасадаржораш, цӀенабоцурш а, кхиъна боцурш а хилла. Дерриг а кхин дерг доцург, цуьнан кхин а цхьана хьола тӀехь толам баккха дезара – шен ханна тӀехь. Иза жима стаг вара, тӀаккха динан тобанехь дуккха берш цул баккхийн бара.

Ша-шех ду цу хьоло хIинца ийзаваларна некъ дIабоьллура. ТIаккха цу дерригенан юьхьан дуьхьал ПахIала Тимапина ондда хиларна хьехар дора, цунна чу диллинарг диц а ца деш. ПахIала даим а Тимапина Дала деллачу олаллехь лаьтташ хила дезар дагадоуьйтура. Хила тарло, Тимапи цкъа юхаваьлла хилла хила а, амма ПахIала яздора:

> *ХIара хьехамаш адамашна дIа а кхайкхабе, хьеха а хьеха (1 Ти 4:11).*

> *Царна ала хIума ца хилийтархьама, кху хьехамех кхетабе уьш. (1 Ти 5:7).*

> *Ткъа хьо, сан кIант, Дала леррина къобалвинчу Iийсаца вай хиларна, вайна делла долчу диканца доьналла долуш хилалахь (2 Ти 2:1).*

Хила тарло, Тимапи дуккха болчу таханлерчу Iийсана тIаьхьахIиттинчарех тера хилла, - Дела везаш, амма конфронтацих кIелхьарбуьйлуш. Амма дуьхьаллаттаваларан хьалха болчу кхерамо шух ийзадаларан атта хIонц хуьлуьйту.

Нагахь аша шаьш цу тайпана кхерам берш санна лоруш делахь, хIета кху дахьийтаро шуна майралла а, паргIато а йохьийла. Далла шу, Шена хила лууш дерш хилла дIахIиттийтархьама, маьрша хила лаьа. Шу кхоьручу хенахь, даккхийдер ца хуьлу. Ткъа даккхийдер доцуш, ницкъ ца хуьлу. Кхерам болчохь, машар бац. Амма шу шаьш дIалаьцна хиллачу дуьхьалонашкара арадевлча, шун машар а, даккхийдер а шортонехь хир ду!

# ДАЛА ДЕЛЛА ПОХIМАНАШ

Соьга хIун терго ю цуьнан?

ХIинццалц вай ийзадаларх а, цуьнан тIаьхьалонех а динан тобанан Iуналхойх хьакхалуш долчуьнца доьзна долу дела бен ца дуьйцура. Амма кхоччуш хуьлийла ду, книга йоьшуш болчарех дуккха берш динан гIуллакх юьззинчу хенахь дIакхоьхьуш берш бац. ТIаккха, хила тарло, аша хоьтту: «Соьца хIун терго йолуш хIума ду иза?»

Дала хIора тешачун синехь меттиг я агIо елла. ДагадогIий шуна, ПахIала вай кхетадора, Дала «Вай Цуьнца, ден а дина, стигалшкахь охьаховшийна Дала, Ша леррина къобалвинчу Iийсаца вай доьзна хиларехула» (Эпа 2:6). Цигахь хила дезаш а ду цIандина долу Делан бераш. И меттиг ю «Цо Иза охьахаийна, стигаларчу массо а хьаькамел а, куьйгалхойл а, ницкъел а, олахойл а лакхара а вина, муьлхха а кху заманчохь йоккхуш йолчу цIарал лакхара вина ца Iаш, массо а хин йолчу

заманашкахь йоккхур йолчу цӀарал лакхара а вина. Шадерг Цуьнан когашка а диллина, Иза Дала динан ерриге а тобанна веллера, массо а хӀуманна тӀехь коьртаниг хилийта. Ӏийсах тешачийн ерриге а тоба – Дала леррина Къобалвинчун дегӀ ду. И тоба Цунах кхоччуш юзуш ю. Ткъа Дала леррина Къобалвинчо массо а хӀума массанхьа а Шеца дузадо» (Эпа 1:21-23).

Динан тоба – иза Дала леррина Къобалвинчун дегӀ ду. Вайн адамийн дегӀ тайп-тайпаначу меженех хоттаделла ма-хиллара, иштта Дала леррина Къобалвинчун дегӀан декъашхой а тайп-тайпаначу хьажийна хиларшкахь а, похӀманашкахь а деш-лелаш бу. Дала церан Ӏалашонаш а, лелар а билгалдина ду. ХӀорра а лараме ву, амма кхечарех воьзна воцуш цхьа а вац.

ПахӀала дӀахьедина, дерриге а шайтӀанийн синош Ӏийсан когашна кӀел дехкина ду. Цо къаьстташ гойту, цхьана а жинан тешачун хьокъехь шен олаллах пайда ца эцало. Ур-атталла хьо – Дала леррина Къобалвинчун дегӀан ког белахь а, йилбазаш хӀетте а шуна кӀелахь ду. Ӏийсас аьлла:

«Ас шуна ницкъ белла, кхерам боцуш, шайтӀанашна тӀе, лаьхьанашна а, дӀаьвше гезгашна а санна, ког баккха, шайн мостагӀчун ницкъ хьаша. Шуна зене цхьа а хӀума дац» (Лак 10:19). Амма нагахь вай тренировкаш еш а, Дала деллачу олаллица лелаш а дацахь, цхьаммо иза схьа а даьккхина, вайна дуьхьал пайда оьцур бу! МостагӀ вайн синан лакхалле агӀонна таллар деш ву.

## ПохӀманаш вай деш-лелаш хилийтархьама делла ду

ПахӀала Тимапига дахьийтина кехат таллар кхин дӀа хьор вай.

> *Цундела юха а дагадоуьйту ас хьуна, сайн куьйгаш тӀедахкарехула, Дала хьайна деллачу похӀмин алу кхин а йовха ягийталахь (2 Ти 1:6).*

Грекийн маттахь «похӀма» - «харизма» хуьлу. Стронган симфонис и дош «синан лакхалле юкъадиллар» санна билгалдоккху. Vine's dictionary дошамера кхин билгалдаккхар

иштта ду: «тешаш болчарна Дезачу Синан леларехула делла долу ниIматан похIма». Иштта, «харизма» бохучу дешо, Дала тешаш болчарна делла долу синан лакхалле похIманаш гойту.

Синан гонаха и «харизма», я Делера Iаламехь доцу похIма доцуш цхьа а хIума ца хуьлу. И доцуш вайга я кхайкхамаш а балур бац, назманаш а алалур дац, пайхамараллаш а далур дац, ваьшна тIаьхьахIиттина а бигалур бац, ур-атталла ялхолла а лелалур дац. Цу тайпана ниIмат доцуш дахарехь цхьа а хIума ца хуьлу. Дахар доцу дин адамийн Далла вешан кепара а, вайн вешан ницкъашца а гIуллакхдан гIертарна кхоллало. Вай Делера похIма а доцуш, кхечарна гIуллакхдеш делахь, вай эрна къахьоьгу.

Билгалделаш, похIма хIинцале а Тимапица долуш дара. Дала даржош долу похIма, иза дан а догIу, дIа а доьду, амма иза вайца хуьлу. «Дала Шена тIебало хаьржинчарах лаьцна а, Ша динчу совгIатех лаьцна а бина болу Шен сацам цкъа а ца хуьйцу» (Рим 11:29). Иштта совгIат, иштта ницкъ, - иза, хьовсийна хилар кхочушдарна оьшуш болу, Дала вайх хIоранна а белла болу кечам бу. Цу похIманашца лелар вайна цхьа Iаламехь долуш а, бегIийла долуш а хила деза. Вайн дегIан меженийн ролаш а, функциш а хийцалуш ца хиларе терра, иштта Дала чудохкуш долу совгIаташ а ду, мичара гучудовлуш ду ца хууш а, цIаьххьана тIепаза довш а доцуш.

ПахIала римхойн тешачаьрга яздора: «хIунда аьлча суна чIогIа шу ган лаьа, Делан Сино луш долу дика шуьца декъархьама а, цуьнгахула тешарехь шу чIагIдархьама а» (Рим 1:11). Делан бераш Цуьнан лаам кхочушбан хьуьнаре деш долу, иштта похIманаш а, синан лакхалле герз а доцуш, динан тоба чIагIйина хир яц. Леррина дешалаш хIара аят:

> *Шуна хIоранна а ша тайпа похIма кхаьчна. Вовшийн гIуллакх де цу похIмица, Дала тайп-тайпана диканаш деллачу тешамечу хIусамдас санна (1 Ки 4:10).*

Кху аятехь вай кхаа пункте хьовсур ду:

1. ХIораммо а похIма схьаоьцу.
2. ПохIма вайн долахь дац, вай – урхалчаш бен дац.
3. ПохIма – иза Делан дуккха а тайп-тайпаналлечу ниIматан дакъа ду.

### *1. ХIораммо а похIма схьаоьцу.*

Билгалделаш, Делан Йозанашкахь хIун аьлла: «ХIораммо а вовшвшна шаьш схьаэцначу похIмица гIуллакх де». Кипас ца аьлла: «КIезигчу хаьржинчара схьаэцначу похIмица». ХIан-хIа. Нагахь шу лакхара дуьнен чу девлла а, Синца дуьзна а делахь, аша Делан похIма схьаэцна, Цуьнан дегIехь деш-лелархьама.

ПахIала Эпасхошка 4:7 боху: «Ткъа вайх хIоранна Дала леррина Къобалвинчунна дала лиъначу барамца Делан доккха дика делла дара». ТIаккха кхин а 1 Коринтхошка 7:7: «Суна-м массо а адам со санна хила лаьара, делахь а хIоранна а Дала шен-шен похIма делла: цхьанна – цхьаъ, вукхунна – важа».

Нагахь вай и хууш дацахь, вай динан гIуллакх дан догIуш а дац, хьуьнар долуш а дац. ТIаккха вайн хьажийна хилар кхочушхиланза дуьсу. Кегий бераш шайн тайп-тайпаначу меженашца муха лела деза Iемаш долуш санна, вай и гIуллакхан похIманаш Делан дегIехь хьалакхио а, тренировать дан а деза. Цуьнан дегIан цхьа а меже Цуьнан Iаламехь йоцчу корматаллашкахь лелаш хуьлийла дац.

### *2. ПохIма вайн долахь дац, вай – урхалчаш бен дац.*

И похIма вайн долахь доцу дела, вайн цунах ца дашийла я ваьшна пайда хиларна пайда эцийла дац. Иза вайн дац, цунах ваьшна тамехь хеттарг дархьама. Иза кхечарна гIуллакх дарна делла ду, тIаккха вай вешан цуьнга йолчу тергонна жоьпаллехь ду.

Дагадаийтийша дешин ахчанах лаьцна долу кица. Хьолахочо «шен ялхошна, хIораннан а хьуьнаре хьаьжжина, ахча делла, царна луъучу агIор иза лело. Цхьанна цо пхи гали деши делла,

вукхунна ши гали деши делла, кхоалгIачунна цхьа гали деши делла» (Мат 25:15). ТIаккха иза гездан вахана. Хьалхарчу шина стага ахчанах хьекъалалле пайда а эцна, деши тIедаьккхина, ткъа кхоалгIачо шен ахча ор а даьккхина, дIалачкъийна. Хьолада юхавеача, хьалхарчу шиммо шайх тешна дитинчу ахчанах отчет елла. ТIаккха хьоладас царех хIорранга а аьлла: «дика ду, хьо дика а, тешаме а ялхо ву».

ТIаккха отчет яла кхоалгIа стаг веана. Кхоьруш хиларна цо шен ахча лаьттах дIадоьллинера. Цо шен хьоладен нийсо йоцуш а, тIех лехаме хиларан а сурт хIоттадора. Цундела ялхочунна шен ледара а, ша-шен везаш а, бала боцуш а хила бакъо ю аьлла хеталора. ЖамIехь цо шен хьолахочуьнга элира:

> *«ХIара ду хьуна хьайниг». Хьолахочо, ша гIайгIа барна тIедиллинарг ялхочо тергал ца деш дитар а гина, цунах мекара а, мало ен а стаг ву элира. Цхьаъ бен доцу ахчан гали цуьнгара схьа а даьккхина, шайн ахча шозза алсамдаьккхинчаьрга дIаделира. Ткъа са йоккхуш воцу ялхо дIаэккхийна вара (Мат 25:16-30).*

Вай вешах тешна дитинчу совгIаташна тIера, берриге урхалчаша шайна болх луш болчарна луш ма-хиллара, отчет лур ю. ПохIма билгалдарна кхин а цхьа дош ду - «корматалла», иза хаар а, гениальность а, ницкъ а бохург ду. Кхечу тайпана аьлча, похIма ду. Кху кицанехь вайна, Дала ваьшна вешах тешна деллачу похIмин а, корматаллин а гIайгIа бан безар ларамe хиларан дийна сурт го.

ПахIалх тешна хьехамаш баран а, векалаллин а гIуллакхаш дар дитина дара. Цо аьлла: «Дала суна дина дика бахьана долуш, хазачу кхоан гIуллакхдархо хилла сох. И Делан совгIат суна делла Цуьнан ницкъаца» (Эпа 3:7). Тидам белаш, шен похIмина тешаме хилархьама, мел леррина лела иза.

Айса хаза кхаъ кхайкхош бу аьлла, цхьа а дозалла ца до ас, хIунда аьлча иза сан декхар ду. Ма декъаза хир вара со, аса хаза

кхаъ кхайкхош бацахьара! Аса, сайн лаам а болуш, и гӀуллакх деш делахьара, Делера совгӀат хир дара суна. Ткъа сайн лаамехь а доцуш, аса иза деш хилча, тӀаккха сайна тӀедиллина долу гӀуллакх кхочушдо аса. (1 Ко 9:16-17).

ПахӀала боху: «декъаза ву со». «Дакъазалла» – иза вуно чӀогӀа дош ду. Ӏийсас къаьсттинчу адамийн я дийнначу гӀалийн хинйолчу кхелъярх лаьцна дӀахьедархьама пайда эцара цунах. Цо Къераз-гӀалина а, Бет-Саида-гӀалина а «декъаза ю-кх» аьлла, тӀаккха уьш кхин ца хилира (Мат 11:21-22). Цо «къа ду шун» Ӏелам нах а, парушхой а (Мат 23), тӀаккха ЯхӀуде а «декъаза ву» (Мат 26:24) бохура.

«Декъаза» бохучу дешах ЯхӀуде дахьийтарехь динан тобанехь цӀена боцчарна тӀехь кхелъяр гайта пайда оьцу. Довзийтинарг цӀе йолчу книги тӀехь цунна тӀехь Делан кхел ечу хенахь лаьттарчу бахархойн хьокъехь пайда оьцу цу дешах (Довз 8:13). «Декъаза» бохучу дешах пайда эцарца, ПахӀала Делан похӀмина тешаме хиларна тӀера доккхачу жоьпаллина кӀел сиз хьокхура.

Дилха шех пайда оьцуш ца хилча дакъалуш хиларе терра, керста Делах дӀакъаьстар ву, нагахь иза шен похӀмица а, хьажийна хиларехь а лелаш вацахь. ХӀумма а деш воцу тешаш верг шена чу а вулий, мостагӀчунна атта хӀонц хуьлий дӀахӀутту. Делан сийлахьчу божарийн а, зударийн а дахар толлуш, ас къастийра, царех къила бегнарш, шайн хьовсийна хиларе цкъа мукъа хиларца а, ца башарца а терго ян буьйлабелла. Цара ур-атталла кхин дӀа а гӀуллакх деш хилла хила мега, амма иза даханчу шерийн шайн кхиамийн дийначу памятникна гӀуллакх деш хиларх тера дара. Уьш Делан похӀманех шайна са яккха буьйлабеллера, ткъа кхечарна гӀуллакх дарна а, уьш ларбарна а доцуш.

Паччахь Дауд, тӀаме ваха везаш волчу хенахь, къила воьду.

Шо даьлча, паччахьаш тӀамана арабовлучу хенахь, Дауда Исраилан халкъан эскар а, шен эскархой а Йоабаца арабовлийтира. Цара, Ӏамминхой эша а бина, церан Рабба олучу

гIалина го бира. Ткъа Дауд Ярушалаймехь сецира (Дад. 11:1).

Дауд паччахь вара. Дала иза паччахь дIахIоттийнера, цо, жаIуьно санна, Исраил а кхобуш, цуьнан гIайгIа бархьама. Иза тIаме ваха везаш вара, ткъа цIахь Ярушалаймехь, дIабаханчу толамаш бахаран стоьмийн марзо оьцуш а ца вуьсуш. Иза мал а велла, хьегна къа къобалдан хIоьттира. Сагатдеш, иза балкона тIера шен долахь долчуьнга хьоьжуш лаьтташ волуш, цунна луьйчуш йолу Бат-ШабаI гира.

Диснарг шуна хаьа.

ГIуллакх стенца ду аьлча, вай кхузахь каникулашкахь дац. Ур-атталла вайн дахарш а вайн дац, уьш эцна хилла дела, ткъа тIаьхьа урхалла дан вайга юхаделла. Вай кхузахь дуьххьалдIа хьовса даьхкинарш ду, ткъа абаденна дахархой а доцуш. Делахь а дуккха долу адамаш дахар церан хьажийна хиларан тIаьххьара меттиг йолчуха лела!

Iийсас аьлла: «Сан кхача бу Со Ваийтинчун лаам кхочушбар а, Цуьнан гIуллакх чекхдаккхар а» (Яхьъя 4:34). Иштта хила а еза вайн диета а. Iийсана кеп латторна хIун оьшу хаьара. Вай ницкъ дегIаца я синан лакхаллица долчу даарера чу оьцу. Нагахь вай Цуьнан лаам кхочушбар сацадахь, Цуьнан сурсатех ваьшна бен пайда ца эцахь, юург кхоччуш сацийначуха санна, кIадделла а, ницкъ байна а хилла дIахIуьтту. Ткъа ницкъ байича, вайна къаьсташ хуьлу, кху дуьненан доьдучу агIор дахар аттахо ду, цунна дуьхьал даха гIертачул. Вай вешах тоам болуш а, ваьш бакъдеш а, ваьшна тIегулделла а, ваьшна бен гIуллакх деш доцурш а хилла дIахIуьтту.

Вайн доккха жоьпалла ду. Вай дуьххьалдIа динан цIийне а лелаш, цигахь хезначух дахарехь цхьана а хIуманах пайда ца оьцуш дерш хила ца деза. Иштта адамаш дуьххьалдIа Делан Дешах дерста. Дала Яхьазкхиалан 34:20 аятехь лардо: «Цундела Хьалдолчу Эло иштта боху цаьрга: «Ас-Айса йийр ю берстинчу уьстагIний, гIийлачу уьстагIний юкъахь кхел».

Муьлхурш ду и дерстина уьстагIий? Делан диканах шаьш шайна гIуллакх а деш, вукхарах баша а ца бешаш берш бу.

Хьоьжуш Іе Дала дерстина уьстагІий муха гойту.

> *Шуна ца тоьу ткъа шаьш дикачу дежийлашкахь дежаш хилар? Аша-м дежийлаш тІехь йисина йолу буц шайн когашца хьоьшу. ЦІена хи молу аша, ткъа дисина долу хи шайн когашца даржадо Аша массо а гІийлачу уьстагІна шайн агІонаш а, маІаш а етта, уьш шайна юкъара дІалахкархьама. Амма Ас кІелхьардоккхур ду Сайн жа, уьш хІинца дуьйна цхьаммо а лечкъор а дац. Ас цхьана уьстагІний, вукху уьстагІний юкъахь кхел а йийр ю (Яхь 34:18, 21-22).*

Делан похІманаш – вайн совдаьллачун дуьхьа дац. Дала вай Шен диканца зуьйш ду. Вай вешан дахарехь Делан аьттонех гІорасиза а, къона а, я доьналла доцчарна гІуллакх деш пайда эца беза. ТІаккха дегІ цхьааллехь хир ду.

Сох нийса доцуш ма кхеталаш. Шайн белхан стоьмех марзо эцарехь цхьа а вон хІума дац. Дала садаІар а, гІора даийтар а ло вайна. Амма вайн еррие а терго вайна ваьшна гонаха бен хьийзаш яцахь, вай дерстина а, гІайгІа йоцуш а хуьлий дІахІуьтту. Шаьш шайна гІуллакхдарна бен пайда ца эцна совгІаташ а, похІманаш а алсамдевр дац.

Шун дегІан хІора меже кхечу меженашна хьалха жоьпаллехь ю. Нагахь шун когаш ца лелаш бисахь, шун дерриг а дегІ баланехь хир ду. Нагахь шун пехаша я даго саца сацам бахь, ерриге кхин меженаш дуьххьалдІа хІаллакьхир ю! Нагахь иблисо вайн тидам ваьшна вешана тІегулбахь, вай кхечарна гІуллакх дарна тІера дІадерзадахь, дерриг а дегІ баланехь хир ду.

### *3. ПохІма – иза Делан дуккха а тайп-тапаналлечу ниІматан дакъа ду.*

Кхузахь коьрта дош «дуккха тайп-тайпаналле» ду. Кипас похІманаш шина коьртачу категоришна доькъу. Хьалхарнаш – уьш къамелан похІманаш я хабар дийцаран совгІаташ ду. ШолгІанаш - гІуллакхдаран совгІаташ ду.

*«Нагахь цхьаъ хьехам беш велахь, и хьехам Делера болуш санна бе, Далла гIуллакх деш велахь, Дала шена беллачу ницкъаца де и гIуллакх» (1 Ки 4:11).*

Кхин дIа Кипас цу шина категорина билгалдаккхар ло. Римхошка дахьийтарера кху декъе хьовсийша:

Вайн дегI цхьаъ делахь а, цуьнан дуккха а меженаш ю. И меженаш цхьатерра гIуллакхаш кхочушдеш яц. Иштта вай а, ваьш дукха делахь а, Дала леррина Къобалвинчуьнца а долуш, цхьа дегI ду, ткъа вайх хIора а цу дегIан вовшахтоьхна меже ю. Вайна хIоранна а, Дала шена деллачу дикане хьаьжжина, похIма делла. Делера болу хаамаш баран похIма хьайна деллехь, иза дIакхехьа, хьайн долчу тешаре хьаьжжина. Дала хьуна кхечарна гIуллакх даран похIма деллехь, и гIуллакх дIакхехьа. Цо хьуна динан хьехамча хилар деллехь, хьеха. Уллорачун догъэца похIма хьан делахь – догъэца. Хьайн йолчу хIуманийн кхечаьрца дакъа дан похIма хьан делахь, уьш комаьрша дIасаекъа. Куьйгалла дан похIма хьан делахь, доггах куьйгалла де. Къинхетам баран похIма хьан делахь, иза а хазахетарца де (Рим 12:4-8).

Къамелан похIманашна юкъадогIу пайхамараллаш а, хьехамаш а, тедар а, хьаькамалла лелор а; гIуллакхдаран совгIаташна догIу кхоччучу хенахь динан гIуллакхаш дар а, сагIанаш далар а, гIоьналла а.

Цхьа билгалдаккхар юкъахIотто пурба лойша суна. Шу къамелан похIманех пайда эцаран а, лидерски а агIонехь нислур дац, шаьш цу агIонехь хIинца волуш волчу цхьанна динан гIуллакхдарехь тешаме хиларна зийна хиллалц. Лидерш а хилла кхайкхамчаш хилла дIахIитта лууш берш дуккха а бу, амма ма-дарра долчунна тIехь шайн дахар динан гIуллакхдарна ца диллина а болуш. Бен дац, уьш меланна похIме бу. Церан похIманаш царна шайна а, церан Iуналлехь нисбеллачарна а вонна а бен хир дац. Нагахь амал кхечарна гIуллакхдарехь хьалакхиъна яцахь, цара лидерстван агIонах адамашна тIехь олалла дарехь пайда оьцур бу.

Суна ши йист кхетар тоьаш ца хиларна гучуюьйлуш хилар

гинера. Хьалхарчу йистана шайх лаьцна хила дезачул алсам моьттуш долу адамаш кlел доьлху. Къамелан похlманаш цхьаъ бен доцуш хилар гlалате тlе а эций, царна, юьззинчу хенахь динан гlуллакхдар, – иза дерриге хlуманан лакхе ю моьтту, уьш Далла гlуллакх дарна кхин кеп йолуш хиларх ца теша.

И нийса дац. «Адамийн дегl, цхьана меженах хилла а ца lаш, дуккха а йолчу меженех вовшахтоьхна ду... Нагахь дерриг а дегl беккъа бlаьргех дина делахьара, муха хир дара цуьнан хазар? Ткъа дегl деккъа лергех дина делахьара, муха йогlур яра хьожа? (1 Ко 12:14, 17). Царна массарна а бага хила лаьа. Амма лараме хlора меже ю. Гlоьналлин гlуллакхдар доцуш, къамелан похlманаш доза тоьхна ду. Адамаш шайн долчу похlманашца а доцуш, шайна хила лууш долчу похlманашца лела гlерта!

Кхин йист – муьлхха а динан гlуллакхдар кхайкхамчашца а, миссийн белхалошца а доза тоьхна ду моьттурш бу. Ишттачу ойлано дегl цlарматдоккху, иза заьlапениг санна а лелуьйтуш.

Пахlала кхетадо: « Мелхо а, адамна эгlаза хеташ йолу дегlан меженаш уггаре а оьшуш хуьлу. Оцу кlезиг хеташ йолчу дегlан меженийн вай чlогlа ларам бо. Вешан бехке йолу меттигаш вай, эхь-бехк а хетий, дlахьулйо (1 Ко 12:22-23). Цу гlуллакхо гучубовлаза бисинчийн лараме хилар хьалаойу. Дала гуш доцу хlуманаш, гуш долчарел алсам къастамалле дина. Хьан аз доцуш вехийла ду, амма доlаха я дог доцуш вехийла дац. Уьш доцуш вай я лела а лур дац, я къамел а далур дац.

Векалийн гlуллакхаш цlе йолчу книги тlехь хьалхалерчу динан тобанехь похlманашка хиллачу тергонах лаьцна гайтина ду. Хьалхалера керстанаш, Далла гlуллакхдар – иза дуьххьалдlа кхайкхам барал а, тобарал а, паргlатбахарал а, пайхамараллал а цхьа сов долу хlума хиларх кхеттера. Векалийн гlуллакхаш книгин 6-чу коьртехь Ярушалаймерчу динан тобанехь цхьаболчу бисина lаш болчу зударшка ца башарца терго еш хиларх лаьцна бохуш ду. Уьш хlора денна долчу хьашташкахь юург а, гlо а оьшуш бара.

Лидерша цу гlуллакхан тидам бича, цара жоп делира:

«Цундела, вежарий, аша шайна юкъара ворхӀ стаг харжа веза. Уьш Делан Са а, хьекъал а шайца хиларца гӀарабевлла хила беза. Вай и гӀуллакх царна тӀедуьллур ду» (Век 6:3). Цу тӀедилларца богӀуш болу нах кара а бина, векалшна тӀебалийна бара. «И нах цара векалшна хьалха дӀахӀиттийра. Векалша, доӀа а дина, царна тӀе куьйгаш дехкира. Делан дош дӀасадаьржаш дара, Ярушалаймехь мурдаш алсамбовлуш бара. Дуккха а динан дай Ӏийсах долчу тешарна муьтӀахь хилира» (Век 6:6-7).

Векалша царна тӀе куьйгаш дехкича хӀун хилира? Цара динан гӀуллакх даран похӀма схьаийцира, тӀаккха цуьнан тӀаьхьало санна, Делан дош дӀаса а даьржаш, мурдаш алсамбуьйлуш бара. Тамашийна долуш дерг ду иза! Божарий бисина Ӏаш болчу зударшна гӀуллакх деш бу, тӀаккха цу гӀуллакхо Делан дош дӀасадаржорна а, мурдаш алсамбовларна а тӀедаладо.

Суна хетарехь, вайн динан тобанаш хьала а кхуьуш, алсамюьйлуш ца хиларан бахьанех цхьаъ, - дерриге адамаш (дуьххьалдӀа болу тешаш берш а, лидерш а) дӀалелаш бац шайн похӀманашца. Векалийн гӀуллакххаш книгано ур-атталла шен похӀманашца деш-лелаш волчу лидере доза тоьхна адамаш кӀелхьардовларе даладойла хиларх лаьцна, тӀаккха гӀуллакх дан ерриге а динан тоба йолаелча, жамӀаш мел алсам хилла дӀахӀуьттуш хилар, гойту.

Нийсса ШавуӀотан дийнахь, Кипа кхайкхам беш волуш «Ӏийсан мурдийн тоба кхин кхаа эзар стагана совъелира» (Век 2:41, хь. иштта 47-чу аяте). Ур-атталла Кипа Ярушалайман урамашкахула дарба даран даьтта хьакхаран кӀел лелачу хенахь, «Везачу Элах тешна болу божарий а, зударий а алсамбуьйлура царна юкъахь» (Век 5:14).

Амма тешаш берш хӀора денна хӀора цӀа чохь хьеха буьйлабелча (Век 5:42), динан тоба «алсамъюьйлуш» яра (Век 6:7). Тешачийн гӀуллакхдарехь юха йоккху гӀулч бисина Ӏаш болчу зударийн гӀайгӀа бар яра. Цул тӀаьхьа динан тоба «вуно дукха алсамъюьйлура» (Век 6:7).

Тахана динан тобанийн Ӏуналхоша ма-дарра аьлча шайна

гӀоьнчаш тӀаьхьара ца бевлла боьху. Ма гӀайгӀане ду иза! Векалийн гӀуллакхаш книги тӀехь шуна динан тобанийн Ӏуналхоша шайна гӀоьнчаш боьхуш хилар гур дац. ХӀетахь гӀоьналлин гӀуллакхдаран агӀонга оццул ладаме терго еш хиларна, ур-атталла стоьла тӀе юург охьайилларна а корматалле белхалой лоьхура. Корматалленаш, - амалх хьакхалуш долчунна тӀехь, ткъа похӀманех а доцуш. Иштtанаш дӀахӀиттош бара. ХӀетахь тешачара, вай хӀинца гуттар а хуьлуш лоруш долу хӀуманаш, доккха маьӀна долуш тергалдора!

## Тешаме хиларан жоьпалла

Нагахь берриге а тешаш берш шайн меттехь нисбелла белхьара, хӀун хир дара те? Ма инзардоху хӀуманаш гур дара вайна! Меттахдовлар – кхайкхамчашна а доцуш, ткъа дерриге а дегӀана. Меттахдовларехь хӀора стага шен агӀо дӀалоцу. Дагахь латтаделаш: похӀма – иза Дала вайна луш долу хьуьнар ду. Вай вешах тешна дитина доцчух жоп ца ло. Кого бӀаьрсана тӀера жоп ца ло. Амма иза ур-атталла иштта делахь а, Делан лаам, Сино деллачу хьуьнарийн бахьанашцца бен кхочушхуьлийла дац. «Цхьа хӀума дан похӀма тхайгара ду-м дера ца моьттура тхуна, ткъа тхан и похӀма Делера ду» (2 Ко 3:5).

Цу похӀмийн цхьаьна деш-лелаш хилар ма ду мостагӀчунна сацо лууш дерг. ТӀаккха цуьнан иза дан аьтто баьлча, цуьнга вайн хьалакхиарна ладаме новкъарло ялур ю! Цунна Дала похӀманаш дӀасадалар шега сацалур доцийла хаьа, цундела цо царех пайда эцаран вайн маьршо толлу. Ийзадалар – иза цуьнан вайна новкъарло яран хьалхара кеп ю.

# ИЙЗАДАЛАР ІОРАДОККХУШ

# ХIУММА А ЦА ДЕН ПОХIМАНАШ

Вайх дуккха берш иштта эффект йоцуш хIунда бу?

Вай хIинца дийцина, хIора тешачун, Дала деллачу похIманашца а, совгIаташца а цхьаьна йогIуш йолу, олаллин агIо ю, иза Дала леррина къобалвинчу Iийсаца берриге иблисан ницкъел лакхахь къайлаяьккхина ю. Вайх дуккха берш иштта эффект йоцуш хIунда бу? Жоп далархьама, ПахIала Тимапига дагадаийтар юхадоьшур вай:

> *Цундела юха а дагадоуьйту ас хьуна, сайн куьйгаш тIедахкарехула, Дала хьайна деллачу похIмин алу кхин а йовха ягийталахь (2 Ти 1:6).*

Грекийн маттахь «алу кхин а йовха ягийта» – аназопуреo ду, иза «юха латае я кхоччуш цIе латтае» бохург ду (Vine's

dictionary). Нагахь ПахӀалан цу къоначу стеган похӀма алу кхин а йовха ягийта (харизма) дезаш хиллехь, хӀета и совгӀат ца лелаш хуьлийла а ду. ПохӀмано болх автоматически ца бо. ЦӀе санна, иза марсадаккха а деза, латто а деза!

ЦӀена дегнаш а, билггал бакъ ойланаш а йолу адамаш ду, царна моьтту, нагахь Далла лууш делахь, иза ша-шех хир ду. Амма иза нийса дац. 1795-чу шарахь Эдмунда Берка яздина: «Зуламо толам баккхархьама, дикачу адамаша хӀумма ца дар бен ца оьшу». Тимапи дог цӀена вара. Дагадаийтийша ПахӀала цуьнан амал мел хьалаойура? «Цуьнга кхочуш а, цо санна доггах шун гӀайгӀа бийр болуш а сан цхьа а вац. Массара а, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсана луург а ца лоьхуш, шайна пайдехьа дерг лоьху. Ткъа Тимапи, зийначул тӀаьхьа, иза тешаме хилар шуна хууш ду. КӀанта шен деца ма-дарра, цо соьца гӀуллакх дина хазачу кхоан дуьхьа» (Пил 2:20-22). ХӀетте а билггал ПахӀала шозза дӀахьедира Тимапига Делан похӀма тидаме ца оьцуш ма дитахьара, бохуш. Ткъа кхечу тайпана похӀма гучудаьлла хир дацара.

Иштта, вайн шина хаттарна жоп дала деза: «ПохӀма дижинчу хьолехь дисарна тӀе стен даладо?» а, «Вайга похӀмин алу кхин а йовха муха ягийталур ю?» а. Аса шолгӀачу хаттарна жоп тӀаьхьабогӀучу коьртех цхьанна чохь лур ду, ткъа хӀинца хьалхарчуьнга хьовсур вай. Делан похӀма хӀумма а ца деш хиларна тӀе стен даладо?

Жоп кху аятехь карадо:

> *Цундела юха а дагадоуьйту ас хьуна, сайн куьйгаш тӀедахкарехула, Дала хьайна деллачу похӀмин алу кхин а йовха ягийталахь. ХӀунда аьлча Дала вайна кӀиллоллин са хилийта ца делла Шен Са, ткъа вайн синан ницкъ хилийта а, безам зуьйш а, вай кхетаме хилийта а делла (2 Ти 1:6-7).*

Грекахойн маттахь «кхерам» – дейлиа ду. Цу дешан эхь хетаран а, кӀиллолан а маьӀна ду. Цунах Дезачу Йозанашкахь

дикачу маьIнехь цкъа а пайда ца оьцу (Vine's dictionary). Кхин цкъа а New International Version-сан 7 -чу аяте хьовсур вай:

> *ХIунда аьлча Дала вайна кIиллоллин са хилийта ца делла Шен Са (2 Ти. 1:7).*

Кху гочдаро хIокху аятехь «ийзадалар» уггаре догIуш дош схьахьедо. Цу кепара, ПахIала Тимапига боху: «Хьан похIма жигара дац хьан ийзаваларна а, эхьхеташ хиларна а». Дешнийн маьIнаш хийца а ца деш, вайн и аят иштта гочдойла ду:

> *Тимапи, хьоьгара Делан похIма лелаш дац ийзавалар бахьана долуш!*

Ийзалуш болчу тешачара, шайн декхарш дIа а тосий, синехь олалла дойу.

ЖамIехь, похIма, цаьргара Делан корматалла, йижинчуха юьсу, жигара йоцуш. ПохIма делахь а, иза лелаш дац.

Со баккъал а воьхна вара, Мичиганерчу цу къаночо хастамаш бечийн лидеран дешнаш сайга схьааьлча, цо со тIехкъиза волчуха лорура. ЦIаьххьана Делан похIма гIорасиза хилла дIахIоьттира, тIаккха соьга, динан гIуллакхаш дIакхехьарехь хилладолчу даьтта хьакхаран кIелахь волуш санна, кхайкхам цабабелира. Делан дахар дIадахча санна хеталора. Эхь хетар деара. Со хадам боллуш хиларх велира. Суна адамашца дуьхьалкхета ца лаьара. Стенна? Сайна Дала делла долу олалла дола а даьккхина, дIахецна дела.

## Ийзадаларан билгалдаккхар

ХIинца «озадалар» а, «кхерар» а дешнийн билгалдахаршка хьовсур вай. Oxford English Dictionary (ингалс маттахь Оксфордски дошам) «кхерар» боху дош иштта гойту:

1. Ийзалуш а, эхь хеташ а нисвалар.
2. Кхерамца иракарахIиттар.

3. Кхерамехь а, дегош а хилар, кхерийна хилар.

*Merriam Websters* Collegiate Dictionary (10-гIа арахецар) «ийзадалар» кху кепара билгалдоккху:

Воьхна хила, охьатаIийна, Iазапехь, кхерамна кIел.

*Oxford English Dictionary* (Оксфордски дошам ингалс маттахь) «ийзадалар» иштта билгалдоккху:

1. Кхераваларан хьал.
2. Цхьаъ даран я и ца дайтаран Iалашонца кхерам тийсаран я ницкъ баран тIаьхьало.

Озаваларан Iалашо – хьо цхьаъ дечуьра сацор а, охьа таIийна, муьтIахь вар ю. Озаваларна хьо буьззинчу мехала воцуш а, кхераран а синхаам болуш хила лаьа. Кхетамехь я кхетамехь воцуш юха а ваьлла, кIелвахарца, хьо, хьуо охьатеIош волчун ялхо хуьлий дIахIутту. Хьо хIинца Делан лаам кхочушбан маьрша ца хуьлу, амма хьо хьайн дIалацархочун лаамаш кхочушбеш хIаллакьхила хьаьхна хуьлу.

ЖамIехь Делан похIма, Цуьнан синан лакхалле хьуьнар, лелаш дац. Хьоьгара олалла дIадаьккхина, хьуна а, хьан Iаткъаман кIелахь болчарна а дуьхьалбаха пайда эцархьама.

Озадаларан Iалам – вайн мостагI долчу иблисера схьаболу кхерам. Иза – муьлххачу кхераман а, озаваларан а автор ду (Дол 3:1-10, къаьсттина 10-гIа аят). Иза вайна ойланашца а, суьрташ хIитторца а, бIарлагIашца а тIелетар ду, я, вай кхерорхьама, цуьнан Iаткъаман кIелахь долчу хьелех а, адамех а пайда оьцур бу. Кхечу тайпана аьлча, цуьнан цхьа Iалашо ю – терго яр а, доза тохар а.

## Эли-ЯхIу кхеравелла хиллий те?

Пайхамар волу Эли-ЯхIу Делан боккхачу ницкъаца лелара. Цо, Делах кхерар доцчу, харцлелачу паччахьна дуьхьал дIа а хIоьттина, элира: «Шена гIуллакх деш волчу а, дийна волчу а Исраилан халкъан Везачу Делах чIагIо йо аса, хIокху шерашкахь

я тхи, я догӀа хир дац аьлла, аса омра даллалц» (Сул 17:1). Иза ца кхеравелира цу эхь доцчу паччахьах.

Юха масех шарахь иза Ӏаламехь доцчу Ӏаламатийн го юкъахь вехира. Цкъа-делахь, цунна юург къигаша латтайора; тӀаккха, массанхьа а мацалла хӀоьттина йолуш, шен бепиг а, даьтта а чекх ца долуш йолчу йисина Ӏаш йолчу зудчо гӀо дора цунна. Йисина Ӏачу зудчун кӀант цӀаьххьана велира, тӀаккха Эли-ЯхӀун доӀа дӀахезначу Дала, кӀант беллачарна юкъара денвира. Цу стеган нуьцкъала гӀуллакхдар дара.

Дикка хан яьлча иза юха а паччахьна хьалха дӀахӀоьттира. Паччахьо йокъо бахьанехь зерашна а, баланаш хьегарна а Эли-ЯхӀу бехке а вина, ишттачу дешнашца маршалла хаьттира: «Хьо вуй и – Исраилан халкъе бала хьоьгуьйтург?» (Сул 18:17).

Эли-ЯхӀус майрра жоп делира: «Со вац Исраилан халкъе бала хьоьгуьйтург, ткъа хьо а, хьан ден цӀа а ду. Везачу Элан весеташ дӀа а теттина, БаӀал-харцделанашна тӀаьхьахӀиттина шу» (Сул 18:18). ТӀаккха цо БаӀалан 850 пайхамар схьа а гулвина, дерриг а Исраилан халкъаца цхьаьна Кармил лам тӀе валаве аьлла омра дира паччахьна. ДуьхьалхӀоттаран дийнахь берриге Исраилан бахархой схьагулбеллера билггал бакъволу Дела мила ву гархьама! Эли-ЯхӀус майрра кхайкхар дира БаӀалан пайхамаршка шайн деланашна сагӀа даккхар дӀа а хьедеш, оццу хенахь ша а Везачу Элана сагӀа а доккхуш. «ТӀаккха шу шайн Деле кхайкха. Ткъа со Везачу Эле кхойкхур ву. ЦӀе латаярца доӀанна жоп Делларг билггал волу Дела хир ву» (Сул 18:24).

Веза Эла волчу Дала цӀе латорца жоп делира, тӀаккха Исраилан халкъ шайн яххьашна тӀе а доьжна, Далла тӀе дирзира. ТӀаккха Эли-ЯхӀу-пайхамаран омрица 850 харцпайхамар вийна вара. Цул тӀаьхьа Эли-ЯхӀус кестта догӀа хир ду аьлла дӀахьедира, даггара доӀа дарца деха а доьхуш, догӀа хирг хиларан цхьа жимма а билгало гуш йоццушехь. Масех минот яьлча, стигала бодане а хилла, доккха догӀа деара. Ахьаб паччахьан цӀийнара дӀаведча, Делан куьг Эли-ЯхӀуна тӀехь дара, тӀаккха иза цуьнан гӀудалкхал хьалхавелира.

Иза Эли-ЯхӀун дахарера цхьа де бен дацара. Дерриг а халкъ инзардаьлла дара. ЦӀена боцурш хӀаллакбинера. Ехха йокъо чекхъяьллера. Эли-ЯхӀун къаьстташ Делан аз хазийла дара, цо шена хезаш дерриг дан а дора, цунна сийлахь Ӏаламаташ а гора.

## Паччахьан зудчунна тӀеӀоттавалар

Амма оццу дийнахь Ахьабан зудчунна Изабалина пайхамаршна тӀехь динарг хиира, тӀаккха цо Эли-ЯхӀуга хаам бахьийтира: «Деланаша, шайн лааме хьаьвссина, луьра таӀзар дойла суна, нагахь аса, кхана хӀара хан тӀекхачале, оцу пайхамарех хӀоранна а диннарг хьуна а ца дахь» (Сул 19:2). Иза Эли-ЯхӀуна даръелла яра, хӀунда аьлча, уьш цуьнан дахьийтар кхайкхош болу пайхамарш хилла дела. ХӀинца Эли-ЯхӀус хӀун жоп делира хьовсийша:

Кхера а велла, Эли-ЯхӀу цигара дӀавахара, шен са кӀелхьардаккхархьама. ЯхӀуд-махкахь йолчу Беар-ШабаӀ-гӀала а вахана, Эли-ЯхӀус шен ялхо цигахь витира. Цхьана дийнахь некъ баллал юкъ йолчу яьссачу аренга веара Эли-ЯхӀу. Схьавеана, жолам-куллана кӀел охьа а хиъна, шена валар а доьхуш, цо элира: «ХӀинца тоьар дара-кх, Веза Эла. ДӀаэцахьа сан са, хӀунда аьлча со сайн дайл хӀумма а тоьлуш вац» (Сул 19:3-4).

Оццу цхьана дийнахь иза къовсамехь сийлахь толам а баьккхина, тӀаккха шен дахарна тӀера вегош вара. Иза Изабалас оццул кхерийна а, вохийна а хиларна, вала лууш вара. Цу кхерам тийсаран Ӏалашо стенца яра аьлча, Эли-ЯхӀуна Делан лаам кхочушбан новкъарло ярхьама яра. Изабалина махкана тӀехь шен Ӏаткъам ларбан а, Эли-ЯхӀу хӀаллакван а, иза шен новкъара дӀаваккха а лаьяра. Цуьнга пайхамар ца вевеллехь а, амма иза шен Ӏалашонна тӀекхиъгнера, важа вада а ведда, шена Ӏожалла еххал кхера а вина. Лаамаза иза цуьнан Ӏалашонца лелаш вара. Нагахь иза хуьлуш долчун духе а кхиъна, кхеттехьара, цхьанххьа дӀа ца ведча а волура.

## Ийзадаларан билгалонаш

Ийзадаларан сино эхь хетар а, дог-ойла йожар а, доьхна хилар а паргӀатдоккху. Цуьнан Ӏалашо – нийса гар дайийтар ю. Дерриг а охьатеӀош а, хала а, ур-атталла хуьлийла доцуш а хетар ду. Нагахь ийзадаларца дерг сихха цхьалха ца даккхахь, шу, аша цуьнан Ӏаткъам боцуш цкъа а ден доцу хӀуманаш лелорна тӀедалор ду. Иза ян а ю и кхерам тийсаран Ӏалашо. Суна, суна-сайна а ийзаваларо тӀелатар дина хиламаш дагабогӀу, тӀаккха соьга сурт хӀоттало, Эли-ЯхӀуна хӀун хеташ хилла. Со и дух муха деш-лела кхетале хьалха, со отелехь хиъна Ӏаш а волуш, эхь хетарца а, догдохийла цахиларца а къийсам латтош вара. ТӀаккха со цецвуьйлура, хӀун ду те хуьлуш дерг, бохуш? Цкъаццкъа иштта ойланаш Ӏуьйранна кхиаме гулам чекхбаьллачул тӀаьхьа а йогӀура суна.

Суна, сайга дерриге а дийнахь кхоччуш цхьа а хӀума ца далуш хилла, ма-дарра болу хилам дагабогӀу. Соьга и мохь тӀера ца баккхалора. Ас доӀа дора, тӀаккха Дела ванне а вац, аьлла, хеталора. Эли-ЯхӀус санна, аса сайх бен, сайх бен, сайх бен ойла ца йора. Суна суо эффект йоцуш а, сан динан гӀуллакхдар пайденна доцуш а хеталора. Цундела ала а аьлла Эли-ЯхӀус: «ХӀинца тоьар дара-кх, Веза Эла. ДӀаэцахьа сан са, хӀунда аьлча со сайн дайл хӀумма а тоьлуш вац» (Сул 19:4).

Цу догдохийла доцчу дийнан чаккхенгахь, Дала Изабалас Эли-ЯхӀу муха кхерийна хилла хилар гайтира суна. ТӀаккха, эххар а, со, сан лелар билггал цу кхерамаш туьйсучу а, вохочу а синна лууш ма-хиллара дуйла, кхийтира. Цунна, Дала со кхочушдан ваийтинчух, юхавалийта лаьара. Кху динан тобанехь, Дала кхайкхамаш бан омра дина, дохкодовлархь а, цӀенахиларх а болу кхайкхамаш ца безаш болу нах бара. Цу сохьта суна, айса дийнна дийнахь къийсам латтийначу, билгалонийн орам карийра. Иза ийзаваларан са дара. Со майрра паргӀатоне велира, эхь хетарх а, вохарх а дайдалар а хаалуш. ТӀаккха тхан цу суьйранна нуьцкъала гулам хилира! ТӀаьхьо ас ийзадаларан синна дуьхьал муха латта деза кхетор ду. Амма, и са довза Ӏамархьама, цкъачунна кхин а Эли-ЯхӀун дахаре хьовсур вай.

## «Хьо кхузахь хIунда ву, Эли-ЯхIу?»

Эли-ЯхIу, Изабалин агIор кхерамаш тийсарна дуьхьало ца йинчу хенахь, шен олаллин агIонна тIера дIаэккхийтина вара. ЖамIехь цуьнан дерриге халкъан дуьхьа гIуллакхдаран похIма охьатаIийна дара, тIаккха иза Далла тамехь йоцчу агIор вахара. Со тешна ву, Эли-ЯхIу конфронтацих дIаведдачу хенахь, иза оцу конфронтацин некъа тIеваьллачу хенахь хиллачул, кхоччуш кхечу тайпана гуш хилла хир ву. Иза бIостанехьачу агIор, шен ялхо а витина, шовзткъа дийнахь а, буьйсанна а Хьариб лам болчу вахара. Цига кхаьчча, цунна дуьхьара хезнарг дара: «Эли-ЯхIу, хьо хIун деш ву кхузахь?» (Сул 19:9).

Сурт хIоттадейша шайна: иза валлал догдаьлла ву, шовзткъа дийнахь некъ бинчул тIаьхьа гIора дайна ву, вуьшта а, иза кхоччуш йолчу депрессин хьолахь ву. Ткъа Дала хоьтту: «Хьо хьайн меттера дIа а ведда, кхузахь дIа стенна лечкъина?».

Шуна моьттуш хила мега: «ХIаъ, амма Дала цунна шен малик а дахийтина, цунна ши хьокхум ма белла, цуьнга шовзткъа дийнахь а, буьйсанна а некъ байтархьама». ХIета Дала стенна хоьтту те: «Эли-ЯхIу, хьо хIун деш ву кхузахь?». Далла, Эли-ЯхIу хIетте а водур вуйла, хаьара. Стага шен даг чохь цхьана хIуманан ойла йича, Дала сих-сиха иза хила могуьйту, ур-атталла иза Цуьнан кхачаме лаам бацахь а.

Изза дара БалиIамца хилларг а, муабхойн паччахьо Балакха, цуьнга схьа а волий, Исраилна неIалт кхайкхадар дехначу хенахь. Везачу Эло БалиIаме ма гIо аьллера, амма БалиIама юха а веана, Везачу Эле шозлагIа хьаттира. Хеталора, Дала ойла а керчина, БалиIаме гIо хьайна, аьлла.

ШолгIачу Iуьйранна БалиIама вирана тIе нуьйр тиллира, новкъа валархьама. ТIаккха, Делан Йозанашкахь аьлла махиллара: «новкъа воллушехь, Дела оьгIазвахара цунна» (Лел 22:22). ТIаккха Делан Малик деара иза вен.

Дала гIо хIунда аьлла те, ткъа БалиIама иза иштта дан а дичу, догдаьлла а хIунда вара? Везачу Эло БалиIамна ваха магийнера,

цуьнан дог девза дела. Цунна, БалиӀамна Далла муьтӀахь хуьлучул дукха, Балакха схьахьедина сийдар а, ахча а дезийла, хаьара. Стага шен даг чохь цхьаъ дан сацам бечу хенахь, Дала и сецор вац, иза Цуьнан кхачаме лаам бацахь а.

Изза хилам бара Эли-ЯхӀуца хилларг а. Далла, иза юха а вирзина, БаӀалан пайхамаршна санна, Изабалина дуьхьалваьлла дӀахӀотта лаьара. Цу гӀуллакхо Кармил лома тӀехь долийнарг чекхдоккхур дара. Амма Эли-ЯхӀуна цунна дуьхьалкхета ца лиира. Цунна охьатаӀийна хилар кӀордийнера, цунна цу кӀелара аравала лаьара. Дала малик дахийтира, гездарна оьшу кхача балархьама. Веза Эла Хьариб лам тӀехь собар а дина, тӀаьхьо Эли-ЯхӀун ийзаваларх дерг цхьалхадаккха кийча вара.

## Дерригенна а тӀехь жоьпаллехь цхьаъ ву

Дала Эли-ЯхӀугахула болийна болх Изабалица конфронтаци йоцуш чекхболийла дацара. Иза Исраилца йолчу ерриге а халонийн орам бара. Делан Йозанашкахь аьлла ду:

> *«Шен зудчо Изабала шен лере дуьйцучуьнга ла а доьгӀуш, Везачу Элана зуламе хеташ дерг дарна шен дог тӀедерзийна волу Ахьаб-паччахь саннарг хӀетталц ваьлла а вацара» (Сул 21:25).*

Веза Эла Эли-ЯхӀуца Кармил лам тӀехь Ша ма-хиллара вуьсура. Амма пайхамар Изабалас кхерийна, шен олаллин агӀонна тӀера аракхоьссина вара. ГӀуллакх чекхдаккхархьама делла долу похӀма лелаш дацара. ХӀинца, иза Хьариб лам тӀе стенна веана боху хаттар деллачул тӀаьхьа, Дала Эли-ЯхӀуга хӀун элира, хьовсийша:

> *Везачу Эло цуьнга элира: «Вало, юха а верзий, хьайн новкъахула Дамасакхана уллорачу яьссачу аренга дӀагӀо. Хьо цига дӀакхаьчча, Хьазиал даьтта дот-тарца арамхойн паччахь хиларна къобалве. Ткъа Нимшайн кӀант ЯхӀу Исраилан халкъана тӀехь пач-*

*чахь хиларна даьтта тIе доттарца къобалве. Абел-Мехьал гIалара волу Шаптин кIант ЭлишаI хьайн метта пайхамар хиларна даьтта тIе доттарца къобалве. Хьазиалан туьрах веддарг ЯхIус воьйтур ву. Ткъа ЯхIун туьрах кIелхьарваьлларг ЭлишаI-пайхамаро хIаллаквийр ву» (Сул 19:15-17).*

Билгалделаш, Дала Эли-ЯхIуга ЭлишаIна шен метта пайхамар хила а, ЯхIу Исраилан паччахь хила а даьтта хьакха элира. Далла Изабалах дIаводур воцу ши стаг карийнера. Цара цуьнан хьажийна хилар кхочушдийр ду.

ЭлияхIун гIуллакх, иза Изабалах кхера а велла, дIаведдачу хенахь сацийна дара. ДагадогIий шуна, Исраилхула дIасадаьржачу дерриг а сийдоцчу хIуманна тIаьхьа лаьтташ билггал Изабалин Iаткъам бара. Нагахь лидеран нийса боцчу Iаткъамна дуьхьало а хилла, цуьнан чаккхе ца хилийтинехь, иза цхьайолчу ханна бен долу хIума дац, сийдоцу хIума цу лидеран куьйга кIел болчарна юкъахь а дIасадаржийтархьама.

Iийсас иштточу агIонна хьоьхура: «Цхьа а ца воьду шел онданиг волчу цIа чу, цуьнан хIуманаш лачкъо, цкъа хьалха иза дIавихкина бен, къола далур дац цуьнан цIахь» (Мрк 3:27). «Онданиг» - иза лидер ву. «ЦIа» – иза цуьнан домен ю, я Iаткъам бен меттиг ю. «Цуьнан хIуманаш» - стоьмаш, я Iаткъаман жамIаш ду. ХIинца, цу интерпретацих пайда а эций, юха деша Iийсас аьлларг:

*Цхьаьнгга а, лидеро Iаткъам бечу метте а веана, цуьнан Iаткъам баран жамIаш дIадахалур дац, цо ша лидерца дерг чекхдаккхалц. ТIаккха цуьнан меттиг схьаоьцур ю цо (Мрк 3:27, авторски парафраз).*

Аша эр ду: «Ахьаб лидер вара, тIаккха Эли-Яхiу цуьнах ца кхеравелира». Иза иштта а, вуьштта а ду. Ахьаб лидерски дарж дIакхоьхьуш вара, амма цо шен олалла зудчунна дитинера. Цундела синан лакхаллин дуьненахь, билггал и яра Исраилехь цIушна Iамалъярна тIаьхьа лаьтташ йолу, «онданиг». Билггал и яра БаIална Iамалъярна тIехьоьхуш ерг. Билггал цуьнан

Ӏаткъамо Исраилан дерриг а халкъ, тешаме ворхӀ эзар адам доцург, цхьаъ бен воцчу, билггал бакъволчу Далла Ӏамалъечуьра юхадаьккхинера. ТӀаккха цхьа а къайла ца доккхуш дуьхьал ца ваьлла дела, цуьнан Ӏаткъам ларбина лаьтташ бара.

Суна цу тайпана хӀуманаш дуккхазза а гина. Стаг динан тобанан Ӏуналхо я лидер цӀе йоккхуш хуьлу, тӀаккха оццу хенахь кхечу адамаша цуьнан терго а, манипуляци а йо. Гуттара санна, иштта адамаш дуьххьалдӀа цуьнца хила деза. Уьш зударий а, гӀоьнчаш а, советан декъашхой а, дьяконаш а, дехархой а иштта кхин дӀа а. Цара кулисашна тӀехьа дола а деш, лидер цӀе йоккхуш волчу стеган контроль йо.

Иштта ниг доьзалшкахь а хуьлу. Дай-наной шайн берех кхоьру. Майранаш зударех ийзало, тӀаккха ма-дарра аьлча, доьзалан коьртехь ца хуьлу. Лараме ду, лидеран гонаха хьехамчаш хилар, - цӀахь а, динан гӀуллакхдарехь а. Амма кхин а лараме ду, иза ша шен олаллехь хилар, Дала цунна деллачу похӀманах пайда а оьцуш, доьзалехь я динан гӀуллакхдарехь хуьлийла иза.

Нагахь аша Эли-ЯхӀу дӀаведдачул тӀаьхьа хиллачу хиламех лаьцна кхин дӀа ешахь, шуна цо долийна долу гӀуллакх маргӀалделла хилар гур ду. Ахьаба кхин дӀа а халкъ гӀайгӀа йоцуш охьатеӀадора. Майрчунна а, пачхьалкхана а болу Изабалин Ӏаткъам хьалаболура. БаӀална Ӏамалъяр меттахӀоттийна дара, дерриг а халкъ, Делан ницкъан теш а долуш, Эли-ЯхӀус БаӀалан пайхамарш хӀаллакбина боллушехь. Изабалех дӀавадарца, Эли-ЯхӀус исраилхойн майралла а шеца дӀаяьхьнера. Ахьаб веллера, амма цул тӀаьхьа урхалла динчу цуьнан шина кӀанта, халкъ билггал бакъ болчу некъа тӀера цӀушна Ӏамалъяран кӀоргене дуьгура (Сул 22:51-ТӀаьххь 9).

## Шайн олалла дӀа ца делла волу шиъ

Иштта, Эли-ЯхӀу цу дерриге харцхьадаккхаран а, талхаран а хьостанах дӀаведдера. Цундела аьллера Везачу Эло цуьнга, цу зуламечу зудчуьнца дерг цхьалхадаккхархьама, шина стагана даьтта хьакха, аьлла. ЖамӀехь билггал ЯхӀус йийра Изабала (ТӀаьххь

9:30-37). Иза цунна тӀехь контроль латто гӀоьртича, цо цуьнан кхерогӀертар тӀе ца дитира. Цкъа бен бина боцчу тӀемал тӀаьхьа, цуьнан Ӏаткъам боха а бина, хӀаллакбина бара (ТӀаьххь 10).

ЯхӀус а, цуьнан наха а Ахьабан верриге а кхузткъе итт кӀант вийра. Цо берриш а БаӀална Ӏамалйийраш цхьаьна а гулбина, тур хьаькхира царна, БаӀалан цӀа чу а вахана, ерриге а еза хӀуманаш ягийра. ЯхӀун адамаша БаӀалан тӀулг охьа а тоьхна, цуьнан цӀа лаьттаца дӀашардира, чан а йина. Ткъа хӀинца Делан Йозанаша ЯхӀух лаьцна хӀун боху хьовсийша:

*Иштта ЯхӀус исраилхошна юкъара БаӀална Ӏибадат дар дӀадаькккхира (ТӀаьххь 10:28).*

Дала нийсса дӀааьллера Эли-ЯхӀуга: «Хьазиалан туьрах веддарг ЯхӀус воьйтур ву» (Сул 19:17). Юьхьенца Эли-ЯхӀу кхочушдан вахийтина долу гӀуллакх чекхдаккхархьама, ши стаг тӀеийшира. Дала Эли-ЯхӀуга ЭлишаӀна «хьайн метта пайхамар хиларна даьтта тӀе тохарца къобалве» аьллера, Эли-ЯхӀус озаваларна шен олаллин меттиг йитина дела. Ткъа ЯхӀус а, ЭлишаӀа а Ахьабан цӀийнах волчу цхьа-хьанна а Дала шайна делла долу олалла ца дитира, цундела Делан похӀма кхин ницкъ боцуш дацара, тӀаккха мохк БаӀална Ӏибадат дечуьра паргӀатбелира.

Вай ийзалучу хенахь, вай вешан олаллин агӀо дӀатосу. Цу жамӀехь, динан гӀуллакхдарна а, лардарна а делла долу Делан похӀма, ца лелаш дуьсу. Вай лаамаза, ваьш кхерийначун Ӏалашонна тӀекхиарна аьтто бан дуьйлало.

Ширачу Весетехь, хьалха дӀагӀертаран метта, Делан адамаш юхадуьйлуш хиларан, дуккха масалш ду. ПахӀала яздеш махиллара: «Царна хилларг дерриг а вукхарна масал дало хиллера. Заманийн чаккхе тӀекхаьчначу хенахь Ӏен долчу вайга, дӀахьедар а деш, иштаниг ца дайтархьама яздина ду иза» (1 Ко 10:11). ТӀаккха кхин а Римхошка дахьийтарехь: «Ткъа хьалха яздина мел долу хӀума вайна хьехамна яздина ду, Делан Йозанаша вайна лучу доьналлица а, иракарахӀитторца а вешан сатийсар

хилийтархьама» (Рим 15:4). Кху книги тIехь аса Ширачу а, Керлачу а весеташкара кхин а дуккха масалш далор ду. Ширачу весетера масалш а ца девзаш, Керлачу весетах пайда эцарх кхоччуш кхетийла доцу дела. ТIебогIучу коьртехь, ийзадаларо Делан балха тIехь лидеран дахарна тIехь хилла а ца Iаш, амма иштта цо гIуллакхдеш болчарна а новкъарло еш хилар гур ду.

# ИЙЗАДАЛАРАН ЭНАША ЛАЬЦНАРШ

Стаг кхеравелла волчу хенахь, цо Деланал, ша кхоьруш дерг лору.

Ийзадаларо вай синан гонехь энашка лецуьйту. Цо вай, вайна хууш ма-хиллара, нийса доцчу хӀуманца компромиссе дохуьйту. Цо, вай кхечу битамашкахь дуьхьаллаьттар долу хӀуманаш мага а до, лан а лойту.

Цунна масала – Ӏела а, цуьнан кӀентий а бу. Исраил монархи хиларал хьалха, цунна тӀехь кхелахоша урхалла дора. Дала уьш халкъан критически муьрашкахь хьалаойура. Нагахь Дейкан Делан Йозанех тешахь, Ӏела Исраилан пхийтталгӀа кхелахо вара. Иза кхелахо хилла а ца Ӏаш, иштта вагарвича ворхӀалгӀа динан да а вара. Цо Исраилна шовзткъа шарахь кхел йора. Цуьнан ши кӀант, Хьапний а, Пайнехьас а иштта динан гӀуллакхдархой хилла. Амма, Ӏелас урхалла дечу хенахь, Исраилехь синан

лакхаллин атмосфера муха хилла, хьовсур вай:

> *Цу деношкахь Делера хаам нахе наггахь бен хуьлуш бацара, Делера долу сурт а наггахь бен ца хIуттура (Шам 3:1).*

Кхузахь шех лаьцна къамел деш долу, Везачу Элан Дош, - иза кехата тIехь гайтина Деза Йозанаш дац. Исраилхойн Товрат дара. Амма кху аятехь дагахь дерг хIун ду аьлча, Делан некъашка а, Iалашонашка а Синца Iаь тоьхна чекхдалар ду. Халкъан, Дала цуьнца нийсса дуьхьал къамел дечу заманах лаьцна, дагалецамаш бен ца биснера. ХIинца Книгин автор вистцахуьлура. Цуьнан аз наггахь бен ца хезара.

Дела вистцахуьлуш хIунда хилла те? Жоп вайна 2-чу коьртехь карадо:

> *Iела чIогIа къена вара. Цунна хезаш дара шен кIенташа массо а исраилхошка хIоттош дерг а, уьш Везачу Элан деза четар лаьттачу кертахь гIуллакх деш болчу зударшца лела бохуш дерг а (Шам 2:22).*

Iелин кIентий, Хьапний а, Пайнехьас а, вон лелара. Уьш исраилхойн зударшца дуьххьалдIа Iаш хилла ца Iара. Уьш оццул эхь дайна хиларна, Веза Эла чохь хила везачу, скини чу гIуллакх дан баьхкинчу зударшца а лелара. Мичахь хилла те церан Делах кхерар?

Церан вон лелар нахаца леларан къинна тIедеана бен ца Iара. Цара иштта, наха дохьуш долу жижиг а схьадоккхура нуьцкъаха. Цу тайпа леларо, Iедална дуьхьал а долуш, динан гIуллакхдархой а, Веза Эла а, царна догIучу жижигах бохура. Цу гIуллакхо исраилхойн халкъ Везачу Элана дохьуш дерг тергал ца дечу даьккхинера. Хьапний а, Пайнехьас а исраилхошна тийсабаларан тIулгаш хилира. Церан лелар бахьана долуш, халкъ Делаца шийла хилира.

Iелина цуьнан кIенташа хIун леладора хаьара, амма цо уьш

дlа ца бехира, ткъа мело бехк баккхар бен доцуш: «Хlунда лелабо аша и болх? Массо а нахера суна шух лаьцна воних хеза. Сан бераш, суна шух лаьцна хезаш дерг вон хабар ду. Везачу Элан лаамехь долчу халкъо шух лаьцна воних дуьйцу» (Шам 2:23-24). Цуьнан кlентий цу дайчу нисбарал алсам дерг дан хьакъ долуш бара. Уьш шайн даг чохь дохкобовллалц, динан гlуллакхдар дlакхоьхьучуьра дlабаха безаш бара, вуьшта скинера а арабаха безара.

Делан пайхамаро, lела волчу а веана, элира: «Хlунда бетта аша Сан дуьхьа доккхуш долчу жижиган а, баьпкан а сагlанийн дакъошна тlе когаш, Аса Сайн цlенна лерина долчу? Сан Исраилан халкъо Суна даьхначу сагlанийн уггар тоьллачу дакъойх хьан кlентий буза а беш, ахьа Со дlатеттина". Цул тlаьхьа цу стага элира: Исраилан халкъан Дала аьлла дара: „Хьан цlа а, хьан ден цlа а массо а хенахь Сан бlаьргашна хьалха гlуллакх деш хир ду". Амма хlинца Везачу Эло боху: „Иза иштта хир дац! Сан сий деш волчун Аса а дийр ду сий, амма Сан цlе сийсаза йоккхуш верг юьхьlаьржачу а хlуттур ву» (Шам 2:29-30).

«Сий дар» - «ларар, тидаме эцар», бохург ду. Шен кlенташцца конфронтаци ца вахарца а, уьш низаме ца балабарца а, lелас ша уьш Везачу Элал алсам лоруш хилар гайтира. Стаг кхеравелла волчу хенахь, цо Деланал, ша кхоьруш дерг лору. Адам цунах кхета я ца кхета, амма иза ша кхоьручунна муьтlахь хуьлу. Нагахь lела ца озавеллехьара, иза кхечу тайпана лелар вара шен кlенташцца.

Тlаьхьо Дала lелин бахьанехь долчух лаьцна Шамъале аьллера: «Аса цуьнга аьлла ду, цуьнан цlенна тlехь массо а тlейогlучу ханна таlзар дийр ду аьлла, хlунда аьлча цо шен кlенташа лелош долчу къинойх лаьцна а, цара лелош долчу дастамечу хlуманех лаьцна а шена хуъушехь, уьш саца ца бина дела» (Шам 3:13).

Везачу Элан Дош наггахь бен ца хуьлура, тlаккха сийдацар хьа ца деш дlасадаьржина дара, кхелахо а, коьрта динан да а шен берех кхоьру дела! Цо шен олаллин агlо lадда а

йитина, Исраилна нийса кхелъяран а, гІуллакхдаран а хьуьнар дайинера. Делан Іалашонаш тергал ца йора. Исраилан мостагІий массанхьа а чІагІлуш бара, талхар дІаса мел даьржа. Лидерша олалла дитинчу хенахь, церан Іуналлехь берш а иштта бала хьоьгуш хуьлу.

## Эвхьаза хезий те иза?

Докъазалла дуккха а болу дай шайн берашна хьалха ийзало. Со къоначийн Іуналхо волуш, суна керстанийн доьзалш махуьллу гІо оьшуш хилар гинера. Суна кхиазхой шайн дайнанойх ца бешаш хилар гина. Цара дай-наношца цхьа а ларам боцуш хабар дуьйцура. Хеталора, дай-наноша уьш карзахбоху. Со дуьххьалдІа цецвуьйлура, ас и къона адамаш дай-наной болччохь нисдора, уьш шаьш боьхна а болуш, бераш нисдан кхоьру дела. Церан цІахь анархи яра, кхоччуш кегаре хьал. Дайнаноша шайн олалла берашна дуьтура. ЦІахь низам чІагІдан а, сий долу бераш хьалакхио а делла долу Делан похІма а, ницкъ а ца лелара.

И хало доьзалшкахь хилла а ца Іаш, амма иштта вайн динан тобанашкахь а ю. Со бІенаш динан тобанашкахь а хуьлуш, дуккха болу лидерш шайн адамашна хьалха ийзалуш хиларе сингаттаме хьоьжура. Динан тобанашкара хьал Эли-ЯхІу заманарчу Исраилан хьолал дукха хІуманца къасталуш дацара: Делан аз наггахь хезаш дара.

Цу лидерша олаллин агІо йитинера, тІаккха Делан ницкъ ца лелалора. Динан тобанан Іуналхочо хІора динан гІуллакхдарехь кхайкхамаш бо, хастамаш бечара назманаш олу, амма Дела хилар чІогІа кІезиг дара, я данне а дацара.

Динан гІуллакхдархочо кхайкхам цхьаннах а хьакха цалуш а, муьтІахь боцуш бехачарна дуьхьалвалар доцуш а кечбо. Я цунна бІостанехьа, иза догдоьхна а, чуьраваьлла а хьийза, уьстагІашна а етташ, тІаккха и дерриг а царех цхьаболчарна хьалха ийзалуш хилар къайладаккхархьама деш хуьлу. Амма цу дерриге хІуманехь синан лакхалле дахар чІогІа кІезиг, я данне а дац.

«Наггахь» – иза Дела кхузахь хиларан библейски гайтар ду. Дахаран деттадалар кхузахь, я дӀогахь хуьлийла ду, амма Дела кхузахь хилар шортонца дац, тӀаккха Цуьнан дош, дийначу хинан фонтан санна, паргӀат арадолуш а дац.

## Дийначу Ӏожаллин динан тоба

1990-чу шарахь со кхоччуш Инжил хьоьхучу динан тобанехь гӀуллакхдеш вара. Адамашна шаьш дийна ду а моьттуш, Делаца цхьаьна доьлхуш ду аьлла хетара. Со кӀирандийнахь Ӏуьйранна кхайкхам беш вара, тӀаккха суна сайн дешнаш юха а доьрзуш, юьхьах тӀелеташ санна хаалора. Иза тӀулган пенна хьехам бар санна дара. Атмосфера бунтлелорах юкъелла яра.

Соьга цу тайпаначу хӀуманан сурт а ца хӀотталора. Динан тобанан Ӏуналхо а, цуьнан зуда а, суна мацца а дуьхьалнисбеллачарел уггаре а хьоме адамаш дара. Церан кӀант Далла хастамаш баран гӀуллакх дӀакхоьхьуш а, исбаьхьа а вара. Со кхоччуш цхьана а хӀуманах ца кхетара, гулам чекхбаьллачул тӀаьхьа цаьрца делкъе ян ваххалц.

Динан тобанан Ӏуналхочо элира: «Джон, суна хьоьга хатта лаьа. Сан динан тобанехь дӀасакъаьстина стаг а, зуда а ю. И шиъ ший а гуламе а догӀий, залан бӀостанехьарчу йистошкарчу меттигашка охьахуу. И стаг – динан тобанехь коьрта вовшахтохархо ву. Цунна цхьа къона зуда а евзина, и шиъ вовшахкхета доладелира, тӀаккха цхьа хан дӀаяьлча, иза и волчу Ӏан еара, хӀинца и шиъ цхьаьна дехаш ду. Ас хӀун де?»

Со теша а ца тешара, сан цу тайпаначу хӀуманна жоп дала дезаш хиларх. Вохарца ас хаьттира: « Хьан дагахь дерг, иза динан тобанера дӀа ца экхвар дуй?»

ХӀан-хӀа, - жоп делира цо, - амма ас цуьнга коьрта вовшахтохаран гӀуллакхдар дитар дийхира.

Ас саца а ца велла Ӏуналхочуьнга а, цуьнан зудчуьнга а дийнна сахьтехь кхайкхам бира. Ас цаьрга Коринтхойн динан тобанехь ПахӀал къаношца муха лийлира дийцира. Цигахь а цхьаъ къилахь вехаш вара. ПахӀала иза Ӏораваьккхира: «Аша

дозалла дан хIумма а дац. Шуна хууш дац ткъа: «КIеззиг болчу муьстачу бедо берриг а бод совсабо»» (1 Ко 5:6). ПахIала эргIада а, дастаме а, хуъушехь дина долу къа муьстачу бедаца дусту. Ас и динан тобанан Iуналхо ларвира: «Ахьа къинна динан тобанехь дуьхьало а йоцуш, дIасадаржа магадо. Дала кхечу уьстагIийн дахарехь хиллачу тIаьхьалонах жоп доьхур ду хьоьгара!». Ас кхин дIа бохура: «жаIуьно уьстагIий дузийна а ца Iаш, амма иштта лар а до уьш. Хьуна уьш дузош хазахета, амма хьо уьш лардан кхоьру, хьайна конфронтаци ца еза дела. Амма лараме ду иза а, важа а! Хьо цу стагана чIогIа дуьхьалвала веза, амма безамца, тIаккха нагахь иза сихха дохко ца валахь, динан тобанера араваккха». Нагахь вай уьстагIий дузош дацахь, уьш мацалла лийр ду. Нагахь лардеш дацахь, уьш дIакхоллур ду.

Иза а, цуьнан зуда а кIайбелира. Зудчо элира: «Суна ураталла, сайна динан гIуллакх кхин дIакхехьа лаа а лаьий те ца хаьа. Суна дуьххьалдIа адамаш деза лаьа».

Ас жоп делира: «Нагахь шу адамаш лардеш дацахь, - иза чIогIа бегIийла, амма ма-дарра болу безам бац».

Уьш хIетте а, шаьш динан тобанехь цхьадолчу адамех кхеруш хиларх, къера хилира. ТIаккха цара суна хьалха дIа а беллабелла, кхин йолчу халонех лаьцна дийцира. Далла хестамаш баран тобанехь цхьаболу мукъам балораш ларам боцуш хилла. Ас цаьрга суо гуламашкахь мел воьхна хуьлуш хиларх лаьцна дийцира, тIаккха и хIунда дара хIинцца бен ца кхийтира.

Оццу суьйранна кхайкхам бечу хенахь, цхьана стага со юкъах а ваьккхина, кхечу меттанашкахь бохуш дIаволавала лиира. Ас цуьнга сацар а дехна, Дала Ша Шен юкъахвоккхуш ца хиларх кхетийра иза. И кхета а кхетта, дуьцучуьра сецира. Амма кхуззахь гитарист хьала а иккхина, мохь тохарца суна чукхоссавелира: «Суна Дезачу Синна лела ца могуьйтуш болу кхайкхамчаш ца оьшу. Со кхузара дIавоьду!». Цо шен зудчун куьг а лаьцна, бас-гитаристе шеца цхьаьна вахархьама мохь туьйхира. Бас-гитарист а, цуьнан зуда а, тIаккха кхин цхьа стаг

а маьхьаршца дӀабахара. Хьал сингаттамах дуьзира, ткъа гулам кхетамах тиллера.

Ас сихха Дезачу Сине хӀун де аьлла хаьттира. Цо элира: «Олаллах лаьцна хьеха». Ас и хьоьххушехь, динан тоба Делан машарх хьалаюьзира, тӀаккха Цуьнан низам чӀагӀдина дара.

Со чекхваьлча, Везачу Эло буьйра дира: «Айхьа сацийначу стаге, кхечу меттанашкахь бохург кхеторца схьаала, аьлла».

Жимма ойла херцарца, ас айса хьалха нисвинчу стаге, элира: «Сэр, нагахь хьайга и далахь, суна схьахетарехь, Далла ахьа и дахьийтар хӀинцца схьаала лаьа».

Цо кхечу меттанашкахь ала а аьлла, иштта кхетор а дира. Иза иштта долалуш дара: «Иштта боху Везачу Эло: Суна кху динан тобанан къинан инфекци гина. Ас Сайн ялхочунна цуьнан дакъа а бен ца гайтина. ТӀеэца и дешнаш, уьш Сан дешнаш долу дела».

Со кху динан тобанерчу къинна а, бунтана а тӀера велха волавелира. Динан тобанан Ӏуналхо холчухӀоьттина вара. Къа, лидерш, Делан лаамашца догӀуш, шаьш гӀайгӀа бан безачарех кхоьру дела дӀасадаьржаш дара.

Со воккхавера, тӀаьхьа сайна хиъча, динан тобанан Ӏуналхо цу цхьаьна Ӏаш долчу стагана а, зудчунна а дуьхьалваьллера. Цу шимма сихха дохко а даьлла, дӀасакъаста сацам бира.

## Шен белхалоша кхерийна волу динан тобанан Ӏуналхо

Цкъа со, гуламаш кӀиранан денахь Ӏуьйранна дӀа а болалуш, кхааринйн денан суьйренга кхаччалц дӀабоьдуш расписани йолчу динан тобанехь гӀуллакхдеш вара. Тхан инзаре гӀуллакхдарш хуьлура, ма-дарра дохкодийларш а, тодаларш а, паргӀатдийларш а долуш. Динан тоба ахчанца долу хьал хьаладалар ловш яра. Гуламашка эхар алсамдаьллера. Амма шинарийн денахь суьйранна гӀуллакхдар дӀадоладалале хьалха динан тобанан Ӏуналхо велха волавелира.

– ХӀун хилла? – хаьттира ас.

– Джон, со хьох хьоьгуш вац, дуьххьалдIа со ца кхета, сайна цкъа а Делан лелар хIунда ца го. Со Дезачу Синах вуьзна ву, амма Синан похIманех цхьа а лелаш ца хуьлу сан гIуллакхдаршкахь. Цхьа а то а ца ло, паргIат а ца волу, тIаккха дерриг а хала долуш а хетало.

ТIаккха со хеттарш дан волавелира. Суна, динан тобанан советехь шиъ зудий а, церан майранаш а динан тобанан Iуналхочул хьалха Дезачу Синах буьзна хилла хилар хиира. Цундела цара гойтура цунна хIун дан деза а, динан тобанан урхалла муха дан деза а. Ас кхетийра: «Хьо хьайн динан тобанан советах кхоьруш ву. Ахьа, хьайна Дала деллачу олаллина тIе юха а вирзина, хьо ву динан тобанан Iуналхо, ткъа уьш а боцуш, ала деза».

ШолгIачу дийнахь цо цаьрца къамел дира. Уьш оьгIаз а бахана, тIаьхьалонгахь динан тобанера дIабахара. Динан гIуллакхашдар кхин дIадоьдура, тIаккха тIаьхьарчу суьйранна адамийн тоба доIа дарна хьалха елира, амма Везачу Эло соьга элира: «Ахь царна тIера доIа дан ца деза. Iуналхочо дийр ду доIа».

Динан Iуналхочуьнга хьоьжучу суна, массанхьа а цунна гонаха болу Делан ницкъ гойла дара. «Iуналхо, - элира ас, - Дала адамашна тIера доIа хьоьга де боху».

Иза цу тобанна юкъа ведира, тIаккха и нахах хьакха мавелли, Делан ницкъаца хьаькхна бегийча санна, охьа бийгира уьш. Цхьаберш, иза шайх хьакха а валале хьалха, охьабийгира. Делан ницкъ оццул чIогIа хиларна, и тIевале хьалха дуьйна деш-лела болабеллера.

Цхьа жино хьийзош йолу йоI сийлахьчу кепара паргIатъелира. Масех минот дIаяьлча цу тобанан юкъара хIорра а лаьттахь вара, тIаккха Деза Са царна гIуллакх деш а дара! Iуналхо юха а вирзина, соьга хьаьжира, тIаккха ша а лаьтта охьакхийтира. Гулам цуьнан зудчо дIакъовла дийзира. Цхьа ах сахьт дIадаьлча, иза шина стага лаьттара хьалагIаттийра. ТIаккха динан тоба хIинца кхин цкъа а хьалха санна яцара.

## Тайп-тайпана декорацишца йолу изза пьеса

Со, дуккха а йолчу динан тобанашкахь а, иштта къаьсттинчу адамийн дахаршкахь а кху агIоно шен билггал бакъ хиларан тешалла гойтуш хиларх теш ву. Со дозанал арахьа цхьана динан тобанехь гIуллакхдеш вара, тIаккха Iуналхой а, лидерш а муха лела хьежарца, сан, цара ийзадаларца къийсам муха латтабо къаьстташ гойла дара. Дийнна кIиранах, синехь ондда а дуьсуш, Везачу Элаца хиларан лаккхарчу хьажийна хиларе дIагIертар кхайкхадора аса. Со дIаваханчул тIаьхьа кхо бутт баьлча, динан тоба кхузза совяьллера! Уьш шайн диъ бIе адамна меттигаш йолчу гIишлонна чуьра шина эзарна адамна меттигаш йолчу йоккхачу аудитори чу дехьабевлира. ТIаьхьа со цу пачхьалкхе юха веанчу хенахь, динан тобанан Iуналхочо соьга элира, ша а, цуьнан динан тоба а хIинца уьш ийзабаларехула а, кхерарехула а чекхбуьйлучу хенахь санна, дац, аьлла.

Цкъа со кхаа денна динан гIуллакх дан Атланте кхайкхинера. ТIаьхьарчу суьйранна со ийзадаларан ницкъ муха боха бан беза кхайкхам беш вара. Динан тобанан Iуналхо исбаьхьачу кепара шен адамашна хьалха ийзаваларх паргIатваьккхина вара. Цо элира: «Хьо сихха юха а веана, дерриг а кIиранна виса веза».

Со кхо кIира дIадаьлча схьавеара, тIаккха оха исс динан гIуллакхдар дIакхийхьира. Делан ницкъ оццул боккха хиларна, цхьаболу нах буьйса юкъал тIехъяьлча дIабига дийзира. Адамаша динан тобанан Iуналхочуьнга буьйса юккъеяьлча а телефонаш етташ, шаьш хIун дан деза хоьттура, хIунда аьлча царех цхьаберш хIинца а Дела волчохь а, Цуьнан ницкъана а кIел болу дела. Царна, Дела иштачу нуьцкъалчу кепара дешлелаш хилар, цкъа а ца гинера.

Цул тIаьхьа исс баттахь хIора кIиранан чаккхенгахь кхетам боссаран гуламаш дIабоьлхура. Динан тобанан Iуналхочо шайн тобанан декъашхойн дахарехь мел чIогIа гIуллакхдарш а, сийлахь хIуманаш хиларх а лаьцна дуьйцура соьга телефонехула. Цо, цхьа а гулам вукхунах тера ца хуьлу, бохура. Церан динан тоба деа бIе адамна тIера ворхI бIе адамна

тӀекхаччалц хьалаяьллера. Цхьа меттиг яьлча, цо соьга, билггал аса ийзадалар дохорах лаьцна кхайкхам бинчул тӀаьхьа, цуьнан дахарехь а, динан гӀуллакх дӀакхехьарехь а кхиамехь хийцамаш хиларан меттиг хилла дӀахӀоттар, дуьйцура.

Со кхин а цхьана «дахаре тешаран» динан тобанехь хилира. Хестамаш баро а, Ӏамалъяро а шуна наб кхетийтойла дара. Динан тобанан Ӏуналхочо хьала а гӀаьттина, хаамаш а бина, тӀаккха сагӀанаш дарх лаьцна «хьоьхура». Цхьа а цул синхьийзаме хӀума суна хьалха ца гинера. ГӀуллакхдар чекхдаьллачул тӀаьхьа тхо цхьаьна делкъе еш долчу хенахь, цуьнга футболах лаьцна а, кхечу кӀезиг долчу хӀуманех лаьцна а бен къамел ца далора. Дийца а ца оьшу, иза сингаттаме делкъе яр дара!

ШолгӀачу суьйранна Дала соьга ийзадаларна тӀехь толам баккхарх лаьцна кхайкхам байтира. Кхайкхам юккъе баьлча, динан тобанан Ӏуналхо, ша шен дахарехь а, динан гӀуллакхдарна тӀехь а лайначу ледарлонна дохко а вуьйлуш, лаьтта вуьйжира. Суна Дала цуьнан дахарехь цхьа болх беш буйла хаьара, амма билггал хӀун болх бу ца хаьара.

ШолгӀачу дийнахь цо телефон туьйхира: «Джон, сан зудчо цхьана сахьтехь бен наб ца йина, ткъа со дӀавижжане а ца вижна! – хаам бира цо. – Тхо ерриге а буьйсанна дохко а дуьйлура, делха а доьлхура, ткъа тӀаккха доьлура». Оццу дийнахь цо динан тобанан совет схьа а гулйина, царна хьалха, ша Дала хьажийна ма-хиллара ца хиларна дохко а ваьлла, шена къинтӀера довлар дийхира цаьрга. ЖамӀехь советан масех декъашхо шайна динан тобанан Ӏуналхочунна тӀехь контроль латталур йоцийла а кхетта, динан тобанера дӀавахара. Амма бисинчара цунах схьа а кхетта, цуьнан синан лакхалле хьалакхиарехь гӀо лецира.

Я динан тоба а, я ша и стаг а кхин цкъа а хьалхалера ца дисира. ХӀинца, диъ шо дӀадаьллачул тӀаьхьа, сийдар а, Ӏамалъяр а денделлера. ТӀаьхьарчу шина шарахь хӀора кӀиранан чаккхенгахь цара кхетам боссаран гуламаш дӀакхоьхьура. Динан тобанан Ӏуналхочо соьга телефон тоьхча, цо Дала цуьнгахула деш долчух а, динан тобанехь хуьлуш долчух а лаьцна бен ца

дуьйцу. Со масийттазза цига юхавоьрзура, тIаккха хIорразза а цигахь гIоле хуьлура. Цо иштта масийттазза цуьнан дахарехь а, динан гIуллакх дIакхехьарехь а и кхайкхам кхиарехь хийцаме меттиг хилла дIахIоьттина бохура соьга. ПаргIатдовлар – динан тобанан Iуналхошна а, лидершна а хилла а ца Iаш, амма хIорра тешачунна а ду. Тхоьга массо а санна долчу адамашкара дуккха а тоьшаллаш кхочура, - уьш, ийзабаларан а, кхераран а лоллера арабовларца, дахаран тайп-тайпаначу агIонашкахь паргIатбевллера.

Цхьа зуда ас ийзадаларх паргIатхиларх кхайкхам бечу гIуллакхдаре еанера. ТIаьхьа цо элира, кхераман борзморзахо шен дахар дитар хааделира шена, аьлла. Масех де дIадаьллачул тIаьхьа иза а, цуьнан йоI а новкъахь тапчанан чIижаргIина хьалха нисъеллера. Талорхоша цу зудчун бумаьштигах катуьйхира, тIаккха кхуззахь кхаа къоначу стага го бира царна.

Иза майралла чIогIа хьала а яьлла, шен боллучу ницкъаца кхечу меттанашкахь хабар дийца йолаеллера. Царна тIе тапча хьажийначу къоначу стага мохь хьаькхира: «Сацаде иза!» Цо кхин дIа а хабар дуьйцура. Къона стаг иштта воьхна хиларна, йоIа, едда цIа а кхаьчна, 911 телефон тоьхнера. Стаг къайлаваьллера, бумаьштиг бен схьа а ца йоккхуш.

ШолгIачу дийнахь цхьана Iийсах тешачарех волчу стага, ша гуттара санна лелачу новкъахула доцуш, шен нана йолчу ваха сацам бинера. Цунна хьуьнах цу зудчун бумаьштиг карийнера, тIаккха цо цуьнга телефон тоьхнера. Уьш цхьаьна баккхийбеш бара. Доцуш дерг жимма долу ахча бен дацара, амма дерриг а документаш шайн меттахь дара.

Цу зудчо тIаьхьа сан зудчуьнга дийцира, ша майралла йохьучу дахьийтарх тийшира, аьлла. ТIаккха цу гIуллакх цуьнан дахар кIелхьардаьккхинера. Яханчу хенахь иза атта эхь хеташ а, ийзалуш а яра, тIаккха ишттачу дуьхь-дуьхьалхIоттарехь, иза билггал кхерамо охьатаIийна хир яра. Амма иза паргIатъяларна ирсе яра!

Ас Далла хастамаш бо цу тоьшаллашна тIера. Со а вара

озаваларо вихкина, амма Цуьнан ниIматца со хIинца паргIат ву! Йийсархой маьрша хиларе балош долу хьекъалалла а, ницкъ а Цуьнгара беана бу.

Вай, Делан ницкъана а, похIманашна а деш-леларна новкъарло йойла долу кхерам а, озададалар а хIун ду хьаьвсира, тIаккха дукха хьолахь уьш совцалур долу церан хьунар а гира. Делахь а вайн Iалашо дуьххьалдIа довзарал кхин дехьа дIасаяьржина ю. Вай хьалха дIа а доьлхуш, и Iожалле дIалацар дохо дезаш ду!

# ИЙЗАДАЛАРАН СА

Синан лакхаллечу дуьхьало яро синан лакхалле терго яр тӀедуьллу.

Ийзадалар гучу а даьккхина, цуьнца дерг цхьалхадаккхархьама, вай шина хӀуманна тӀехь чӀагӀдала деза. Цкъа-делахь, кхерам, я озавалар, - иза са ду, ткъа шолгӀа-делахь, иза - Делера дац.

*Дала вайна кӀиллоллин са хилийта ца делла Шен Са (2 Ти 1:7).*

Грекахойн маттахь «са» – пневма ду. Стронган симфоница догӀуш, иза, Деза Са а, адаман я йилбазан а са билгалдаккхарна пайда оьцуш долу изза дош ду. Озадалар а, кхерар а, эхь хетар а – иза дуьххьалдӀа терго я темперамент яц. Иза – са ду.

Ткъа озавалар – са хилча, вайн цуьнца интеллектуальни я доьналле барамехь къийсам латтабойла дац. Позитиван ойлано

озавалар эшор дац. Синан лакхалле дуьхьало латторо синан лакхалле терго хилар тӀедуьллу. Вай синан гонахь деш-лелаш хила деза.

Шаьш ойла ейша: дегӀаца онда долчу интеллигентни адамаша сих-сиха шайл дегӀаца а, хьекъалца а ледара болчийн агӀор кхерамаш тийсарца къийсамаш латто хӀунда деза? Ур-атталла дерриг а низамехь доллушехь, уьш даим а хьелаш вочу агӀор хийцадаларх кхоьру. Цара ерриг а шайн хан а, ницкъ а цкъа а хиндоцчух шаьш лардан гӀертарна бойу. Цаьрга ма-дарра долчух марзо ца эцало, хиндолчух кхоьру дела. ТӀаккха ахь уьш хьекъалечу маьӀне мел кхайкхича а, кхерам хӀетте а буьсу. Уьш кхераман я ийзадаларан сино бихкина бу. Цара Ӏаламехь йолчу а доцуш, ткъа синан лакхаллечу ледарлонашца тӀом бан беза.

Я, хеташ ма-хиллара, даим а шайн кепехь деш волчу стеган я зудчун сурт хӀоттадейша шайна. Бен дац церан хӀун статус ю а, дешна хилар ду а. Хила тарло, уьш цхьа а олаллин агӀо дӀалаьцна бац, амма гонахахь берриш а юха а буьйлуш, царна дуьтуш хуьлу. Стенна? Дерриг а чӀогӀа дуьххьалдӀа ду. Цара кхечарна тӀехь ийзадаларан а, кхерамаш тийсаран а синца контроль латтайо. Уьш цунах шайна пайда хуьлучу агӀор пайда эца Ӏемина.

Со цхьана олахочуьнца, чӀогӀа хьалакхуьуш йолчу бизнесан долахочуьнца Ӏуьйре еш вара. Цо ша кӀелхьалвалар тӀеэцале хьалха муха вехаш вара а, лелаш вара а дийцира соьга. Цо бохура: «Адамашна кхерам тийсарца, сан сайн бизнесна оьшу массо а хӀума схьаэцийла дара. Суна, мэрин гӀишлонна чу воьдучу хенахь, и ницкъ ма-дарра сайна тӀехь хаалора. Суна тамехь дара, адамаш соьх кхоьруш хилар. Аса, дерриг а сайна оьшург, ур-атталла гӀалин советера а схьаоьцура». Цуьнан и озаваларан а, кхерам тийсаран а са дара.

Ур-атталла гӀалин куьйгалхой а, тоъал лакхара хьал доллушехь, цунна дуьхьалбийла ца баьхьара.

## Контроль яран са

Эли-ЯхӀун, БаӀална Ӏибадат дечу, исраилан халкъах ца кхеравелира. Ма инзаре майралла ю, - цхьа стаг дерриг а

къоманна дуьхьал! Цунна ур-атталла 850 харцпайхамарша а ца йиттира. Ма хадаме хилар ду, - цхьа пайхамар эзар гергга хиллал болчу динан лидершна дуьхьал! Эххар а, цунна ур-атталла Исраилан паччахьан дералла довза а ца лаьара. Дукхахдолу адамаш ишттачу хьолаца ларор дацара. Делахь а цо цхьаъ бен йоцчу зудчуьнга ша, дӀа а ведда, вала лаъал, кхеравайтинера! Кхетам боцу хӀума ду и.

Психологаша иза дуьххьалдӀа зударех кхоьрура эр дара. Амма иза тӀех ледара аргумент ю. Исраилан халкъ божарех бен хоттаделла ца Ӏара! ХӀан-хӀа, иза цуьнца дуьстича, дерриг къам а, паччахь а, харцпайхамарш а бос байна хуьлу, нуьцкъала синан лакхалле конфликт яра. Изабалин цӀарх Эли-ЯхӀуна нуьцкъала контроль латтош долу озаваларан а, кхероран а синца дуьхьалкхийтира. И са паччахьан а, харцпайхамарийн а дацара.

Дезачу Йозанаша цу синан Ӏаламах лаьцна хӀун боху къастор вай. ЯхӀус а, Изабалин кӀанта Йорама а ойланаш хийцаре хьовсийша.

Йорама, шена ЯхӀу гича, хаьттира: «ЯхӀу, машарца вогӀий те хьо?» «Машар муха хуьлу, хьан ненас Изабала долийна долу цӀушна Ӏибадат дар а, бозбунчаллаш лелор а хӀинца а долуш хилча? (ТӀаьххь 9:22).

«Холмачалла» дешана тӀехь таса ма лолаш. Гал ма довлалаш, мера тӀехь чинт а йолуш, нера тӀехь тӀемаяьлла йогӀучу а, жиналла лелочу а, дӀовш туьйсучу а децин шайна сурт а хӀиттош. Адамо холмачалла леладо, кхечу адамашна тӀехь контроль латто луучу хенахь. ХӀаъ, ю иштта контролан а, холмачаллин а кеп, йилбазаллин синошка кхойкхучу хенахь. Амма холмачалла цуьнца бен доза тоьхна дац. ПахӀала Галатин динан тобанера бехк боккхура: «Ва сонта галатахой! Хьан тилийна те шу?» (Гал 3:1). Уьш цхьана дарбанаша а, молханаша а марзбина бацара. ПахӀала, Дала шайна дӀадиллина волчу, Цуьнга ла цадогӀарна тешийна болу хьехархой дагабахкуьйту. И хьехархой оккультни гӀуллакхийн говзанчаш бацара, амма цаьргахь контроль яран са

дара. Тlаккха цу гlуллакхо ерриге динан тобанна lаткъам бинера.

Изабалин, паччахь а, лидерш а, дерриге Исраилан халкъ а цунна муьтlахь деш долу, чlогlа контроль ен а, кхероран а са дара. Ур-атталла Эли-Яхlу а, юха а ваьлла, шен дахар кlелхьардаккха дlаведира. Аша кхерамна шайн даг чу бала магийтича, шу машарх а, тешамах а, майраллах а, чlогlа хиларх а, турпалаллах а, хаддош хиларх а, кхерамазаллах а довлу. Список кхин дlахьойла ду.

Со, адамаш lазапечу кхерамах позитиван ойланехула шаьш арадовла гlертаре хьоьжуш lийна. Церан иза ца хуьлу, цара къийсам хьостанца а доцуш, ткъа кхераман тlаьхьалонашца латтабо дела. Шун дитта тlера стоьмаш схьалахьабойла ду, цхьайолчу хенахь дитт стоьмаш боцуш хир ду, амма тlаьхьа стоьмаш юха а хьалабевр бу. Дитто стоьмаш бохьур бу, цуьнан орамаш чlогlа мел ду. Цундела, ийзадаларан ницкъ бохорхьама, шу, цунна тlаьхьа лаьттачу, синан лакхаллин ницкъана дуьхьалдевлла даха деза.

## Динан тобанехь йолу терго а, кхерам тийсаран са а

Вайн динан тобанашкахь Везачу Элана хьалха дегнаш бакъахьара доцу адамаш ду. Ишттачу тешачара лидершна кхерамаш туьйсу, шайна оьшуш дерг схьаэцархьама. Уьш, дерриг а царна лууш ма-хиллара дlадоьдуш хилча бен, муьтlахь ца хуьлу. Лидерш ледара хилча, билггал цу тайпаначу адамаша урхалла до динан тобанна тlехь. Со динан тобанашкахула лела, тlаккха суна сих-сиха дуьхьалнисло кхерамаш тийсар а, ийзадалар а, суна ур-атталла цкъццкъа сайн цу гlуллакхца къийсам латто стенна оьшу а, иза мичара долу а ца хаьа. Бахьана стенца ду аьлча, кхерамаш тийсар а, ийзадалар а – иза, цунна дуьтуш долчу адамашкахула гучудуьйлуш долу, са ду. Ур-атталла тешачаьргахула а. Делан Йозанаша тешаш берш иблисана меттиг ца яларх ларбо (Эпа 4:27).

Со цхьацца сингаттамашца декъа дезаш ву. И дарца, со

сайна «тӀех синан лакхалле» я «шайтӀанашна тӀаьхьа таллархо» ярлык хиларна кхерам болуш ву. Со кхета, цхьадолчу адамаша шайна дуьхьалӀитталучу хӀора халонехь иблис лоьху: нагахь иблис бехкедойла делахь, вай вешан леларна тӀехь жоьпалла ца хьо. Ишттачу тергоно вайн тидам Ӏийсаначул иблисана алсам тӀегулбо. Амма Делан Йозанаша иблисе а доцуш, Ӏийсага хьежар хьоьху. Иза – вайн тешар кхолларан а, кхочушдаран а автор ву (Ӏеб 12:2).

Со мел кхета, вай хьажар Ӏийсана тӀе хьажийна, даха дезаш ду. Ткъа нагахь вайн новкъахь иблис гучудалахь, Делан Дашаца иза эша а дина, Везачу Элана кхин дӀа тӀе гӀерта деза! Аллилуйя! Делахь а ийзадаларна а, кхерам тийсарна а тӀехь толам баккхархьама, вай кхеташ хила деза, и са дӀагӀур дац, ша Ӏорадаккхалц. Нийсса бӀостанехьа дерг хир ду.

## Атака

ХӀинца, озавалар а, кхерамаш тийсар а – иза са хилар тӀечӀагӀдечу дуккха а болчу хаамех цхьанна тӀеверза лаьа суна. Аса Къилбехьа цхьана динан тобанехь масийттаза масех гӀуллакхдарехь кхайкхам бира. Хьалхара гулам кӀиранан дийнахь Ӏуьйранна хилира, тӀаккха иза чӀогӀа дика дӀа а бахара. Масех шарахь оха цу гӀуллакхдаран запись тхайн кассеташ арахецарехь пайда ийцира. ГӀуллакхдар чекхдаьллачул тӀаьхьа цхьаммо а кхерам туьйсу я негативан хӀумма а ца элира. Мадарра аьлча, суна гонаха долу адамаш чӀогӀа позитиван догойла йолуш дара. Амма тӀаьхьо, делкъенан гергахьа, суна суо догдохарца а, эхь хетарца а къийсам латтош хилар карийра. Суна цхьа хӀума иштта доцийла хаьара, амма и хӀун ду ца кхетара. Амма суна билгалонаш евзира: уьш, со ийзаваларца къийсам латтош волчу хенахь ма-хиллара, яра. Цу суьйранна Везачу Эло динан тобанехь олаллах лаьцна кхайкхам барна меттахваьккхира со, тӀаккха дуккха берш декъалхилла бара.

Гулам чекхбаьллачул тӀаьхьа динан тобанан Ӏуналхочо со офис чу вигира. «Хьуна ур-атталла хаа а ца хаьа, мел нийса

дӀакхетта хьо хьайн кхайкхамехь», - элира цо. Цо къамел кхин дӀа а даьхьна, дийцира, динан тобанан декъашхо йолчу цхьана зудчо делкъа хенахь цуьнга телефон а тоьхна, элира: «Iуналхо, суна цу стага бечу кхайкхамца хьо реза воцийла хаьа. Иза тIех къиза ву адамашца. Суна хаьа, тховсачул тIаьхьа ахьа гIуллакхдар юкъахдоккхур ду, хьо иштта воцу дела. Со суьйранна йогIур яц, аса цIахь а йисина, цу стагана дуьхьал доIанаш дийр ду».

ХIинца суна билггал хаьара, мичара деанера и догдалар. Ас динан тобанан Iуналхочуьнга хаьттира, нисйирий те цо иза, аьлла. Иза – чIогIа къинхетаме стаг ву, тIаккха цо элира, ша и ца дира, аьлла. Цо цуьнга дерриг а Делан кара дIадалар дийхира. Нагахь санна Iуналхочо и зуда нисйина хиллехьара, со тешна ву, сан кхоччуш кхин де хилла хир дара. Вай къийсам латтош доцург, - хийцалур дац. Нагахь вон тергал ца деш дитахь, иза онда хилла дIахIутту! Оха шиммо а цу хиллачух урокаш ийцира. Везачу Эло, синан лакхаллин олаллехь а вуьсуш, озаваларан а, кхерамаш тийсаран а хьалха охьа ца теIаш муха вуьсийла ду гайтархьама, пайда ийцира цу сингаттамах.

Далла бу хастам Дезачу Синна тIера. Цунна хаьара хIун хуьлуш ду, тIаккха цо цу синна нийсса кафедрина хьалхара дуьхьалваьлла вахийтира со, со суо гIуллакх стенца ду кхеташ воццушехь. Iуналхочунна хаьара, тIаккха кхайкхамо цуьнан бIаьргаш дIабиллира. И динан гIуллакхдарш уггаре чIогIаниш хилла дIахIиттира сан цу шарахь. Со кхин а воьдура цу динан тобане, ткъа Iуналхочуьнца тхо дика доттагIий хилла дIахIиттира.

## Ийзадаларца долу кхин а цхьа тасадалар: контроль ен са

Юхахула соьга дозанал арахьа цхьана семинарехь кхайкхамаш бар дийхира, цигахь эзар стаг гергга регистраци йина вара. ХIора дийнахь шишша гулам хуьлура, тIаккха суьйранна кхин цхьаъ а. Хьалхара ши гулам чIогIа дика бара. Аса деза хиларх а, дохкодийларх а лаьцна кхайкхамаш бора, тIаккха хIора гуламехь бохург санна, сайна гонаха дуьхьало яр хаалойла

дара. ШолгӀа гулам дӀабаьллачул тӀаьхьа, ас дерриг а ахде сайн чоьнна чохь даькхира, халонца а, сатуьйсийла доцчуьнца а къийсам латтош. Суна иза кхерам туьйсу контролъяран са дуйла хаьара, амма юха а цхьаммо а суна дуьхьал хӀумма а ца олура. Делахь а со цу хенахь хӀинца кхеташ вара, со дилханца а, цӀийца а доцуш, амма зуламечу синца къийсам латтош вуйла.

Тешаш берш синехь баха Ӏама беза. Делан Сино стенна дуьхьалвала деза дӀадоьллур ду. Иштта къастам боцуш, вай агӀонна тӀера эффектийн тидам бийр бу. Нагахь со сайн стенца гӀуллакх хила деза ца кхеттехьара, со ойла ян хӀуттур вара: «Со депрессица къийсам латтош стенна ву? Схьаван везаш хила а хиллерий те со? Зуда а, бераш а хӀунда дитина аса? Ас сайн хьажийна хилар далийтиний те? ДӀаса а лелаш, кхайкхамаш бар дита-м ца деза те ас?» Нагахь со иштточу ойланашна тӀаьхьахӀоьттинехьара, со динан гӀуллакх дан хьуьнар долуш хир вацара, тӀаккха билггал и лууш а дара контроль ен, кхерамаш тийсаран са. Ас сайн тидам сайна тӀе гулбина хир бара, ткъа Делехь адамашна долчунна а доцуш.

Иштта, аса дерриг а дийнахь къийсам латтийра. Со гуламе вигархьама баьхкинчу хенахь, гочдархочуьнца къамелехь аса суо дерриг а дийнахь ийзаваларца къийсам латтош хилла хилар хьахийра. Гочдархочо элира: «Со а вара!». Къаьстира, тхойшиъ ший а цхьатеррачу билгалонашца къийсам латтош хилла хилар. Цу суьйранна аса ийзадаларан а, кхерам тийсаран а синах лаьцна кхайкхам бира, тӀаккха дуккха болчарна кӀелхьарбовлар хилира.

ШолгӀачу Ӏуьйранна, со кафедрина хьалха дӀахӀоьттича, цхьа а даьтта хьаькхна хилар дацара. Дела вистцахуьлуш хилар хеталора. Везачу Элера дош хиларе сатуьйсуш, со масех минотехь сцени тӀехь хӀоьттина лаьттира. Ас доӀа дора тӀаккха адамашка а доӀа дар дийхира, амма хӀетте а я вигар а, я даьтта хьаькхна хилар а, я битам хилар а, вуьшта цхьа а хӀума дан дезаш хилар а дацара. Деган кӀоргенехь, со цхьана къийсамехь дакъа лоцуш вуйла кхетара, тӀаккха и атака суна дуьхьал ерзийна а яра. Суна, билггал сайна дуьхьал аьлла долу, дешнаш дохо

дезийла хаьара. Делан дешо боху:

> *Хьуна дуьхьал даьккхинчу цхьана а герзо хьуна зулам дийр дац. Хьо бехке вечу муьлххачу а маттана дуьхьало ялур ю хьоьга. Иза Везачу Элан ялхойн тӀаьхье ю, Соьгара долу церан бакъдар ду», – боху Везачу Эло (Еш 54:17).*

Со и ийзаваларан а, кхерам тийсаран а атака йохо волавелира. Аса, сайна дуьхьал аьлла долчу, хӀора дешана кхелйина хиларна омра дира. Аса, адамашна хӀун моьттур ду хиларан, гӀайгӀа ца йора. Со хӀинца, Сино бохучу хенахь, уггар а гӀолехь дерг сайн даго бохучуьнга ладогӀар хиларна, Ӏамийна вара. Йоккха тоьпачуьра кхоьссича санна, сихха Делан дош деара соьга. Дала, адамаша хӀун дан дезаш хилла хилар, мадарра схьаэлира соьга. Ши-кхо минот дӀаяьлча Делан ницкъ тӀебоьссира. Адамаш Синах дуьзна хиларна, контроль йоцуш дийладала дуьйладелира. Делан Са оццул лелаш хиларна, сан кхайкхам бар дӀогара деза а ца дийзира. Ур-атталла дийнахь кхо сахьт даьлча а адамаш хӀинца а дуьсура, тӀаккха цара тоьшаллаш а дора. Сийлахь дерг хилира, тӀаккха сан дог доккхадера. Нагахь со цу синна дуьхьалваьлла дӀа ца хӀоьттинехьара, цхьа а ишттаниг хилла хир дацара.

ТӀаьхьо суна гочдархочуьнгара хиира, гуламехь цхьа зудагӀуллакхдархо яра, гуламан расписани хӀоттийначул тӀаьхьа, цо семинаран куьйгалхочунна тӀе а яхана, аьллера: «Берриге гуламашкахь Джон Бивере бен ладогӀа стенна ца деза вай? Вайна кхин кхайкхамчаш а оьшу». Иза ша а яра къамел дан лууш.

Суна кхин тамашийна дерг а хезнера цу зудчух лаьцна. Цо Делан Йозанашца йоцчу кепара а кӀелхьардахар практиковать дора: бӀаьргаш чу дуттучу тӀадамех а пайда оьцура, чагӀар а хьоькхура чкъура тӀе. ТӀаккха цхьаммо а Ӏора а ца йоккхура иза. Ма-дарра аьлча, лидеро ур-атталла доза тоьхна, цу

кепара гIуллакхдар магадора. Къера хила сингаттаме ду, амма динан тобанийн Iуналхоша сих-сиха конфронтаци боьлхучул, компромиссе бахар гIоли хиларан сацам бо, - царна иштта бегIийла хир ду моьтту. Амма компромиссе дахар цкъа а атта дац, - дезахо хир ду.

Гуламаш чекхбевллачул тIаьхьа аса лидерца къамел дира. Аса, сайна цу зудчух лаьцна хезнарг бакъ дуй хьаьттира. Цо тIечIагIдира. Аса, цо кхайкхамчаш харжар хаттаре диллар лидеро Делан хьажор билгалдаькхинчул тIаьхьа хIоттийна хиларх лаьцна, сайна хетарг дийкъира. Ас элира, гуш ду, цу зудчунна хьуна тIехь контроль латто лаьа. (Иза я лидер а, я ур-атталла динан тобанан декъашхо а яцара).

Ас хьаьттира: *«Ахь цу зудчунна кхузахь гуламаш бар стенна магадо?»*

Цо элира: *«Джон, ас аьллера цуьнга, цуьнан кхузахь иштта хIуманаш практиковать дойла мегаш ца хиларх лаьцна».*

Ас кхетийра иза: «Хьан и библейски йоцу кепаш сацайойла ду, амма цунна тIаьхьа лаьтташ долу са, хIетте а дуьсур ду. Цуьнан деган хьал ца хийцаделла. Лидер хиларе терра хьуна машар латта лаьара, цундела ахьа контроль латтош а, кхерамаш туьйсуш а са долу адам гIуллакхдаран а, олаллин а агIонна тIе хIоттийна. Цу гIуллакхо озаваларан а, кхераран а синна, цуьнан лаамца берта ца вогIучу соьца а, муьлххачу кхечу а стегаца тIом бан законни бакъо елла».

Динан тобанан Iуналхочунна хIун хуьлуш ду къаьстташ гархьама, ас цунна сайн дахарера хилам бийцира. Цхьана къаьсттинчу суьйранна, (со хIетахь колледжехь динан тобанан Iуналхочун гIуллакх дIакхоьхьуш вара), тхо чIогIа Iамалъеш дара. Дуккха долчу къоначу адамийн яьххьаш тIехула бIаьрхиш оьхура. Делан машаро а, Цуьнан цигахь хиларо а чоь юьзнера. Оха шовзткъа минот хиллал Iибадат дира. Цхьана муьрехь берриш а дIатийра, тIаккха цхьаберш бен меллаша боьлхуш

бацара.

ТӀаккха цӀаьххьана, суна хьалха цкъа а гина воцу къона стаг кхечу маттахь хабар дийца волавелира. Цо хабар дуьйццушехь, сихаллин а, хуьлуш долчух цакхетаран а хаадаларо дӀалецира чоь. ТӀаккха, цунна юххехь лаьттачу, суна иштта хьалха цкъа а гина йоцчу, йоӀа, цхьана тамашийначу кхеторца къамел дира.

ХӀетталц со оха Ӏамалъечу хенахь, Веза Эла цигахь хиларх марзо оьцуш вара, цундела и цӀаьххьана тӀекхачарна, ас цхьа а хӀума ца элира.

ЙоӀ дийцина яьллачул тӀаьхьа, гонаха дерг хӀинца кхин дара. Везачу Элан цигахь хилар кхоччуш дӀадаьллера. Аса, цхьа-хӀуъа алар дукха тӀаьхьа хиларан сацам бира. Дерриг а хӀинца доьхна дара. Цундела ас массаьрга а охьахийшар а дехна, кӀиранна дӀахьедарш а дина, сагӀа гулдира. Ткъа тӀаьхьа кхайкхам болийра.

Кхайкхам бечу хенахь ас ойла йора: «Мичахь ду дахар? Стенга доьду дерриг а? Ас и дерриг а хӀунда дуьйцу?» Кхайкхам барна цхьа а шовкъ яцара, тӀаккха суна сайца цхьаммо къийсам латтош санна, хааделира. Со, Делан похӀма хӀунда ца лела, ца кхийтира, тӀаккха ас дерриге адамашка доӀа дар дийхира. Везачу Эло элира: «Суна хьо оцу къоначу стагана а, йоӀана а дуьхьало еш дӀахӀотта лаьа».

Ас ойла йира: «Амма хӀинца ткъа минот дӀаяьлла. Сан и дойла дац». Аса, Дала аьлларг Ӏадда а дитина, дуьххьалдӀа дехо доӀа даран ойла йира. Тхо кхин дӀа доӀа а деш, синан лакхаллин дуьхьало ярна дуьхьалдевллера.

Масех минот дӀаяьлча, дог а доьхна, ас элира: «Дела, хӀун ду те хуьлуш дерг?»

Сайн синехь суна юха а хезира: «Суна хьо царна дуьхьало еш дӀахӀотта лаьа».

Цу муьрана кхин а дукха хан дӀаяьллера. Ас ойла йира: «ХӀуъа хилча а дийр дац ас и. Адамашна со цхьа тамашийна ву

моьттур ду». Оха кхин а итт минотехь доIа дира, амма цхьа а хийцамаш хуьлуш бацара. Муьлххачу сатийсарх дог а диллина, ас гулам дIасабахийтира.

Цу суьйранна со даг тIехь мохь болуш цIа юхавирзира. Суна ур-атталла Деле хIун хилла хатта а ца лаьара. Со дуьххьалдIа наб ян вахара. ШолгIачу Iуьйранна со синехь кхин а сов мохь хиларца самавелира, тIаккха со доIа дан вахара.

«Дела, хIун дара селхана суьйранна хилларг?» – хаьттира ас.

Цо жоп делира: «Джон, ас хьоьга цу къоначу стагана а, йоIана а дуьхьало еш дIахIотта ца аьллера». ТIаккха кхин дIа элира: «Ас хьо гIуллакх дарна тIехь (я кхин а цхьана хIуманна тIехь) лидер хIотточу хенахь, хьо цу тIехь низам хиларна жоьпалла дIакхоьхьуш а ву, цунна олалла долуш а ву. Ас и дийр дац, хьох тешна дитина дела. Ас адам беша охьахаийначу хенахь, Ас цуьнга иза Iалашъе аьллера. Иблис хIаллакдархьама деанера, амма Аса, охьа а воьссина, Адаман карара стом дIа ца кхоьссира, цу гIуллакхо Адам а, дерриге адамаш а мел ладаме тIаьхьалонаш хиларна тIедалор дуйла хуъушехь! Аса Айса луш дерг схьа ца оьцу, тIаккха Ас цунна и жоьпалла делла а дара. Аса хьуна дуьхьалдаьлла дIахIитта аьлла къоначу стеган а, йоIан а бунтан са ду. Ахь ла цадуьйгIира, тIаккха цу синна гуламехь олалла дар магийна дара. И хиллачу хенахь, Сан Са юхаделира, ахьа хьайн олалла дIаделла дела».

Со сихха дохковелира, ишттаниг кхин ца хилийта сацам а бина.

Ас и истори дозаналарахьа волчу динан тобанан Iуналхочуьнга йийцира, тIаккха и, иза оцу карзахечу гIуллакхдархочунна дуьхьало еш дIа хIунда хIоттавеза, кхийтира. Цуьнан юьхь серлаелира, Делан кхетор цуьнан даг чу доьссича санна. Ас иза иракарахIоттийра: «Хьо – цу адамашна Iу ву, тIаккха хьо царна юург латтийна а ца Iаш, амма уьш лардан а хьажийна ву. Лардаро дуьхьаллаттар тардолуьйту».

Ас цуьнга хаьттира: «Адамаша хьайга цхьаъ дар доьхуш а долуш, даг чохь ахьа «хӀан-хӀа» ала дезийла а хууш, амма машар ларбархьама, ахьа «хӀаъ» олуш долчу хьелашкахь хуьлий те хьо?»

Цо жоп делира: «ХӀаъ, Джон, ас и до». Иза, цхьайолчу муьрехь ойла а йина, тӀаккха ойлане соьга хьаьжира: «Иза-х шалхалла ма ду, дуй?»

Со реза хилира. «Ахь дерриг а нийса боху. Иза, ийзалуш а, кхоьруш а хиларх кхоллалуш долу, шалхалла я компромисс ю», - элира ас.

Цо, ийзаваларан са хиларна дохко а ваьлла, сихха ша ийзалуш волчу хӀуманашцца дерг цхьалхадаккха сацам бира. Юхахула тхойшиъ цхьаьнакхетча, динан тобанан Ӏуналхочун юьхь тӀехь доккха велакъажар дара, тӀаккха цо элира: «Со маьрша ву!»

Кхетийша, бегӀийла йоцчу конфронтацийн кху масалша йистерчу хьолийн сурт хӀоттадо. Ас ма-дарра бӀенаш гуламашкахь кхайкхамаш бина, тӀаккха цигахь цхьа а дуьхьало яр дацара, дуьххьалдӀа сийлахь паргӀато яра. ПаргӀато - иза гӀеххьа хӀума ду; дуьхьало яр – юкъара долу хӀума ду. Делахь а суна хаало, шуна пайдехьа хилархьама, масех масал декъашкахь цхьалхадаккха дезаш хилар.

И хиламаш гӀуллакх дарх хьакхалуш белахь а, цу агӀонех дахаран муьлххачу гонаха пайда эца мегар ду. Ийзавалар а, кхоьруш хилар а - иза са ду, тӀаккха цуьнца догӀучу кепара лела а деза. Нагахь вай синан лакхаллечу къовсамехь дилханан герзаца тӀом бан гӀертахь, гӀолерчу хиламехь вай дуьххьалдӀа духур ду, вочу хиламехь – чов хилла а, эшийна а хир ду.

ХӀунда аьлча оха, массо а адам санна, кху дуьнен чохь тхаьш доллушехь, цара санна, тӀемаш ца бо. Тхайн тӀемашкахь оха леладо герзаш кху дуьнен чуьра герзаш дац. Мелхо а, Дала цу герзашна Шен ницкъ белла, цаьргахула тхоьга гӀепаш хӀаллакьяйтархьама. Мекара ойланаш а, Дела вовзарна дуьхьал лакхайоккху муьлхха а куралла а йохайо оха цаьрца.

Муьлххачу а ойланашна цаьрца йийсар до оха, уьш Дала леррина Къобалвинчунна муьтIахь ярхьама (2 Ко 10:3-5)

«Озавалар» цIе йолчу мостагIчо вайн синна атака йо. Психологица я позитиван ойланца цунна тIехь толам баккхалур бац. Ийзадаларна а, кхерарна а дуьхьал долу вайн герз – Синан гIама ю, чIоггIа Делан Дашаца лелар (Эпа 6:17) Ийзадаларца йолчу конфронтацис шуьгахь Делан похIма самадоккху. Кхунах лаьцна – тIаьхьабогIучу коьртехь.

# ИЙЗАДАЛАР ДОХОШ

# ПОХIМИН АЛУ КХИН А ЙОВХА ЯГИЙТА

Хlун дийр ду суна адамо?

Озаваларан а, кхерам тийсаран а lалашо – вайга олалла дlадалийтар а, тlаккха цу кепара вешан похlмица лела ца магийтар а ю. Тlаккха вай вешан доза тоьхначу ницкъех а, корматаллех а пада эцаза ца довлу. Дукха хьолахь цу гlуллакхо вайн агlо тlелатарна тlера ларваларна тlеяккхарца хийцарна тlедаладо. Ваьш lаткъаме а хеташ, вай кхерамазалле а, комфортни а долчу гена-гена юхадуьйлу.

## Совгlат меттахдаккхар

Иштта, нагахь озаваларо похlмина наб озаялуьйтуш хилча, тlаккха иза сама сте доккху те? Майралло-й. Озаваларо а, кхоьруш хиларо а адам юхадолуьйту, ткъа оццу хенахь майралло

хьалха даха меттахдоху ур-атталла кхераман юьхьана хьалха а. Амма кхерийначу стеган майралла мичара схьаэцийла ду?

*ХIунда аьлча Дала вайна кIиллоллин са хилийта ца делла Шен Са, ткъа вайн синан ницкъ хилийта а, безам зуьйш а, вай кхетаме хилийта а делла (2 Ти 1:7).*

Майралла – ницкъ а, безам а, могушалла а, (оьрсийн Делан Йозанашкахь - «цIена хилар» – гочдархочун билгало) санна долчу диканашца цхьаьна йогIу. Ша-шех майралла дика дац. Цхьаболу гIарабевлларш шайн майраллица санна, иштта шайн эхь доцуш хиларца а бевзаш бу. Билггал бакъйолу майралла Делера йогIу, иза цIаналло юзош а ю. Делан амалехь юьхьиг йолош йолчу майралло вайн дахаршкахь похIманаш самадоху.

Цхьадолчу адамийн церан майраллина тIехьа цхьа а дика дац. Царна хIун ала деза а хаьа, тешна хиларца лела а хаьа, кIезигчу дуьхьалонна дуьхьалнислучу, я дуьхьало нисъяллане а ца нислучу хенахь. Амма церан ницкъ кIорга бац. Иза тIехуле бу. Юьхьан майрра гар – маска ю, цунна тIехьа къайладаьлла деза деттар я бодане хилар ду. Иштта майраллин орамаш кегийн ду, тIаккха тоъал чIогIачу мохо уьш схьадохур ду. Хена хIоттам дика мел хуьлу, шуна диттан орамаш мел кIоргенехь ду гойла дац, амма боккха мох баьлча, иза я схьадаьккхина хир ду, я лаьтташ хир ду.

## Мила ву нуьцкъала?

Дауда аьлла: «Веза Эла – сан серло а ю, сан кIелхьарвалар а ду. Со хьанах кхоьрур ву?» (Заб 27:1). Дауда Веза Эла шен ницкъан а, чIогIаллин а хьоста ду аьлла. Цунна Деланал алсам сийлахь цхьа а воцийла хаьара, тIаккха цуьнан цакхоьрруш дIахьедойла дара: «Со хьанах кхоьрур ву!»

Иза майрра шен тешна хилар дийцина ца Iаш, амма иштта вехаш а вара. Даудана Делан ницкъ бовзара, Дела вевза дела. Цу тайпаначу майралло ша хьажийна дерг кхочушдан а, нийса урхалла дан а аьтто бина цуьнан. Даудан къоначу хенан шерашка хьовсур вай.

Дауд Байтлахамерчу Юшайн бархIалгIа кIант вара. Воккхаха волу кхо ваша Шаулан эскарехь гIуллакх деш вара. ПIелаштамхоша Исраилна дуьхьал эскар гулдинера. Церан чемпион волчу ГIолиIата хIора денна исраилхойн салтийшка къийсаме кхайкхарш дора:

> *«Шайна юкъара соьца лата стаг схьахаржа. Нагахь, иза сох лата а летта, цо со вехь, пIелаштамхой шун леш хир бу, ткъа нагахь, со цунах тола а тоьлла, аса иза вехь, шу тхан леш хир ду, тхуна хьалхара гIуллакх а деш» (Шам 17:8-9).*

Вуьшта исраилхоша и кхиссарш яр тIаме кхайкхар санна лара дезаш дара, амма ГIолиIат регулярни эскаран салти вацара. Цхьаболчу хаамашца, иза цхьайтта ах а фут лекха вара (1 фут - 30,48 см. ю – гочдархочун билг.). Сурт гIолехь хIотторхьама, баскетбольни корзине хьовсийша. Цуьнан корта шина дюймана цул лекха хир бара (1 дюйм -2,5 см. ю - гочдархочун билг.)! Иза дуьххьалдIа доккха дегI долуш хилла ца Iара, амма кхин а зедаларе тIемало а вара. Еккъа цуьнан гоьмукъан буьххьеюьллург пхийтта фунт узуш яра (1 фунт-453,6 г. - гочдархочун билг.). Цуьнан борзанан гIем дара, ткъа и ша 125 фунт узуш долу гIагI тIехь долуш вара! Цуьнан тIеман гIирс ши бIе фунт герга узуш бара. Схьахетарехь, иза хIетахь ша Даудал а дукха узуш бара. ГIолиIат чIогIа кхераме гуш хиларх лаьцна дийца а ца оьшу! Делан Йозанашкахь аьлла ду: «ПIелаштамхочо бохург шайна хезча, Шаул а, исраилхой а, кхерабелла, Iадийнера» (Шам 17:11). Иштта, уьстагIий дажош волу жаIу Дауд, дас кхаа боккхаха болчу вежаршна юург эцна а, дуьххьалдIа церан гIуллакхаш муха ду хьажархьама а вахийтина вара. Вевзинчу гIаролхочуьнга юург дIа а елла, иза вежаршца цхьаьнакхета ведира. Кестта исраилхойх велархьама, хIинца роггIана шовзткъалгIачу дийнахь чемпион ГIолиIат аравелира.

Дауд гинчух цецваьлла вара. Иза ГIолиIатан зоьрталлах а доцуш, амма вежарийн а, махкахойн а тергонах цецваьлла вара. «Массо а исраилхо, и стаг шайна ма-гиннехь, кхералой,

цунах водура» (Шам 17:24). Дауд, хила мега, ца кхетара: «Царна хIун, церан агIор мила ву дицделла те? Цо кхайкхаме кхиссар вайна ца йо. Цо Далла кхайкхаме кхиссар йо!»

ТIаккха Дауда майрра дIахьедира: «Мила ву хIара дин доцу, сунтваза волу пIелаштамхо, дийна волчу Делан эскарна луьйш волу?» (Шам 17:26) ХIаваъ дуьххьалдIа конфронтацих дуьзна дара. Боккхаха болчу вежаршна шаьш дерзина хийтира, Дауда церан кIиллолла Iорадаькккхинчу хенахь. Царна шайн жимачу вешин багара цу тайпана дIахьедарш хаза ца лаьара. Церан, уьш хIинццалц юьхь-дуьххьал Iиттабала ца дезна, шайн ледарлонаш, дIайиллина нисъеллера. Шен бух компромисс йолуш, бистцахуьлуш бертабахарца, уьш дуьххьалдIа бистцахуьлуш Iара.

Уьш Даудана чукхиссабелира, нагахь шайна иза сийсазвалахь, церан юьхьIаьржо къайлаерюйла а хууш. ГIолиIата кхерийна волу воккхахволу ваша ша кхеро гIоьртира жимах волу ваша.

Даудан воккхаха волчу вешина Элиабна хезира цо нахаца деш долу къамел. Даудана чIогIа оьгIаз а вахана, цо элира: «Хьо хIунда веана кхуза? Хьанах тешна дитина ахьа вайн де а доцу уьстагIий яьссачу арахь? Суна евзаш ю хьан сонталла а, хьан вон дог а. Хьо тIамах бIаьрг тоха веана кхуза (Шам 17:28).

Элиаб майра вара, - дераллах майра вара. Иза Даудан амална чукхоссавелира, ткъа Исраилна тIеIоттаеллачу халонна а доцуш. Адам ийзалучу хенахь, цо цхьа аравалар лоьху, тIетеIор малдарна аьтто лоьху. Ледарчу стага бехк цабиллар доьхур ду. Нуьцкъалчу стага, цунна дуьхьалваьлла дIахIоьттинчунна сих-сиха атака йийр ю, оцу я кхечу кепехь жоп луш бехкаш бохур бу.

Билгалделаш, Элиаба Дауд дозаллина а, къизаллина а бехкево. Элиаба ша шех лаьцна иштта ойла йо дела, Дауд а иштта ву аьлла, сацам бира цо. Амма Дауд иштта вацара. Иза Делан дагна тамехь волу стаг вара. Иза дозалле а воцуш, амма Везачу Элана хьалха эсала вара.

Нуьцкъалчу адамаша кхерам тийсарх а, ийзадаларх а харцо бакъдерг санна хиларан сурт хIотторхьама пайда оьцу. Шу синехь диса деза ишттачу атакийн ницкъана тIехь толам баккхархьама.

Хила тарло, Элиаб хьагІ йолуш вара. Шамъала Даудана даьтта хьаькхнера паччахь хиларна, Элиаб воккхахверг хилла воллушехь. Дерриг а сийлахьчу лидеран а, тІемалочун а амалш цунна йогІуш хилар санна, гуш дара. Ур-атталла Шамъала а, Элиаб а гина, ойла йира: «Уьш сагІа доккхучу схьабабьхкича, Шамъална цигахь Элиаб гира. Цо ша-шега элира: «Везачу Элана хьалха дІахІоьттина лаьтташ волу хІара хила мега Цо къобалвинарг!» Амма Везачу Эло Шамъале элира: «Хьо цуьнан куьце а, цуьнан лекха хиларе а ма хьежа. Иза вац Аса хаьржинарг. Со адам санна ца хьожу стаге, хІунда аьлча адамаш стеган юьхье хьожу, ткъа Веза Эла цуьнан даге хьожу» (Шам 16:6-7).

Амма Дала кхин а доккха дика дина вайна. Цундела аьлла ду: «Дела курачарна дуьхьал ву, амма шаьш кІезиг хеташ Іаш болчарна Шен дика ло Цо». Цундела Далла муьтІахь хила, иблисана дуьхьалдовла, тІаккха иза шух додур ду (Якъ 4:6). Дала Элиаб юхатеттира, иза дозалле волу дела. Элиабехь шегахь дара, цо Дауд бехкевеш дерг, - дозалла!

Дукха хьолахь озаваларан синца волчу стага, шегахь къайлаяккха лууш йоллучу ледарлонехь бехкево хьо. ЦІена а лелаш, амма шайн дегнашкахь цІена боцучара, даим а цІена дегнаш долчарна атакаш йийр ю. Дагадаийтийша, дика дог долу Тимапи, эхь хеташ а, ийзалуш а вара. Со тешна ву, Эпасхойн динан тобанехь, Элиабан санна, телхина дегнаш долуш болу божарий а, зударий а хилла.

Іийса даим а кхерамаш тийсарна тІеІитталуш вара. Дагца цІена боцу парушхой а, Іедалхой а Иза сийсазван я дешнаш тІехь схьалаца гІертара. Нагахь церан Цунна эхь хетийта карахдаьллехьара, тІаккха цаьрга Цунна тІехь контроль латталур яра. Цундела бохура цара Иза ямартхо а, гайшик а, маларча а, жинашца тайна къилахь верг а ву. И ерриге а амалш царна шайна йогІуш яра. Ишттачу контролана кІелхІоттар юхатохарца, Іийсас церан дегнаш Іорадехира.

ЦІена доцчу адамашна цІена дегнаш долу адамаш кхеро стенна лаьа те? Шаьш шайн Іорадахарх кІелхьардахархьама а, хьал контролана кІелахь латторхьама а. Кхиам хиларан

хиламехь церан шайн дегнаш талла а, дохкодийла а дезар дац. Элиабана цу сийсазвоккхучу а, кхерам туьйсучу а атакас цуьнан ваша Дауд муьтIахь хилуьйтур вуйла а, тIаккха иза ша охьатеIочуьра кIелхьарвоккхурвуйла а, хаьара.

Дерриг а тIекIелдаьлла. Берриш а Даудана дуьхьалбевллера. Иза атакина кIел нисвеллера, ткъа цуьнан воккхаха волу ваша цул дуккха а зоьртала вара. ДагадогIий шуна, боккхаха болчу вежарша шайна бегIийла цахилар хаадолтуьйтуш хилар. Нагахь Дауда Элиаба тIедуьллуш дерг ца динехьара, тIаьхьа цIахь цуьнан халонаш хир яра. Цуьнан иза бакъ долчунна тIехь латтарна дуккхазза а бекхам хила безар бара. Эшарий-те иза?

Иза Даудана дуьхьал дуьххьалдIа охьатеIор хилла ца Iара. Берриш биснарш а иштта Элиабехьа бара. Царна а ца лаьара церан кхерам цхьана розочу басахь беснеш йолчу кIанта Iорабаккхар! Даудана, хьалха а ца гIерташ, юхавалар атта хир дара. Билггал и лууш вара Даудана кхерам туьйсуш волу Элиаб а, кхиболу «тIемалой» а.

Дауда Делехьа висаран а, цунна дуьхьал паргIатдаьккхина долу озавалар дохоран а сацам бира. Цо Элиабе хаьттира: «Соьгара хIун даьлла, нахаца къамел дарал сов?» (Шам 17:29). Ма-дарра аьлча, цо бохура: «ХIун ду ас нийса ца динарг? Мичахь ю шун майралла? Со кхоьруш ма вац. Гуш ма ду, шу хIинца шовзткъа дийнахь дегош хилар. Делан, кхера а ца кхоьруш, цу сунтвина воцчу пIелаштамхочуьнца летар верг каро дийзира! Цундела ву со кхузахь».

Дауд паччахьна тIе валийра. Шаул а, иштта ГIолиIата кхерийна волу, ойлане вахара: «Хьо ларор вац цу пIелаштамхочуьнца, хIунда аьлча хьо хIинца а жима ву, ткъа иза кога ирахIоьттинчу хенахь дуьйна тIеман гIуллакх девзаш хилла ву» (Шам 17:33). Даудан хIинца а маж ца яьллехь а, (цуьнан вешина билгалдаьлла ма-хиллара), хIетте а иза кхеравелла волчу паччахьан багара далар тоъал кIезигвеш йолу билгало яра.

Амма Дауд хIинца паччахье шен вежаршка санна жоп луш вацара. Цо элира:

> *Хьан лай шен ден уьстагӀий дажош лелла ву. Нагахь санна, я лом, я ча а еана, цара жа юкъара уьстагӀ дӀабаьхьча, царна тӀаьхьа а воьдий, тӀекхетий, церан багара иза схьабоккхура ас. Амма иза сайна тӀекхетча, аса цуьнан кхес схьа а лоций, охьа а тухий, йоьра. Лом а, ча а йоьра хьан лай волчо. Изза хир ду оцу сунтваза волчу пӀелаштамхочунна а, дийна волчу Делан эскарна кхиссарш еш волчу». Дауда кхин а элира: «Лоьмах а, ченах а со кӀелхьарваьккхина волчу Везачу Эло со оцу пӀелаштамхочун куьйга кӀелара а воккхур ву» (Шам 17:34:37).*

Шен вежаршца а, салташца а иза чӀогӀа майрра а, мостагӀалле а вара. Делахь а, паччахьца къамел дечу хенахь, цунна ша олаллехь лаьтташ волчу стаге бохийла хаьара. Иза паччахье, кӀант шен дега санна, вистхуьлура. Цо дерриг а шен зедалар а гойту, Веза Эла а хьахаво, шен кӀелхьарвоккхург санна, тӀаккха паччахь шех нийса кхетарг хиларх а теша иза.

Сацам баран жоьпалла паччахьна тӀехь дара. Нагахь къовсамехь эшар хиллехьара, берриг а мохк лолле кхочур бара. Даудана, нагахь ша лата везаш велахь, Дала паччахь шеца дика хуьлуьйтур вуйла хаьара. Вай, ваьшна тӀехь олалла долчу адамашца, билггал цу кепара терго яр лараме ду. Дауда къамел динчул тӀаьхьа Шаула цунна къовсавала маго сацам бира. Цо элира: «Вало, гӀо цига. Веза Эла хьоьца хуьлийла».

Дауда Шаулан тӀеман гӀирс юхатеттира. Ша Везачу Элан ларварна кара дӀа а велла, берриг а шен гӀирс цхьана куьйга а лаьцна, вукху куьйга ширдолаг а эцна, Дауд Ӏин долчу вахара, шера пхи тӀулг схьаэцархьама. ПӀелаштамхо тӀе веанчу хенахь, Дауд уггаре а ладамечу кхайкхамна тӀеӀоттавелира. Нагахь иза кху муьрехь озавеллехьара, Делан похӀма ца лелаш дисна Ӏийр дацара, - иза ша дахарх а вер вара, берриг мохк а лоллехь нислур бара.

ПӀелаштамхо Дауде цавашарца схьахьаьжира, хӀунда аьлча хӀара ханна жима а вара, хьаьрса а волуш, юьхь тӀера хаза а

вара. Цо Дауде элира: «Хьо суна дуьхьал гIожаца ма ваьлла. Со жIаьла ду-м ца моьтту хьуна?» Иза а аьлла, пIелаштамхочо шен деланашкара неIалт кхайкхира Даудана. Цо Дауде элира: «ТIевола суна, аса хьан дакъа стигаларчу олхазаршний, аренгахь лелаш долчу акхарошний дIалур ду (Шам 17:42:44).

ГIолиIат Дауд шен зоьрталлица хилла а ца Iаш, амма шен дешнашца а кхеро гIоьртира. Даудана неIалт а кхайкхийна, дIуьтIас ша цунах дан воллучун дийна сурт хIоттийра. Цу суьртан гарехь Дауд бедалле гуш хиллехь а, иза цхьана а минотана шен ницкъан а, толаман а хьостанах шек ца хилира.

Дауда пIелаштамхочуьнга элира: «Хьо суна дуьхьал тур а, гоьмукъ а, горга тур а карахь вогIуш ву, ткъа со ахьа сийсаздохуш долчу Исраилан халкъан массо а эскарийн Дела волчу, массо а ницкъийн Везачу Элан цIарах араваьлла. Таххана Везачу Эло хьо сан кара схьалур ву, ткъа аса хьо вуьйр ву. Аса хьан корта схьабоккхур бу, ткъа пIелаштамхойн эскархойн декъий стигаларчу олхазаршна а, лаьттахь лелаш долчу акхарошна а дIалур ду. Дерриг а дуьненна дIахуур ду Исраилан махкахь Дела вуйла. Кхузахь гулделлачу дерриг а халкъана дIахуур ду Везачу Эло туьраций, гоьмукъций ца воккхийла кIелхьара, хIунда аьлча тIом Везачу Элан карахь бу. Цо шу тхан кара схьа а лур ду (Шам 17:45-47).

Дауда майрра Делан тешаме хилар дIакхайкхийра. Исраилхойн божаршна и гигант доккха дегI долуш хилар бен ца гора, амма Даудана Делан сийлалла гира! ТIаккха исраилхойн божаршна Дауд Делан мостагIчунна тIе муха воду гира, - цо тешна хилар бохучуьнца хилла а ца Iаш, амма деш-леларехь а гайтира.

Шен тIоьрмаг чу куьг а дахийтина, тIулг схьаийцира цо. Ширдолагца ластийна, цо иза пIелаштамхочунна хьажа юккъе туьйхира. И тIулг цунна нийсса хьажа юккъе богIабелира, ткъа пIелаштамхо бертал охьавуьйжира (Шам 17:49).

Даудан майралла дIасаяржаре нисъелира, тIаккха Исраилан юха а сатийсар гучуделира. Дела цаьргахьа вара, ткъа пIелаштамхойн велла турпалхо бен вацара. Исраилхой

атака а йина, пIелаштамхошна тIаьхьабевлла лийлира, уьш хIаллакбаллалц. Цу ерриге а хенахь Дауд ийзаваларца а, кхерамаш тийсарца а кхузза Iиттавелира. Цкъа-делахь, цуьнан вежарий а, салтий а боллучу ницкъаца цуьнан хьакъ долуш хилар кIезигдан а, иза сийсазваккха а, цунна эхь хетийта а гIиртира. Нагахь Дауд царна кIелтаьIнехьара, иза Дала цуьнан даг чу диллинчунна тIегIертарх юхавер вара. Иза дуьххьалдIа юха а вирзина, цIа гIур вара, тIаккха Делан похIманах пайда эцна хир бацара. ЖамI кхоччуш кхин хир дара: Дауда дIуьтIа вуьйр вацара. ГIолиIата кхин дIа а кхерамаш туьйсур бара берриге махкана, тIаккха Делан цу балхана кхин стаг лаха дезар дара.

ШолгIа-делахь, иза паччахьан агIор эхь хетуьйтучу а, лахвечу а бехк баккхаршна тIеIоттавелира. Нагахь Дауд кху муьрехь юхаваьллехьара, Делан похIма иштта ца лелаш дуьсур дара. Цо озавалар ур-атталла паччахьна хьалха а юхатеттира. Цо шен халкъан баьччане ларам ларбора, амма къовсам дIабахьа безаш хиларх и тешо хьуьнар долуш хилира иза.

КхоалгIа-делахь, Дауд дIуьтI-пIелаштамхочун агIор кхерамаш тийсарна тIеIоттавелира. ОхьатаIош волу битам цуьнан барамо бина ца Iара, амма ша и кIант а шех чIогIа тешна вара. Иза Даудна ша жимачу экхалгал башха ца хетийта гIертара. Нагахь Дауд кху муьрехь кхерам тийсарна кIелтаьIнехьара, Делан похIма набъечу хьолехь дуьсур дара, тIаккха иза цуьнан дахарх валаран меха хир дара.

Дауд шен дахар охьадиллал, Делан ницкъах тешна вара. Цу майралло цуьнгара Делан похIма самадаьккхинера, тIаккха цо, шовзткъа дийнахь дийнна эскар кхерош а, охьатаIийна а латтош волу гигант хIаллаквира!

## Керлачу Весетан ницкъ

Коринтхойн динан тобане дахьийтарехь ПахIала Iожаллина гIуллакхдаран сийлаллин а, Синна гIуллакхдаран сийлаллин а дустар до (я керлачу весетан гIуллакхдаран сийлаллин) (2 Ко 3:7-8). Цо, нагахь ширачу весетан ницкъ, Исраилан кIентий

дуьхьал хIума йоцуш Мусан юьхьа тIе ца хьовссал, сийлалле хилла хилча, весетан дахар луш долу, керла гIуллакхдар мел нуьцкъала ду те, лорура!

ПахIала и «керланиг» хазна санна гойту «и хазна оха тхешан кхийра кхабанаш чохь лелайо. Иза ду тIех боккха болу ницкъ, тхоьгара а боцуш, Делера хилар хаийтархьама» (2 Ко 4:7). Иза, шен Дела вевзаш хилла волу а, шен долахь болчу ницкъах а, нуьцкъалаллах а кхеташ волу, кхин а цхьа стаг ву. ПахIала кхин дIа боху:

> *Нагахь дIадер дерг а сийлалла долуш хилча, тIаккха хIара цкъа а дIадер доцург кхин а сийлалла долуш ду. Тхайн иштта сатийсар долу дела, майрра къамел дан йиш ю тхан (2 Ко 3:11-12).*

Ницкъо майралла кхуллу. Шуна, шайн доларчу ницкъана тIетевжина Iаш боцчу тешачаьргахь, сийлахь майралла карор ю. Уьш хьелашца а, адамца а я иблисаца а кхерор бац, цаьрца Дела а кхералур воцу дела. Iебархошка дахьийтарехь 13:5-6 вайна сатийсар делла ду:

Дала Ша ма-аьлла: «Ас цкъа а вуьтур вац хьо, хьох къаьстар а вац Со», цундела вай майрра боху: «Веза Эла ву сан гIоьнча, со хIуманах а кхоьрур вац. ХIун дийр дара суна стага?

Вай майрра дIахьедан деза: «ХIун дийр дара суна стага?».

Билггал иштта тешна хилар тIекхочийла долуш ду муьлххачу тешачун. Вайх делах тешарш хIунда олу, ткъа ваьш теша а ца тешаш? Делах! Я адаман а, я иблисан а бакъболчу тешачарна кхерамаш тийса бакъо яц. ХIунда? Iийса вайгахьа волу дела. Цул лекха цIе а яц, алсам ницкъ а бац. Цо Ша аьлла: «Ас шуна ницкъ белла, кхерам боцуш, шайтIанашна тIе, лаьхьанашна а, дIаьвше гезгашна а санна, ког баккха, шайн мостагIчун ницкъ хьаша. Шуна зене цхьа а хIума дац» (Лак 10:19).

Къаьсташ олийла дуй те-й? Цо Шен халкъана берриге мостагIашна тIехь ницкъ белла. Ийзадалар а, кхерамаш тийсар а – иза мостагI ву. Цо шу ле а деш, боху: «Соьгахь хоьгахь чул

алсам олалла а, ницкъ а бу. Хьуна юха а ваьлла, ас хьайга боххург дича, гIолехь ду! Ца дахь, тIаьхьалонах мах лур бу ахьа».

Нагахь вай цу кхерам туьйсучу харцоне ладогIахь, Делан похIма ца лелаш дуьсур ду, ткъа вай охьатаIийначу хьолехь дехар ду. Амма вайна, тешаме хила ваIда дина Верг вовзахь, вай муьлххачу кхечу ницкъел лакхара ницкъ болуш хуьлийла ду, тIаккха Даудан санна, сийлахьчу майраллица ийзадаларан а, кхерамаш тийсаран а дIуьтIанашна тIеIитталойла ду.

## Шу ца тешалуччул, чолхе дуй те шун тешар?

Оцу билггал бакъ долчух кхета хала дац. Ур-атталла чIогIа дуьххьалдIа ду. Инжилан билггал бакъдерг чолхе дац. Адамаша ца тешарна дерриг а кегаре до.

Шайга хатта а хаттий, цIена жоп ло: «Шун тешна хилар Дала аьллачун тIехь бух болуш ду те, я шуна гуш долчун а, сагатдеш долчун а бух болуш ду?» Нагахь аша дерриг а хуьлуш дерг шайн яханчу хенахь хиллачуьнца дустуш делахь, шу цкъа а цунна тIехь хьалакхуьур дац.

Аша шайн тешар кхечаьрца хуьлуш долчун буха тIе дугIуш дуй те? Шун тешна хиларан барам кхечу адамийн тешаме хиларца бустуш буй те?

Нагахь аша кху хаттаршна «хIаъ», аьлла жоп деллехь, хIета кIорге ахка. Аша, шайн я хийрачеран яханчу хенан эшийна хилар кхето гIерташ, дерриг а чолхе деш хила тарлой те? Чолхечу тешаро дIуьтIанаш ца бойу. Цо вай «тамашийначу хIуманийн махка» юкъадохуьйту, вай ма-дарра хийцалур доцчун сурт хIотто гIерта, тIаккха муьлхха а меттаххьер дале хьалха, ойла керчаш хуьлу.

Вайн, тешачеран, дуьххьалдIа тешийла хIунда дац? Вай вешан дIатеттина хетачуьнга Инжил чолхе дан хIунда магадо?

Суна, сайна цкъа а дицлур доцчу цхьана хIуманца, декъа луур дара шуьца. Иза 1980-чу шарахь хиллера. Со студент а волуш, Къилбаседехьарчу Каролинехь вехаш вара. Цкъа Iуьйранна диъ

сахьт долуш со сайн озан гIовгIанах самавелира. Сан озо мохь хьоькхура: «Ас дуьххьалдIа тешар волу цхьа-муьлхха а лоьху!».

Цу гIуллакхо инзарваьккхинера со. Маьнги тIера мотт хьацаро тIадийна бара. Суна цу тайпана, гуттара санна, Iаламехь доцчу кепара, Дала сайца хабар дуьйцийла хаьара.

ТIаккха ас ойла йира: «Иза-х гуш ма дара. Дала суна цхьа кIорге дерг хIунда лур дацара? Дера, суна хаьа, Цунна тешаш долу адамаш оьшу!»

ШолгIачу Iуьйранна и дешнаш сан коьрта чохь нека деш дара. Юха а, юха а суна шабар-шибар хезара: «Ас дуьххьалдIа тешар волу цхьа-муьлхха а лоьху; Ас дуьххьалдIа тешар волу цхьа-муьлхха а лоьху». Ас цуьнга юха а, юха а ладугIура, тIаккха со кхийтира, Дала суна тривиальни цхьа хIума ца гайтина, - иза Цуьнца леларан догIа дара!

Со Инжилана чувуьйлира, тIаккха суна хааделира, Iийса дог доьхна хуьлура, адамийн ца тешарна. Цуьнан мурдашна кIантана чуьра жин ара ца даккхаделча, Iийсас сихха Iорабехира уьш.

Iийсас элира: «Галбевлла болу нах! Ва тешар доцу тукхам! Мел хир ву техьа Со шуна юкъахь? Мел лан деза техьа Аса шу? Схьавалаве иза Со волчу!» (Мат 17:17).

Муха алийла ду ишттаниг шен доларчу мурдашка! Iийса, таханлера дуккха болу лидерш санна, гIучIанча ца хилла! Цо къаьстташ гайтина цаьрга, Делан похIма церан тешар хиллалц, лелаш хир дац. Цунна, тешар ца хиларо, Далла халахетуьйтийла мурдашна хууш хила лаьара.

Суна иштта Iийсана там хилар стенна тIехь карадора а билгалделира: цхьа а хаттарш а доцуш тешар долчарна тIехь! Римхойн салтичунна, деланийхочунна, Исраилехь муьлххачу а кхечунна чул алсам терго яр схьаийцира шен тешарна тIехула. Цу римхочо элира, Iийсан ур-атталла и волчу цIа ван а ца оьшу, нагахь Цо дуьххьалдIа дош аьлча а, ялхо толур ву. «Iийсана и къамел хезча, Цо цецваларца Шена тIаьхьахIоьттинчаьрга элира: «Ас билггал боху шуьга, цу тайпана Делах тешар Суна исраилхошна юкъахь а ца карийна» (Мат 8:10).

Вайна Ӏийса ваьш долчохь хьошалгӀахь ган луур дара, амма, иштташиг нисделча, ваьш а шек хирдара Цунах лаьцна. Вай дина тешар иштта чолхе. ХӀета, хӀун ду те и тешар, бохург? Дала, Ша аьлларг, дийриг хиларх тешар.

Ӏийсас, мостагӀчун дерриг эскарна тӀехь ницкъ а, олалла а делла вайна, аьлла. Дерриг а вай дан дезарг, - Цунах тешар ду, тӀаккха цу ницкъаца а, олаллица а лелар ду. Вешан дахар кхерамца а, шеконашца а я вешан яханчу хенара кхачамбацарш а, къиила дахарх а дагадахкийтарца чолхе дан ца оьшу. Нагахь вай иштта лелахь, вай ваьш майраллах дохур ду, тӀаккха вай Делан корматаллашкахь хьалха довла хьуьнар доцуш нислур ду. Делан похӀма вайгахь набъеш дуьсур ду!

Вай тешна хиларца вешан хикеманчуьра дахаран мохо карзахдаькххинчу хи чу гӀулч яккхале хьалха, доларчу деган бахьанех кхета деза. Иштта дацахь хин буха гӀур ду! ТӀебогӀучу коьртехь шуна латта гӀо ден долчу бахьанин а, хин буха даха гӀо ден долчу бахьанин а юкъара башхалла гур ю.

# ИЙЗАДАЛАРАН ОРАМ

Дала вай сатуьйсуш дерг деш мел ду, тешна хила атта ду.

Озаваларх паргIате лелар – иза экстраверт хилаза ца волу бохург дац. Суна бевзаш болчу, уггаре а гIарабевллачу нахах цхьаберш, ийзабаларца къийсам латтош бу. Сих-сиха хуьлу, церан къеггина хилар – цара шайна чохь къийсам латтош долчу, ийзадаларна а, кхоьруш хиларна а дIахьулдар бен дац. Чувоьлла хилар ийзаваларан цхьаъ бен йоцу билгало яц. Цхьадолчу адамаша, шаьш кIезиг бегIийла хилар мел хаало, алсам хабар дуьйцу.

Эхь хеташ а, ийзалуш а хиларан корматалла, хьо даьтта мел хьаькхна ву долчуьнца, цхьа а цхьаьнадогIуш хIума дац. Суна нуьцкъала гIуллакхдархой болу нах бевза, амма хIетте а уьш ийзабаларца къийсам латтош бу. Уьш Делаца болчу хенахь, кхерам боцуш хуьлу, церан ледарлонаш дIасаяьржа. Уьш даьтта

хьаькхна хиларан обано дӀатесча, уьш дуьххьалдӀа, кхерамца а, дӀатесна хиларца а къийсам латтош долу, адамаш хуьлий дӀахӀуьтту. Уьш юьхь-дуьххьал уьйр йолуш хилча, церан эхь хеташ хилар шовкъе гуш хуьлу. Суна и дерриг а мичара хаьа? Со суо хилла иштта.

Шу къаьсттина а, ондда а, майрра а, ур-атталла даьтта хьаькхна а хуьлийла ду, - тӀаккха хӀетте а ийзадаларца къийсам латтабо. ОхьатаӀор тоъал чӀогӀа хилла дӀахӀоьттича, шу мадарра стенах дина дерг, арахьа долу. Ийзадаларан цхьа а цхьаьнадогӀуш долу хӀума дац амалан кхачам бацаршца а, дегӀан ницкъаца а, я даьтта хьакхарца а. ХӀета сте до те адамаш ийзадаларна Ӏаткъаме?

## Гуш дерг билггал бакъдолчунна дуьхьал

Кху хаттарна жоп далархьама, ШамӀа Кипига хьовсур вай. И къаьсттина юьхьша хилла, цкъа а шена хетарг схьаала эхь хеташ а вацара иза. Иза майрра хилла.

Доллучу гарца, Кипа чӀогӀа доьналла долуш а, ца кхоьруш а хилла. Хеталора, цхьана а хӀумано Кипин синтем бойур бац, аьлла, амма иза хилира. Ӏожаллина хьалха кхерараро Ӏийса кхузза дӀатосуьйту цуьнга. Иштта, ийзаваларх маьрша леларан хьуьнар – иза чӀогӀачу юьхьшан амал яц. Ткъа иштта дацахьара Кипас хӀуъа хилча а Ӏийса дӀатосур вацара, тӀаккха массарел а гӀолехь кечам бина нисвелла а хир вара тешаме висархьама.

ШамӀа Кипа гуттара санна хуьлу хабарча хиларан сурт хӀотторан тенденци ю. Наг-наггахь олу, гӀуллакх дан дезарна тӀекхаьчча, иза «кӀорни» нислуш хилла. Ас цунна иштачу хаттарца жоп лур ду: «Мел дукха «кӀорнеш» майрадевр дара цергашна тӀекхаччалц герзах юьзначу, ларвар деш йолчу, тобанна дуьхьалдевлла дӀа а хӀиттина, цунна атака ян?» Кипас майрра дира иза! Яхьъян 18:3, 10 дӀаяздина ду:

Иштта ЯхӀуд а веара цига, шеца римхойн тӀемалойн тоба а, динан коьртачу дайша а, парушхоша а хьовсийна гӀаролхой а балош. Церан карахь стогарш а, цӀераш латийна хаьштигаш а,

герз а дара - ТӀаккха шегахь тур долчу ШамӀа-Кипас, иза баттара а даьккхина, динан коьртачу ден ялхочунна тур а тоьхна, цуьнан аьтту лерг тӀерадаьккхира.

Иза «кӀорнийн» долчуха гуш данне а дац. ТӀаккха Кипа салташна, тӀаьхьа ялхо йолчу йоӀах кхеравалларна бен, чу ца кхоссавеллера ткъа? ХӀаъ, бакъду цу ялхочо кхерийра иза! «Кипа цу хенахь кертахь Ӏаш вара. Цунна тӀе а еана, цхьана зуда-ялхочо элира: «Хьо а ма вара Галилайра волчу Ӏийсаца». Амма цо иза даре ца дира...» (Мат 26:69-70).

Мичара ду иштта хийцадаларш?

## МоттаргӀе майралла

Хаттарна жоп далархьама, оццу суьйренан хьалхарчу хиламашна тӀе юхадоьрзур вай. Берриге мурдаша цхьаьна Пасахь даздеш дара. Ӏийсас цаьрга дӀахьединера:

> *«Тховса аша массара а Со дӀатосур ву» (Мат 26:31). Амма Кипас ша юкъараволуш верг лорура, тӀаккха цо майрра дӀахьедира:*

«Массара а дӀатесча а, аса-м дӀатосур вац Хьо» (Мат 26:33). Ма сийлахь доьналла гайтар ду иза. Схьахетарехь, Ша Ӏийса галваьлла, Кипа цу терахьна юкъа вахийтарна.

Амма Ӏийса нийсса син чу хьоьжура Кипин, тӀаккха иза нис а вира: «Аса баккъалла а боху хьоьга: тховса нӀаьна кхайкхале, Со кхузза дӀатосур ву ахь» (Мат 26:34). Ма тохар ду иза Кипин шех бӀоболаре тешна хиларна! Ӏийсас цуьнга элира, дуьххьалдӀа тасавелла а ца Ӏаш, амма кхин а дӀатосур ву Иза.

Ледара амал а, доьналла а долу стаг цу тӀехь соцур вара. Устазан галволийла дуй ткъа? Делахь а Кипас кхин дӀа а шен агӀо ларйора: «Сан Хьоьца вала дезахь а, со цкъа а Хьох дӀакъаьстар вац!» (Мат 26:35). Ма-дарра аьлча цу майрачу дӀахьедаро кхин берш а иракарахӀиттийра: «Изза вукхара а элира» (Мат 26:35).

## Бахьанаш гуш долчух къаьсташ хуьлийла ду

ТӀехулара хьаьжча, цу адамийн цӀена бахьанаш а, йоккха майралла а хилла хетало. Алсамо леррина теллича вайна къаьста, Делан безам а боцуш, цхьа кхин хӀума хилла уьш лелош долу бахьана.

Цаьрга дӀахьедале хьалха, Ӏийсас аьлла: «Суна ямарта волчун куьг а ду Сайчунна уллохь стоьла тӀехь» (Лак 22:21). Ма ирча, ма вуно вон хӀума дара, царех цхьаммо Ӏийсана ямартло йийриг хиларх ойла яр. Ерриг а оцу хенахь цаьрца лелла волчу Ӏийсана; царех гӀайгӀа беш хиллачу, Ӏийсана! ТӀаккха хӀинца Цунна тӀе шен кӀажа хьалаайар, Цунна– Машахьна тӀе!

Ӏийсана иза мила хир ву а, цо хӀун дийр ду а хуъушехь, цу тӀе и юьхьенца дуьйна хуъушехь, мурдашна цунах лаьцна дуьххьара хезира. И дӀахьедар динчул тӀаьхьа чоьнна тӀехь оллаеллачу шеконан атмосферин сурт хӀоттадалой шуьга!

«ТӀаккха уьш вовшашка хетта буьйлабелира, Ӏийсана ямарта верг мила ву бохуш» (Лак 22:23). Мурдаш эхь а хетта, шайх цхьаъ цу тайпана сийдоцуш лела хьуьнар долуш хиларх, ца тешара. ТӀаккха и талларна церан муха бахьанаш дара те? Дера, иза Ӏийсага цхьа терго йолуш дара. Амма мулха? Вовшашлахь долчу хабаро гучубоху уьш. Хьовсийша кху аяте:

> *Цул тӀаьхьа мурдаш къийса буьйлабелира, шайна юкъахь коьртаниг мила ву аьлла (Лак 22:24).*

Вайна, церан таллараан бахьана шаьш-шайна дезар а, дозалла а хилла хилар къаьстташ гойла ду. Ӏийсас Ша кестта динан дайша схьа а лаьцна, веран таӀзар дарна дӀалур ву аьллера, ткъа мурдаш олалла а, агӀо а дӀалацаран гӀирсаш харжа эхь хеташ бацара. Ма шаьш-шайна дезар ду!

Къовсар хьан долийна хилла хилар хуийла ду. Шен яханчу хенара коьртехь хилараан агӀонашцца а, лекхаха хилараан амалца а, хила тардаларал а сов, иза ШамӀа Кипа хилла.

Хила тарло, цо чӀогӀа сихха берриге бисинчарна, ша майралла

а йоьссина, цхьаъ бен воцу хи тӀехула ваханарг хилла хилар дагадаийтина хир ду (Мат 14:28-31). Я, Ӏийса билггал мила хилла ша дӀахьедина хилар дагадаийтар карладаьккхина хилла хила тарло (Мат 16:15-16). ТӀаккха кхин а Ӏийсаца а, Мусаца а, Эли-ЯхӀуца а Хийцабаларан лома тӀехь ша лайнарг юхадийцина хир ду (Мат 17:1-8).

Кхоччуш хила тарло, иза тешна хилла хир ву, ша шийттаннах сийлахьниг чӀагӀвина хиларх. Амма цу тешна хиларо безамехь орамаш тесний те? Со тешна ву, Кипина хӀетахь билггал иштта моьттура. Амма тӀаьхьо дерриг а кхечу тайпана нислур ду. Цуьнан тешна хиларо шен юьхьиг дозаллера а, ша-шен везарера а схьаоьцура. Иза дагахь латтаде, тӀаккха вай кхин дӀа доьлху.

## Даьттадоккху пресс

*«Ӏийса Шен мурдашица Гатшамани цӀе йолчу метте веара. Цо цаьрга элира: «Кхузахь ховший Ӏе, Аса, хьуьлла а вахана, доӀа дечу юкъана» (Мат 26:36).*

«Гатшамани» боху дош «даьттадоккху пресс» маӀна долуш ду. Цу прессца зайтдаьтта охьатаӀадо. Оливкаш Ӏийда иштта атта а дац. Ондда охьатаӀоран ницкъ тӀебахийтича бен, даьтта ца долу цу стоьмех.

Гатшамани – иштточу охьатаӀоран меттиг ю, амма оливкашна а доцуш, ткъа дегнашна. Сихдинначу охьатаӀоран кӀел, вайна чохь долу дерриг а хӀума, арадолу, сих-сиха вайн вешан цецдовларна а. Кхечу тайпана аьлча, зераш (охьатеӀораш) тӀедаьхкинчу хенахь, вайн деган бахьанаш зуьйш а, Ӏорадохуш а хуьлу.

Ӏийса Гатшамане Кипица а, Якъубца а, Яхьъяца а веанера. Дезачу Йозанашкахь аьлла ду: «ЧӀогӀа сингаттаме а, йиш йоьхна а вара Иза» (Мат 26:37). Ӏийсан са «даллал баланехь» дара, Иза цу прессана кӀел волу дела. Иза Шен сийлахьчу тӀамах чекхволуш вара: Делан лаам кхечу некъа кхочушбар зерах, тӀаккха цу кепара Ша Шен кӀелхьара а воккхуш.

Цхьаболу нах Ӏийса къинош летадойла долуш хилла хирарх

ца теша. Амма вай дагахь латто деза, Иза «массо а тайпана зуьйш хилла, Цо къа ца латийнехь а» (Іеб 4:15). Зийна, я зуьйш хилар, цхьана хІуманца къийсар бохург ду. Іийса къинна дуьхьал чу хІоттийна иммунитет йолуш ца хилла, амма даим а цунна тІехь толам боккхура Цо. ХІунда? Иза Шен лаамехь вехаш ца хилла дела. Иза къинош летадойла доцуш хиллехьара, тІаккха Иза зийна а хилалур вацара. Цу гІуллакхо Цуьнан сийлалла лах ца до, амма мелхо а Цуьнан хьакъ долуш хилар гойту. Цо хІетте а къа ца латийна дела. Аллилуйя!

Бешахь Іийсас хоьттура: «Сан Дада! Йиш елахь, и баланийн къаьхьа кад Суна уллохула тІехбаккхахьара Ахь! Делахь а, иза Сан лаамца доцуш, Хьан лаамца хуьлийла» (Мат 26:39).

Кхузахь Іийсан дахарехь КІентан лаам Ден лаамна дуьхьал гІертар го вайна. Бешахь хІара мур тІекхачале хьалха уьш оццул цхьааллехь хиларна, Іийсан дахарехь гайтина, Ден лаам бен гойла ца хилла вайн. Делахь а цу къовсамехь инзаречу охьатаІоро Цуьнан синехь deралла меттахйоккху. Иза сецавойла долу цхьаъ бен доцург, гучуделира: Ден лаам кхечу кепара кхочушбар, тІаккха цу кепара Ша-Шен кІелхьарваккха. Кхин а хьалха Цо парушхошка Ша Шен дахар охьадилла маьрша ву, бохура (Яхьъя 10:17-18). Дала и де бохуш тІетеІош вацара Иза. Цундела Иза, - Ша-Шеца къуьйсуш а вара.

Цунна, Ша бешахь голашна тІе лахвалале дуккха а хьалха дуьйна, и къовсам хила безийла хаьара. Цо кхузза дийкъира иза мурдашца. Уьш хІинца а Ярушалайме бахкале хьалха, Цо Ша бала а хьегна, вала а велла, беллачарна юкъара денваларна Ден лаам хиларх лаьцна дийцинера цаьрга.

Масех де хьалха Іийса мурдех тешнера: «Ткъа хІинца Сан са карзахдаьлла. ХІун ала те Ас? „Дада, кІелхьарваккхахьа Со кху сахьтах“? Амма кху сахьтана веана ма ву Со. Дада! Гучуяккхахьа Хьайн цІеран сийлалла» (Яхьъя 12:27-28).

Іийса Шен дахар Іожаллин когашка дилла кийча вара, Ден цІе сийлахь йина хилийтархьама. Цо и агІо ур-атталла Шен мурдашца йийкъира:

*«Шен са дезачо иза хIаллакдо. Ткъа кху дуьненахь шен са ца дезачо, Дела волчохь хедар доцучу дахаре кхачархьама, Iалашдийр ду иза» (Яхьъя 12:25).*

Дезачу Йозанийн кху меттиго сихха ши жоп ло: Кипега ша чIагIо йинарг кхочуш хIунда ца даделла, ткъа Iийсага даделла. Iийсана шен Да Шен долахь долчу дахарал дукха везара, цундела Цуьнга шен дахар охьадилладелла. Кипина Iийса дахарал дукха веза моьттура, амма Гатшаманерчу даьттадоккхучу прессо цуьнан бахьанаш гучудехира.

Бешахь хIинца, Iийсана дуьххьалдIа Ден лаам бовзар тоьаш дацара. Иза Ша вара и хилла дIахIотта везаш. Иза оццул хала хиларна, Цо Дега, кхин цхьа а кеп яц-те, хоьттура. ДоIа дарца, Цо эмгаралле къийсам латтабора цу Ша-Шен ларваран зерца, тIаккха оццул дуьхьалгIертарна, хьацар цIий хилла догIура (Лак 22:44).

Iийсан зерна дуьхьалвалаaран ницкъ Цуьнан безамехь а, цабезамехь а орам тесна бара. Цо Ша Дега болчу безамехь вайинера (Яхьъя 14:31). Цу безамо хьалха цхьаьнгга а ца эшаделларг эшийнера: ша-шега болу безам! Даьтта тIехула даьллера, Дега болу безам – дуьххьалдIа дош а доцуш, амма кхин а сагIа а, муьтIахьхилар а хиларан, тешалла а дина.

ХIинца, цу прессо я охьатаIоро Кипина а, кхечу мурдашна а муха Iаткъам бина, хьовсур вай.

## Са сема ду, ткъа дилха эгIаза ду

Дийнна сахьтехь Iийса Шен доьналлица къийсам латтош вара, тIаккха хьала а гIаьттина, мурдаш болчу вахара, амма уьш «ГIайгIано дог дохийна, гIелбелла, бийшина Iохкуш карийра Цунна» (Лак 22:45). Мурдаш хIинца лакхара мила ву къуьйсуш бацара. Царна хала дара гIайгIанах а, сингаттамах а. ОхьатаIорна кIел Iийса бен хилла ца Iара. Цуьнан мурдаш а иштта цу даьттадоккхурганa чу кхаьчнера!

Уьш шаьш-шайн кIелхьарбахаран зерна тIеIиттабеллера. Амма церан арабовларна ницкъ бацара, уьш шайн лаамна

тӀегулбелла болу дела, ткъа Ден лаамна а доцуш. Ӏийсана бӀостанехьа, церан ур-атталла лаам а бацара шайн тидам Делан лаамна тӀебахийта. Нагахь дахар вайна тӀех деза делахь, вай цунах довла, къийсам латто хьуьнаре хир дац.

Ойла елаш цунах лаций. Ӏийсас, Шен дахар дайархьама, къийсам латтошшехь, мурдаш, наб а кхетта, къовсам барх дӀабирзинера. Хьалхарчу рогӀехь Ӏийса Кипе вистхилира:

*«ХӀун до аша? Цхьана сахьтехь мукъана а Соьца сема хила ца мегара шу? Сема а хилалаш, доӀа деш а хилалаш, шаьш къилахь долчу лаамашна кӀел ца дисийта. Са сема ду, ткъа дилха эгӀаза ду» (Мат 26:40-41).*

Кипа, хӀара майрра чӀагӀонаш ен стаг, наб еш вара, доӀанаш дечу метта. Иза хӀинца а шен боцчу ницкъана тӀетийжа ца Ӏеминера. Цундела иза шега и далуччул ларлора: наб а кхетта.

Вайн са а, вайн дог а сема хуьлийла ду, амма вайн дилха даим а ша лардан гӀертар ду. Кхузара догӀу, нагахь дилха жӀарах дӀатоьхна дацахь, вай цунна, цунна лууш дерриг лур ду. Кипина Ӏийсана тешаме хила лаьара, амма иза цуьнга ца даделира, дилхано иза эшийна дела. Цунна шен дахар, Делан лаам кхочушбарал, алсам дезара. Иза шен деган билггал бакъдолчу хьолах ца кхетара. Цуьнан дагахь баккъал а цо бохуш дерриг дара, тӀаккха иза билггал бакъдолуш, шен дахар Ӏийсах сагӀийна дӀалург хиларх тешара. Делахь а «даьттадоккхучу пресс» чуьра Къайлахчу суьйренгахь хила хьехна дерг араделира, - ша-шен везар а, дозалла а.

## Тайп-тайпа ши тӀаьхьало

Мурдаш набъеш а карийна, Ӏийса юха а доӀанаш дан вахара. Юхавирзича, Цунна юха а уьш бийшина карийра, «хӀунда аьлча церан бӀаьрганегӀарш дазделлера» (Мат 26:43). Ур-атталла Ӏийсас дӀахьединчул тӀаьхьа а, уьш сама ца бовлабелира. «КхозлагӀа а, дӀанехьа а ваьлла, доӀа дан хӀоьттира Иза, изза

дешнаш а олуш. Шен мурдаш болчу тIе а веана, Iийсас цаьрга элира: «Шу хIинца а, наб еш, садоIуш ду? ЛадогIа Соьга: Адамийн КIант къинош летийначеран каравоьду хан тIекхаьчна» (Мат 26:44-45).

Iийса кхаа сахьтехь доIа дира, къовсамехь толам баьккхинийла кхетталц. Цуьнан лаам кхоччуш Ден лаамца цхьаьнакхийтира. ХIинца Иза, яхIудхойн баьччанашкахула а, римхойн салташкахула а мостагIчун агIор кхерамаш тийсарна дуьхьалIоттавала кийча вара. Iийса, ирча тIаьхьабевлла леларна юккъехь, ша бохучунна тIехь ондда лаьтташ хиларан хьуьнаро цецваьккхинера римхойн прокуратор. «Ткъа динан коьртачу дайший, къаноший Шена бехк биллича, Цо цаьрга хIумма а ца элира. ТIаккха Пулата Цуьнга элира: «Хьуна ца хеза, Хьайна дуьхьал мел дукха бехкаш даладо?» Амма Iийсас цхьана а тайпана Шега деш долчу хаттаршна жоп ца делира. И сурт шена гича, мехкан куьйгалхо чIогIа цецваьллера» (Мат 27:12-14).

Майралла чIогIа а, дукха а хабар дийцарехь гуш яц. Изза олийла ду вистцахуьлуш Iарх а, - вистцахиларх, вайн юьхьах бехкевар кхуьссучу хенахь. Наггахь Iийса Шен олаллехь лаьттара, кхайкхамаш тергал а ца беш. Цунна Цул лакхара цхьа а, ницкъ боцийла хаьара, ткъа нагахь Цо тергал динехьара, иза иштта ницкъ болуш хилар хир дара. Парушхой шайн бехкеваршца а, кхерамаш тийсарца а, олаллин агIонца а Iийсана контроль ян гIертара. Царна жоп далар сонта хир дара, уьш билггал бакъдолчун цхьа а хьакъ долуш боцу дела. Iийсана хаьара, церан Цуьнан дахар схьадоккхийла дацара, хIунда аьлча Цо иза хIинца Дена дIаделла дара!

Iийса Ша бехкевечеран юьхьа-дуьххьал лаьттачу хенахь, Кипа арахьа цIера юххехь вохлуш Iаш вара. Исраилхойн хьаькамийн ялхо йолчу зудчух кхера а велла, Кипас ур-атталла цунна Iийса вевзаш хилар а дацаре дира (Мат 26:69-75). Кипас шена Iийса дIатосучул валар гIолехь хир ду аьлла доллушехь, и оза а велла, дерриг а билггал цо ша ца дан чIагIо йинарг дарца чекхделира. Бахьана: цунна сов дукха дезара шен долара дахар. Цуьнан дешнаша Iийсага болчу боккхачу безамах

тоьшалла дора, амма цо лелочо кхин а чӀогӀа бохура. Ша-шега болу безам цуьнан ийзаваларан а, кхераран а хьоста дара. Цо уьш майррачу дӀахьедаршна а, хьалха лелийначунна а тӀехьа къайладохура. Делахь а даьттадоккхучу прессо и кхоьруш долу са гучудаьккхира.

Кхераман а, Эхь хетаран а орам – ша-шега болу безам бу. Кхачамечу безамо кхерам дӀа а эккхабой, майралла ло вайна. Безамах кхоллаеллачу майралло, ийзадаларан а, кхераран а борзморзах бохабо. Кхачаме боцчу безамо, я ша-шен везачу безамо кхерамна неӀарш дӀайоьллу.

Вайна чохь безам буьззина хилар иштта гучудолу: вай къематан дийнахь доьналла долуш хир ду, вай кху дуьнен чохь Иза санна лела дела. Безамца кхерам а бац. Ткъа буьззина бакъболчу безамо кхерам дӀатотту, хӀунда аьлча кхерам гуттар а таӀзарца боьзна хуьлу. Кхоьруш волчун буьззина бакъболу безам бац (1 Я 4:17-18).

Кхерам а, ийзадалар а алсамдолу, вай ваьшна тӀегуллучу хенахь. Кхузара ду Ӏазапе маьхьарий: «Ткъа сан хьокъехь хӀун ду? ХӀун хир ду те сох?»

Ӏийсас аьлла: «Шен доттагӀашна хьалхара шен са а дӀадаллал болчу безамал сов безам цхьанна а хир бац» (Яхьъя 15:13). Вай баккъал а вешан дахарш Ӏийсага болчу безамна тӀера охьадохкучу хенахь, вай хӀинца ваьшца хин долчух гӀайгӀа беш хир дац. Вайна ваьш Цуьнан гӀайгӀане дӀаделлийла хаьа дела. ТӀаккха вай делла а, Цуьнгахь къайладевлла а ду. Вай сагатдан ца оьшу, вайн дахар кхин вайн долахь доцу дела. Иза Цуьнан долахь ду. Цо вай эцна ду, цундела хӀуъа хилча а, иза Цуьнан гӀайгӀа бу. Вай дуьххьалдӀа безамехь а, муьтӀахьхиларехь а дехаш ду.

Кхерамо вай кхин Ӏазапехь латтор дац, велла стаг хьийзо мегаш доцу дела. Аша кошахь волчу стагана тӀе тапча а ерзийна, цунна кхерамаш туьйсийла ду, амма цо ур-атталла бӀаьрган негӀар а тухур дац.

## Ткъа кхечеран хьокъехь хӀун ду?

Ткъа бисинчу мурдийн хьокъехь? Уьш а схьа-ма-кхеттера Кипех, дӀадиллина дӀа а хьедеш, шаьйна далар гӀолехь хета, Ӏийса дӀатосучул, аьлла. Уьш даьттадаккхаран прессах чекх муха бевлла? Уьш Кипел, кхин а хьалха дӀабевдда. Делан Йозанаша хаам бо, Ӏийса салташа схьа муха лецира гича, «Цуьнан берриг а мурдаш, Иза ша волччохь а витина, бевдда дӀабахара» (Мат 26:56).

Уьш кхоьруш хиларна, дӀабийшина Ӏан кийча бара, доӀанаш деш Ӏачул. Ӏийсаца тӀаьхьара пхьор дуучу хенахь, уьш сов муьлха ву, къуьйсуш бара. Дерриг а, мурдаш ладугӀуш бацара я ладогӀалуш боцуш санна гуш дара. Дерриг а цаьрга ойла ялуш дерг: «хӀун хир дара соьца?» Церан шайга болу безам кху охьатаӀорехь дӀабеллабелира.

Церан бахьанаш Кипин бахьанел дӀогара къасталуш дацара. Кипа дуьххьалдӀа кхин а халачу хьолехь нисвеллера, иза салташна тӀаьххье, цара Ӏийса дӀавигначу вахана дела.

## Муьлхха а майралла яц безам бахьана долуш

Шу, хила тарло, хӀинца а ца кхеташ хир ду, Кипина, карахь гӀама а йолуш, жимачу эскарна дуьхьало еш дӀахӀотта, майралла мичара яьлла. Ас лору, цуьнан майралла кхечеран къобалдарехь орамтесна хиларца яра. Иза верриг а серлаволура, гонаха болчарна Ӏаткъам бечу хенахь. Ойла елаш цунах лаций. Уьш-х къуьйсуш ма бара, царех лакхара мила ву, бохуш. (ТӀаккха и тема хӀинца дуьххьара ойуш яцара. Мурдаш даим а къийсам беш хуьлура.) Кипин цунах лаьцна керла дагалецамаш бара, ткъа хӀинца цуьнан шен сийлахь тешаме хиларан тоьшалла дан аьтто баьллера.

Амма иза динан ден ялхошца цӀерана юххехь, хӀинца шен накъосташа гобина вацара, тӀаккха цуьнан билггал бакъболу бух цахилар гучуделира.

ХьалхабогӀучу хиламашкахь а Кипин майралла южуш меттигаш еана. Цкъа иза, Кипа хи тӀехула вогӀучу хенахь

хилла. Берриге бисина мурдаш хьоьжуш бохккушехь, цо элира: «Сан Эла! Иза Хьо велахь, Хьайн лаамца со хи тӀехула Хьайна тӀе ваийтахьара Ахьа» (Мат 14:28). Кипа хикеманчуьра ара а ваьлла, хӀорда тӀехула волавелира. Хила тарло, цуьнан майралла накъосташна ечу Ӏаткъамах юзуш хилла. Делахь а, карзахбаьллачу хӀордана юккъе нисвелча, цо Ӏийсага мохь хьаьккхира, Вукхо иза кӀелхьарваккхархьама. ТулгӀенашна тӀехула вогӀуш, иза кхийтира, конкурентех цхьа а юххехь вацара. ОхьатаӀорна кӀел нисвелча, цо Ӏийсага кхайкхира, Вукхо иза хьалаваккхархьама.

Кхоччуш хила тарло, Кипина моьттура, Ӏийсас иза бешахь кху хьолара а кӀелхьарвоккхур ву, дуккхазза а хьалха деш ма-хиллара. ТӀаккха и бакъ а вара. Делахь а, я Кипа а, я кхиболу мурдаш а Ӏийса схьалоцург хиларан сатуьйсаш бацара. Ӏийсас хӀун хила деза масийттазза аьлла доллушехь, царна Цо нийсса хӀинцца лаьттахь Шен пачхьалкх дӀахӀоттор ю моьттура (Век 1:6; Мат 16:21).

Дала вай сатуьйсуш дерг мел до, тешна хила атта ду. Амма Цо вайна сюрприз яхь, вайн ойла карчийла ду. Вайн дахарехь я гӀуллакхдарехь цхьа цӀаьххьана тӀекхаьчнарг хуьлу, тӀаккха вай вешан майраллах довлу. Сих-сиха вай баланаш хьегар а, лаьхкина лелор а, зераш а лан кийча хуьлу. Берашна санна, вешан доларчу сценарица рутини дахарца дехаш, вайна ваьшна бегӀийла хилар хаало. Амма вайн дегнаш зуьйш хуьлу, вай ваьшна луург схьа цаэцначу хенахь. Нагахь вай оцу зераша охьадахкахь, вайн дегнаш дазлой дӀахӀуьтту. Хила тарло, вай тешна долуш хеташ а хир ду, Дала вайна нийсса ваьшна дезаш дерг лучу хенахь а, дахар хьалхе дуьйна хьаьхна долчу а хенахь. Амма дерриг а кхечу тайпана хуьлуш хилча, вайн билггал бакъдолу бахьанаш дӀаделлало. Ӏийсас иштта гойту и хьал:

*Кхиберш тера бу тӀулгашна юккъе эгначу хӀух. Шайна Делан дош хезча, хазахетарца, сихонца схьалоцу цара и дош. Амма церан хила ма-беззара орам боцу дела, уьш кӀеззигчу ханна бен ца лаьт-*

*та. Ткъа и дош бахьана долуш, шайна тIе халонаш хIиттича, уьш сихха юхабовлу (Мрк 4:16-17).*

Билгалделаш, адамаша орам цахиларна зераш ца лов. Вай вешан орамаш муха хьалакхио деза те, цара вай ондда схьалацийтархьама? Стенна тIехь орамаш тесна хила деза вай? Эпасхошка 3:17-чу аятехь бохуш ду, доIа до ас, шу Цунах теша а тешаш, Дала леррина Къобалвинарг шун дегнаш чохь, цIахь санна, вахийтар доьхуш. Ас доIа до, шун безаман орамаш хилар а, безам тIехь шу чIагIделла хилар а доьхуш. Ма-дарра болчу безамо шениг ца лоьху. Орам боцу безам болчу адамийн кхин дIа а безам хуьлу, иза царна атта мел ду. Цара шаьш Дала леррина Къобалвинчуьнца жIарах дIа ца тоьхна, амма уьш Іийсана тIе баьхкина Цуьнан хIума лойла долу дела, ткъа Иза Мила ву хиларна тIера а доцуш!

Билггал бакъболу безам болчара, шайн Везарг а, Цунна тамехь дерг а бен ца лоьху. Безаман харц сатийсарш дац. Безамо ло. ТIаккха и бахьана, дахар сатуьйсучух къасталуш долчу хенахь, хьадаза дуьсу. Безам дог духуш ца хуьлу, цундела иза ийза ца ло.

Ийзадаларан а, кхераман а ницкъ бохорхьама оьшуш йолчу майраллин, юьхьиг Деле болчу безамера схьайолуш хила еза. «ХIунда аьлча Дала вайна кIиллоллин са хилийта ца делла Шен Са, ткъа вайн синан ницкъ хилийта а, безам зуьйш а, вай кхетаме хилийта а делла» (2 Ти 1:7). Ницкъ ийзадаларх кIелхьардовларна беза, амма иза ша-шех тоьаш бац. Ас хIинца аьлла ма-хиллара, суна даьтта хьаькхна, охьатаIоран хенахь, ийзадаларна кIел теIаш болу, нах байна.

Хьекъале кхетам, я цIена хилар, и а тоьаш дац. Дезачу Сино Кипина Іийса – Машахь хилар дIадиллина (Мат 16:13-18). Амма иза, Кипа дахар дIадала хьуьнар лочу, Делан безамах вуьзна волчу хенахь хилла. Вай цунах ларьцна тIаьхьабогIучу коьртехь дуьйцур ду.

# ЛААМ ХИЛАР ЦА ТОЬА

Ийзадаларна тӀехь толам баккха цхьаъ бен йоцу кеп – шен дахарх валар ю.

Дика ойланаш хилар тоьаш дац. Кипа, гӀуллакх ур-атталла валарна тӀедагӀахь а, ша муьтӀахь хилалург хилар гайта лууш вара. Делахь а цуьнан лааман ницкъ цу гӀуллакхна тоьаш ца нисбеллера. Даг чуьра кхерамо Устазе болчу безамна тӀехь толам баьккхира. Ӏийсас цу хаттарна тӀехь Ша денвеллачул тӀаьхьа болх бира.

Инжилан Яхьъяс дӀаяздинчу декъехь, 21-чу коьртехь, Ӏийсас мурдашна гучу а волий, Ӏуьйре ян чӀара а, бепиг а кечдо. ТӀаккха Цо кхузза хотту Кипе: «Везий те хьуна Со?» Хьалхара шозза олуш, Ӏийсас, безамехь леларан маьӀна долчу, «агапе» дешах пайда оьцу. Амма Кипас хӀоразза а грекахойн «филео» дешнашцa жоп лора. Цу дешан маьӀна синан схьаийна хиларца я безам хаабаларца доза тоьхна ду, тӀаккха цо лелар ца тардолуьйту.

Кипин дог доьхнера, Іийсас кхоазлагІа хьаьттича. Кху кхоазлагІчу аларехь, Іийсас «филео» дешах пайда оьцу. Кху хаттарехь Іийсас безаман маьІна леларна а доцуш, хаадаларшна тІегулдинера. Воха а воьхна, Кипас жоп делира: «Веза Эла, Хьуна дерриг хаьа. Хьуна хаьа, суна Хьо везий» (Яхьъя 21:17). Цуьнан дешнийн иштта маьІна дара: «Хьуна, суна Хьан хьокъехь хеташ дерг, хаьа».

Ма-дарра аьлча юьхьенца Іийсас хьаьттинера: «Везий те хьуна Со, хьайн дахар дІадаллал?» ХІара «агапе» дашца гайтина безаман сурт ду. Кипас цІена а, муьтІахьхиларе а, цуьнан безам эмоцин тІера хилар гойтуш, жоп лора. Дагадаийтийша, цо хІинцца Іийса дІатесна вара. Иза шен ледарлонах кхийтира.

Цуьнан деккъа хаадаларе безам хилар, шен дахар охьадиллархьама тоьаш дацара.

Эххар а Іийсас хьаьттира Кипе: «хаадаларе везий хьуна Со?» Іийсана, Кипа хІетахь кхоччуш вохийна а, «агапе» безамна хьунар долуш воцийла а, хаьара, цундела дира Цо иштта хаттар.

Хьалхара ши хаттар деш, Шен дагахь дерг хІун хилла, Кипа кхето лууш, Іийсас элира: «Бакъдерг боху Ас хьоьга, хьо къона волчу хенахь, айхьа-хьайн юкъ йоьхкий, хьайна луъучу метте воьдура хьо. Ткъа хьо къанвелча, хьайн куьйгаш дІа а кховдийна, кхечуьнга хьайн юкъ йоьхкуьйтур ю ахьа, хьуна ца луъучу а вуьгур ву хьо». Иштта элира Іийсас Кипе, цо мухачу Іожаллица Дела вазвийр ву дІахоуьйтуш. ТІаккха и аьлла, Іийсас кхин а тІетуьйхира: «Суна тІаьхьахІотта хьо» (Яхьъя 21:18-19).

Суна хетарехь, Іийсас Кипе кхуьнга герга дерг бохура: «Халха, хаадаларе безамца вехаш, хьо аьттонаш цахилар ловш вара, амма, хьо хьайн боккхачу кхерамна дуьхьал а кхетта, кхачамечу безаман ницкъаца толам боккхун долу, де тІедогІу». ХІара мур тІекхаччалц Кипин, адамийн хьунаро магош долччул безам бара, амма цу хьуьнаро юьхьІаьржачу хІоттийра иза. Іийсана тІаьхьахІоьттина леларехь, «агапе» безам болуш хила дезара. И безаман кеп адаман лаамца гучуйолуш яц, амма Дас Іанош ю вайн дегнаш чу (Рим 5:5). Делан «агапе» безам кхечуьнан дуьхьа бала ца кхоьру.

Іийсас Кипа иракарахІиттавора, цуьнга, важа юха а даьттадаккхаран прессана кІел нислахь, толам баьккхина аравер ву а бохуш. ТІаккха, ша хьалха шех бІоболарца чІагІо йинарг, кхочушдан хьуьнар долуш хир ву: Іийса дІа а ца тосуш, амма Цуьнан дуьхьа вала. Кхераран а, озаваларан а борзморзахах паргІатваларца, Кипа кхин стаг хилла дІахІуттур ву.

Дала иза вайн диканан дуьхьа деш ду. Вай ийзалучу хенахь, Цо чІагІдо вай. Цо, вай толам баьккхина арадовллалц, цкъа хилла ца Іаш, вай кхоьруш долчунна тІеІиттадалийта магор ду. Вешан долара ницкъ чекхбаларна тІекхаьчча, вай Цуьнан ницкъе кхойкхур ду. Цу ницкъехь вайн эшийла дац, безам цкъа а ца оьшу дела (1 Ко 13:8). Далла вай вешан ледарлонех дІадовда ца лаьа. Цунна, вай кхерамза царна дуьхьалкхета лаьа.

## Доьху ас, кІелхьарваккхийша со цу гІуллакхах!

ПахІална шен хьоста девзара. «Делера долу даккхий дІаделладаларш бахьана долуш со кура ца валийта, сан дегІах цхьа кІохцал дахийтинера: со хьийзорхьама, иблисан геланча ваийтинера» (2 Ко 12:7).

Кхузахь «малик» дешан пайда эцна бу. Суна схьахетарехь, кху аятан дагахь ду, иблисо ПахІална вон дархьама, дахийтина, зуламе малик ду. ЖамІехь, ПахІал миччанхьа веача а, халонаш хІуьттура. 2-гІачу Коринтхошка 11:24-27 яздина ду, ПахІал Іиттавеллачу, цхьаболчу бохамех лаьцна:

ЯхІудхоша пхоьазза шед йиттина суна, хІоразза а ткъе ткъайоьсназза а тухуш. Кхузза гІожмаш йиттина суна. Цкъа тІе тІулгаш кхиссина суна. Со тІехь а волуш, хІордкема кхузза дуьйхира, аса цхьа дей-буьйсий хІорда чохь а даьккхира. Мосуьйттазза араваьлла леларг хилла а лелла со. ТІедевллачу хишкахьара кхерамаш а хилла суна. Талорхошкахьара кхерамаш а хилла суна. Сайн тайпанах болчу нахехьара а кхерамаш хилла. Кхечу къаьмнашкарчу нахехьара кхерамаш беана. ГІалахь а, яьссачу аренгахь а, хІорда тІехь а кхерам болуш лелла со. Динан харцвежаршкахьара кхерамаш лайна аса. Иштта къахьоьгуш

а, болх беш а хилла со. Дукхазза а наб йоцуш а, меца волуш а, хьогах волуш а, кхача боцуш а, шело ловш а, тӀеюха бедар йоцуш а хан яьккхина аса.

Массанхьа а, кхайкхамаш бечохь, Инжилан тӀехула сихдинчу тӀаьхьабевлла леларна тӀеӀитталора ПахӀал. ЗӀенаша а, кхерамаша а сатуьйсура цуьнга хӀора гӀалахь. Цунна шед а еттара, гӀожмаш а еттара, тӀулгаш а деттара, талораш а дора, иза хикеманчуьра хин буха а ваханера иштта кхин дӀа а. Цу дерригенца а Далла тӀе вогӀура иза.

> *Везачу Эле кхузза дехнера аса, и кӀохцал сох дӀакъастаде аьлла (2 Ко 12:8).*

Кхетам боцуш цунна паргӀатвала лаьара цу дуьхьалонех а, тӀаьхьабевлла леларх а. Дала жоп деллера:

> *Тоьар ду хьуна Соьгара долу дика, хӀунда аьлча Сан ницкъ хьан гӀорасизаллехула кхоччуш гучу-боккху (2 Ко 12:9).*

Ма-дарра аьлча, Везачу Эло бохура: «ПахӀал, ма деха Соьга и хӀуманаш дӀадахар, амма хьо хьуо ларор воцчунна тӀехь Сан ниӀмато а, ницкъо а хьо хьалаваккхар дехар гӀолехь ду хьуна. Дуьхьалонаш йоцчохь, ПахӀал, цигахь ницкъ а ца оьшу. Толам къовсамехь бен баккхийла дац. Къовсам боккха мел бу, толам а боккха бу. Бакъволу салти къовсамех дӀа ца воду, амма царна тӀегӀерта».

ТӀом карзахбаьлла болуш, Деле вай цигара дӀадигар доьху хан яц. Цу хенахь вай Цуьнан ниӀматах лаьцна доӀа дан деза, ваьшна триумф яккхаярхьама. Вай вешан ницкъ тӀебахийтарца ца ларош долчу хӀуманна тӀеӀиттаделча, Делан сийлалла хуьлу. ТӀаккха Цуьнан ницкъ вайца хуьлу, и массарна гуш а хуьлу. Делан ниӀмато вайна тӀеӀитталучу муьллхачу кхерамна а, дуьхьалонашна а тӀехь толам боккху! Делан иштттачу тедарца иракарахӀиттаде шаьш:

*Амма Далла баркаллаш бохийла вай! Ша леррина Къобалвинчуьнгахула вайна тlехь толам а баьккхина, муьлххачу хенахь а вай толаман тобанехь лоьлуьйту Цо. Дала леррина Къобалвинарг вовзаран хаза хьожа вайгахула массанхьа а дlасаяржайо Цо (2 Ко 2:14).*

*Хастам бу Дала леррина къобалвинчу вайн Веза Эла волчу Іийсагахула вайна толам лучу Далла! (1 Ко 15:57).*

*Делан безамах хьан дохур ду вай: балано, я гаттено, я тlаьхьабевлла леларо, я мацалло, я дерзина хиларо, я кхерамо, я туьро? Яздина ма-хиллара: «Хьо бахьана долуш, хlора дийнахь тхо дайаран кхерамехь ду. Тхо дайа кечдина долу уьстагlий санна хета царна». Хlетте а, и дерриг а гlуллакххаш хуьллушехь, ваьш Дезначо вайга уггар боккха толам боккхуьйту (Рим 8:35-37).*

Даккхархо дуьхьало ярна тlе а Іотталой, цунна тlехь толам а боккхий, тlеман аренгахь толаман байракх аратосу! ПахІал и дІалаьцна вара, тlаккха цуьнан синтем бар сатийсарехьа бирзира. Цо яздора:

*Ткъа Везачу Эло соьга элира: «Тоьар ду хьуна Соьгара долу дика, хlунда аьлча Сан ницкъ хьан гlорасизаллехула кхоччуш гучубоккху». Суна чохь Дала леррина Къобалвинчун ницкъ хилийтархьама, сайн гlорасизаллех долу дозаллаш совдохур ду аса. Дала леррина Къобалвинчун дуьхьа иза хиларна, со реза ву сайн гlорасизаллина а, со дола хетарна а, халонашна а, суна тlаьхьабовларна а, цатемашна а, хlунда аьлча со гlорасиза волччу хенахь сан ницкъ а хуьлу (2 Ко 12:9-10).*

Билгалделаш цо хlун боху: «Со дог дикалле хуьлу». Мел сих-

сиха гойла хуьлу вайн гІело ярехь а, хьашташкахь а, лаьхкина лелорехь а, бохамашкахь а адамаш дог дикане хилар? Дала леррина Къобалвинчуьнца къайлаваьлла вехаш волчун бен (Гал 2:20), ишттачу хІуманех тамхилар схьаэцийла дац. Дала леррина Къобалвинарг хьалаайархьама вехаш волчун бен. ПахІална, Дала леррина Къобалвинарг сийлахьвина айина хиллалц, тІетевжина хилархьама, шен Делан диканна дегайовхо хуьлийла дуйла хаьара.

ПахІална Іийса шен доларчу дахарал дукха везара. Иза вала кийча вара, амма кхин а сов цунна Цуьнан дуьхьа ваха лаьара! Леррина хьовсалаш кху могІаршка Пилапхошка дахьийтарехь:

> *Сайн кІорггера болчу лааме а, сатийсаре а хьаьжжина, со цхьана а хІуманна тІехь юьхьІаьржачу хІуттур вац, амма сайн мел йолчу майраллица вистхуьлуш лелар ву Дала леррина Къобалвинарг, гуттара а санна, хІинца а соьгахула лакхавалийтархьама – со вехар велахь а, я лийр велахь а (Пил 1:20).*

ПахІална ша Дала леррина Къобалвинарг вахарца я валарца сийлахьвийриг хилар бен дацара. Ларамениг Дала леррина Къобалвинарг сийлахьвина хилар бен дацара. ПахІалан дагахь дерг цамгарх я гІора дарах валар дацара.

Іийсас уьш вайна тІера жІара тІехь дІадаьхьна. ЭгІазаллаша а, цамгарша а, сийлалле ца во Иза. Вай Іийса, цамгарх даларца сийлахьвийр ву бохучух тешар, вай къинан лоллехь даларо Іийса сийлахьвийр ву бохург санна, нийса дац. Иза а, важа а Цо жІара тІехь дІадаьхьна (Еш 53:4- 5). Забуран 102:2-3 боху: «Сан сино Веза Эла декъалвойла! Сан даго Цо мел дина дика диц а ма дойла! Ас мел хьерчийначу къиношна а геч ма до Цо. Сан мел йолчу цамгарех а то ма во Цо». Вайна гуш ма-хиллара, ПахІала цамгарех а, гІорасизаллех а лаьцна ца боху. Амма вайн терго иштта хила еза: «Веза Эла, бен дац муха, амма Хьо сийлахьвина хир ву, Хьайн долара некъ харжахьа, ткъа иблисана хІумма а кхочур дац!».

ПахІалан ша ца кхооран безамо, цхьа а озавалар чекхдалалур

доцу майралла кхоьллина. (Хьовсийша Пил 1:20!) Ша хIора гIалахь лаьллина лелорна а, кхерамаш тийсарна а тIеIитталур вуйла а хууш, ПахIал сихвелла вара. Иза адамех ца кхоьрура. ПахIала Эпасехь къаношца доькъура:

> *Ткъа хIинца Делан Синан лаамца Ярушалайме воьду со. Цигахь сайга хIун догIу а ца хаьа суна. Цхьа хIума хаьа суна, хIора гIалахь а Делан Сино олу соьга сан халонаш а, набахти а лан дезарх лаьцна (Век 20:22-23).*

Ма пайхамаралле дош ду! Тамаш бу-кх, дуккха берш хьалха гIертар барий те ишттачу дешана тIаьхьа? ХIан-хIа, царна цхьа-хIуъа а и саннарг хаза а луур дацара. Вайна массарна а диканиг хаза тамехь хета, амма Дала, сатийсар а, майралла а латторхьама, иштта халонех лаьцна а дIахьедо. ПахIала керла тIебирзинарш ишттачу дешнашца чIагIбора: «хIора гIалахь а Делан Сино олу соьга сан халонаш а, набахти а лан дезарх лаьцна» (Век 14:22).

Самукъане ду хаа, вай муха жоп лур дара те, ваьшка хIора дIадоьрзучу агIор тIаьхьабевлла лелар а, дуьхьалонаш яр а сатуьйсуш хиларан пайхамаралла кхаьчча. Делахь а, дера те, хIоразза а вайга Делера бакъдолу дош кхаьчча, иза тIедожжош цу тайпана хила деза, ала ца гIерта со.

Хало стенца ю аьлча, вайна деллачу дешнаша, дуккха долу адамаш нийса доцу хIуманаш леха меттахдоху. Уьш, адамаш бизнесехь я гIуллакхдарехь кхиамаш болуш муха хир ду а, церан дерриг а дика муха хир ду а бохучух лаьцна, тамехь долу дешнаш ду. Сих-сиха адамаш, Делан царна дойла долчун дуьхьа а бен, Иза леха а ца лоьху, Цунна гIуллакх а ца до. Церан безам, я дахарца а, я баларца а Иза сийлахьван хьашто йолуш бац. ПахIала уьйрах а, баланех а лаьцначу шайхалле дешана хIун жоп делла, тидам бейша:

*Амма сайн дахар цхьана а меха ца хета суна, Везачу Элера Іийсагара схьаэцна гІуллакх – нахана Делан боккхачу къинхетамах болу хаза кхаъ дІакхачор – кхочушдарца сайн дахаран некъ чекхбаьлчхьана (Век 20:24).*

ПахІалан майраллина долу догІа, иза шен дахаре цхьа хьомечу хІумане санна, хьоьжуш ца хилар ду. Иза иштта, цуьнан дахарна йолчу Делан Іалашонна, зерашца а, лаьллина лелорца а Іиттавалар юкъадогІуш хиларх, кхеттера. Цуьнан Іийсага болу безам, ша дахаре болчул а алсам бара. Шен дахарехь ПахІал, ша «шен вадар кхочушдар» цІе йоккхучу, къайленна тІе гІертара. Цуьнан маьІна, шен дахар охьа а диллина, Дала леррина Къобалвинчун дахар тІеэцар ду. Сих-сиха цу гІуллакхо, вай бегІийла дерг дІа а тоттий, бегІийла доцург тІеэцар тардолуьйту, - жІара.

## Шу тешна дуй, хІара инжил американски хиларх?

Суна хаьа, иштта ойла яр марздаларе малхбузехьарчу керсталлина догІуш дац. Иза дезткъалгІачу а, дезткъе итталгІачу а шерашкара вайн кхайкхамех а дахаран кепах а къасталуш ду. Со къера ву, цу гІуллакхна тІехула охьабегначарах хьалхарчарех цхьаъ, со вара. ТІаьхьарчу иттех шерашкахь, со деккъа, сайн деган ойланаш гучуйовлархьама, «даьттадаккхаран» хьелашкахь нисвелла. Кипина санна, сайн даьсса ваІданаш а, деган билггал бакъдолу хьал а гучу хенахь, суна халахетара. Цу дуккха а долчу хьелашкахь, со Везачу Эле кхойкхура, Цуьнга сайн дог хийцадалийтар а доьхуш. Со, суо чІагІвеш долчу зерашна тІера, баркалле хила Іемира (1 Ки 1:6-7) тІаккха со Дезачу Йозанийн кху меттигах къаьстташ кхетарна тІевеара:

Дала леррина Къобалвинчо Шен дегІана бина ницкъ лайна дела, аша а цунах тера долчу леларна кечам бан беза. ХІунда аьлча дегІана хуьлу ницкъ лайнарг, къинойх дІа а къаьстина, дуьнен чохь яккха йисина хан, дегІан лаамийн кара а ца воьдуш, Дала бохург деш йоккхуш хир ву (1 Ки 4-1-2).

Баланаш хьегарехула чекхдийларца, вай кхиъна девлла

дIахIуьтту. Ас хIинца баланаш хьегаран динан агIонах лаьцна, цамгарш я мискалла Далла хьалха шу хьакъ долуш хиларан тоьшалла дечуха тIеэцархьама ца боху. Иштта сан дагахь, бодане хиларна а, мунепакъалле леларна а тIера баланаш хьегар дац. Цунах Делан сийлалла тIе цакхета! Вайна тIеIитталуш долу баланаш хьегар, Дала леррина Къобалвинчо ловш ма-хиллара хила деза, - массо а хIуманна тIехь, амма къин доцуш (Iеб 4:15). Кипас гайтина долу баланаш хьегар, - иза, адам, цуьнан дилхано я гонаха долчу адамаша охьатеIочу хенахь, и Дала хьежош волчу некъаца ца вахийтархьама, тIеIитталуш долу дуьхьало яр ду. Цу муьрехь, нагахь вай Iийсан безамехь орам тесна чIагIделла дацахь, ийзадалар а, кхерар а гIоле хуьлийла ду.

Кипа санна, сайга дуьххьалдIа сайн дегIан са Цуьнан дуьхьа дIадалалур ду аладаллалц хилла а ца Iаш, амма со сайн доларчу дахарна а, лаамна а Iожалла тIеэца кийча хиллалц, Iийсана тIаьхьахIоьттина лела лаьа суна. И цхьаъ хуьлийла сийлалле хилла! Цунна тIе Цуьнан ниIматца бен тIекхочийла дац. Цо шен ниIмат муьтIахь болчарна ло (Якъ 4:6). Билггал цундела олийла дара ПахIалан тIаьхьабевлла лелачарна юьхьа-дуьхьал: «Со дог дикалле ву цаьрца». Хьовсийша, векало Яхьъяс иблис эшийначарех лаьцна хIун боху:

> *Вайн динан вежарша Iахаран цIийца а, шайн тоьшаллин дашца а иза эшийна. Шаьш делла дIадовллалц шайн са а ца кхоийна цара (Довз 12:11).*

Суна, Дезачу Йозанийн хIокху меттиган юх-юха а цитата ялош хилар хезнера. Амма юьззина йоцуш бен. Дукхахдолу адамаш тIех хьалха совцу: цара тIаьхьара дакъа охьадохуьйту.

ХIара дакъа вайн малхбузерчу культурехь гIарадаьлла дац. Амма вай цкъа а ийзадаларна тIехь толам боккхур бац, вешан дахаршка ур-атталла даллалц, болу безам дIатассалц. Нагахь вай вешан дахар дезаш делахь, иза кIелхьара муха даккха деза лоьхур ду. Делаца болу божарий а, зударий а, хIинца шуна билггал бакъдерг девза:

Ийзадалар эшо цхьаъ бен йоцу кеп, - шен дахарх валар ю. ХIара ешча, Деле кхайкха. Юха а ма довла, амма теша даьхьаш хила. Цуьнга шайн дог безамах дузар деха, - цкъа а соцуш боцчу, Цуьнан безамах. Шаьш тIеIитталуш йолчу дуьхьалонашна тIехь толам баккхархьама, Цуьнан ниIматах лаьцна деха. Халачу меттигашкахь нисдалийтаран озабезам бар деха Цуьнга. Цо лаьттахь кхочушдеш долчунна юккъехь хилийта, доIа де. Атта дахар ма деха. Иза сийлахь вен дерг дехар гIолехь ду.

## «Ткъа Цунах хIун хир ду?"

Iийсас Ша денвеллачул тIаьхьа мурдашна Iуьйранна юург кечъечу метте юхадоьрзур вай. Iуьйранна юург йиъначул тIаьхьа Iийсас Кипина декъалаллех лаьцна пайхамаралла ца дира. Мелхо а, Iийсан дешнаш сатийсар чулаьцна дара, Кипа шен боккха кхерам эша а бина, доларчу ницкъаца шен лаамашца кхин леларг ца хиларан. Iийсас Кипе аьллера, важа Iазапхо санна лийр ву, - Iийсана муьтIахьхиларна тIехула шен дахарх вер ву. Кипас ша хьалха ур-атталла дуьхьалкхета а ца лууш дерг схьадоккхур ду. Iийсана керла Кипа гора, иза хилла дIахIуттун верг. Цунна чекхбаьккхина болх гора.

Иштта, и мурд гина, Кипас элира Iийсага: «Веза Эла, ткъа кхунах хIун хир ду?» (Яхьъя 21:21). Кипа хIинца а ша кхечаьрца вустура. Ма-дарра аьлча цо бохура: «Нагахь со иштта долчух чекхвала везаш велахь, тIаккха иза а вала везий те?»

*Iийсас элира Кипе: «Нагахь Суна, Со юхаваллалц, иза дуьненахь виса лууш хилча, хьан хIун бала бу цуьнца? Хьо Суна тIаьхьахIотта» (Яхьъя 21:22).*

Кхечу тайпана аьлча, цуьнан маьIна дац. Хьуо кхечаьрца ма вуста. ДуьххьалдIа Суна тIаьхьахIоттий лела! Шайн дахарш а, гIуллакхдарш а кхечара бохучуьнца а, деш долчуьнца дустуш долу адамаш ма дукха а ду. Шуна ма ца лаьий ткъа шаьш нийса

йоцчу стандарташца дуста. Йоккха башхалла ю сантиметрна а, километрна а юкъахь. Вайн динан тобанашкахь дукхахболу нах шайна тамехь ма-хеттара беха, атта а, бегIийла а. Вай ваьш вовшашца дустучу хенахь, чIогIа хьоме а, (йовхонца а) гуш хуьлу. Иза харц бегIийла хилар а, иштта ала аьтто хилар а ду: «Со кхечарел оьшуш вац». Хьоьца дерриг а гIеххьа делахь, тIаккха соьца а дерриг а гIеххьа ду. Делахь а вайн цхьаъ бен стандарт яц, цхьа дустар бен дац. Вай эталон йина пайда ца оьцу я кхечу кхакхамчех а, я кхин динан тобанех а, я вежарех а, я йижарех а. Вайн эталон – Iийса ву! Цо-х ма ца аьлла Кипе Яхьъна тIаьхьахIотте гIо. Цо аьлла: «Суна тIаьхьа хIотта!».

Iийса воьдуш волу некъ, ша-шен дIатасаран некъ бара. Iийсана тIаьхьахIоттина дахарна деккъа нигат а, лаам а хилар тоьаш дац. Аша иза дан деза! ХIара меттиг еша:

> *ТIаккха, нах а, Шен мурдаш а тIе а кхайкхина, Цо элира цаьрга: «Соьца ван луург, шен „со“ бохург дIа а теттина, шен баланийн мохьа тIе а лаьцна, Суна тIаьхьахIотта веза. ХIунда аьлча шен са кIелхьардаккха лууш верг сих вер ву, амма Сан а, Делера болу хазачу кхоан а дуьхьа шен са дIалучо иза кIелхьардоккхур ду (Мрк 8:34-35).*

Гой шуна, нагахь шун лаам – дахар кIелхьардаккхар белахь, шу цуьнах девр ду, аьлла Цо! Ма дан а ду! Адамаш тIегIерташ долу хIума хила лаам, - ур-атталла иза шуна цкъа а хир дацахь а, - шун дахаран мах хир бу. Делахь а леррина хьовсалаш, Iийсас кхин дIа хIун боху:

> *ХIунда аьлча шен са кIелхьардаккха лууш верг сих вер ву, амма Сан а, Делера болу хазачу кхоан а дуьхьа шен са дIалучо иза кIелхьардоккхур ду (Мрк 8:35).*

Билгалделаш, Цо ца аьллера «Сан дуьхьа шен синах вала луун верг». Лаам хилар тоьаш дац! Кипина, ша Iийсана ямарт хиллачу хенахь, Цунна тIаьхьахIоьттина лела лаам бара цу

буьйсанна. Амма цуьнан бахьанаш шена тӀаьхьа я Делан безам а, я Делан ницкъ а болуш дацара. Цундела иза эшийна вара.

## Хьайн дог талла

Айхьа йоьшшушехь, хьайн ойланаш талла. Бакъволу мурд вуй те хьо Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан, я хьайн билламашна тӀехь бен Цунна тӀаьхьахӀотта лууш вац те? Шайн доза тоьхна хиларехь дуьсий те шу, шаьш ца кхоорна генахь а долуш? Цу доза тоьхна хиларо шу Ӏийсан некъех сецориг хилар, хила тарлой те, тӀаккха жамӀехь Делан Пачхьалкхана мегаш доцург а деш (хь. 2 Ко 13:5)?

Ӏийсана тӀаьхьахӀоьттина лела те я ма лела те, сацам бархьама, вайна цкъа хьалха мах хаа беза. ХӀаъ, и иштта ду. И некъ цхьа мах болуш бу. Цо шун дерриг а дахарал кӀезиг боцу мах балар тӀедуьллу. ЛадогӀийша, Ӏийсас Цунна тӀаьхьахӀиттина лела лууш йолчу тобанашна, и муха кхетадо.

Ӏийсаца йогӀуш адамийн йоккха тоба яра. Цо, юха а вирзина, элира цаьрга: «Стаг Суна тӀаьхьахӀоьттина схьаван а, Сан мурд хила а йиш йолуш вац, Со шен дел а, ненал а, зудчул а, берел а, вежарел а, йижарел а, ур-атталла дахарал а лараме хеташ иза вацахь. Шен баланийн мохьа схьаэцца реза а воцуш, Суна тӀаьхьавогӀург Сан мурд хила йиш йолуш вац. Масала, шух цхьаъ бӀов ян лууш ву. Охьа а хиъна, шен хин йолу харж лорур яц цо, гӀишло чекхъяккха ахча тоьар ду дац хьажа? Цо, бух а боьттина, дӀаерзо ницкъ а ца кхаьчна, гӀишло йолийначохь йитича, массо а и гуш верг воьлур ма ву цунах. Цара бохур дара: „ХӀокхо гӀишло йолийначохь чекх а ца яккхалуш йитира“, – бохуш... Делахь, шен долахь долчух дерригенах шух хӀора ца къастахь, Сан мурдаш хила йиш яц шун (Лак 14:25-30. 33).

Чекхваллалц ловш хиларан, и мах бу. Вай хӀинцца Довзийтинарг книги тӀехь дешна, шайн дахар ур-атталла баллалц ца дезначара, толам боккху, аьлла. Халахетарна, иза таханлерчу Америкин динан тобанан нийса сурт гайтар дац.

Соьга, Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинарш, божарий а, зударий а,

хIинца а шайн долара дахарш долуш хиларан, дукхха а масалш далалур дара. Со динан тобанан Iуналхо волчу хенахь, цхьа къона зуда арз дохьуш еанера суна тIе: «Iуналхо Джон, сан сайх лаьцна ирча сурт хIоттар ду. Суна сайх лаьцна аса гIоле ойла ярна тIера доIа дахьара ахь».

Ас цуьнга а хьаьжна, элира: «Иза ю и хьан хало!».

Иза кхетамах яьллера. Къона зуда чаккхенгахь доIа а долуш, еххачу консультацина кечам беш яра. Цо со кIеда-мерза а, тамехь а волу стаг хиларе сатуьйсура, цунна ша гIолехь хилар хаадалийтархьама. Сан жоьпо Iадийнера иза. Амма иштта ду вайна гонахара кIелхьардоху билггал бакъдерг: халонех лаьцна а ца бохуш, амма церан орамех дерг цхьалха а дохуш.

Ас цуьнга хаттар дира: «Мичахь карадо хьуна Делан Йозанаш тIехь ша-шен ларамах а, шен дика терго ярх а лаьцна хьахор? Iийсас, Цунна тIаьхьахIоьттина лелархьама, хьан вала деза аьлла! Шуна цкъа-мацца а велларг, кошахь охьа а хиъна, иштта бохуш волу: «ХIей! Со кху агрегат чу стенна воьллина аша? Суна иза тамехь дац! Сан месаш ехк хьаькхна иштта дIа стенна нисйина? Адамашна хIун моьттур ду?»

Со цунна, ша-шен ларар а, шега дика терго яр а Делан Йозанашкара ца хилар гайта лууш вара. Iийсага безам хиларна а, Цунна тIаьхьахIоьттина леларна а, ша-шега дика терго яр эшшане а ца оьшу. Иза цкъачунна долчуьнга хьежара, ткъа абаденна долчуьнга а доцуш.

Вай ваьш дика хетачу хенахь, ваьшна айадалар хилча я дерриг а вайна ма-хеттара дIадоьдуш хилча бен, Далла гIуллакх ца деш Iан мегар дац. Вай цу кепара лелаш долчу адамийн «сезонан доттагIий», аьлла, цIе йоккхур яра. «Сезонни Iийсана тIаьхьахIиттинарш» а хуьлу. Уьш хьекъале бац. ТIаьххьарчу хьесапехь, церан, царна сурт ца хIотталуш долчунна тIеIиттадала дезар ду. Иза, уьш Делаца болчу муьлххачу хенахь нислойла ду. Нагахь уьш кечбелла бацахь, уьш карагIур бу. Уьш динан тобанан цIийне лелийла а ду, догIучу рицкъах иттолгIа дакъа Далла дIалуш хуьлийла а ду, цара сагIина хIума лойла а ду, кхечу меттанашкахь

хабар дуьйцийла а ду, нийса хӀуманаш бохийла а ду, амма шайн дегнаш чохь уьш Далла тӀаьхьахӀиттина баха ца туьгу. Деле болчу безамна доза ца девза. Нагахь вай баккъал а Цуьнца делахь, дерриге а вешан доза тоьхна хиларш дӀадаха деза.

## Хийцавелла стаг

Вайна Кипа Векалийн гӀуллакххаш книги тӀехь гучу хенахь, тешаме хиларна чӀагӀо йина хилла волу иза, ялхо йолчу зудчунна хьалха Дала леррина Къобалвинарг дӀатесна волу, изза стаг хиларх, теша хала ду. Деза Са тӀе а доьссина, цо ерриге Ярушалайманa хьалха майрра а, кхерар доцуш а, Ӏийса Веза Эла а, Машахь а хилар дӀакхайкхийра. Иза схьа а лаьцна, Ӏийса жӀарах дӀатоьхна болчу, хьаькамашна а, баьччанашна а тӀе валийнера. ХӀинца иза церан ялхошна а доцуш, амма Ӏийсана кхел йинчу, оццу советана хьалха лаьтташ вара. Цо цаьрга а хьаьжна, йоккхачу майраллица дӀахьедира: «Аша Машахь волу Дала леррина къобалвинарг жӀарах дӀатоьхна, тӀаккха Цуьнгахула бен, кхин кӀелхьардовлийла дац» (хь. Век 4:8-12).

Кипин а, Яхьъян а майралло синедрион цецъяьккхинера, тӀаккха цаьрга Дала деш долчунна дуьхьал цхьа а хӀума ца аладелира. И нах контроль яран профессорш бара. Цундела уьш кхерамаш тийсарна тӀебаьхкинера.

Вовшашлахь цара бохура:

> *«Амма хиллачух лаьцна хабар нахана юкъахь ца даржийта, вай дехка деза царна Ӏийсан цӀарах хьехам бар» (Век 4:17).*

Дагадаийтийлаш, оцу баьччанаша хӀинцца Ӏийса жӀара тӀе дӀатоьхнера. Ткъа Ӏийсас хӀинца Кипе, иза Ӏийса велла ма-хиллара, лийр ву, аьлла дара. ТӀаккха иза дуьххьалдӀа кхерам тийсар дацар. Амма ур-атталла хила тарлуш йолчу Ӏожаллин юьхьа-дуьхьал, Кипас а, Яхьъяс а майрра чӀагӀдора: «Ойла ейша шаьш а, нийса дуй Далла хьалха, Делал хьалха шуьга ладогӀар? Цундела тхайна гинарг а, хезнарг а ца дуьйцуш тхо Ӏалур дац» (Век 4:19-20).

Нагахь Яхьъя ца лаьрча, Кипа цхьаъ лаьтташ вара синедрионна хьалха. Цхьа а Iаткъам бан безаш я карзахваха везаш вацара. Амма хIинца цуьнан кхин тайпана майралла яра. Иза цуьнан Iийсага болчу безамо юзош яра. Кипа а, Яхьъя а дIахийцира, тIаккха и шиъ мурдех дIакхийтира, шаьш тIеIиттаделлачу хиллачух а, кхерамаш тийсарх а царна хаам а беш. ТIаккха хьовсийша, хIун доьху цу къоначара Деле:

*ХIинца а, Веза Эла, хьажахьа цара туьйсучу кхераме. Тхуна, Хьайн ялхошна, ницкъ лохьа ерриге а майраллица Хьан дош кхайкхо, ткъа Ахьа Хьайн Везачу Ялхочун Iийсан цIарах дарба дан а, тамашийна хIуманаш а, инзаре гIуллакхаш а гайта а кховдадо Хьайн куьг (Век 4:29-30).*

Оцу наха, шаьш халонашка далийначу адамаша чул кхин а дукхачу хIуманех лаьцна доьхура Деле. Царна Инжил кхайкхоро церан дахарш кхераме дохкийла хаьара. Амма цара кхин дIа а кхайкхамаш бора, тIаккха Дела Шен сийлахьчу тамашийначу хIуманашца тешаме а вара. Цара ийзадаларна а, кхерарна а тIехула Делан похIма ца лелаш диса ца магийра. Наха шайн цомгуш берш маьнгешна а, гоьнашна а тIехь урамашка арабохура, тIехволучу Кипин IиндагI мукъана а царна тIедожийта (Век 5:15).

Коьртачу динан дайша а, синедрионо а шайн кхерамаш тийсар кхочушдира. Мурдаш схьа а лецна, набахти чу кхиссинера. Коьртачу динан дас бохура: «Оха шуна чIогIа дихкинера, цу стеган цIарца ма хьеха аьлла, амма аша шайн хьехам ерриге а Ярушалаймехь дIасабаржийна. Цул сов, цу стеган цIий тхох хьарчадо аша» (Век 5:28).

ТIаккха юха а Кипас майрра жоп делира:

*Наханачул а сов Далла муьтIахь хила деза тхо! Амма дечигах хьала а оьллина, аша вийна волу Iийса, вайн дайн Дала веллачуьра денвина. Амма Дала Иза, Эла а, кIелхьардохург а вина, Шен аьт-*

> *ту куьйга айира, Исраилан халкъ, дохко а даьлла, Далла тӀедерзийтархьама а, цу халкъана гечдархьама а. Тхо тешаш ду оцу дерригенна а. Ша бохург деш волчунна Дала делла Деза Са а ду оцунна теш (Деян 5:29-32).*

Ма майра хилар а ду! Мурдаш ийза ца белира. Кипа хӀинца шен дахар кӀелхьардаккхар лоьхуш вацара. Иза ша-шен везарх маьрша а, Делан Дезачу Синах вуьзна а вара. Делан безамо цуьнан дог дузура. Римхошка 5:5 яздина ма-хиллара, «Ша вайна деллачу Шен Синца вайн дегнаш чу Дала Шен безам Ӏанийна».

Гуш ду, Дезачу Сино вайн дагчу Делан безам бохьу. Амма иштта Кипин масалера, Деза Са муьтӀахь болчарна луш хилар го. МуьтӀахьхилар а доцуш, безам хила лууш болу, Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинарш а бу дуккха а.

Меттанашкахь хабар дийцаро, Делан безам хьан даг чохь хиларан гаранти ца ло. Дезачу Синах вузар – иза цкъа хилла ца Ӏа сагатдар ду. ТӀаккха цу тӀе, хьуна Деза Йозанаш мел дика хаьа а, ахь кхечу меттанашкахь хабар мел дика дуьйцу а, бен дац. Нагахь хьо Далла хьалха муьтӀахьхиларе дахарца вехаш вацахь, хьан безам шеллур бу. ХӀора лацадогӀарца и безам лахлур бу!

Ӏийсас аьлла, тӀаьхьарчу денойн билгало, зен-зулам совдалар бахьана долуш, дукхахболчеран безам лахбалар хир ду (Мат 24:12). Ӏийсан дагахь болу безам, - «агапе» безам бу. Ӏийса тӀеэцначеран бен бац и безам. Синан даггара безаман тоам цахилар а долуш, Синах вуьзна хуьлийла ду!

Кипин а, Яхьъян а ладугӀуш хиларо царна йоккха майралла а еллера, уьш сийлахьчу безамах а буьзнера.

Цо бохучуьнга ладуьйгӀира цара. Векалш, чу а кхайкхина, царна етта а йиттина, Ӏийсан цӀарах лаьцна кхин дийцар дехка а дихкина, дӀахийцира цара. Векалш кхеташонера арабевлира, Ӏийсан дуьхьа шаьш сийсазбан хьакъ хиларна баккхий а беш (Век 5:40-41).

Кипа а, Яхьъя а оза цавелира хьаькамашна хьалха. Мелхо

а, уьш баккхийберах буьзна бара. ХӀорш хӀинца кхоччуш кхин мурдаш бара, Гатшаманерчу бешахь хиллачул кхоччуш кхин. Уьш баккхийбера, шаьш сий хила хьакъ долуш дарна, царна шайн безам а, тешаме хилар а гайта шанс елла хиларна. Кипин безам хӀинца дуьххьалдӀа эмоцийн бацара, иза ерриг а цуьнан юьхьшаллехь гуш бара.

«Foxe’s Christian Martyrs of the Word» (тешаран Ӏазапхойх хаам чулаьцна арахецар – гочдархочун билгало) хаам бо, Ӏийсас хьехна ма-хиллара, Кипа Ӏазапе хьийзийна вара. Бохуш ду, Кипа жӀара тӀе дӀатоха везачу хенахь, цо аьлла: «Со, Сан Веза Эла велча санна, вала хьакъ долуш вац». Цундела цара иза когаш ирх болуш дӀатоьхнера жӀара тӀе! Кипас хӀара дуьне толамбаккхархо волуш дитира. Аллилуйя!

# ДЕЛАХ КХЕРАР АДАМЕХ КХЕРАРНА ДУЬХЬАЛ

Аша, шаьш кхоьручунна гӀуллакх дийр ду.

Вай хӀинццалц ешна а, Ӏамийна а хиллачо, ийзадаларца къийсамехь сацам бечу муьрана тӀедаладо вай. Иза, вай кхерамаш тийсарна тӀеӀитталучу хенахь лараме хилла ца Ӏа, амма дахаран муьлххачу агӀонна а ду! Ас хӀинца Везачу Элах кхерарх лаьцна боху.

Динан тоба, Везачу Элах кхерар бохург хӀун ду, ца кхета. ТӀаккха иза чӀогӀа халахетаре а ду, иза толамбаккхаре керстанийн дахаран маьӀне дакъа долу дела. ЕшаӀ-ЯхӀус Ӏийсах лаьцна дуьхь-дуьхьал бохура: «Веза Эла ларар цунна тамехь хир ду» (Ингалс Делан Йозанашкахь - «Везачу Элах кхерарехь там карош хир ву». – гочдархочун билгало) (Еш 11:3). Цуьнан там хилар вайн а хила деза!

Нагахь санна стаг Везачу Элах кхоьруш велахь, адамо харжа

беза некъ гойтур бу Цо (Заб 25:12). Ишттачу стага «диканца шен хан а йоккхур ю, цуьнан тIаьхьенна латта а кхочур ду» (Заб 25:13).

Аьлла ду, Везачу Эле ларамах вуьзна хилар – иза хьекъалаллин юьхь ю, ткъа Веза Дела вовзар – иза кхетам бу (Киц 9:10; 1:7; 2:5). Везачу Эле ларамах вуьзна хиларо стеган денош дахдо (Киц 10:27). Везачу Эле ларамах вуьзна хиларо стеган денош дахдо (Iеб 12:14; 2 Ко 7:1). ХIара, Делан Йозанаша Везачу Элах кхоьруш хиларх лаьцна бохучун, масала бен дац.

Вай ийзадаларх паргIате муха лела дезаран цхьаъ бен йоцу кеп, Везачу Элах кхерарехь лелар ю. Делан Йозанашкахь аьлла ду: «Везачу Эле ларамах вуьзна хиларо чIогIа маршо ло» (Киц 14:26). Тешнахиларо, вайна, адамийн а доцуш, ткъа Делан некъашца лелархьама, оьшуш йолу майралла кхуллу. Делах кхерар адамех кхерарх къаьсташ дерг толлур вай.

## Делах кхерар адамех кхерарх къастор

Цкъа-делахь, Делах кхерар хIун ду? Иза дуьххьалдIа Цуьнан ларам барал сов хIума ду. Делах кхераран маьIна ду, Цунна Иза хьакъдолуш волу, сийдаран а, лерам баран а, баркалле хиларан а, хастамаш баран а, сов хиларан а меттиг ялар. (Билгалделаш, Иза вайна моьттучун хьакъ долуш вац). Дала вайн дахаршкахь, вай Цуьнан ларам бечу хенахь, ткъа Цуьнан лаам вайн лаамна тIехула болчу хенахь, йолу агIо дIалоцу. Вай Цунна ца дезарг ца дезаш, Цунна дезаш дерг, дезаш хила деза, Иза волчохь а, Цуьнан дешана хьалха а дегош хила деза.

ШолгIа-делахь, адамех кхерар бохург хIун ду хьовсур вай. Адамех кхерар – иза сингаттамехь а, синтем барехь а, кхерамехь а, шеконехь а, валар долчу стагана хьалха дегорехь а дахар ду. Цу тайпаначу кхерамо дихкина долу вай, лазамах а, дуьхьалдеттарх а лечкъаш, уьдуш леларехь дехар ду. Вай ваьш лардан гIерташ а, адамашна гIуллакх деш а, иштта мукъа доцуш хилла дIахIуьтту, ткъа иза Далла гIуллакх дарехь эффект йолуш хуьлийла дац. Адамаша ваьшна ден долчух кхерарца, вайн Далла, Иза хьакъ долуш дерг, далалур дац.

Делан Йозанашкахь бохху: «Адамех кхерар – стагана хIоттийна гур бу» (Киц 29:25). Гур – иза схьалоцу гIирс бу.

Адамех кхерараро шуьгара Дала делла долу олалла лачкъадо. Цуьнан похIма цалелаш дуьсу. Шу цхьа нийса хIума дан шаьш гIорасиза хеташ хуьлу, Делан бакъонаш лелаш йоцу дела. ЕшаI-ЯхIун 51:7-13-чу аятехь вай лардолуьйту: «ЛадогIа Соьга, бакъдерг девзаш дерш, Сан товрат-хьехам шайн дегнашкахь болу халкъ. Наха шайна кхиссарш ярх ма кхера, уьш шайх кхардарх а ма къахка... Хьо хIунда кхоьру лийр волчу стагах, буц санна телхачу адамийн кIантах? Хьуна хIунда вицло хьо кхоьллина волу а, стигалш дIасаяржийна волу а, лаьттан баххаш дIахIиттийна волу а Веза Эла?».

Вай кхардамах кIелхьардовлархьама, адамашна там бечу хенахь, вай Дела вицво. Вай Цунна гIуллакхдар дуьту.

> *«Нагахь аса адамашна хьалха со дика хетар хIинца а лехахьара, Дала леррина Къобалвинчун гIуллакх деш верг хир вацара со» (Гал 1:10).*

Аша шаьш кхоьручарна гIуллакх а дийр ду, муьтIахь а хир ду! Нагахь адамах кхерахь, цунна гIуллакх дийр ду. Нагахь Делах кхерахь, Цунна гIуллакх дийр ду. Шун Делах кхерийла дац, нагахь шу адамах кхоьруш делахь, хIунда аьлча шина элан ялхо хила йиш яц (Мат 6:24)! Вукху агIор, шу адамах кхоьрур дац, нагахь Делах кхерахь!

## Керлачу весетан тешарш Делах кхера безий те?

Везачу Элах кхерар – иза ширачу весетан елла доктрина яц. Иза дахаран некъ бу. Нагахь шу Дела везаш делахь, шу Цунах цхьаннах бен кхоьруш хир дац. Делах кхерараро дерриге а кIезиг долу кхерарш дIакхоллур ду.

Суна халахета, адамаша Делах лаьцна, Иза церан хьадалча волу кIант волчуха, дуьйцучу хенахь. Делах лаьцна цу кепара бохуш волчу стагана, Веза Эла ма-дарра ца вевза. Ур-атталла Iийсан юххерачу мурдаша а Цунах Веза Эла а, Устаз а цIе

йоккхура (Яхьъя 20:28). Вай Везачу Элаца эвхьаза лелча, вай Цуьнан хила езачу меттиган сурт хIоттор дойу.

Цу тайпаначу тергоно вай ларам цабиийраш хилла дIахIуьттучу тIедалор ду. Иза динан тобанехь а, «тешачийн» юьхьша дахарехь а гуш ду. Цара шайх тешаш дерш олу, амма церан дахаран агIоно стенах лаьцна тоьшалла до? Сих-сиха суна новкъадогIу, адамаш динан тобанехь муха лела хьоьжучу хенахь. ГIуллакхдар дIадолададалале хьалха, цара чу а бовдий, меттигаш схьалецархьама, вовший дIаса тоьтту, тIаккха цхьа-кхиниг царел хьалхаваьллехь, оьгIазъоьху. ГIуллакхдар дIадоьдучу хенахь, цара чIогIа хабар а дуьйцу, гIовгIа а йо. Нагахь шайна хезаш дерг тIех дахделлехь, я царна и тамехь ца хетахь, а гIовттий, дIабоьлху.

Динан тобанийн Iуналхошка ларам цахилар гаро синтем бойу. Делан ялхойх лаьцна, газеташкахь политикашах лаьцна боххучу кепехь дуьйцу. Хила тарло, дуккха болчу динан гIуллакхдархойн леларо политикийн лелар дагадоуьйту, Делан божарел, амма хIетте а, уьш – Делан ялхой бу, тIаккха Цо Ша кхел йийр ю церан. Вай Делах кхоьруш хилча, вай Цуьнан цIийнан а, Цо дIахIиттийначу ялхойн а ларам бийр бу. Дауда Делан даьтта хьаькхна волчу паччахьна Шаулна тIе куьг ца айира, ур-атталла Шаула Везачу Элан везткъе пхиъ динан да вийначул тIаьхьа а (Шам 22:11-23). Дауд Делах кхоьрура! Суна, дуккха болчу тешачара ладугIуш дерг а, хьоьжуш дерг а, йоьшуш ерг а гуш, халахета. Цхьаболчу доьзалшкахь, суна схьахетарехь, уьш муха беха а, адамаш муха деха а юкъахь, цхьа а тайпана башхалла яц. Шайн дIанисделла а, гIеххьа а, тIеэцна а хила гIертарехь, царна адамаша «гIеххьа» олуш дерг, Дала «гIеххьа» ца олуш хилар диццдина. Нагахь шу билггал бакъволу Дела везвш в, Цунах цхьаннах кхоьруш а делахь, шу шаьш хьовсийна долччу дахарца дехар ду, ткъа адамийн дахарца а доцуш. Кипас дIахьедо:

*Мелхо а, шаьш а цIена хила, шайн лелар а цIена хилийта, шаьш ТIекхайкхинарг цIена ма-хиллара. Делан Йозанаш тIехь аьлла ма ду: «ЦIена хила-*

*лаш, хӀунда аьлча Со а цӀена ву». Нагахь хӀораннах а озабезам ца беш, цо диначуьнга хьаьжжина кхел еш Волчух аша Дада олуш хилча, шаьш дуьнен чу даьхкина хьеший хилла йолу хан сийлаллин кхерам дагахь а болуш яккха (1 Ки 1:15-17).*

Делах кхерар – хьарамлонах сецош долу, сийлахь бахьана ду.

## Кхоьрий те динан тоба?

Векалийн гӀуллакххаш книгин 2-чу коьртехь мурдаш Дезачу Синах а буьзна, кхечу меттанашкахь хабар а дуьйцуш, пайхамараллаш дан буьйлабелла. Уьш оццул тӀехбуьзна хиларна, бехха болуш санна, лелара. И керла тешарш бийларх а, баккхийберах а тӀехбуьзна бара. Дала чӀагӀбеш а, карлабохуш а бара уьш. Цунна и деш тамехь хета. Иза, боданехь тамхилар карош волу, цхьа бекхам баре Дела вац. Цо безамах а, къинхетамах а, бакъахьараллах а, машарх а, воккхаверах а марзо оьцу.

ТӀаьхьарчу масех дийнахь мурдашна кӀелхьардевлла дуккха адамаш гира. Делахь а цу керла тӀебирзинчарех цхьаберш Везачу Элна тӀе декъалаллина тӀехула баьхкинера, ткъа Иза волуш волчунна тӀехула а доцуш. ТӀаьхь-тӀаьхьа уьш Везачу Элаца тӀех эвхьаза хилла дӀахӀиттира. Цу эвхьазалло уьш Делан хӀуманашка цхьа гуттара санна долчу хӀуманан терго еш дӀахӀиттарна тӀебалийнера. Уьш И волчохь а, Цуьнан дешана хьалха а бега ца бора. Вайна иза Векалийн гӀуллакххийн книгин 5-чу коьртехь го.

Майрачо а, зудчо а шаьш доьхкинчу лаьттана тӀера баьллачу мехах сагӀина хӀума деанера. Иза дӀадоьхкинчух берриг мах бацара. Амма царна кхечу тешачеран бӀаьргаш чохь гӀолехь йолчу кепехь гуш хила лаьара. Цара гуш дерг билггал бакъ долчул алсам лорура, тӀаккха уьш Делах чул, адамех алсам кхоьрура. Цара сагӀа деанера, (дукхах болчара церан дешнаш «кӀайн харцо», аьлла мах хӀоттор бара), уьш харц а лийна, белла охьабегнера.

Уьш Делан сийлалла йолчохь харцлерна беллера. Суна хаьа, тlаккха иза шуна а хууш хиларх тешна ву, вайн деношкахь кхайкхамчаш болчохь, изза деш долу адамаш хуьлу, амма уьш белла охьа ца бега. Хlунда?

Суна схьахетарехь, Векалийн гlуллакхийн книга йолчу хенахь, Дела цигахь хилар нуьцкъало хилла, тахана долчул. Масала, Векалийн гlуллакхийн книги тlехь яздина ду, сихха и хилам хиллачул тlаьхьа, Кипа Ярушалайман урамашкахула лелара, тlаккха цомгушнаш цуьнан lиндагlах хьакхабелча а толора (Век 5:15).

Иштта lаламаташ вайн деношкахь ца го.

Со, Цуьнан юххехь хилар а, сийлалла а алсамдаьлча, Векалийн гlуллакхийн книгин 5-чу коьрта тlехь язбиначарех терра хиламаш хирг хиларх теша. И адамаш делла охьадегначул тlаьхьа хlун хилира, хьовсийша.

*lийсах тешначийн ерриг тоба а, и хилларг хезнарш а кхерамо бахьийнера (Век 5:11).*

Кlорггера кхерам а, Везачу Эле болу лерам а меттахlиттийна бара. Адамаш, шаьш Дела юххехь хиларан а, даьтта хьакхаран а хьокъехь долчун ойла хийца езарх, кхийтира. Дагахьлаттаделаш, Дала аьлла:

*Суна уллохь болчара Со Веза хилар лара деза, ткъа дерриг а халкъана хьалха Сан сийлалла къобалдан деза (lам 10:3).*

## Дела вистцахуьлучу хенахь, вайн дегнаш дерзина довлу

Дала Шен сийлалла сецадо, вай зерхьама а, кечдархьама а. Леларий те вай хьакъ долуш, ур-атталла Цуьнан уллохь хилар гучу ца далахь а. Чlогlа сих-сиха вайн заманан динан тоба Исраилан бераш санна лела. Ма-дарра аьлча, Пахlала аьлла, церан зедалар вайна масална гайтина дара (1 Ко 10:6).

Исраилхой баккхийбера, Дала уьш декъал а беш, царна Iаламаташ гойтучу хенахь. Дала ЦIен хIорд бекъа а беккъа, уьш цунах декъачу лаьтта тIехула чекх а баьхна, тIаккха церан мостагIий дIахьулбинчу хенахь, уьш эшарш а лоькхуш, хелха а буьйлуш, толам баккхарх маьхьарий бетташ бара (Ара 15:1-21). Делахь а, масех де дIадаьлча, Делан онда ницкъ иштта гуш а боцуш, юург а, молург а чекхъяла гергаяхча, исраилхой Делана латкъа буьйлабелира (Ара 15:22).

Кхин а тIаьхьа Мусас халкъ Синай лам тIе далийнера, иза Далла лерина дархьама. Дела дерриг а халкъана хьалха лам тIе охьавоьссинера. Иза цхьа къаьсттина дерг дара: стигала къекъарца а, ткъес деттарца а, лома тIехь юькъа мархица а долу. ТIаккха Мусас халкъ меттаматтера Далла дуьхьал арадаьккхира, амма «меттамотт болчохь долу адам чIогIа кхераделира» (Ара 19:16). Уьш Iадорехь юхабевлира, - Делах кхерарехь а доцуш, амма шайн доларчу дахаршна тIера кхерарна. Дела охьавоьссича, царна Деланал а шайн дахарш алсам дезаш хилар гучуделира.

Цара Мусага элира: «Ахь дийца тхоьца, оха ладугIур ду, амма Дала тхоьца къамел ма дойла, тхо ца далийтархьама». Мусас халкъе элира: «Кхера ма кхера. Дела шу зен а, Шега болчу ларамах шу дуьзна а долуш, шуьга къа ца латадайта а веана ву» (Ара 20:19-20).

Билгалделаш, Делах кхераро вайна къинна тIехь ницкъ ло. Кицанашкахь 16:6 боху: «Везачу Эле ларамах вуьзна хилар бахьана долуш стаг вонах генаволу».

Цу юккъехула Арадаккхарехь 20:21 хиламаш кхин дIа хьалакхуьу: «Халкъ геннахь лаьтташ дара, ткъа Муса Дела чохь волчу юькъачу мархина гергавеара». Мусас Деле халкъо бохург а, иза муха кхераделла а дийцира. Дала жоп делира: «Везачу Элана дIахезира шун дешнаш, соьга къамел деш аша аьлла долу. Цо соьга иштта элира: „Суна хезира хIокху халкъо хьоьга аьлларг. Цара мел аьлларг дика ду. ЭхI-хIай, Соьга ларамах дуьзна а хилла, дерриге а Сан весеташ кхочушдан даим церан

дегнаш делахьара, шайна а, шайн берашна а гуттаренна диканиг хилийтархьама!» (Кар 5:28-29).

Хьовсийша, адамаш юхадевллера, Муса Далла герга гӀертачу хенахь. Кхузахь Мусана а, Исраилна а юкъара башхалла гуш ю. Муса Делах кхоьруру, цундела майрра вара. Адамаш Делах ца кхоьрура, цундела уьш кхерамах дуьзна дара. Делах кхераро шу Дела волчу тӀеийзадо, ткъа Цунах дӀа а ца тоьттуш. Делахь а адамийн кхераро шу Далла а, Цуьнан сийлаллах а генадовла меттахдоху.

Вай адамашна хьалха кхерамо дӀалаьцна хилча, вайна адамаш долчохь бегӀийла хета, ткъа Дела волчохь а доцуш. Ур-атталла динан тобанехь а! Цуьнан бахьана стенца ду аьлча, Делан уллохь хиларо вайн дегнаш дӀа а доьллу, Ӏорадаккхар а дохьу.

## Синай а боцуш, Цийон-лам бу

Делах кхерар керлачу весетан долуш дерг хиларх тешалла дархьама, вай Ӏебархошка дахьийтаран цхьана метте хьовсур ду: Шу герга ца даьхкина куьг Ӏоттал уллохь болчу а, цӀе летта богучу а ламанна а, Ӏаьржачу боданна а, чӀогӀачу махана а, локхучу маӀан озана а, деш долчу къамелана а. И къамел хезачара дехарш дора, кхин шайга дош ма алахьара бохуш. ХӀунда аьлча цаьрга лан ца лора шайна тӀедожош дерг... Амма шу тӀедахана Цийон-ламанна (Ӏеб 12:18-22).

Цкъа-делахь, вайна Синай лам тӀехь хӀун хилла дагадоуьйту. ТӀаккха вайна, ваьш улло даханчу а, Цийон цӀе йолчу а ломах лаьцна дуьйцу. Хьалха Дала лаьттахь Синай лома тӀехь хабар дуьйцура. Ткъа хӀинца, оццу Дала стигалашкара керлачу, Цийон лома тӀера боху.

> *Хьовсалаш, къамел Дечуьнгахьара дӀа ма дерзалаш. Нагахь, Лаьтта тӀехь къамел дечуьнга ла а доьгӀна, уьш а кӀелхьара ца бевллехь, вай муххале а кӀелхьардевр дац, стигалара къамел Дечуьнгахьара дӀадерзахь (Ӏеб 12:25).*

Тидам белаш «муххале а» бохучу дешнийн! Вайна, ваьш ла а цадугІуш, Делан озе а ла цадоьгІча, кхел кхин а луьра ю. Керлачу весетехь вайна делла долу ниІмат, - ваьшна ма-луъу дахархьама делла дац. Исраилхой Цуьнан озана тІаьхьа стенна ца хІиттира? Уьш Делах ца кхоьрура. Дагахь латтаделаш хІара, шаьш йошшушехь, тІаккха шуна къаьстташ гур ду, керлачу весетехь адамаша оцщу бахьанина ла цадугІу:

> *Цундела вай, егалур йоцу пачхьалкх тІеоьцу ерш, Далла баркалла олуш хила деза. Баркалла а долуш, Цунна товш йолчу кепара Далла Іамал ян еза вай, ларамах дуьзна а, кхоьруш а долуш, хІунда аьлча «вайн Дела массо а хІума дІахьулъеш йолу цІе ю (Іеб 12:28-29).*

Хьовсийша, кхузахь «баркаллица а, кхерамца а», аьлла ду. Нагахь Делах кхерар баркалле хиларца доза тоьхна делхьара, дахьийтаран авторо кхин а Делах кхерарх лаьцна яздийр дацара. Билгалделаш иштта, авторо «вайн Дела безаман Дела волу дела», бохучу дешнашца чекх ца даьккхина, амма «вайн Дела массо а хІума дІахьулъеш йолу цІе ю», аьлла, чекхдаьккхина. Делах лаьцначу кху чІагІдаро, Исраилан кІентий Дела волчуьра дІа хІунда бахара, кхетадо. «Оцу сийлахьчу цІеро вай дуур ду. Нагахь санна вайн Везачу Делан аз кхин а хазахь, вай лийр ду» (Кар 5:25). Дела хийца цавелла! Иза хІетте а хІинца а дийна ву. Иза – дІакхоллуш йолу цІе ю!

ХІаъ, дера. Дела безам бу, амма Иза иштта дІакхоллуш йолу цІе а ю. Вайн динан тобанашкахь вай Делан безамна тІехь тохар до, тІаккха Делах кхерарх лаьцна чІогІа кІезиг хеза. Вай дерриг а Делан хьехар ца кхайкхадо дела, вайн безамах долу сурт хІоттор харцхьадаьккхина ду.

Вай кхайкхамаш беш болу безам, - иза ледара безам бу. Цуьнан, вай хьовсийначу дахаре чоьхьа даха, ницкъ бац. Цо цІерах хи а детташ, вай мела дуьту. Вай, вешан ден лерам ца беш долу, коча Іамийна бераш хуьлий хийцало! Нагахь вай

Делах кхерарехь хьала цакхиахь, вай Делаца эвхьаза хилла дӀахӀитта кхерам бу, тӀаккха Цо деза лоруш долчунан ойланза терго а еш.

Кхин цкъа а кху аяте хьовсур вай: «Цундела вай, егалур йоцу пачхьалкх тӀеоьцу ерш, Далла баркалла олуш хила деза. Баркалле а долуш, Цунна товш йолчу кепара Далла Ӏамал ян еза вай, ларамах дуьзна а, кхоьруш а долуш» (Ӏеб 12:28). НиӀмат вайн лараме цахилар а, къинош а хьулдарна бен делла ца Ӏа; иза вай Далла хила ма-деззара гӀуллакх дан хьуьнар долуш нисдалийтархьама луш ду. Хила ма-деззара, - безамца а, баркаллица а, кхерамца а бохург ду.

ПахӀала иштта яздора цунах лаьцна: «чӀогӀачу кхерарца а, дегӀе зуз дарца а кхидӀа къахьегалаш, шайн кӀелхьардовлар кхочушхилийтархьама» (Пил 2:12). Мичахь ду те вайн кхерар а, дегор а? Дела Кхелахо хилар дицделла ткъа вайна? Цуьнан кхелъярх дицделла ткъа вайна? Леррина дешалаш хӀара хьехар.

Цундела куралла ма е, ткъа кхоьруш хила. ХӀунда аьлча диттан шен долу гаьннаш а Дала кхоош ца хилча, ойла ехьа: хьо кхоор вуй те Цо? Хьо гуш ву-кх: Дела диканца лела, ткъа Иза къизаллица лела. Шех дӀабирзинчарна Цо къизалла йо, ткъа хьуна дика до, нагахь санна Цуьнан диканехь хьо кхидӀа а висахь. Иштта ца хилахь, хьо а хир ву дӀахадийна (Рим 11:20-22).

Вай Цуьнан диканца эксперташ хилла дӀахӀиттина. Делахь а вай Цуьнан диканах гӀайгӀа бан ца деза. Вай иштта Делан къовламе хиларх а кхета деза. Цуьнан дикалло вай Делан дагна тӀеийзадо, ткъа Цуьнан къовламе хиларо вай кураллах а, муьлххачу тайпана къинах а лардан деза. Делан дика бен тӀе ца оьцуш волчу стагана, иза кураллах а, адамийн тергонах а лардан дезаш болчу, кхерамах лаьцна дицдо. ТӀаккха цунна бӀостанехьа, Делан къовламе хилар бен тӀе ца оьцуш волу стаг, атта Ӏедалхойн гурана чу нислойла ду. Безамо а, Делах кхераро а кху дахаран готтачу новкъахь латто деза вай.

Ас сатуьйсу, шу, аса хаа а хууш Делах кхерарна тӀе тохар деш хиларх кхеташ хиларна, хӀинцалерчу динан тобанехь кху темин

терго ца йо дела. Суна Дела даггара веза, со барам боцуш Цуьнан бер хиларна а, Цунна гӀуллакхдан оза безам хиларна а воккха воь. Суна, билггал Делан дикалло вай дохкодовларна тӀедаладойла, хаьа (Рим 2:4). Амма суна иштта, Делах кхераро а, Цуьнан кхело а вай хаа а хууш къа латорах лардойла, хаьа.

Вай, бакъдолчух дерг а хиъна, къинош ма-луъу летош хилча, къинах даккха сагӀа кхин ма ца дуьсу вайн. Дуьсург цхьаъ ду: хинйолу кхел а, Делан мостагӀий дӀакхоллу йолу цӀе а тӀеяре кхерамца хьежар. Муса-пайхамаран товрат-хьехамаш талхийнарг къинхетам боцуш вуьш ву, нагахь шиъ я кхоъ теш велахь. Ойла ел, мел чӀогӀа таӀзар дийр ду Делан КӀант емалвинчунна, Делаца бина барт чӀагӀбина а, ша вазвина а долчу цӀийн дозалла ца лериначунна, маьхза дика луш долу Делан Са сийсаздинчунна? Вайна хаьа, хӀара дешнаш Хьан аьлла: «Бекхам Соьгахь бу, Ас хьакъ дерг дӀалур ду». Кхин а: «Везачу Эло Шен халкъана кхел йийр ю». Мел кхераме ду дийначу Делан буйна вахар!» (Iеб 10:26-31).

Адам, Дала деза лоруш долчуьнга ойланза а, эвхьаза а терго ян доладеллачу хенахь, къино Iехадо. ЧӀогӀа сих-сиха, вай, Дала ладаме терго ечу хӀуманийн, тӀех атта терго йо, ткъа Далла кхоччуш бен доцуш дерг, ладаме тӀеоьцу. Вай нахана хьалха таме гуш хиларна чӀогӀа ладаме ду, амма вайн деган бахьана долуш санна, иза Далла кхоччуш лараме дац.

Суна, къилахь а бехаш, амма даим а: «Суна Iийса веза», бохуш болу нах бовзара. Цара шайн синан лакхалле хьал шайн Iийсага болчу синхаамашца дустура. Амма, шаьш дӀалаьцна долчу къинна даллал, тоъал везарий те царна Иза? ХӀан-хӀа, церан Делах кхерар дацара!

Цкъа со зударшца вон леллачу а, финансийн зулам дарш лелийначу а гӀуллакхдархочуьнга хьажа туьрме ваханера. Цо соьга элира: «Джон, суна гуттара а Iийса везара, ур-атталла Iехавелла волчу хенахь а. Иза сан КӀелхьарвоккхург вара, амма сан Олахо вацара». Цу стага, адамийн кхераман бахьанашцца сацамаш тӀеэцара. Цунна адамашна там бан лаьара. Цунна

шен сийнна лерина башха церемониш езара. Цу гӀуллакхо иза зуламаш лелорна тӀевалийнера. Цу туьрмехь Дала цунна Шен безам а, къинхетам а гайтинера, Везачу Элах кхера а Ӏамийнера. ХӀинца иза Делах кхоьруш а, кхоччуш меттахӀоттийна а ву.

## Дала тӀекхайкхар дӀататтар

Синай ломаца долчу суьртана тӀе юхадоьрзур вай. Суна, дукхах болчу наха дукха хьолахь тӀехдалуьйту, цхьа хӀума къасто лаьа. Дала Мусага а, АхӀароне а лам тӀе цхьаьна хьалавала аьллера (Ара 19:24). Муса вахара, ткъа АхӀарон цхьацца бахьанашца вайна меттаматтахь караво! (Ара 32:1) Суна схьахетарехь, АхӀарон меттаматте юхавирзина, кхиболу «делах тешарш» болчохь, шена Дела волчохь чул, бегӀийла хета дела. Иштта дац ткъа вай таханлерчу динан тобанашкахь? Вайна дуьххьалдӀа Везачу Элаца хуьлучул, динан цӀийне лелар а, кхечу Ӏийсах тешачаьрца уьйр хилар а, динан гӀуллакхдарехь мукъа ца хилар а бегӀийла хета. Вай Иза волчохь ваьш цхьа долуш нисдаларх кӀелхьардуьйлу, ткъа цуьнан метта ваьшна адамийн а, цхьа деш долчуьнца а го бо, цу гӀуллакхо вешан чоьхьара есалла къайлаяккхаре са а туьйсуш.

Нунин ЮшаӀ, мелхо а, даг чохь Делах хьогалла йолуш вара. Иза юххехьа хила аьтто мел бу, Дела волчохь хила лууш вара. Иза ломан кӀажехь шовзткъа дийнахь висира, Муса Делаца мел ву (Ара 32:17). Иза ша ма-ваххало, Далла герга вахнера, амма иза Муса а, АхӀарон а бен кхайкхина воцчу ца вахара. Нунин ЮшаӀ, бӀокъежна а, эвхьаза а ца хилархьама, Делах тоъал кхоьруш вара.

Нунин ЮшаӀ лам болчохь сатуьйсуш Ӏашшехь, халкъ меттаматтахь собарх долуш дара. Уьш хийрачу махкахь бара, церан баьччано уьш баттал а сов заманахь шаьш битинера, ткъа Дела хӀетте а гуш вацара. Уьш Делах а, Мусах а шек хила буьйлабелира.

Муса лам тӀера чу ца вуссуш дуккха а хан яьлча, халкъо, АхӀаронна гонах а гулделла, элира: «Тхо Мисарара арадаьхначу

Мусана хIун хилла тхуна ца хаьа, цундела, хьалха а ваьлла, тхо дIадуьгун долу дела ве тхуна» (Ара 32:1).

ТIехулара уьш Дела лоруш а, кхоьруш а бара. «Ва, Муса, Муса, - доьхура цара, - Иза тхуна тIех сийлахь ву. Ваха а гIой, Цуьнца къамел де, тIаккха тхоьга схьадийца, Цо аьлларг. Тхуна и хезар ду, тIаккха тхо муьтIахь хир ду». Царна Дела мел ирча а, нуьцкъала а ву гира, амма ма-дарра аьлча, - шайна цIуш дIахIиттийна дела, - Цунах ца кхоьрура. Ткъа хIинца Дела вистцахуьлура, тIаккха церан билггал бакъйолу амал гучуелира.

Вайна Делах кхера атта ду, Цо Iаламаташ а деш, Шен ницкъ гайтталц. Амма Дала, ур-атталла Шен юххехь хилар а, ницкъ а ца гойтучу хенахь а, Ша лоруш а, кхоьруш а хин берш лоьху. Цунна вай, ур-атталла церан да цаьрга хьоьжуш воцчу хенахь а ладугIуш долу, бераш санна, хила лаьа. Бакъдолу муьтIахьхилар – иза, вайга хьежархьама, ур-атталла гонаха цхьа а воццушехь, ладугIуш хилар ду!

Дала Исраиле аьлла: «Со вехха вист а ца хуьлуш Iерна, дуй те хьан Сох цакхерар?» (Еш 57:11). Ма-дарра аьлча Дала хоьтту: «Сан халкъ Сох хIунда ца кхоьру?» ТIаккха кхуззахь Шен хаттарна жоп ло, халкъ Шех ца кхоьруш хилар а хааделла, Цо цхьайолчу хенахь Шен кхерам туьйсу ницкъ ца гайтина дела. Кхечу тайпана аьлча, адамашна Цуьнан тамашийна хIуманаш ца гучу хенахь, уьш Иза воцчуха санна лела. Делан вистцахиларо адамийн дегнийн билггал бакъйолу ойланаш Iорайоху.

Бакъболу тешаш берш нуьцкъалчу даьтта хьаькхначу динан гIуллакхдаршкахь а доцуш, ткъа яьссачу аренна юккъехь, зуьйчу хенахь хилла дIахIуьтту. Стаг охьатаIорна кIелахь муха хуьлу, иштта ван а ву иза ма-дарра. Хьовсийша, хIун дира АхIарона и санна долчу хьолехь:

> *АхIарона элира нахе: «Шайн зударийн а, кIентийн а, йоIарийн а лергех йохку дашо чIагарш, схьа а яхий, со волчу схьая». Дерриг а халкъо, шайн лергашкара дашо чIагарш схьа а яьхна, уьш АхIаронна схьаеара. Нехан карара уьш схьа а эцна, лала а*

> *йина, царах старгIин сурт дира цо, уьрсаца иза то а деш. ТIаккха халкъо бохура: «Хьо Мисарара арадаькккхина, хьан дела ву хIара, Исраилан халкъ! (Ара 32:2-4).*

Цара шайна Делан декъалаллех, мисархойн трофеех, цIу винера. Амма дуккхазза а сингаттаме дерг хIун ду, иза, лам тIе хьалавала везаш хилла волчу, АхIарона дина хилар ду. Иза Мусан аз дара. Хьалха иза даим а цуьнгахьа а волуш, дерриге сийлахьчу Iаламатийн а, бохамийн а теш вара. Амма хIинца цо адамех кхера а велла, царна лууш дерг делла. Иза адамех Делах чул а алсам кхоьрура, цундела и атта озавелира халкъана хьалха. Цуьнгахь майралла йоцу дела. Делан похIма ца лелаш дисира. Цу гIуллакхо цунах ледара хьалхаваьлларг вира. Муса цунна дуьхьалваьллачу хенахь, АхIарона иза кхерийна долу халкъ бехке дира.

> *«ОьгIаз ма гIолахь, сан эла, – аьлла, жоп делира АхIарона, – хьуна ма хаьа, хIара халкъ вониг дан атта дIадоьрзийла. Наха соьга элира: «Тхо Мисарара арадаьхначу Мусана хIун хилла тхуна ца хаьа, цундела, хьалха а ваьлла, тхо дIадуьгун долу дела ве тхуна». Ас цаьрга элира: «Шайгахь долчара деши схьало», – аьлла. Цара схьаделча, ас иза цIерга кхоьссира, цунах хIара старгIа хилира» (Ара 32:22-24).*

АхIарона ша динчунна жоьпалла шена тIе ца ийцира. ХIаъ, цуьнан халкъан мах хадор нийса дара. Иза цуьнан дагаеана ойла яра, ткъа АхIаронан а йоцуш. Амма, кхеравелла волу иза хIинца, тобанна хьалха шен озавалар доха а дина, уьш нийсачу новкъа дIабигархьама, тоъал ницкъ болуш вацара. Иза нахана хьалха кхерамо вихкина вара.

Адамех кхоьруш болчу, хьалхабевлла боьлхучара, юха а бевлла, царна луург лур ду, ткъа церан хьашт дерг а доцуш! Иштта адамаш озадаларан атта хIонц хуьлий дIахIуьтту. ТIаккха, оцу хьалхаваьлла волчо мел сих-сиха шена Дела а, цуьнан

халкъ а деза алар, лараме дац. Адамашна хьалха кхерам мел бу, цунна цкъа а я шегахь а, я ша куьйгалла дечу адамашкахь а ма-дарра долу хийцадалар гур дац!

Делах кхоьруш волчу стага, Дала цунах лаьцна бохург бен, тидаме ца оьцу. Адамех кхоьруш волу стаг, Дала а доцуш, кхечара цунах лаьцна хIун ойла еш хиларна тIегулвелла хуьлу. Цо Далла халахетуьйту, адамашна хала ца хетийтархьама.

Со, хьалхабевлла лаьтташ болчара шайн адамашна, царна лууш дерг далархьама, сацамаш тIе муха оьцу хьоьжуш Iийна. Церан ойла – гIарабевлла хилар лардан гIертар ю. Дера, цара цунах лаьцна ойла ца йинера, тIаккха, хила тарло, ур-атталла иштганиг моьттина а хир дац. Цара шайн сацамаш бакъбора, иштта ойла ярца: «Тхуна адамашна чов ян ца лаьа», я «ХIара, массарна а дойла долчух гIоле дерг ду», я «Вайн, нагахь вай иштта дахь, дуккха адамашна гIуллакх дойла хир ду» иштта кхин дIа а. Делан Пачхьалкх – демократи яц. Иза пачхьалкх ю. ГIарадаьлла хилар лараме дац. И адамаш шаьш кхерамо а, ийзадаларо а лелош хиларх ур-атталла кхета а ца кхетара. Церан леларан бахьана адамашка болу безам а боцуш, ткъа шаьш-шайга болу безам бара.

## ХIун хуьлу, вай Делах ца кхоьручу хенахь?

Дала Мусага аьлла: «ЭхI-хIай, Соьга ларамах дуьзна а хилла, дерриге а Сан весеташ кхочушдан даим церан дегнаш делахьара» (Кар 5:29) Амма халкъ ца кхерара. ТIаккха хьовсийша, хIун хилира. Яьссачу аренгахь шарахь баьхначул тIаьхьа, баха а бахана, схьадаккха дийзира ваIда дина долу латта. Везачу Эло Мусага элира: «Аса исраилхошна луш долу канаIанхойн латта талла шайна юкъара нах бахийта. Шайн дайн тIаьхьенах долчу хIора тайпанах цхьацца куьйгалхо вахийта» (Лел 13:3). Билгалделаш, Цо аьлла: «Ас луш долу...». Дала ца аьлла: «Талла а таллий, хьовса, схьадаккхалур дуй те и латта».

Иштта, Мусас бахийтира уьш. Цара шовзткъа дийнахь талла а теллина, цу лаьтта тIера адамаш чIогIа дика дехаш а, гIаланаш

яккхий а, дика ларъеш а хилар къастийнера.

Верриге шийтта шпионна изза халкъ а, изза армиш а, изза яккхийн чIагIйина гIаланаш а, изза дIуьтIанаш а гинера. Нунин ЮшаI а, Килаб а сихха тIе а летта, Дала ваIда дина долу латта схьадаккха кийча вара. Делахь а важа итт талламча шайна гиначух кхеравеллера. Царна, Нунин ЮшаIна а, Килабна а Делан дика а, тешаме хилар а гучу хенахь, даккхийн эскарш а, дIуьтIанаш а бен ца гора!

Оцу итт талламчас халкъе и латта схьадаккхийла дац элира. Уьш диъ бIе шарахь сов леш лаьттина бара, тIаккха, шайна цигахь гина долу эскарш санна, тIамна кечам бина бацара. Халкъ сихха кхера а делла, леткъамаш бан доладелира.

Везачу Эло тIамехь дайа далийна тхо кху махка? Тхан зударий а, бераш а мостагIашна кхочур ду. Мисара юхадахча гIолехь дацара вайна? (Лел 14:3).

Кху аятехь вайна адамийн кхераман орам го: кхин а вон-м хир дац те вайна? И нах озабелира, шайн бен ойла ца йо дела. Цара ца бохура: «Ткъа Дала гIоли дерг хIун лору те? Цуьнан метта цара хоьттура: «Ткъа вайна гIоли муха хир ду?»

Хуьлийла дуй те кхин а къаьсташ? Адамашна хьалха кхерараан орам – ша-шен везарехь бу. Нагахь шу шайн дахар дезаш делахь, шу иза кIелхьардаккха гIертар ду. ТIаккха цунна кхерамаш туьйсуш долчу дерригенах кхоьрур а ду.

Дала Шен халкъ, Цунах бен дегайовхо хила кхин харжам боцчу метте схьадалийнера. Хеталора, кху бевзаш боцчу мехкан бахархоша уьш дуьххьалдIа хIаллакбийр бу. Амма Делах тешна хиларан метта, исраилхой Дала уьш Мисармахкара КанаIанхошка байийтархьама бен, кIелхьара ца баьхна болчуха лелара. Дера, иза беламе хезаш ду, амма вай дерриш а, ишттачу хьелашкахь Везачу Элана тIаьхьахIиттина даха деза, вайна кхераме а, дахарна кхерам туьйсу а къайле йолчу хенех чекхдуьйлу.

Ишттачу хьелашкахь, вай вешан дегнашкахь Дела билггал дика хиларх тешна хилча бен, Цунна тIаьхьахIиттина ца дахало.

Цуьнца бен яц дикалла. Цо цкъа а Шена бен пайда боцуш, вайна ладаме эшор а, баланаш а дохьун долу, цхьа а хӀума дийр дац! Вай дагахь латто деза, Дала хӀуманийн абаденан хьажарца кхел йо, адамийн кхел кхузткъе итт-дезткъа шарел сов ца йолучу хенахь!

## Дала я адамо дӀататтаррий?

Килаба а, Нунин ЮшаӀа а хала некъ хаьржинера. Дала церан кхин са хилла аьллера, тӀаккха и шиъ кхоччуш Цунна тӀаьхьахӀоьттина лелара. Берриге бисинчарна, Деле ладогӀарца, шайн бегӀийла дерг кхераме дилла ца лаьара. Дела Килабана а, Нунин ЮшаӀна а тешаме вара. Церан хенахойн тӀаьхьенех веккъа и шиъ бен вацара ваӀда динчу лаьтта кхаьчна (хь. Лел 14:24,30).

Шайн дахар лехнарш цунах бевллера. Дала Шен кхелъяр ишттачу дешнашца кхайкхийра: «Ткъа шун декъий кху яьссачу арахь оьгур ду... ТӀаккха шуна хуур ду, Со шуна дуьхьал хилар хӀун ду» (Лел 14:32,34). Хьуна, дуккха берш, уьш адамийн агӀор дӀатеттина хиларх кхерабелла дела, Дала дӀатоттур буйла хуучу хенахь, - ваставалар хуьлу.

Аса, вайна массарна а Везачу Элан кхерамехь там хилар карорна тӀера, доӀа до. ХӀунда аьлча «Везачу Эле ларамах вуьзна хилар дахаран хьоста санна ду, иштта цо Ӏожаллин гурах а ларво» (Киц 14:27). ТӀебогӀучу коьртехь, Делах кхераро, ийзадаларо шайна тӀелатар дечу хенахь, Делан лаамехь лела гӀо муха дийр ду, гур ду шуна.

# ДЕШ-ЛЕЛА Я ТЕРГО Е?

Делах кхераро тешна хилар а, майралла а хуьлуьйту.

Ийзадалар а, кхерамаш тийсар а хьелашкахула а, ойланашкахула а, адамашкахула а догӀийла ду. Дуккха берш, кхечу адамашкахула догӀучу ийзадаларца а, кхерамаш тийсарца а, къийсам латтош бу. Адамийн кхерам – и ду ишттачу охьатеӀоран ма-дарра долу билгалдаккхар.

Адамех кхераро вай адамийн агӀор долчу дӀатеттина хиларх а, халахетарх а, бехкаш бахарх а кӀелхьардуьйлуьйту, тӀаккха оццу хӀуманашца ваьш Дела дӀатоьттуш хиларан тидам ца бойту. Гойла долчарех ца хьакхавалархьама, адамех кхоьручу стага, шена гойла доцу, Дела емалво.

*Іийсас хьехар дора вайна: «Сан доттагӀий, стаг вен ницкъ болчух ма кхера, дегӀ хӀаллакдарал сов цуьнга кхин хӀумма а далур дац. Ас эр ду шуьга хьанах кхера веза: шу кхера деза стеган са схьа а*

*эцна, иза жоьжахатин цӀерга кхосса ницкъ Болчух. Билггала боху шуьга, Цунах кхера» (Лак 12:4-5).*

Нагахь шу адамех кхоьруш делахь, Дала шаьш чолхечу а, халачу а хьелашкахула дӀадуьгучу хенахь, шу шаьш Ӏалашдан а, лардан а гӀертар ду. Делан лаам лоьхучу метта, аша шайн долара лаам кхочушбийр бу. Амма нагахь шу Везачу Элах кхоьруш делахь, муьлххачу халонех чекхдийлалур ду, тӀаккха и дарца Делан сийдойла хир ду. Шу, Цуьнга цхьаьнга бен шаьш лардалур доцийла кхетар ду. Шу, абаденна мехала долчун системехь, Цунна шуна уггаре гӀолехь йолу Ӏалашо евзаш хиларх, тешна хир ду.

Киц анашкахь Везачу Элах кхерарх лаьцна цхьа чӀогӀа нигат ду:

*Везачу Эле ларамах вуьзна хиларо чӀогӀа маршо ло, стеган берашна иза дӀалечкъийла хир ю. Везачу Эле ларамах вуьзна хилар дахаран хьоста санна ду, иштта цо Ӏожаллин гурах а ларво (Киц 14:26-27).*

ТӀаккха, юханехьа, Дезачу Йозанашкахь къаьстташ аьлла ду:

*Адамех кхерар – стагана хӀоттийна гур бу (Киц 29:25).*

Ийзадалар а, кхерамаш тийсар а – иза гур бу. Амма Делах кхераро тешна хилар а, майралла а хуьлуьйту, - нийсса, ийзадаларан гуро лаьцначуьра арадовлархьама, вайна оьшшург.

## ОхьатаӀоро Ӏоравоккху

Суна ши паччахь дуьхь-дуьхьал хӀотто лаьа. И шиъ ший а оццу цхьана пачхьалкхехь урхалла деш вара, тӀаккха шиммо а оццу цхьана Далла хьалха чӀагӀо а йинера. Цхьаъ дӀатеттина вара, ткъа важа Дала Шен даго къобалвинарг санна лорура. И дахарш дустарца, вай, Делах кхерараан а, адамех кхерараан а башхалла стенца ю, къаьстташ кхетар ду. Шаулан дахарера уггаре а драматически а, кӀезиг теллина а болчу хиламех цхьаьнга хьовсур вай.

Истори иштта ю. Шаул урхалла деш волу хIинца ши шо дара. ТIаккха ишттачу хиламашкахь сих-сиха хуьлуш ма-хиллара, урхалла даран уггаре тайначу хено, цуьнан билггал бакъйолу амал гучу ца яьккхинера. Амма цу историн заманахь цуьнан ойланаш Iораяьхна яра.

Шаул шен тоьллачу тIемалошца Михмасехь волчу хенахь, пIелаштамхой тIамца цунна дуьхьал баха бохкуш бара (Шам 13:5-15). Шаулан нуьцкъалчу эскарна дуьхьалIоттавала дийзира. МостагIчун ткъе итт эзар гIудалкх а, ялх эзар дошло а, «хIордан йистерчу гIамарца» бен дустар далур доцу, дуккха салтий а бара. Дийца а оьший те, иза Iаламат доккха эскар дара! Ткъе итт эзар гIудалкхаца дуьхьалкхетар, ткъе итт эзар танкана дуьхьалвалар санна, хIума дара. Цу тIе кхин а эскар дара, дагар ца даллал доккха! Исраилхойн эскаран хьажарца иза чIогIа кхераме хилар гуш дара.

Кхерабелла салтий коьллашна юкъахь а, Iуьргаш чу а, оьрнашкахь а, тархашна юкъахь а дIалевчкъинера. Уьш охьатаIийна бара. Цхьаберш дуьххьалдIа дIабовдура: Йордан-хил дехьа а бевлла, Гадин а, ГалIадан а мехкашка. Ткъа Шаулна кхин дIа а тIаьхьахIиттина богIуш берш, кхерарна бегош бара.

ХIора къовсам болабалале хьалха Исраилан Везачу Эле кхайкха дезара. Шамъала Шауле Везачу Элера омра динера, ша цхьа хан ялча схьавогIур ву, дагоран сагIа даккхархьама, аьлла.

> *«Шамъала шега ма-аллара, ворхI дийнахь Галгалахь цуьнга хьоьжуш Iийра иза. Амма Шамъал, схьа ца вогIуш, хьевеллера. Цундела адамаш дIасаэха дуьйладелира» (Шам 13:8).*

ОхьатаIорна кIел нисвеллачу Шаула элира: «Схьадаладе суна дийнаташ дагоран а, барт баран а сагIина леринарг». Цо цигахь Везачу Элана лерина долу дийнаташ дагоран сагIа ма-даьккхи, Шамъал схьакхечира.

Шамъала Шауле хаьттира, и хIун ду ахь динарг, аьлла. ТIаккха леррина хьовсалаш Шаулан жоьпе:

*Суна гира со волчуьра нах дІауьдуш. Ткъа хьо, айхьа йиллинчу хенахь схьа ца вогІуш, хьевеллера. ПІелаштамхой Михмасехь, схьакххаьчна, лаьтташ бу. ТІаккха аса ойла йира: «ПІелаштамхой Галгала тІамца чубогІур бу, ткъа со хІинца а Деле орца даккхаза ву». Цундела аса дийнаташ дагоран сагІа даьккхира (Шам 13:11-12).*

Шамъала Шаул Іораваьккхира, Везачу Элан омра вукхо кхочуш ца дарна, сонта лелла а, аьлла.

ХІинца, вай хІун хиллера хьаьсинчу хенахь, Шаулан метта шайн сурт хІоттадейша. Хьо – лидер ву. Хьо а, хьан адамаш а хІинца ворхІ де а сов хенахь доккхачу эскарна дуьхьал лаьтташ ду. Шун могІарш лахлуш а, лахлуш а лаьтташ ду, ткъа мостагІчун могІарш хІора денна алсамдуьйлуш ду. Хьан адамаш мостагІчунна хьалха кхерарна дегош а, дІауьдуш а ду. Ткъа жимма бисина берш, Іадорехь бегош бу. Хьо Делан пайхамаре сатуьйсуш ву, амма иза сагІа даккхархьама, шен хеннахь вогІуш вац!

Хьо инзаре охьатаІор зуьйш хир вара. Иза «даьттадоккхучу прессца» долу изза хьал ду. Гонахарчу адамаша тоьтту хьо: «Дехьа цхьа хІуъа а, я вай дерриш а лийр ду!»

Сатуьйсур дуй-те ахь Везачу Эло омра ма-дарра, я, хьуо кІелхьарваккхархьама, цхьа хІума дан волалур ву?

Билггал ишттачу хьолана тІеІоттавелла паччахь волу Шаул (Шам 13:1-8). Бохамна, иза цу охьатаІорна кІелахь кагвелла. Ла а цадоьгІна, цо ша сагІа даьккхина. Хьовсийша, Шаул бехказа муха вуьйлу: «ПІелаштамхой Галгала тІамца чубогІур бу, ткъа со хІинца а Деле орца даккхаза ву. Цундела аса дийнаташ дагоран сагІа даьккхира» (Шам 13:12). Цо сагІа даьккхина, ша халкъана хьалха дика гайтархьама, тІаккха Шамъална хьалха ша синан лакхалле гайтаран сурт хІотто гІоьртира. Цо дІахьедира: «Цундела аса дийнаташ дагоран сагІа даьккхира». Ма-дарра аьлча, цо дуьххьалдІа хьолан терго йора, тІаккха иза озаваларан гурахь нисвелира.

## Дехьа цхьа-хӀуъа а!

Дукхах долу адамаш, иштта я вуьштта, цу тайпаначу хьелашна тӀеӀиттало.

Аша цкъа-мацца а иштта ойла йиний: «Суна, Дала сайга тийна латта бохийла хаьа, амма суо волу хьал хийцархьама, сан меттаххьен деза».

Со, сайн лидераллан куьйгаллин кӀел болчу доттагӀаша а, адамаша а дехарш дечу хьелашкахь хилла: «Джон, ахьа цхьа-хӀуъа а дан деза!» Амма сайн дагчохь суна, Дала сайга и ца бохийла хаьара. Иза вистцахуьлура.

Уггаре хала дерг – Везачу Эле сатийсар ду, къаьсттина Цо хӀумма а ца бохучу хенахь! И билггал бакъдерг къаьсттина мехала лору тахана. Вай долчохь Америкехь, вешан дуккха болчу гӀирсашца а, ахчанца а, вайн гуттара санна цхьацца хӀума юьхьарлацийла ду, ур-атталла нагахь Дела цу тӀехь дакъа лоцуш вацахь а. Вешан Ӏаламехь долчу похӀманийн а, корматаллин а ницкъаца, Делан дакъа лацар а доцуш, вайн Цо кхоьллина долуш санна гуш долу, цхьа хӀума кхоллийла ду.

ГӀуллакх сацам барна тӀекхаьчначу хенахь, сих-сиха вайна, ваьшна хӀун дан деза гайта гӀо ден долу корта а, аят а ца карадо. ХӀора муьрехь вайна, Дала ваьшка хӀун боху, хаа лаьа. Амма Дала хӀумма а ца боху аьлла хетачу хенахь, ма-дарра аьлча Цо боху! Цо боху: «Кхин дӀа а Ас хьайга ма-аллара де. Цхьа а хийцам бац!» Къаьсттина хала хилла дӀахӀутту, вай кхералучу а, ийзалучу а хенахь.

Суна, Везачу Элас сайна цкъа Керлачу шарна деллачу, дешаца декъа лаьа шуьца. Со дозанал арахьа вара, сан хьекъал набъеш дара, со шовзткъе ялх сахьтехь гездарал а, хӀора денна бинчу шишша кхайкхамал а тӀаьхьа кӀадвелла вара. ЦӀаьххьана, со буьйсанна ши сахьт долуш, кӀорггечу набарх самавелира. Суна хаьа, Везачу Элан бен со цу кепара самавоккхийла дацара, аса кхаа сахьтехь бен наб ца йина а, со хьалагӀатта воллуш ца хилла дела а.

Везачу Эло, гуттара а санна долчу хьолехь, иза чӀогӀа юьхьша долу дела, со декъа хӀуттур воцу, дош деллера суна. Амма, Везачу Элана аса сайн чӀагӀваларан сурт гайтархьама, и дан лууш хиларх теша со. Суна схьахетарехь, цу гӀуллакхо хӀара санначу хьелашкахь болу, дуккха берш чӀагӀбийр бу. ХӀара ду цуьнан дакъа:

> Хьуна хьайга болу тидам ца хаалора, тӀаккха иза зеран дакъа дара. Ас иза, хьо Сан вигар доцуш, лелалур вуй-те зерхьама динера. Ахьа Со вистцахуьлучу ченахь, цхьа а хӀума ца дар, Суна тамехь дара. Ас хьайга ца олучу хенахь, хьо меттах цаволуш Ӏийна дела а, тӀаккха ахьа Сайнчаьрга сатуьйсуш, хьанхьайн Ӏалашонаш ца хӀиттош ладегӀарна а, хӀинца хьуна сийлахь хӀуманаш гур ду. ХӀунда аьлча Ас хьуна а, хьан зудчунна а къаьсттина а, яккхийн а Ӏалашонаш дӀайоьллур ю, тӀаккха цара шу шинна а доккха даккхийдер дохьур ду.

Везачу Эло нийсса сан зуда а, со а партал а, хьуьнар доцуш а хеташ долчу хенахь бохура соьга. Тхан, оха кхочушхилла лоруш боцу, цхьацца тхешан лаамаш а, хьашташ а дара. Масех шарахь тхойшиъ экстремальни охьатеӀоран кӀелахь дехаш дара. Даггара тхан гӀайгӀа ечу доттагӀаша, цхьа хӀуъа а юьхьарлаца хьехарш дора, амма тхуна иза Везачу Элера дош хилар ца хаалора. Уьш харц бацара тхоьга и дерриг а аларца. ДуьххьалдӀа цара, царна хеташ ма-хиллара, тхо долчу хьолан терго йора. Иза тхан зер дан а дара.

Тхан, тхаьш кӀелахь долу охьатеӀор малдархьама, цхьацца хӀума хуьйцийла дара. Тхан тхешан шеконашца къийсам а латтош тӀаккха цец а дуьйлуш:

> «Дела тӀех-м ца валийтина те вай?» Амма деган кӀорггехь тхойшинна, Дала цхьа а хӀума де ца аьллийла, хаьара.

Цу керлачу шеран хIинца а хьалхара бутт чекх а балале, Дала тхан дерриге уггаре а даккхийчу сатийсарел лекха Iаламаташ муха кхочушдо, гира тхуна! Суна ур-атталла хаа а ца хаьа, гиний те суна цкъа-мацца а, оццул долу хIума цхьана баттахь хилар. Дала цу баттахь хьалха даханчу пхеа шарахь динчул а дукха дерг дина, аьлла, хеталора!

Вай охьатеIор тергал ца дар, чIогIа лараме ду. Вай Везачу Элан дашца догIуш лела деза.

## Делан лаамехь волу стаг

Шаул кхеравеллера. Цуьнан репутаци а, дахар а, пачхьалкх а карти тIе ехкина нисъеллера, цундела иза, Дала шега сатийса буьйра дина долчу хенахь, деш-лела волавеллера.

Шамъала Шаул Iораваьккхинчул тIаьхьа, цо цунна тIехь кхел йира:

> *амма хIинца хьан пачхахьалла лаьттар дац. Везачу Элана хьан метта Шен даго къобалвеш волу стаг карор ву, иза Цо Шен халкъана тIехь бачча вина дIа а хIоттор ву, хIунда аьлча ахьа Везачу Эло хьайна тIедиллинарг кхочуш ца дина (Шам 13:14).*

Шаул кхерамаш тийсарна кIел цкъа таьIна ца Iара. Шаулан, иза онддачу охьатеIоран кIелахь Везачу Эле ла цадогIаран хьелийн дийнна список яра. Кхечу хиламехь цо, халкъан лаамна юха а ваьлла, Дала кхоччуш йохае аьллачу гIалара, хIонц схьаэца магийнера. Цунна адамийн шеца дика хиларх вала ца лаьара. Шамъал цунна дуьхьалваьлча, Шаул реза хилира:

> *«Везачу Элан дашна тIера а, хьан лаамна тIера а ваьлла, аса сайх къа латийна. Со нахах кхеравелира, цундела цара бохург дира аса» (Шам 15:24).*

Цуьнан кху чIагIдаро гойту, иза ла цадогIарал а дукха, шен репутацина саготта вара. Цо Шамъале аьлла долчу дешнаша,

цуьнан деган ойланаш гучуехира:

> *«Аса къа латийна. Делахь а хIинца сан къоман къаношна хьалха а, со Исраилан халкъана хьалха а ларий, соьца юхаверзахьара хьо, тIаккха аса хьан Везачу Далла Iибадат дийр дара» (Шам 15:30).*

Шаула юха а, юха а къинош летадора, адамех кхоьру дела. Иза дукха мел кхоьру, цуьнан коьртехь хилар эшамехь хуьлура. Ишттаниг сих-сиха тешнабоцчу лидершца хуьлуш ду. Уьш адамашца кIоршаме хуьлу, хьолан контроль еш хилар гайтархьама, ткъа оццу хенахь ма-дарра долчуьнца, цара шайн ийзадалар а, кхерар а къайладоху.

Шамъала Шауле аьлла, Везачу Элана хьан метта Шен даго къобалвеш волу стаг карор ву (Шам 13:14). Дауд хилла иштта стаг. Суна, цхьадолчу адамаша, шаьш шайн даг чохь Делах хьаьгна ду, бохуш, хезна. Амма суна, Дала Даудах лаьцна муха аьлла хиллера, хаза луур дара: «Хьан дог Суна тамехь ду». Суна, иза Веза Эла везаш волчу хIора тешачун лаам буйла, хаьа! Ас леррина теллира Даудан дахар, Везачу Эло Ша цуьнца цхьана могIаре хIоттавайтинарг хIун дара те, хаа лууш.

Суна, Дауда, чIогIа ларлуш, цу хьокъехь дерг цкъа хьалха Везачу Элера дош хаззалц, цхьа-хIуъа деш цахилар, хааделира. Юх-юха а онддачу охьатеIоран хьелашна кIелахь, иза Делан хьехарна тIекхуьура (Шам 20-31). Хьовсур вай цхьана къаьсттина чолхечу хьоле.

## Кхин а вон хуьлийла дуй те?

Шаула паччахьалла даран тIаьххьарчу шарахь Даудна а, цуьнан адамашна а кIелхьардовлар пIелаштамхойн лаьттахь карийнера. Цхьа тамашийна нисделлачу хьелашца Дауд а, цуьнан адамаш а, нийсса оццу муьрехь, пIелаштамхойн эскар тIамца Исраилна тIелата гулделлачу хенахь, пIелаштамхойх дIакхеттера. Амма пIелаштамхойн хьаькамашна жуьгтий шайца цхьаьна тIаме бахкар тамехь ца хийтира. Цундела цара Даудна

а, цуьнан адамашна а тIом бан ца магийра.

Шолгlачу lуьйранна Дауда а, цуьнца болчара а шайн зударий а, бераш а долчу Цакхелагlе юхаберза сацам бира. ТIамехь дакъа лаца аьтто ца белира, тIаккха Даудана а, цуьнан нахана а шаьш цаоьшуш хетта хила тарло. Уьш шайн махко а, шайн паччахьо дIатеттина а ца lаш, амма иштта царна тIедиссар карийначара а дIтеттинера. Хила там бу, Даудана ша тоъал цхьаалле хеташ хилла хир ву. Иза тамехь долчарех де дацара. Амма царна хила дезачуьнца дуьстича, иза хIинца а хIумма а дацара. Леррина ешалаш, хIун хиллера Дауд шен доьзал болчу юхавирзинчу хенахь, тIаккха сурт хIоттадейша шайна, хIун хетара цунна.

Кхозлагlчу дийнахь Дауд а, цуьнан накъостий а схьабаьхкира Цакхелагl-гlала. Ткъа lамалекхахоша, Негlаб цlе йолчу яьссачу арахь йолчу Цакхелагlана тIе а летта, гlала ягийнера. Зударий а, цигахь шайна мел карийна волу жима а, воккха а стаг, вен а ца вуьйш, йийсаре дIавигнера. Дауд а, цуьнца хилларш а гlала схьакхаьчча, царна гира цlарца ягийна lуьллуш йолу гlала, ткъа кхеран зударий а, кlентий а, йоlарий а йийсаре дIабигнера. ЧIогlа белха буьйлабелира Дауд а, цуьнца хилларш а. Кхин белха шаьш де доцуш биссалц, билхира уьш. Йийсаре дIайигнера Даудан ший а зуда: израlалхо йолу Ахьнуlмат а, Набалехь хилла йолу кармалхо Абигlал а (Шам 30:1-5).

Сурт хIотталой те шуьга, цунна хаалуш хиллачу лазаман? Цуьнан доьзал дIабигна, ерриг а еза хIуманаш лачкъийна, ткъа диснарг дагийна! Цу тIе иза шен доьзална тIера хилла ца lаш, амма дерриге а шен адамийн доьзалшна тIера а бала хьоьгуш вара. Царна массарна а шаьш пайденна доцуш а, цlенош доцуш а дуйла хаалора. Уьш, церан цlенош муха кlур туьйсуш ду а, мостагlаша царна безаш берш дIабигнийла хаархьама а бен юха ца бирзинера. Нагахь иза ца тоахь, тIаккха хIун хилира хьовсийша:

> *Шайна тIекхаьчна долу вон ла ца луш, шайн кlентий а, йоlарий а дIабигна карийна, доьхна хьийзаш долу адам Даудана тIе тIулгаш детта*

*гӀерташ дара. И хӀума бахьана долуш чӀогӀа воьхнера Дауд а, амма иза, шен Везачу Делера дегайовхо а карийна, чӀагӀвелира (Шам 30:6).*

И дара хӀинца ца тоьаш дерг: цуьнца тӀам тӀе дахана долу адамаш, Даудана тӀулгаш детта кийча дара, церан зударий а, бераш а гӀаролдар доцуш дисина дела! Кхин вон хуьлийла а дац. Иза Шаулан зерал, дуккхазза а вон дара. Даудан, вистхилийла долуш, цхьа а адамийн са дацара. Шаулан, йистерчу барамехь, хӀинца а кӀилло эскар а дара, доьзал а бара, тӀаккха цуьнан адамаш цунна тӀулгаш детта кхерам туьйсуш а дацара.

Дукхахболу тешаш берш шайн дахарехь, шаьш кхоччуш цхьа болуш хилар хаалучу муьре кхочу. Со теша, Дала магош ду и хила. Цо долош дац иза, зуламан автор воцу дела. Делахь а Дела юкъа ца волу, цу дог дохаран хенашкахь цхьа маьӀна го дела. Даудан карагӀойла а дара, мостагӀчунна тӀаьхьаволийла а дара я шен салтийн лазаман хьогалла дӀаяккха кхин кеп карайойла дара. Амма хьовсийша, цо хӀун дира цуьнан метта.

И хӀума бахьана долуш чӀогӀа воьхнера Дауд а, амма иза, шен Везачу Делера дегайовхо а карийна, чӀагӀвелира. Цо динан да волчу Ахьи-Маликан кӀанте Абу-ЯтӀарига элира: «Схьая кхуза еза ийпад». Абу-ЯтӀарис Даудана тӀе иза схьаеара. Везачу Эле Дауда хаттар дира: «ТӀаьхьаваха везий со цу мостагӀийн цӀазана? ТӀаьхьакхуьур вуй со царна?» Цуьнга жоп кхечира: «ТӀаьхьавала. ТӀекхочур ву хьо, уьш схьа а бахалур бу хьоьга» (Шам 30:6-8).

Ур-атталла инзаречу охьатаӀоран кӀелахь а Дауд меттах цавелира, Везачу Элан омра хиллалц. Цо шена Далла тешаме хилар а, Везачу Элан весетах лаьцна а дагадаийтира, тӀаккха ша хӀун дан деза хаьттира. ТӀаккха Дала элира: «ТӀаьхьавала».

Дауд тӀаьхьавелира. «Цара дӀа мел даьхьна долу рицкъа а схьадаьккхира Дауда, шен ши зуда а йийсарера мукъаяьккхира цо. Церан цхьа а я жиманиг а, я воккханиг а ца вайра. Массо кӀант а, йоӀ а, дуьненан рицкъа а юхадерзийра Дауда, Ӏамалекхахоша дӀадаьхьна долу» (Шам 30;18-19).

Кхоччуш сатуьйсийла доцу хьал, сийлахь толам баккхарехьа дирзира. Вайн Далла хала цхьа а хӀума дац. Дауд адамел Везачу Элах алсам кхоьрура. ТӀаккха цу гӀуллакхо хьалхарчу рогӀехь Везачу Эле ала меттахвохура иза. Цуьнан охьатаӀорна йолу терго, Шаулан тергонах чӀогӀа къасталуш яра.

Дауд деш-лелара, Шаула хуьлуш долчун терго бен ца ечу хенахь. Даудан, хуьлуш долчун терго а ца еш, деш-лелийла дара, Везачу Эло бохург хаьа дела. Вайн Дала леррина Къобалвинчун хьекъал долчу хенахь, вай кечдина а хуьлу, деш-лела майралла йолуш а хуьлу, ткъа хуьлуш долчун дуьххьалдӀа терго а ца еш.

## Хьекъале кхетам

ХьалхабогӀучу коьртех цхьанна тӀехь вай ийзадалар дохорхьама, хӀун тӀедуьллуш ду къастийра. Иза Ӏаламехь йолу майралла яц, амма ницкъан а, безаман а, хьекъалечу кхетаман а диканех хуьлу майралла ю. Дезачу Йозанийн хӀара меттиг, вайн коьрта аят дара:

> *Цундела юха а дагадоуьйту ас хьуна, сайн куьйгаш тӀедахкарехула, Дала хьайна деллачу похӀмин алу кхин а йовха ягийталахь. ХӀунда аьлча Дала вайна кӀиллоллин са хилийта ца делла Шен Са, ткъа вайн синан ницкъ хилийта а, безам зуьйш а, вай кхетаме хилийта а делла (ингалс. Делан Йозанашкахь - «хьекъале кхетам» - билг. гочд.-н) (2 Ти 1:6-7).*

Ийзаваларца къовсамехь латтавала магийначу, оцу кхаа агӀоно Даудан даг чохь, майралла муха кхоллаялийтина, хьовсур вай.

1. Ницкъ. Даудна Дела вовзара, тӀаккха ша тӀеӀотталойла долчу массо а хӀуманал, Дела дукха а, онда а вуьйла хаьара.
2. Безам. Цунна Веза Эла шел а дукха везара.
3. Хьекъале кхетам. Иза меттах ца волура, Делера дош

хиллалц, я Цуьнан дагалацамах кхетталц. ТIаккха бен дац, охьатаIор мел чIогIа хиллехь а.

Вайн са ницкъах а, безамах а, Делан дашах а дуьзна долчу хенахь, вай ийзадаларан хIонц нислур дац. Оцу кхаа хьакъ долчух дуьххьалдIа цхьаъ хилла Iан а ца дезаш, амма дерриге кхааннан комбинаци хила еза, цунна кIел сиз а хьокху ПахIала. Нагахь цхьаъ хилар бен тIедуьллуш дацахьара, ПахIала иштта яздийр а дара. Амма Делаллин майраллехь лелархьама, ерриге а кхо агIо еза.

Вай хIинца ма-дарра ницкъе а, безаме а хьаьвсина. Хьекъалечу кхетамна а тIекхочур вай.

# ХЬЕКЪАЛЕЧУ КХЕТАМАН СА

Хьекъалечу кхетамна, нийсса хIинцца Дала хIун боху а, хIун деш ву а, хаьа.

Цхьана а хIумано цахаарал дукха ца кхераво. Цахаар – иза хаар ца тоьаш хилар ду. Хаарийн мехала хиларх лаьцна сих-сих Дезачу Йозанашкахь бохуш ду. Кицанашкахь аьлла ду: «Хьекъалалле стаг ницкъ болуш ву, тIаккха хьекъалечу стага шен ницкъ чIагIбо». Ткъа Кицанашкахь 11:9 вайна дагадоуьйту, «Делан лаамехь волу стаг шен хьекъалалло кIелхьарвоккху». Хааро, озаваларан гуро лацарх кIелхьарвалархьама ницкъ ло.

Кхетийша, Iаламехь долу хаар а, синан лакхалле хаар а ду. Синан лакхалле хаар а, хьекъалалла а Iаламехь долчул лакхара ду. Билггал цундела олу вай царех Iаламехь доцу, алий. Иза Iаламехь долчарел сов бохург ду.

Тимапига 2-чу Дахьийтарехь 1:6-7 аяташкахь ПахIала кхерамна (озаваларна) тIехь толам баккхаран кхоъ коьрта

элемент хьахош ю: безам, ницкъ, хьекъале кхетам. Кху коьртехь къамел тІаьхьарчу элементах лаьцна ду – хьекъалечу кхетамах.

ХІун ду те хьекъале кхетам бохург? Деза Йозанаш хааррий? Мурдаш бодане чІерийлецархой бара, ткъа Исраилера уггаре а дешна йолу адамийн тоба, садукъой, кхетамах тилийнера церан хьекъалалло а, майралло а.

Барт хоттуш берш цецбевллера Кипин а, Яхьъян а доьналлех. ХІара шиъ дешна а воцуш, мискачу нахах ма вара. Юха кхелахошна хиира хІорш Іийсаца хиллий (Век 4:13).

Тапа цІе йолчу стага синагогин Іамийна болу хьакамаш дІасовцийра шен хьекъалан кхетамца. Делан Йозанаша иштта тоьшалла даладо: «Амма цуьнан къамелехь долчу хьекъална а, цуьнца долчу Делан Синан доьналлина а дуьхьало ца ялора цаьрга» (Век 6:10).

Вайна сихха го, хьекъалечу кхетаман са, Іаламехь долчу хьекъалаллах, я Дезачу Йозанийн Іаморан специальни занятийн жамІах догІуш дац. ТІаккха хьекъале кхетаман са мичара долу те?

## Къайле йовзар

Хьекъале кхетам Дала леррина Къобалвинчун хьекъал довзарх догІуш ду. Деккъа Деза Йозанаш довзаро Дала леррина Къобалвинарг вовзаран гаранти ца ло. Яздина ду, «йозанца яздинчо адам доь, ткъа Делан Сино адам дендо» (2 Ко 3:6). «Йоза» – Дезачу Йозанийн маьІна ду.

Парушхошна тІехдика хаьара Деза Йозанаш, амма церан са ца девзара. Цундела церан гІуллакдаро Іожалла кхуллура. Цо адамаш Делан дагах дІатоьттура, ткъа тІе а ца ийзош. Цара адамаш Везачу Элах дІакъестадора шайн экономически хааршца, Далла шаьш тІекхиъначуха сурт а хІоттош, - дагца а доцуш, ткъа коьртаца.

Іийсас аьлла: «Адам деккъа цхьана баьпках дехаш дац. Цуьнан вузар – багара схьадаьлла хІора дош ду» (Мат 4:4). Билгалделаш, цо ца аьлла «арадаьлла». ТІаккха иза яхана хан

хир яра. Деза Йозанаш бен дац Делан багара схьадаьллачун сурт хIоттош.

Цо аьлла «арадаьлла», цо карара ханна тIе гойту. Вайна, тахана Цуьнан багара схьадолуш дерг хаархьама, Дезачу Йозанийн Олахо вовза веза. Инжилан Яхьъян декъехь 16:13-14: «Ткъа и бакъдерг гойтуш долу Са схьадеача, Цо билггал бакъболчу новкъа дохур ду шу, хIунда аьлча Цо Шегара бохур дац, амма Шена хезнарг дуьйцур ду, тIейогIучу хенахь хиндерг хоуьйтур ду Цо шуна. Цо Сан сийлалла ойур ю, хIунда аьлча Соьгарчух дIа а эцна, Цо довзуьйтур ду шуна иза». Тидам белаш Iийсас аьлла «хезнарг», ткъа «хезна» а доцуш. Дезачу Синан гIоьнца, вайн, Iийсас хIинца хIун боху, хуийла ду.

ТIаккха шун хаттийла ду: «Ткъа Деза Йозанаш стенна оьшу тIаккха?» Уьш – вайна гIо дархьама а, хьовсорхьама а некъгойтург ду. Уьш Дала Iаь тоьхна ду, тIаккха Дезачу Сино уьш дендича, Деза Йозанаш вайн дегнаш чохь денло, ткъа вайн кортош чохь бен хилла а ца Iаш. Уьш, вайна Делан Синера хезаш дерг чIагIдархьама пайда оьцуш йолу, стандарт ю. Деза Са цкъа а Дезачу Йозанашна дуьхьалдаьлла хир дац. Амма вайн Iехалойла ду, Деза Йозанаш вайн хьекъалца тIеоьцуш долчо Дезачу Синан олийла долчунна доза тухуш хилча. Цу тIехь дара парушхойн гIалат.

## Корта а, аят а хаар тоьаш дац

Парушхой чIогIа хаар долуш бара. Ма-дарра аьлча царна Ширачу Весетан хьалхара пхи книга дагахь хаьара! Уьш Деза Йозанаш а толлуш, собар цахиларца Машахь схьаваре сатуьйсуш бара. Делахь а уьш церан хьекъалан кхетамца Деза Йозанаш довзарца сатуьйсуш бара Цуьнга. Уьш ЕшаI-ЯхIун пайхамаралла девзаш бара:

> *ХIунда аьлча вайна бер дина – кIант велла вайна. Олалла хир ду Цуьнан белшаш тIехь. Цунна цIе туьллур ю: Тамашийна Хьехамча, Нуьцкъала Дела,*

> *Гуттар а волу Да, Машаран Эла. Цуьнан олалла дIасадаьржаш хир ду, цу чохь машар даим лаьтташ хир бу. Даудан тIаьхьенах волу паччахь санна цо шен пачхьалкхана тIехь куьйгалла дийр ду. И пачхьалкх дIа а хIоттийна, цунна тIехь паччахьалла дийр ду цо нийсонца а, диканца а, хIинца дуьйна абаденналц. Массо а ницкъийн Везачу Элан эмгаралло кхочушдийр ду иза (Еш 9:6-7).*

Церан Машахь Шен лаьттара пачхьалкх дIа а хIоттийна, уьш римхойн олаллин кIелара паргIат а баьхна, Даудан паччахьан гIанта тIе охьахаа везаш вара. Iийса Галилайн Назартера дечигпхьар санна, боданечу чIерийлецархойх а, ял лахьочарах а болу мурдаш гонах а болуш веача, уьш тасабелира.

И парушхой даим а Iийсаца мостагIалла долуш бара, Дезачу Йозанех шайн хьекъалера суртхIоттар бен доцу дела. Уьш Машахь къоман сийлахь баьчча хирг хиларх тешна бара. Цундела дора цара Iийсага кху тайпана хаттарш: «Нагахь хьо Машахь велахь, мичахь ю Ахь дIахIотто езаш йолу пачхьалкх? Хьо Даудан паччахьан гIанта тIе хиъна хIунда вац?»

Iийсас жоп делира: «Шуна гучу кепехь догIур дац Делан Олалла. Цхьаьнгге а алалур дац: „Иза кхузахь ду“ я „дIогахь ду“, хIунда аьлча Делан Олалла шуна юкъахь ду» (Лак 17:20-21). Тахана вайн цунах кхетийла ду, вайн Iийса вала а велла, денвелла хилар хаа озабезам болуш долу дела. Амма цу адамашна, шаьш бакъ ду моьттура. Делахь а церан тешна хилар Деза Йозанаш хьекъалца хаарна тIедоьгIна дара. Церан кхетаман Са дацара.

## Синан къайле

ШамIа цIе йолу стаг а иштта Машахье сатуьйсуш вара. Иза парушхой санна, хаар долуш вацара. Делахь а, Делан Йозанашкахь цунах лаьцна хIун боху, хьовсийша.

Цу хенахь Ярушалаймехь ШамIа цIе йолуш цхьа стаг вара. Иза чIогIа Делах кхоьруш а, дика лелаш а, Исраилан халкъана синтем

хиларе сатуьйсуш а стаг вара. Делан Са а дара цуьнца. Цунна Делан Синера хаам бара, Везачу Эло леррина Къобалвинарг галлалц, иза лийр вац аьлла. Делан Сино валийра иза Делан цӀийнан керта. Мареммий, Юсуппий, жима Ӏийсай цига баьхкича, Ӏийсана тӀехь, Дала товратахь тӀе-ма-диллара, гӀуллакх дан, ШамӀас, Ӏийса куьйгаш тӀе схьа а эцна, Далла хастам а беш, элира: «ХӀинца, Айхьа ма-аллара, садалар атта долуш, Хьайн лай волу со дӀахецахьа, Хьалдолу Эла, хӀунда аьлча сан бӀаьргашна гира адамаш кӀелхьардоху дерг,... Дай-наний чӀогӀа цецдаьллера шайн кӀантах лаьцна ШамӀас дийцинчух (Лак 2:25-30. 33).

Ӏийса Везачу Элана леринчу хенахь, Цуьнан ялх батта тӀера ши шо кхаччалц хан яра. Делан цӀа доккха дара. Цуьнан лаьтта тӀехь тайп-тайпана гӀишлош яра. Гуттара санна йолчу хенахь, цигахь бӀенаш а, ур-атталла эзарнаш а адамаш хуьлура.

ХӀинца шайна иштта сурт хӀоттадейша: Галилайра дечиг-пхьар а, цуьнан зуда а ялх бутт болчу жимачу бераца чоьхьадолу. Делан цӀийнахь нийсса тобанна юккъехь ШамӀас ведда тӀе а вогӀий, церан бер схьа а эций, пайхамаралла до: «Машахь!» ХӀинца кхетийла ду шун, Юсуп а, Марем а иштта цец хӀунда даьллера!

Гой шуна, ШамӀас Машахьан схьавар «Машахь вайн эра тӀеяле доьалгӀачу шарахь схьаван хӀунда везаш хиларан бӀе цхьа бахьана» книга ешарца дагар ца дина. Цо и хаар Деза Йозанаш Ӏаморца схьа цаэцна. Дезачу Синан къайленгахула хаьара цунна, Машахь хӀинц-хӀинца схьаван везашвуйла. Иза Делан цӀийне Дезачу Синан лелорца веана вара!

Иза тамашийна долуш дерг ду. Оцу, ша Ӏедалан эксперт лоруш воцчу стагана, Ӏийса Машахь хилар хиира, Вукхуьнан ялх бутт болчу хенахь. Ткъа парушхошна ткъе итт шо дӀадаьлча а ца вевзира Машахь, Цо жинаш арадохуш доллушехь а, цомгушнаш тобеш боллушехь а, бӀаьрзечеран бӀаьрса дӀадоьллушехь, белларш денбеш боллушехь а». Иштта башхалла ю-кх Дала леррина Къобалвинчун хьекъалан а, Деза Йозанаш хааран хьекъалан а юкъахь.

Керлачу весетаца парушхоша Ширачу весетаца диннарг дойла дуй-те вайн? Вешан Веза Эла вовзар доктринашца а, Деза Йозанаш Іаморца а доза тухий те вай, ур-атталла кхоччуш хаза кхаъ кхайкхоран динан тобанашкахь а. Доктринаша вайн Делаца йолу юкъаметтигаш дІа ца хІиттайо, царна тІететтар бен! Бракехь цхьаьнакхетаран церемонехь аса «хІаъ» айса учебник тІехь, иза иштта дан деза, дешна дела ца аьлла. Сан сайн нускалца юьхьша юкъаметтигаш яра.

Иштта, Деза Йозанаш дешар сацо дезий те вай? Ца деза те, дера! Амма, вай уьш кхечу тайпана деша деза. Сайн Деза Йозанаш схьаоьцучу хенахь, аса даим а доІа а деш, Дезачу Сине цу тІера довзийтар хилар доьху. Ас йошшушехь, билггал бакъдерг сан даг чу эккха. Иза, со цуьнца догІуш вехан волу билггал бакъдерг ду!

Хьекъалечу кхетамна, Дала нийсса хІинцца хІун боху а, хІун до а хаьа. Делан Синан бен дІадоьллийла дац иза. Цуьнан олийла ду вайга Дезачу Йозанашкахула, Цуьнан олийла ду вайн даге чоьхьарчу тоьшаллица, я Шен кІеда-мерзачу озаца. Вайна Дала бохург девзачу хенахь, вай вешан дахар ласталур йоцчу тарха тІедугІу.

## Цо олаллица олу

Инжила тІехь Іийсас олаллица бохуш хилар, дуккхазза а гайтина ду. Хьовсур вай ишттачу хиламех цхьаьнга.

> *Іийса и дешнаш аьлла ваьлча, адамаш Цуьнан хьекъалх чІогІа цецдевллера, хІунда аьлча церан Іеламчу наха санна а доцуш, олалла долчо санна хьоьхура Цо (Мат 7:28-29).*

Иза олаллица аьлла ца Іара. Иза деш-лелаш а вара олаллица. Хьовсийша кхечу масале.

Массо а наха, чІогІа цецбевлла, вовшашка хоьттура:

*«И хІун хьехам бу? Жинаш, Цуьнан омре ладугІий,*

> *стагана чуьра арадовлу. Царна тІехь олалла до Цо», – бохуш (Лак 4:36)*

Иза, ур-атталла римхойн бІаьхочо тІеэццал долчу, олаллица вехаш а, лелаш а вара. Цо Іийсага элира, нагахь Вукхо дуьххьалдІа дош алахь, цуьнан ялхо толур ву, аьлла (Мат 8:5-10). И римхо Іийсан олаллин хьостанах кхетара. Іийсан олалла Цо Ша доза тоьхна а доцуш, амма Дала нисдина дара. Цундела винера Іийсас Ша, Ден лаам дІабоьллуш долчу, Дезачу Синна муьтІахь.

БІаьхочо аьллера: «Со суо а ву, олаллин кІелахь волу стаг, сан олаллехь а бу салтий». Іийса цецваьллера, ишттаниг а хезна. И командир, олалла схьаэцаран цхьаъ бен боцу некъ стенца бу аьлча, ша олаллин кІелахь нисвалархьама хиларх, кхетара! Іийса олаллица лелара, Ша олаллин кІелахь волу дела. Иза, Ден лаам дІабоьллуш долчу, Дезачу Синна кхоччуш муьтІахьхиларехь вехара. Цо аьлла:

> *ХІунда аьлча Аса Сайгара ца боху, амма Со ваийтинчу Сан Дас весет дина Соьга, Аса хІун ала а, хІун дийца а деза олуш (Яхьъя 12:49).*

ТІаккха кхин а:

> *Айса-Сайгара хІумма а дан йиш яц Сан. Аса, Сайна ма-хаззара, кхел йо, и Сан кхел бакъ а ю. ХІунда аьлча Аса Сайн лаам ца лоьху, амма Со Ваийтинчу Ден лаам кхочушбо (Яхьъя 5:30).*

Іийсас къаьстташ кхетийра, Цуьнан олалла Дегара схьадолуш хилар.

Ткъа хьо ца теша, Со Деца хиларх а, Да Соьца хиларх а? Аса шуьга олу дешнаш Соьгара дац. Соьца хуьлуш волчу Сан Дас деш ду и Шен гІуллакхаш (Яхьъя 14:10). Бакъдерг боху Ас шуьга, Шен Дас дийриг гуш ца хилча, Шеггара хІумма а дойла дац КІентан. ХІунда аьлча Шен Дас дийрриг до КІанта а (Яхьъя 5:19).

Дагахь латтаделаш, Іийса Делан КІант хиллехь а, Иза, Синах вуьзна, массо а санна адам долуш вехара. Иза, Шен лаамца, берриге а Шен делаллин озабезамех ваьлла. Делахь а Цо, адамаш цецдохучу, олаллица омра дора. Иза, И Делан Сино лелош хиларца бен, бохуш а, деш-лелаш а ца хиларна дара. Иза цкъа а ийзацалора, Дела кхеравойла я эхь хетийтийла доцу дела. Деланал алсам чІогІа а, нуьцкъала а, хууш волу а цхьа а вац!

Іийса, ур-атталла парушхой Иза шайн хІилланечу динан хаттаршца кхеро гІертачу хенахь а, Шен олаллехь вуьсура. Уьш, Цуьнан Шен дешнашца, Цунах тешам байа лууш бара. Амма мел исбаьхьа гураш хиллехь а, Іийсас даим а Дезачу Синца догІуш жоьпаш лора, муьлхха а кхерор доха а деш. Цо Шен хьекъалаллица уьш тупике хІиттабора, тІаккха эххар а, бохарца, цара шайн Цунна эхь хетийта гІертарш дуьтура.

Цхьаммо а, цхьа дош аьлла а, жоп ца делира Цунна дуьхьал. ХІетахь дуьйна схьа Іийсага цхьа а хаттар дан ца хІуттура уьш (Мат 22:46).

## «Со Дас ваийтаре терра...»

Ткъа хІинца инзаре керланаш: «Со Дас ваийтаре терра, Аса шу а дохуьйту!» (Яхьъя 20:21). Вай, иза Іийсас деш махиллара, даха а, олуш а, лелаш а хила деза. Цундела Цо вай иракарахІиттадо:

> *Хаа ду шуна, хьалхе дуьйна шаьш ала дезачун ойла ма елаш. Ас шуна лун долчу дешнашна а, хьекъална а дуьхьало ян ницкъ кхочур бац шун довхойн (Лак 21:14-15).*

Цхьаболчара олаллица ца аларан а, ца хьехаран а, кхайкхамаш ца баран а бахьана, цара Делан Йозанашкара дахьийтарш Іама а дина, шайн хьекъалца Деза Йозанийн кхетарца дустарехь къайлададьлла ду. Цара Дала хьалха аьлла а, дина а дерг дуьйцу, ткъа Цо хІинцца бохуш а, деш а дерг а

доцуш! Делан Синан дог айадаларца олуш бен, вайга олаллица алалур дац. Дала Ша ма-аьлла: «Ас цкъа а вуьтур вац хьо, хьох къаьстар а вац Со». Цундела вай майрра боху:

*«Веза Эла ву сан гIоьнча, со хIуманах а кхоьрур вац.*
*ХIун дийр дара суна стага?» (Iеб 13:5-6).*

Кхин цкъа а леррина хьовсур вай цу дешнашка. Вайн, Дала хIинцца бохийла хуучу хенахь, майрра а, олаллица а лелийла ду! Цуьнан дешнийн лесталуш ца хиларо майралла ло вайна. Дала тешадо, вайна Цо бохийла хууш долчу хенахь а, тIаккха вай Иза даим а ваьшна юххехь хиларх тешачу хенахь а, вайн майрра дIахьедойла ду: «ХIун дийр ду суна адамо?» Нагахь вай иштточу тешна хиларехь дехаш делахь, вай кхерадойла дац!

## ХIинцалера парушхой

Иштта нисделла, со, хIинцалера парушхой олучу, шайн Са доцчарна тIеIиттавелла. Церан шаьш меттанашкахь дуьйцуш хилар чIагIдойла ду, амма хIетте а цаьрца Делан Са дац! Цуьнца цхьаьна цаьрга, дуккхах болчарел сиха, аяташ цитировать дало, Дезачу Йозанийн меттигийн цIераш а йохуш.

Цу наха, ас кхайкхам бинчунна я цхьанхьа яздинчунна, хеттаршца Iиттарш йора суна. Сан дагахь, цхьа хIума Iамархьама, я дуьххьалдIа ца кхеташ хиларна хеттарш деш болу нах бац. Суна тамехь ду иштта хаттарш. Ткъа ас буьйцуш берш, дерриг а шайн синан лакхаллин агIонашкахула а дустуш, церан доктринальни дозатоьхна хиларна чу ца тарлуш долу дерриг а дIатоьттуш берш бу.

Суна хааделира, цу тайпаначу къамелан шина юьхьарлацарехь гIойла хилар. Цкъа-делахь, со Дезачу Йозанех лаьцна интеллектуальни дискусси юкъаозавойла ду. ЖамIехь суна суо кхоччуш кIадвелла хилар хаало, къаьсттина нагахь къамелхой – дийцаре дехкинчу хаттарех Дезачу Йозанашкара меттигийн хуурш белахь. Цара толам боккху, ткъа со эхь хеташ вуьсу. Со хIинца цу тайпаначу историшна юкъа ца гIерта!

Жоп дала кхин кеп ю. Дезачу Сине а хьаьжна, Цо хьайн даге боххург, алар. ТӀаккха Делан хьекъалалла хьалхадер ду, ткъа дуьхьалбевллачийн лар а юьсур яц. Делан хьекъалалла даим а Дезачу Йозанашкара догӀу, амма Дезачу Сино цунна дахаран садеӀар ло.

Масех шо хьалха со цхьана динан гӀуллакхдархочуьнца кеман тӀехь воьдура. Тхуна зуда-жуьгти дуьхьалкхийтира. Иза башха зуда яра, цо шен ира хьекъал гойтура. Веза Эла волчу Ӏийсах лаьцна къамел тасаделира. Оха тайп-тайпана чӀагӀдарш Ӏенадора, Ӏийса – Машахь хиларан тешалла дан а гӀерташ. Ткъа иза мелхо а, Цуьнан дерриг а дезар харц хиларан тешалла дан гӀертара.

ТӀаккха цӀаьххьана со, хуьлуш долчух кхийтира. Со цу интеллектуальни къовсамо цхьана а хӀуманна тӀедалориг ца хиларх кхийтира. Со, Дезачу Сино вигар лоьхучуха, сайна чу хьаьжира, тӀаккха Цо аса хӀун ала деза дӀадиллира суна. Ас цуьнга а хьаьжна, Дала сайна делла долу дешнаш дийкъира. Ас и дича, сан аз хийцаделира, ткъа сан дешнаш олаллах дуьзира. Сихха, цунна и ма-хеззи, цуьнан бӀаьргаш горгбелира, тӀаккха и дӀасецира. Берриге тхан къийсамо гӀо цадора цунна. Амма Везачу Элера дош деача, цо сихха эффект йира.

Тхо кеман тӀера охьадиссира, тӀаккха соьца цхьаьна волчу динан гӀуллакхдархочо, элира: «Джон, суна Веза Эла юххехь хилар хаалора, ахь и дешнаш олучу хенахь. Хьуна билгалделирий, цуьнан кхин ала хӀума цахилар?» Деза Йозанаш хьекъалца хаарна тӀедогӀий, стом бохьур боцчу ойланашка ма вожа. Амма цуьнан метта Дезачу Синна шаьш синан лакхаллечу хьекъалалле дало магаде.

Оцу дерригенах а лаьцна, вайн адамийн хьекъало луш долчу дешнашца а доцуш, Делан Сино хьоьхучу дешнашца дуьйцу. Синца доьзначу хӀуманех Синах буьзна берш кхетабо вай... Делан Синца волчунна массо а хӀуманан мах хадо хаьа. Ткъа цу стеган мах хадо цхьана а адаман йиш яц. ХӀунда аьлча Делан Йозанашкахь яздина ма ду: «Везачу Элан хьекъал довза мила

кхаьчна? Цуьнга хьехам бан йиш йолуш мила хир ву?» Ткъа вайн Дала леррина Къобалвинчун хьекъал ду (1 Ко 2:13,15-16).

Дала леррина Къобалвинчун хьекъал долчу стагана кхел йойла я кхеравойла дац! Сан, нагахь Делан Синехьа ца вирзинехьара, со ийзалур волу, багарбойла доцу хиламаш балабойла хир дара.

Вайна Iийса вехаш ма-хиллара, даха хьехар до (1 Я 2:6). Iийсас, Цунна гуш ма-хиллара, Дезачу Сино деш дерриг дора. Нагахь вай иштта лелаш делахь, вайн ийзадаларна а, контрольна а тIехь толам баккхарна оьшу хьекъалан кхетам а, майралла а хир ю.

## Веза Эла, ас хIун де те?

Сих-сиха вай, дуьххьалдIа ваьш сецош долчу, хьелашка кхочу. Нагахь вайн Дала леррина Къобалвинчун хьекъал дацахь, вай, Дала ваьшна хьалха хIиттийна задачаш кхочушъян, кхоччуш хьуьнар доцуш нисло. Иштттачу цхьана кхайкхарца со Мексикехь тIеIоттавелла.

Со Монтеррей гIалахь хаза кхаъ кхайкхо кхайкхина вара. Со цхьана суьранна гIуллакхдарна бен кхайкхина вацара, тIаккха цига кхача некъана мах ас айса белла а бара. Ах де ас доIа деш даьккхира. ДоIа дечу хенахь, суна, гулам хила безачу гIишлонна тIехула, бодане марха гира. Ас Везачу Эле и хIун ду хаьттира, тIаккха Цо кхетийра: «Джон, иза тахана хилабезачу гуламца леташ болу бода бу. Кхин дIа доIа де».

Нуьцкъала даьтта хьакхар охьадеара, со доIа дарна тIехь чIагI а веш. Ткъе итт минот дIаяьлча, суна кхин а цхьацца хIума гира. ГIишлонан тхов тIера нийсса боданечу стигала ткъес тохаран серло елира. Ас Везачу Эле, цуьнан хIун маьIна хуьлийла ду те, хаьттира. «Иза, таханлерчу гуламна тIедогIуш долу, сан сецалуш доцу сийлалла ду», - элира Цо сан сина чу. ТIаккха со воккхаверна тIевеара.

ГIуллакхдар суьйранна 6 сахьт даьлча билгалдаьккхина дара. Тхо жимма хьалхо схьакхаьчнера, тIаккха тхоьга, олаллин

векалшна, гулам вовшахтоьхна динан тобанан Іуналхо ган лууш хиларх лаьцна, хаам бира. Чиновникашна юххе ваьлла вогІуш шайн духарца волу ши офицер вара. Динан тобанан Іуналхо а, со а царна дуьхьал вахара. Цхьайолчу хенахь чиновнико Іуналхочуьнца испанхойн маттахь хабар дийцира, тІаккха ингалс маттахь соьга хаттар дира: «Ахь испанхойн маттахь дуьйций?»

- ХІан-хІа, сэр, - жоп делира ас.

ТІаккха цо соьга омра дира: «Тахана шун кху тобанна цхьа а хІума дуьйцийла дац, туристан-гездархочун цхьацца историш йоцург». ТІаккха цо, динан тобанан Іуналхочуьнгахьа а вирзина, цуьнца хабар дийцира. Иза кхоччуш воккхавеш воцуш гуш вара. Ма-дарра аьлча из аур-атталла кхеравелла гуш вара.

Чиновник шен къамел чекх а даьккхина, тІемалой юххехь а болуш, дІавахара. Динан тобанан Іуналхочо со юьстах а ваьккхина, элира: «Джон, и стаг – олалла дочийн векал ву, тІаккха цо, хьан кхайкхам бойла дац элира. Мексикин Іедалца, нагахь хьо кху мехкан гражданин вацахь, хьан специальни бакъо йоцуш, кхайкхам бойла дац. Дукха хьолахь, цу Іедалх пайда ца оьцу, - кхин дІа бохура Іуналхочо, - амма, гуш ду, кху къонахчунна хьо кхузахь хилар тамехь ца хета, тІаккха цо цу низамах пайда эца сацам бина. ТІаккха кхин а цо элира, оршотан дийнахь Іуьйранна 9 сахьт даьлча, цунна хьо шен офисехь ган лаьа».

Со сайн лергех ца тешалора. Ас динан тобанан Іуналхочуьнга сихха элира: «Со кхуза кхайкхам ца бархьама ца веана. Нагахь хьо сан бен гІайгІа беш вацахь, соьга кхайкхам бан магийта».

Динан тобанан Іуналхочо элира: «Джон, цу гІуллакхо сан динан тобанна тІехь а Іаткъам бан мега. Дуккха а халонаш гучуйийла мега. И чиновник лаккхарчу меттера ву. Ахь кхайкхам ца бича гІолехь хир ду». Динан тобанан Іуналхо кхера а веллера, оза а веллера, тІаккха сан дуьсуш кхин цхьа а хІума дацара, доІа дар доцург бен, хІунда аьлча гІуллакхдар цуьнан олаллехь дара.

Со гІишлонна чуьра аравелира. Иза Монтерреян юккъехь льтташ йолу спорткомплекс яра. ГІишлонна хьалха флагшток

яра, тӀаккха со цунна гонаха лела волавелира. Суна хаьара, Дала хӀинца, таханлерчу гуламехь гучудер долу сийлалла гайтинера. Суна, Дала сайга кхуза ван омра динийла хаьара. Амма суна хӀинца хӀун дан деза ца хаьара. Ойланаш сан коьрта чохь дӀасауьдура: «ТӀаккха, хила тарло, цу чиновнико Дала со кхуза стенна ваийтина дерг кхочушдарна баккъал а новкъарло йийр ю те суна?» ТӀаккха со ойла ян волавелира. Цу стеган, Дала суна доӀанехь гайтинарг, сацадойла дац. Делахь а чоьхьара къийсам кхин дӀабоьдура: «ХӀун де те хӀетте а?»

ТӀаккха ас элира: «Дада, суна хӀун де ца хаьа, амма Хьуна-х иза сюрприз ма яций. Хьуна хьалххе дуьйна, хӀун хир ду хууш дара. Цундела суна Хьан хьекъалалла а, Хьан хьехар а оьшу кху хьолехь». Со синца доӀа дан волавелира, тӀаккха Дезачу Йозанийн меттиг еара сан хьекъале.

> *Адаман даг чохь дерг кӀоргачу гӀунна чохь долу хи санна ду, ткъа кхетамечу стаге и хи хьаладаккхало (Киц 20:5).*

Ӏийсас аьлла, Сох тешначун, Делан Йозанашна тӀехь маллара, кийрара „дийначу хин“ шовданаш оьхур ду (Яхьъя 7:38). Суна Дала леррина Къобалвинчун хьекъал оьшура. Меттанашкахь долчу доӀано цунна гучудала гӀо до.

Ас масех минотехь доӀа дира, сан хьекъалехь тийналла яра, амма суна Делера кхин а цхьа-хӀуъа а хаза лаьара. ТӀаккха цӀаьхххьана ойла сан даг чуьра араиккхира: «Оцу адамашна, цкъа мацца а Мексикехь хиллачу берриге а туристех уггаре а сийлахьчух лаций дийцахьа».

Ас чӀоггӀа элира: «Иза оьшуш дерриг а ду-кх! Оцу стага сан туризмин темех лаьцна цхьа-хӀуъа а дийца мегар ду аьлл. Ас царна Мексике веанчу сийлахьчу туристах лаьцна дуьйцур ду, - Дала леррина къобалвинчу Ӏийсах лаьцна!» Воккхавер хьаладелира суна чохь, тӀаккха со вела волавелира.

Со гӀишлонна чу юхавирзира. Суна там хиларна, Дала хӀинца динан тобанан Ӏуналхочуьнца дерг цхьалхадаьккхинера. Цо

хаам бира: «Дала соьца хабар дийцира, тӀаккха Цо Ша хьога аьлларг, ахьа дар дийхира».

Ас гулам кху дешнашца болийра: «Соьга шуьца туризмин темех лаьцна бен ма дийца аьлла, омра динера, цундела тахана суна шуна, цкъа-мацца а Мексике баьхкинчу туристех, сийлахьчух лаьцна дийца лаьа».

Цхьана сахьтехь гергга аса Іийсах лаьцна Веза Эла а, КІелхьардохург а волуш санна кхайкхам бира. Цхьаболчара Іийса шайн Веза Эла хиларан тІекхайкхарна жоп делира. Цу тобанна юкъахь цхьа заьІапхо вара. Іийса тІеэцаран доІа дарал тІаьхьа, Везачу Эло соьга элира: «ХІара стаг Суна хьалхарчу могІарехь тован лаьа».

Ас цуьнга а хьаьжна, элира: «Сэр, Делан Сино хьо тован лаьа боху». Ас куьйгаш цунна тІе а дехкина, доІа дира. Цул тІаьхьа ас цуьнан куьг схьалецира, тІаккха тхо дуьйлададала доладелира. Юьхьенца иза чІогІа ларлуш вара. ТІаккха чехк-чехка волввелира. Кестта иза тешна хиларца воьдура, тІаккха тхойшиъ цхьаьна ведда вахара. Эххар а ас цуьнан куьг дІахийцира, тІаккха иза ша ведда вахара.

Тоба угІа йолаелира. Массо тайпана цамгарш йолу адамаш хьалха девдира. Цу кегарехь аса сайн талмаж вайинера. Масех бІе стаг сценина уллохь карзахваьлла хьийзара. Дуккха берш тобина бара, цу юкъахь, дуьнен чу яьлчхьана цхьана лергана кхоччуш къора, ткъа важа лерг цхьадолчу декъана хезаш доцу, цхьа зуда а яра. Иза оццул йоьлхуш хиларна, бІаьрхиша цуьнан коч тІадийнера. Иза исбаьхьа дара!

Суна цу чиновнико, нагахь со кхайкхам бан хІоттахь, со дІалацийтархьама гуламе шен ши стаг ваийтина хиларх лаьцна, цхьа а хІумма ца хаьара. Уьш нийсса аса заьІапхочунна тІера доІа дечу муьрехь баьхкинера. Организаторо царна эхь хетийтира, тІаккха цунна агентех цхьаммо вукхуьнга олуш хезира: «Цкъа хьалха и хІун деш ву хьовсур вай, ткъа тІаккха дІалоцур вай иза».

Царна заьІапхо товелла хилар гинчу хенахь, цхьаммо вукхуьнга хаьттира: «Иза ма-дарра ду моьттий хьуна?» Уьш

юххе тIе а бахана, Дала деш долчуьнга кхин дIа хьежа хIиттира.

Къора зуда то муха елла а, тIаккха иза муха йоьлхура а гича, хьалхарчо элира: «Суна иза ма-дарра баккъалла ду моьтту».

ТIаккха пхи шо долу кIант охьакхийтира, хила тарло, Делан ницкъан кIел. Иза а гина, уьш тIетайра:

> *«ХIаъ, иза цхьа бакъдерг ду!» ТIаккха, со схьалаца ваийтина волу и шиъ, доIа дан хьалха велира! Аллилуйя!*

ШолгIачу Iуьйранна, цу чиновникца вовшахкхетарх сайна хало ян а ца хIуттуш, ас пачхьалкх йитира. Цхьа кIира дIадаьлча, мексикански динан тобанан IуIналхочо Штаташка а веана, монтеррейски газетин номер еара суна. Цо суна газетин агIонан хьалхарчу махана тIера тхан гуламах лаьцна статья йийшира.

Статья тIехь олалла дечара со хIилланча хилар дIа а хьедина, суна ахча бен ца деза бохуш дара. (Сино цу пачхьалкхера цхьа а кепек а ца оьцуш, ур-атталла сан сайн гулдинчух дайа аьллера соьга. Ишттаниг дешча, со и стенна ду кхийтира.) Делахь а тIаккха газети тIехь чIагIдора, цуьнан шайн корреспонденташна адамаш ма-дарра толуш хилар гинера, бохуш! Далла бу хастам!

Олалла дерш шайн кхерамаш тийсарца со сецо гIиртира. Нагахь динан тобанан Iуналхочо а, аса а цу кхерамаш тийсарга тхаьшшинна контроль яйтнехьара, Делан похIма ца лелаш дуьсур дара. Цу суьйранна цхьа а то а лур вацара, цхьа а декъалаллаш схьаоьцур а дацара. Амма Сино аьллачу Делан дешо, суна дуьхьалдаьхначу озаваларехула а, эхь хетийтарехула а чекхвала майралла еллера. Иштта бу хьекъалечу кхетаман ницкъ.

# ХЬАЛХЕ ДІАЛАЬЦНА

Адамашна цхьа а маыIна доцуш хетачух, Дала хуьлийла доцург гайтархьама, пайда оьцу.

Нахьми-ЯхIу, Исраил лоллехь йолчу хенашкахь вехаш хилла волу, жуьгти вара. Цул масех шо хьалха бавелхоша бахка а баьхкина, Ярушалайм кхоччуш йохийнера. Цара цуьнан дукхахболу бахархой байинера я йийсаре бигнера. Ярушалайман пенаш дагийна а, дохийна а дара, тIаккха гIала къапалг хилла нисъеллера.

Дала Нахьми-ЯхIун даг чу диллинера, Ярушалайме юха а вирзина, пенаш дIа а хIиттийна, ша гIала меттахIоттор. Нахьми-ЯхIус тешаме гIуллакх дора хийрачу мехкан паччахьна, тIаккха иза цуьнца дика вара. Паччахьо Дала цуьнан даг чу тесна болу лаам кхочушбарна бакъо яларца совгIат дира цунна. Нахьми-ЯхIус сихха Ярушалайме а вахана, Исраилехь бисина берш схьа а гулбина, мостагIчо дохийнарг меттахIотторна тIекхайкхира.

Амма церан инзаречу дуьхьалонашна тIеIиттадала дийзира. Кхаа меттигерчу олахочунна Санбулатана а, ТIуби-ЯхIуна а, ГIишамна а пенаш меттахIиттийна хила ца лаьара. Уьш Исраил хьалакхиарна дуьхьал бара, тIаккха Нахьми-ЯхIу а, цуьнан халкъан биснарш а сецо гIертара. ТIаккха уьш кхерорхьама, муьлххачу а тайпана хIилланех пайда оьцура цара.

Цу лидершна дуьххьара Нахьми-ЯхIун Iалашонех лаьцна хиъча, уьш «оха лелочух цабашарца буьйлуш бара» (Нахь 2:19). Уьш Нахьми-ЯхIуна дуьххьалдIа эхь хетийтийта гIиртина а ца Iаш, амма хIорш халкъан бIаьргаш чохь сонта гуш хилийта а гIертара. Цара бийла а буьйлуш, хIорш лахбеш долу дIахьедарш дора. «Жуьгташа меттахIоттош ерг хIун ю? Жима цхьогал тIедаьлча а, бухур болуш ма бу церан пен» (Нахь 4:3).

Сих-сиха адамаш, дийла а дуьйлуш, аша деш дерг гайтаме а хIиттош, шуна эхь хетийта а, кхеро а гIерта. Церан бийлийла а, шек хуьлийла а ду Дала шун даг чу диллинарг кхочушдан шу хьуьнар долуш хиларх. Церан и нийсса шун юьхь-дуьхьал дIахьедойла ду, я и хаттарш а, дийларш а кхечарна юкъахь дIасадаржадойла ду. Я, хила тарло, шуна дуьхьалваьлла стаг я адамийн тоба а йоцуш, ткъа шу шайн доларчу хьекъалца къийсам латтош ду. Цо ишттачу ойланашца кхиссарш йо: «ХIун моьттур ду адамашна? Уьш сох буьйлур бу? Со эшор ву?»

Ишттачу хьолахь, Дала шайна хIун дан деза омра динарг хаар лараме ду, тIаккха Цо хаьржина хилар дагадаийтар, «Амма Дала кху дуьненахь сонта хеташ долу хIуманаш къастийна хьекъалалла долчийн сий дайа, ткъа кху дуьненахь эгIаза хеташ долу хIуманаш къастийна ницкъболчеран сий дайа» (1 Ко 1:27). Стагана, ладаме доцуш хетачух, Дала хуьлийла доцург дархьама, пайда оьцу. ТIаккха дерриг а сийлалла Цунна кхочу!

Нахьми-ЯхIус Везачу Элан хьекъалх кхетарал хьалха марханаш а кхобура, доIанаш а дора. ТIаккха цуьнга мостагIчийн атакаш юхатохаелира. «Стигалахь волчу Дала аьтто бийр бу тхан. Делан леш долчу оха гIала юхаметтахIоттор дIадолор ду. Ткъа шух лаьцна аьлча, заманашкара дуьйна а доьзалийн латтанаш

дац шун Ярушалаймехь, иштта цигахь кхел ян а, Далла Ӏамал ян а бакъо яц шун» (Нахь 2:20).

Нахьми-ЯхӀу сацавойла доцийла а, исраилхой шайн балха тӀехь кхиаме буйла а кхетча, мостагӀий деpoints бахкира. Уьш хӀинца ца буьйлура, хӀунда аьлча гӀуллакхийн хьал царна кхоччуш беламе дацара. ТӀаккха цара, гӀалина тӀе а летта, ерриг а проект йохо сацам бира (Нахь 4:7-8).

Дералла – кхерам тийсарна пайда оьцуш долу, кхин а цхьа герз ду. Цунах, шу совцо я хьедан Ӏалашонца, пайда эцна хуьлийла ду. Цу тайпаначу дералло кӀоршамечу я, мелхо а исбаьхьачу кхерамаш тийсарна тӀедаладойла ду. Иштта атака – кхерамаш тийсаран чӀогӀа эффективни кеп. Со, адамаш, кхечеран дераллах кӀелхьардовлархьама, шайна бакъдуйла а, шаьш дан дезаш а хилар хууш дерг дӀатеттаре дуккхаззаа а хьоьжуш Ӏийна. Уьш къаьсттинчу юхадийларна тӀедогӀура, машаран моттаргӀа.

## Чоьхьара а, арахьара а охьатеӀор

Нахьми-ЯхӀун хийрачу мунепакъийн атакашна тӀеӀиттавелла бен Ӏан ца дийзира, амма цуьнан халонаш шен адамийн юкъахь а гучуйийлира. Иза, уьш тӀеӀитталучу хьелийн хьокъехь дара. Сих-сиха, Дала вай тӀекхойкхучу хенахь, вай арахьарчу санна, иштта чоьхьарчу дуьхьалонца а, оппозицица а Ӏиттало.

Нахьми-ЯхӀун адамаш дуьххьалдӀа кӀадделлера. Церан дукха нехаш дӀаяха дезара, ткъа цу гӀуллакхо балха тӀерачу кхиамна новкъарло йора (Нахь 4:10). Кхин цхьа хало а яра. Хьал долчу белхалоша ахчанца долу охьатеӀор дора, декхаршкахь болчу доьзалшна. Хьал долчара декхаран метта къечара лелош йолу аренаш дӀаялар тӀедуьллура (Нахь 5:1-8). Цу гӀуллакхо майраллах бохура шайн доьзалш баланехь берш. Оцу чоьхьарчу халонаша мостагӀчун агӀор ницкъ барна а, эхь хетийтарна а дуьхьаллатта, ур-атталла арахьарчу халонел а дукхаха новкъарло йора.

## Массо а агIор кхерамаш тийсар

Со хилла цу тайпаначу хьелашкахь. Со гездан волавеллачу хьалхарчу хенахь, соьга, шайн Iуналхо вайинчу, цхьана динан тобанна гIо дар дийхира. Динан тоба бархI бIе адам дехачу жимачу гIалахь яра. ГIала яйна а, цхьанна а евзаш а яцара. Шиъ гулам дIабаьллачул тIаьхьа берриге кхиазхой дохко а бевлла, Делан ницкъан дика ловш бара. Изза хуьлуш дара дуккха а болчу баккхийнчаьрца а. Дала деш долчунна тIехула, гуламе лелар шозза алсам а даьлла, бIе стаге хьаладаьллера. Аса а, сан зудчо а цу адамийн бала болу дела, тхешан тIаьхьадогIу ялх динан гIуллакхдар дIа а даьккхина, кхузахь диса сацам бира, кху динан тобанан ондда бух дIа а хIоттийна, иза керлачу Iуналхочунна кечъярхьама.

Делахь а динан тобанан советерчу цхьадолчу адамашна тамехь ца хийтира ас кхайкхош дерг. Царех цхьаъ, сан кхоазлагIчу гуламе веанчу хенахь, берриге кхиазхой, иза а цуьнан зуда а охьахиъна Iан марзделлачу, хьалхарчу шина могIарехь хиъна Iаш хиларна оьгIазвахнера. Хьалха къона нах уггаре а тIаьхьарчу могIаршка охьахуьйшура.

Вукхара сан динан гIуллакх дIакхехьар тIех чIогIа хиларан сацам бира. Бахьана стенца дара аьлча, динан тобанан советан адамашна суна тIехь контроль латтор лууш хилар дара. Царна динан тобанехь дерриг а хIума церан лаамашца догIуш хила лаьара. Масех гулам чекхбаьллачул тIаьхьа, ас эххар а элира: «Дисинчу ялх кIиранна аса олалла сайн кара схьаоьцу, ткъа цул тIаьхьа иза шун керлачу Iуналхочо дийр ду. Иза цу кепара бен хуьлийла дац. Сацам аша бан беза».

Цара шайн сацамах лаьцна схьахьедар дан дезачу дийнахь, соьга меттигерчу наркотикийн йохка-эцархочо телефон туьйхира. Цуьнан зуда сан гуламашка лелаш яра. Цо цу наркотикаш лелочуьнга даре динера, ша цуьнан тоьллачу доттагIчуьнца ямартло лелорах лаьцна. Цо шен дералла суна а, сан динан тобанна а тIе Iано сацам бинера, тховса суьйранна суна халонаш хилийта хаам а беш.

Ас цуьнан кхерам тасар дӀогара тергал ца дира. Цхьа ши сахьт дӀадаьллачул тӀаьхьа, тхоьгахьа гӀо лаьцначу, динан тобанан декъашхочух цхьаммо, цу стага шега а телефон а тоьхна, гулам болуш бомба юьллург хиларан кхерам тесна, элира. Ас цунна жоп делира: «Полици телефон а тохий, и бомбм карор деха цаьрга».

Кхин а ши сахьт дӀадаьлча, соьга полицера телефон туьйхира. Офицеро элира: «Мистер Бивер, доьху хьоьга, станци йолчу охьа а воссий, и стаг схьалаца ордер ялархьама, кехаташна кӀел куьг таӀаде», аьлла.

Ас жоп делира: «Офицер, суна аша иза схьалаца ца лаьа. Иза бала хьоьгуш ву. Дерриг а аса шуьга доьхуш дерг, - тховса суьйранна гӀишлонна гонаха мелла а лардаран гӀо дар ду». Цо элира: «Сан смена диъ сахьт даьлча чекхйолуш ю, ткъа уллора полицин участок кхузара ткъе пхийтта чаккхарма генахь ю. Тховса суьйранна церан цхьа а воуьйтийла хир дац».

Ас жоп делира: «Суна хӀетте а иза схьалаца ца лаьа».

Офицеро соьга хаттар дира: «Мистер Бивер, мел ехачу хенахь вехаш ву хьо кху гӀалахь?» Ас цуьнга со кхузахь вехаш ванне а вац, элира. Полицейскичо жоп делира: «Мистер Бивер, суна вевза и стаг. Цуьнан кху мехкашкахь вон репутаци ю. Иза наркотикаш юхкуш хиларан шеко йолуш ву. Нагахь цо кхин а малар малахь, со цхьана а хӀуманах жоп дала кийча вац»! Со сайн лергех ца тешалора. Полицино и стаг кхераме хилар дӀахьедо, тӀаккха со иза билггал иштта хиларх кхийтира. Делахь а суна хьалха санна, ордер ялархьама кехаташна куьг таӀо дезаш хилар ца хаалора. Цундела ас и дацаре а дина, баркалла элира офицере.

Амма сан цу къоначу стеган кхерамаш тийсарца дерг бен хилла ца Ӏаш, амма динан тобанан советаца дерг а цхьалхадаккхадезаш дара. Ас ойла йира: «Иза дуьххьалдӀа беламе ду. Динан тобанан совето суна халонаш еш ю. Царна со кхузахь виса ца лаьа. Ткъа хӀинца суна а, сан зудчунна а кхерам туьйсуш ву цхьа хьераваьлларг».

Со сайн когаш тIера чан ега а йина, кху гIалара хIинца а малх чубузале, сайн доьзал дIабига хьогах вара. Нагахь суна со Дала вахийтинийла ца хаьахьара, со доьзалан дуьхьа дIагIур вара. Делахь а даго суна кхаа бахьанина дIаваха ца магийра. Цкъа-делаахь, со Дала вахийтина вара, тIаккха суна, Цо соьга дIагIо алар ца хезнера. ШолгIа-делахь, суна дерриг и адамаш, шайх хIинца Дела хьакхавелла долу, дита ца лаьара. ТIаккха, кхоалгIа-делахь, нагахь оза а велла, цкъа дIавадахь, юхахула дIавада кхин а атта хир ду.

Суна Везачу Элан лаам бевзара тIаккха ас виса сацам бира, нагахь цуьнца динан тобанан совет реза хилахь. Дерриг а дийнахь со доIа деш Iийра. Иза аса цкъа-мацца а лайначу нуьцкъалчу доIанех цхьаъ дара. Делан похIма чIагIделира соьца. Со кху суьйренна кийча вара.

Амма динан тобанан цIийнахь нисвелча, сайн висийла доцийла хиира суна. Динан тобанан совет нийсса гулам болабалале хьалха вовшвхкхеттера. Дьяконех цхьаммо дийцира соьга, массара а сан дIавахарна тIера куьйгаш айинера, аьлла. И суьйранна хинболу гулам, тIаьххьара хилла дIахIотта безаш бара.

Суна халахийтира, амма со Далла кху суьйранна адамашна дан лууш волчунна тIегулвелира. Аса чIогIа кхайкхам бира, ткъа Делан ницкъ оццул чIогIа охьабоссарна, адамаш лаьттахь Iохкуш нисделлера. Дуккха а болчу юхабевллачара шайн дахарш Везачу Элана дIаделлера. Ткъа суна кхерам тийсина волу стаг, гучу ца велира. Гулам чекхболуш, аса дIахьедира, динан тобанан советана со виса ца лаьа, аьлла. Адамийн агIор эргIаддалар иккхира. Со барт эгIо воллуш вацара, цундела сайн дIавахаран бахьанехь, суна машар хаалора.

Цхьа кIира дIадаьлча советан декъашхоша динан тобанан Iуналхо хаьржира, иза, тIаьхьа къаьстина ма-хиллара, гомосексуалист хиллера. Масех шараш церан виъ Iуналхо хийцавеллера. Цу динан тобанан советан декъашхошна юкъахь лелачу ийзадаларан а, кхерамаш тийсаран а сино, юкъараллера хьал ладамечу дохорна тIедалийнера.

## Ондда а, Iалашо юьхьарлаьцна а дисалаш

Нахьми-ЯхIус шен адамашна юкъахь чоьхьара къийсамца дерг цхьалха ма-даьккхи, кхерамаш тийсаран шолгIа тулгIе айаелира.

ТIаккха Санбулата а, ГIишама а соьга хабар даийтира: «Схьавола, вовшахкхетар ду вай Овну-тогIерачу цхьана юьртахь». Цара суна зулам дан барт бинера. Аса цаьрга хабар дIаэцна сайн геланчаш бахийтира: «Со цхьа доккха гIуллакх деш мукъа вац, цундела сан шу долчу охьавосса йиш яц. И гIуллакх юкъахдер дара, со иза дитина шу долчу охьаваьллехьара», – аьлла. Доьазза нах тIебахийтира цара и хабар дахьаш, ткъа аса уьш мосазза богIу, хьалха санна, царна дуьхьал хабар дохьуьйтура (Нахь 6:2-4).

Санбулат а, ГIишам а къарцалора, Нахьми-ЯхIу юкъахваккха а гIерташ. Амма Нахьми-ЯхIу ондда вуьсура. Иза Дала шега де аьлла долчу омрина тIегулвелла вара. Цунна тIедиллинарг кхочушдан новкъарло еш хила ца лаьара.

МостагIчунна, вай вешан белха тIехь эффективни доцуш нисдалийтархьама, юьстах тетта лаьа. Иблис иза цкъа дина ца Iаш гIертар ду. Иза тIера цадолуш ду. Вай вешан сацамаш тIехь, иза шен чарех чул, онда хила деза. Цундела Делан Йозанаш тIехь аьлла а ду «Цунна дуьхьало е, Делах шайн тешар чIагIде» (1 Ки 5:9). «ЧIагIде» бохург «ондда а, чIоггIа а, лесталур доцуш а» ду. ТIехдукха долу адамаш, толам кхоччуш баьккхина хиллалц, сатта цалуш лаьттачу метта, мостагIчо масех тохар динчул тIаьхьа, карадоьлху.

Санбулата шен ялхо Нахьми-ЯхIуна тIе пхоьаза вахийтира. Кху муьрехь иза, хIара бунт ярна а, ЯхIуд-мехкан паччахьал совваьлла лелаш хиларна а бехке вечу кехатца дара (Нахь 6:5-7). Иза эхь доцу харцлер дара.

ХIетте а Нахьми-ЯхIу ца сецира. Иза зуламе дуьйцучун терго ярна тIех мукъа вацара. ТIех сих-сиха, ваьш кхеро гIертачу мостагIчуьнца юкъаметтигашкахь дерриг а дIалиста гIерташ, вай тилало.

Сан адамашка а хьоьжуш, цаьрга иштта баха дезаш нисделла:

«Ахьа цу стеган харцоне, Дала хьо хьажийна волчунна Iаткъам бан стенна магадо? Цо хьо бехкевеш хилар, иза и бакъ ву я ур-атталла билггал бакъдерг лоьхуш ву, бохург дац! Хьуна, Дала хьох лаьцна хIун боху а, Цуьнан хьуна лерина Iалашонаш муха ю а, хаьа. Сонтачу хIуманийн тидам бар стенна оьшу?» Делан Йзанашкахь аьлла ду: «Сонтачун сонталле хьаьжжина ма ло жоп, хьо а цунах дIа ца тарвалийтархьама» (Киц 26:4).

Нахьми-ЯхIу сацо гIоьртина волу тIаьхххьарниг, ван а веана, иза Делан цIийнахь къайлавала веза, мостагIий и вен бохкуш хиларан пайхамаралла дина, цхьа стаг вара (Нахь 6:10). Нагахь Нахьми-ЯхIус шен болх битинехьара, цуьнан адамаш кхин тIе а маллур дара, тIаккха гIуллакх чекхдаккхаза дуьсур дара.

Нахьми-ЯхIус жоп делира: «Со санна волу стаг вада везий те? Я со санна волу стаг Делан цIа чу шен са кIелхьардаккхархьама ваха везий те? Со цу чу гIур вац» (Нахь 6:11). Нахьми-ЯхIу, и стаг кхоччуш Дала вахийтина цахиларх, кхийтира. Цо шен пайхамаралла Нахьми-ЯхIуна дуьхьал ша ТIуби-ЯхIус а, Санбулата а лаьцна хиларна динера. ХIинца Нахьми-ЯхIус кхин дIа хIун элира хьовсийша:

> *Цара ШамIа-ЯхIу лаьцнера, со кхеро дагахь. Со кхера а вина, соьга къа а латадайтина, Делан цIа чу со дIалачкъа вахийта гIерташ бара уьш. ТIаккха сан мостагIийн со юьхьIаьржачу хIотто йиш хир яра (Нахь 6:13).*

МостагIчун, шу кхера а дина, боллучу ницкъашца лар а далийтина, шун репутаци талхайойла ду. Амма Нахьми-ЯхIун Везачу Элан хьекъал дара, цундела иза билггал бакъдерг а, цIена дерг а вочух а, харц долчух а къасто хьуьнар долуш вара.

Нахьми-ЯхIус Санбулатан а, ГIишаман а, ТIуби-ЯхIун а Iалашонаш Iораехира:

> *Тхан мостагIий тхо кхеро гIерташ бара. Царна моьттура: «ЯхIудхой, куьйгаш гIел а делла, болх*

*бечуьра совцур бу, цундела пен бина а бер бац». Амма аса сайн доӀанна тӀехь доьхура: «ЧӀагӀдехьа сан куьйгаш!» – бохуш (Нахь 6:9).*

Юха а кхерам тийсаран Ӏалашо го вайна: вай гӀорасиза дар а, Делан лаам кхочушбан а, ваьшна эхь хетуьйтучарна дуьхьаллатта а хьуьнар доцуш дар а. Нагахь вай чӀоггӀа ца латтахь, вай мостагӀчунна хӀонц хилла нислур ду.

Вай иблисан меттиг тӀе девлча, цо тайп-тайпаначу некъех пайда оьцу, вай ийзалуш хилийтархьама. Иза и цкъа дина бен Ӏан ца гӀерта, тӀаккха юха а долуш. ТӀаккха, нагахь иблисан вай сацадойла а, хьедалийтойла а я малдалийтойла а хилча, цо Делан Пачхьалкх хьалха йоьдучуьра хьейолуьйтур ю.

Нахьми-ЯхӀус а, цуьнан наха а пен боьттина чекхбаьккхира. ХӀинца гӀала ларйина а, тӀаккха юхаметтахӀотторан некъа тӀехь нисъелла а яра. Иза атта дацара. Инзаре дуьхьаллаттар дара цу некъан хӀора гӀулч яккхарна кӀелхиъна лаьтташ. Амма нахана Дала аьлларг хаьара, тӀаккха уьш юха цабевлира.

## Дуьхьалонашна тӀехь толамаш а бохуш

Нахьми-ЯхӀун юхацавалар – тешачийн муха хила безаран, классически масал ду:

*Аса ца боху, оцу массо а хӀумане со кхаьчна ваьлла, я со кхачам боллуш кхиъна. Мелхо а, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсас со дола ваьккхинчу Ӏалашоне кхача гӀерташ ву со (Пил 3:12).*

Коьрта дош кхузахь «гӀерташ» ду. Нагахь ПахӀала Дезачу Синца «гӀерташ» аьллехь, тӀаккха цуьнан Нахьми-ЯхӀун санна, сих-сиха дуьхьалонех чекхвийла дезна. Амма вай цу тӀехь ца совцу. Вай кхин дӀа даха деза. ПахӀала кхин дӀа бохура:

*Иштта, сан Ӏалашо ю, къовсамехь санна, Ша леррина къобалвинчу Ӏийсагахула со стигала*

*тIекхайкхинчу Дала суна лун долчу совгIатна хьалха тIекхача (Пил. 3:14).*

Лакхара а, лахара а хьажийна хилар ду. Лакхара хьажийна хилар – иза лаьттахь стигалан стандарташца а дехаш, Делан Пачхьалкх юьхьша дахарехь муха гучуйолу гар ду. Цу лакхарчу хьажийна хиларехь дехачу адамаша, шайна гонаха долчун Iаткъам бо. Шайна деллачу олаллехь а болуш, цара синан лакхалле климат хуьйцу, охьатаIийна хуьлучу метта маьршо йохьу.

Боданан серло эшалойла дац. Серлоно бода дIабоккху. Серло къеггина мел ю, бода алссам дIаболу. Иштта лела деза вай Делан Пачхьалкхан олаллехь. ТIаккха вайна гонаха берш цуьнан олаллин кIел нисло.

Iийсан къилахь болчаьрца цхьаьна юург юийла дара, Цо атмосферин контроль йо дела. Нагахь шу, мунепакъ иблисехь чул, Делаца ондда делахь, шун атмосфера контролан кIелахь латтайойла ду. Нагахь къилахь верг, тешаш верг бакъахьараллехь чул, къинан алсам орам тесна велахь, тешаш воцург синан лакхалле климатан контроль еш хир ву.

Лакхарчу хьажийна хиларехь даха сацам барца, шу дуьхьаллаттарна тIеIитталур ду. «Вуьшта а хууш ма ду, Дала леррина къобалвинчу Iийсана тIаьхьа а хIоьттина, суьпа баха лууш болчара массара а баланаш хьоьгург хилар» (2 Ти 3:12). ТIаккха вайга иштта а аьлла: «Вай лан езаш дукха халонаш ю Делан Олалла тIе а лаьцна, Далла уллохь хилале (Век 14:22).

Делахь а дуккха болу керстанаш сеца а соьцуш, лахарчу хьажийна хиларехь беха. ХIунда? Царна лакхарчу хьажийна хиларан некъа тIехь дуьхьаллаттарна тIеIиттадала ца лаьа. Уьш шайна гонаха долчунна реза хила кийча бу, делаллин атакица хьал хуьйцучун метта. Тобанна юкъахь иэдалар, цу юкъара арадовлучул, дуккхазза а атта ду. Дуьхьалонашна тIеIиттаделча, цхьаболчара компромиссе а боьлхуш, уггаре а кIезиг дуьхьаллаттар хиларан некъ лоьху.

Аса, вайн дуьхьаллатта ца лаар цхьадолчу декъехь ваьшна атта а, бегIийла а дахар дIахIотто гIертаро далийна хилар,

лору. Вай доггаха кхолламе до вешан дахарш, массо а кепара муьлххачу а халонех кIелхьардийла а гIерташ. Ас дахаран къизаллаш бакъеш хилархьама дац иза, амма аса ма-дарра, вай вешан Iалашонех а, программех а, Делах дегайовхо хиларал а, сов дегайовхо йолуш хилар, лору.

Вай страховка йина ду. Нагахь цомгуш делахь, лоьрашна тIедовду, ур-атталла хьалха доIа а ца деш. Вайна вешан страховкано дерриг а вай дайа дезарг дIакъовлур дуйла хаьа. Вайн балхо вайна хIора кIиранна чекаца ахча латтадо. Нагахь вай балхах довлахь а, вай и болх боцуш а ваьш бегIийла хаалуш хир ду. ГIо дар а, социальни ахча далар а хуьлу. Нагахь гIо дар вайна догIуш дацахь, кхин цхьа-муьлхха а вешан гIайгIа бен йолу программа карайойла ду, - хила тарло, вайн мало ярна а мах лур бу.

Телевиденис а иштта дахаран пассивни кеп дIакхехьарна тIетоьтту. Юккъера американхо кIиранах 24 сахьтехь телевизоре хьоьжу! Вай телекомпанишна а, Голливудана а вешан метта ойла ян магадо. Вайн агIонаш, вай церан программаш дIахударан бухана тIедоьгIна кхуллуш ю.

Микроволнови пешаша а, сиха юург кечъечу ресторанаша а, вайн агIор цхьа а ницкъ ца беш, сихонца кхача хуьлуьйту вайна. Цхьайолчара ур-атталла маьхза делкъе яйтаран гаранти ло, нагахь санна юург пхийтта минотехь охьа ца йиллинехь. Вайн экспресс-почта а ю, цхьана сахьтехь хIума цIанъеш йолу химчисткаш а ю, сихха сурт доккху гIирс а бу, сихха машенашна даьтта хьокхийла а ду, ерриге а суткин хена чохь дуьненан керланашка хьовса аьтто а бу. ТIаккха иза вайн тIекхочийла долчу бегIийла долчух кIезиг дерг бен дац.

Царех дуккха дерш исбаьхьа ду. Церан, вайн хан паргIат йитарна хьуьнар хуьлу, иза ма-дарра лараме хIума ду. Делахь а вай сих-сиха хьалхадаккха дезаш дерг нийса дIаса ца дохку. Тахана дукхахдолу адамаш цхьана хIуманна тIегIертар дац, нагахь цу тIехь билггал ладаме болх бан дезаш делахь.

Халахетахь а, иштта ойла яран кеп вайн малхбузехьарчу динан тобане чоьхьаяьлла. Делан лаккхара хьажийна хилар

доладаккхархьама, тӀебирззина юха цабовлу амал йолу Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинарш тӀех кӀезиг бу. Дуьхьалонашна тӀеӀиттабаларца, уьш кӀезиг дуьхьалонаш йолчу некъа дӀабоьрзу. Хьалхарчу хенахь, атта кхиам хуьлуьйтур бу боху и некъ, дика харжам бу аьлла, сурт хӀоттало. Амма и некъ синан лакхалле йовхо луш йолу хӀуманаш кӀелатасарца биллина бу: компромисс а, апати а, ша-шен ларвар а.

Ӏийсас вайна мостагӀийн лаьмнашна, уьш меттахдахархьама, царна дуьхьаллатта хьоьхура. Кхечу тайпана ала а мегар ду: шайн лам бохабе, ур-атталла иза кескаш йохуш бохо безахь а. Нахьми-ЯхӀу санна, Дала леррина Къобалвинчуьнца болу, билггал бакъболу тӀемалой, тешачарна цхьа а хӀума дуьхьаллатталург цахиларан тешна хиларца, муьлххачу дуьхьалонех чекхбуьйлу (Мат 17:20). ТӀаккха бӀостанехьа а, атта некъ хаьржинарш шайн лаьмнашна юххехула чекхбуьйлу, конфронтацих кӀелхьарбийла а гӀерташ. Кху дуьненан система, хӀаваэхь олалла дечу, элано чӀагӀйина ю (Эпа 2:2). Стигалш цу Ӏаткъамца къайлабаккханзачу къийсамехь ю. Нагахь вай стигалан некъаца долхахь, вай даим а кху дуьненан системин агӀор дуьхьаллаттарна тӀеӀитталур ду. Халахетарна, и дуьненан система вайн динан тобанашкахь а доминировать деш ю.

Ас иштта дуьхьаллаттар хикема чехка догӀучу хина дуьхьал дахарца дустур дара. Шун даим а хи тӀегӀортарна дуьхьаллатта деза. Шун пийсигаш даим а болх беш хила деза, тӀаккха аша уьш хьоькхуш а, хьоькхуш а хила деза. Цхьана а муьрехь шун совцийла дац. Ткъа нагахь совцахь, хила тарло, цхьайолчу ханна шу инерцица кхин дӀа гӀур ду, амма иза дехха хир дац, тӀаккха хино шу охьа далор ду. Шун кеманан мара хӀинца а хьаланехьа бирзина хир бу, амма шу охьахьуш хир ду. Иза, тешаш берш хьалха дӀагӀерташ ца хилча, хӀун хуьлуш хиларан, сурт гайтар ду. Цара шаьш хӀинца а Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинарш хиларан моттаргӀа йо, амма ма-дарра аьлча, уьш дуьненехьа тӀехьа юха боьлху. Дин лелораш хилла дӀа а хӀуьттий, ницкъ а, эффективни хилар а дойу. Нагахь нийсса Ӏийсас ма-бохху алахь, уьш «цхьанна а хӀуманна пайденна бац» (Мат 5:13)!

# Ондда хила!

Тимапина Делан похIмин алу кхин а йовха ягийта а хьехна, ПахIала кхуззахь тIетуьйхира: «Ткъа хьо, сан кIант, Дала леррина къобалвинчу Iийсаца вай хиларна, вайна делла долчу диканца доьналла долуш хилалахь» (2 Ти 2:1). Хьалха дIа а доьлхуш, ийзадаларна тIехь толам баккхархьама, вай ондда хила деза.

ПахIала Коринтера динан тобане ларъялар дIахьедеш ма-хиллара, «сема хилалаш, шайн тешарехь чIагIлой Iелаш, доьналла долуш а, майрра а латталаш» (1 Ко 16:13). Майрра тешаш верг холчу хьелашца юьхь-дуьхьал Iиттало, царех кIелхьара а ца вуьйлуш.

Дала ЮшаI ондда а, доьналле а хиларна цкъа хилла ца Iаш, ткъа ворхIазза иракарахIоттийра!

ЧIогIа а, йоккха къонахалла йолуш а хила, Сан ялхочо Мусас кхочушбе аьлла болу берриг а товрат-хьехам леррина Iалаш а бе, кхочуш а бе. Цунна тIера аьтту а, аьрру а агIор ма верза, тIаккха айхьа дечу муьлххачу а гIуллакха тIехь ларош хир ву хьо (Юш 1:7).

Хьовсийша, Дала ондда а, доьналле а хила боху. Стенна? ТIамехь толам а баьккхина, сийлахь турпалхо хилла дIахIоттархьамий? ХIан-хIа. Везачу Элан дош лардархьама. И дарна Нунин ЮшаIан турпалхо а хилла, ур-атталла тIамехь толам баккха а дезна! Озадалар вай Везачу Элан лаамна а, дешана а муьтIахьхиларан маьршонах даха гIерта. Цундела вай, ур-атталла лаамаза а, хууш ма-хиллара, нийса дерг дIа цатасархьама, даим а ондда а, доьналла долуш а хила деза.

«Доьналла» бохучу дешана билгалдаккхар лур вай:

> *Ваьш вовшах а кхетта, ваьшна хала а, кхераме а, лазам беш долу а дерриге а цхьалхадаккха кийча долчу хенахь, хьолана йолу терго я жоп; вай и до, царна тIеIиттадаларх кIелхьардовлучу метта.*

ХIинца, доьналлина бIостаналлехьа хIун ду хьовсур вай. Хила тарло, аша автоматически иза кхерам а, ледарло а хилийта

мега. ТӀаккха цхьадолчунна иза нийса а ду. Делахь а «вохор» дош схьаэцар гӀолехь ду. (Ингалс маттахь «courage» (доьналла) дош а, «discouragement» (вохар) дош а нийса антонимаш ду - билгалдаккхар гочдархочун ду). Дала Нунин ЮшаӀна а, вайна а ондда а, майрра а хила омра дина, вешан дегнаш чохь дог дохар а, синан лагӀдалар а тӀе а ца дуьтуш!

«Вохар» бохучу дешана билгалдаккхар лур вай:

> Майраллах ваккхар; кӀезиго тешна хилар долуш ван, сатийсарх ваккхар; дог эшорна тӀевалор.

ДагадогӀий шуна, Изабалас кхерийначул тӀаьхьа, Эли-ЯхӀу дог доьхна хиларо муха эшийнера? Иза юха а ваьлла, дӀаведдера. Иза оццул воьхна хиларна, цунна делла долчу олаллин агӀонгара аракхоьссина нисвеллера. Вай дог доьхна хиларе мостагӀчуьнга санна терго еш хила деза. Вай цуьнан ницкъан мах ца хадабо, тӀаккха цу гӀуллакхо Делан лаккхара хьажийна хиларх сецадо вай. Нагахь Дала Нунин ЮшаӀе ворхӀазза майрра а, доьналле а хила аьлла хилча, вай а тидаме эца деза иза.

Дог дохар – адам дуьйриг ду! Нагахь цунна дуьхьал ца довлахь, цо вай юхадовлуьйтур ду.

> *Амма Аса бакъвинарг Сох тешарца вехар ву, ткъа иза юхавалахь, Со цунна реза хир вац (Ӏеб 10:38).*
>
> *Далла вайн осалаллах там ца хуьлуш хиларх кхетар лараме ду. Вайга аьлла ду: «Толам баьккхинчунна и дерриг а дуьсур ду, ткъа Со цуьнан Дела а хир ву, иза Сан кӀант а хир ву. Ткъа кӀиллойн а, Ӏийсах тешар доцучеран а, вон болчеран а, адам дийначеран а, сийсаза лелачийн а, бозбунчийн а, харцделанашна Ӏамал еш болчеран а, массо а харцлуьйчеран а дакъа хир ду цӀарах а, саьмгалх а богучу Ӏам чохь. Иза шозлагӀа валар ду» (Довз 21:7-8).*

«Кхоьрург» дешан «лазамна я кхерам тийсарна хьалха эхье

кхерам гайтар», боху маьӀна ду. Васталар ца хуьлуьйту ткъа Дала кӀиллонаш адам дийначеран а, сийсаза лелачийн а цхьана могӀаре билларо? Делахь а вай ваьшна бехк ца буьллу, кхоьруш лелар – иза дуьххьалдӀа ледара хиларх а тешош.

ХӀан-хӀа, кхерар цатешарх догӀу. Ткъа цатешар Исраилан кӀенташна дахаран меха хилира, тӀаккха уьш цкъа а сатийсинчу лаьтта ца бевлира. «Иштта вайна го, шайн цатешар бахьана долуш, Дала лучу синтеме уьш кхочург цахилар» (Ӏеб 3:19).

Изза хуьлуш ду тахана а. КӀиллоша толам ца боккху. Цара ваӀда динарг схьа цаоьцу. Везачу Эло векал волчу ПахӀалехула тӀевирззина тӀетадо:

> *Иза иштта хилча, суна, шу долчу а веана, шу гича, я кхечанхьа а волуш, шух лаьцна иштта хезар ду: уьш цхьаалла а йолуш, берриш а цхьаъ санна, хазачу кхоаца цхьаьнадогӀучу тешарна къахьоьгуш бу. Цхьана а хӀуманна тӀехь мостагӀех ма кхера: иза уьш хӀаллакьхиларан билгало ю царна, ткъа шуна – кӀелхьардовларан билгало ю. Ткъа и кӀелхьардовлар Делера хир ду (Пил 1:27-28).*

Ондда латта, шайн мостагӀашна шаьш кхеро а ца магош. Майрра а, ондда а, доьналле а хила, тӀеӀитталучу дуьхьалонца дерг цхьалхадаккха кийча а долуш, ткъа цунах дӀа а ца довдуш! ТӀаьхьадогӀучу аятехь ПахӀала кхин дӀа боху:

> *ХӀунда аьлча Дала леррина Къобалвинчун дуьхьа Цунах тешна а ца Ӏаш, Цуьнан дуьхьа баланаш хьега дезар а делла шуна (Пил 1:29).*

И хӀун баланаш хьегар ду, вай лан дезаш дерш? Кипас жоп ло цунна:

> *Дала леррина Къобалвинчо Шен дегӀана бина ницкъ лайна дела, аша а цунах тера долчу леларна кечам бан беза. ХӀунда аьлча дегӀана хуьлу ницкъ*

> *лайнарг, къинойх дIа а къаьстина, дуьнен чохь як-кха йисина хан, дегIан лаамийн кара а ца воьдуш, Дала бохург деш йоккхуш хир ву (1 Ки 4:1-2).*

Вешан дегIо я кхечеран Iаткъам баро, цхьана агIор хьовсийна, ткъа оццу хенахь вайна болу Делан лаам – кхоччуш кхин некъ харжар а болуш, дохуьйтучу хенахь, вай баланаш лов. Вайга Везачу Элан дош лардалийтархьама, ондда а, майрра а хила омра до.

Кипас вай ишттачу ойланан герзаца кечделла хила деза боху. Герзах воьттина а, баланаш хьегарна кечвина а воцу Iийсана тIаьхьахIиттинчарах верг, - тIеман аренгахь герз доцу салти санна, ву. Иза я вуьйр ву, я йийсаре вуьгур ву. Баланаш хьега лууш боцу Iийсана тIаьхьахIиттинчарах берш, атта адамийн кхерамечу, - ийзадаларан набахти чохь нислойла ду.

Вай, вешан лаккхарчу хьажийна хиларе гIертарехь, дуьхьаллаттарца Iиттадаларан, сатуйсуш хила деза. Делахь а ПахIала тешнахиларца дIахьедо: *«Везачу Эло муьлххачу а зуламах со кIелхьара а воккхур ву, Шен стигаларчу пачхьалкхе со дIа а вуьгур ву. Хастам хуьлда Цунна массо а заманчохь. Амин!» (2 Ти 4:18). Дала хIетте а вай Шен сийлалле далор ду. Аллилуйя!*

Делан дашера хIара хьехар леррина дешалаш. Шайна иза хьалха цкъа а ца гиначуха санна, дешалаш. Совца а совций, ма-дарра ойла е хIора деша тIехь. Дезачу Синна магаде и дешнаш латор.

> *Дела вайгахьа (соьгахьа) хилча, мила вер ву вайна (суна) дуьхьал? (Рим 8:31).*

> *ДIакъастадалур дуй те вай цхьаьнгге а Дала лер-рина Къобалвинчун безамах? Дац! Халоно, балано, вай лаьхкина леларо, мацалло, къоьлло, кхера-мо я Iожалло дохур дуй те вай Цуьнан безамах?.. ХIетте а, и дерриг а гIуллакхаш хуьллушехь, ваьш Дезначо вайга уггар боккха толам боккхуьйту (Рим 8:35, 37).*

*Хьалхе дӀалаьцна*

*Сан хьоме бераш! Шу Делера ду. Шу тоьлла харц-пайхамарел, хӀунда аьлча шуьца Верг нуьцкъала ву кху дуьненахь олалла деш волчул (1 Я 4:4).*

Хьайн дог цӀена а латтош, Делан бер а, Делан гӀуллакхдархо а санна, хьайн олаллин агӀонна тӀехь виса. ТӀаккха ахь майрра дӀахьедан деза: «Веза Эла суна гӀоьнча ву; кхоьрур вац со. ХӀун дийр ду суна адамо?»

Чаккхенгахь ас тешадо шу, хьалха шу эшийна хиллачуьнга шаьш цкъаъа а сецо ма магаде. Шайн хин долчун яханчу хенахь хиллачуьнца дусте кхел ма е! Нагахь шу иштта лелахь, шу цкъа а цу яханчу хенара арадевр дац! Ларамe дац шу мел сих-сиха дегна. Абаде сатийсар ду: Дела кӀиллонех турпалхой баран специалист ву! Аллилуйя! Цуьнан ницкъ гӀорасизаллехь кхочушхуьлуш бу.

Масала, ШамӀа-Кипин вешин, Ӏандаран дахаре хьовсийша. Ӏийса схьалаьцначу буьйсанна, «Цуьнан берриг а мурдаш, Иза ша волччохь а витина, бевдда дӀабахара» (Мат 26:56). Цхьа Кипа кхеравелла бен ца Ӏара; Ӏандар а дӀаведдера, шен дахар кӀелхьардаккха гӀерташ. Делахь а кӀиллолан цхьана хиллачу эпизодо, Ӏандар кӀилло а хилла вуьсург хиларан маьӀна дац.

Ӏийса денвеллачул тӀаьхьа, Ӏандара Эфиопехь кхайкхамаш бира, иза а иштта римхойн олаллин кӀелахь яра. ХӀара ду Ӏийса сийлахьвина исторически хиламех лаьцна дийцар. Ӏандара,

леррина кхайкхамаш а беш, дуккха берш Дала леррина Къобалвинчух тешарна тIебалийначу хенахь, губернаторо АгIайс римски сенатера, берриге Iийсах тешачара римхойн цIушна сагIанаш даха а, Iибадат дан а дезаш хиларан бакъо яьккхинера. Iандаро АгIайна дуьхьалвала сацам а бина, и волчу вахара. Цо дIахьедира, адамийн кхелахо уггар а хьалха стигаларчу Кхелахочунна Iибадат дан дезаш ву, аьлла. Iандаро, билггал бакъволчу Далла Iибадат даро хьекъалера берриге а харц деланаш а, бIаьрзе цIуш а дIалохкур бу, аьлла.

Iандарна дарвеллачу АгIайс, и стаг дукха хан йоццуш деланийхойн храм чохь къаьхьа къурс а эккхийтина, римхоша законехь йоцу «доьгIначух тешачийн секта» дIакхайкхийна волу, адамаш Iийсах тешачарех хила, тешош хилларг-м вац те, аьлла, хаа буьйра дира.

Iандаро, Риман урхалчаш билггал бакъдолчух ца кхетта, аьлла, жоп делира. Адамийн диканан дуьхьа лаьтта веанчу Делан КIанта, римхойн деланаш – зуламе а, адамашка Дела емалвойту, ткъа Иза делах дIаверзуьйту, адамийн мостагIий бу, бохуш, хьоьхура. Iандара бохура, иблисана гIуллакх дарца, адам массо тайпана цIена доцург дан хIутту, цундела иза лей дIадолу, тIаккха цуьнан зуламе гIуллакхаш доцург, хIумма а ца дуьсу.

Проконсула кхин ишттаниг ца кхайкхоран омра дира, и ца дахь, иза жIарах дIатохаран кхерам а тосуш. ТIаккха Iандара жоп делира: «Аса жIаран сий а, сийлалла а кхайкхор дацара, нагахь со суо жIара тIехь валарх кхоьруш велхьара», аьлла. Цунна керлачу сектантски хьехарна а, римхойн деланийн дин дохорна тIера а жIарах дIатохаран кхел йира.

ТаIзар дечу метте а воьдуш, шена хьалха жIара а гуш, Iандар ур-атталла юьхь тIера хийца а цавелира. Шен къамелехь а юха цавелира иза. ДегI гIелделлера, амма хьекъало, леш болчийн иза сих-сиха хуьлуш делахь а, дIа цатеснера иза. Цо элира: «Ва, лиъна а, дукха хенахь дуьйна сатийсина а йолу, жIара! Хьекъалехь кийча хиларца а, воккхаверца а, лаамца а вогIу со

хьуна тӀе. Со, кхузахь дӀатоьхна хилла Волчун мурд, даим а хьо лоруш верг вара, тӀаккха суо хьан мараволларе дӀа а ло аса».

ХӀара хӀинца кхоччуш, Ӏийса схьалаьцначу хенахь, шен дахар кӀелхьарадоккхуш, дӀаведда волу, стаг вацара. Иза хийцавеллера.

Ма-дарра аьлча берриге а дӀабевдда хилла болу мурдаш Дала леррина къобалвинчу Ӏийсах лаьцна шайн тоьшалла дарна тӀера тӀаьхьалонгахь байина бара. Дала уьш дӀабевдда болчунна тӀеӀиттабалийта озабезам бинера царна. Ийзадаларан а, кхераран а ницкъ бохийна бара, тӀаккха цара шайн дахарш охьадехкина дара!

Аша шаьш тедан деза «шуна чохь и дика гӀуллакх дан Долийначо, Дала леррина къобалвина Ӏийса вогӀун волу де тӀекхаччалц, иза кхочушдийр дуйла» хаарца (Пил 1:6). Цу мурдийн дахарх лаьцна тоьшалла – Деле вайн эшийна хилар толам баккхарехьа муха дерзало гайтар ду! Юха ма дийла, амма шу деза а дезна, шуна тӀера Шен дахар дӀаделлачух тешнахила майра хила.

ДоӀа дер вай цхьаьна:

*Дада, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан цӀеран дуьхьа, ас доьху Хьога чӀагӀвехьа со Хьайн безамца а, хьекъалаллица а. Гечдехьа суна, халонаш йолчу хенахь, сан сайн бегӀийла а, кхерамазалле а хиларан дуьхьа, юхавийларна. Веза Эла волу Ӏийса, тахана ас сацам бо, суо дӀа а тесна, сайн жӀара схьа а эцна, Хьуна тӀаьхьа лела. Со Хьан лай ву, аса, Хьан дош ала а, Хьан лаам майраллица а, безамца а кхочушбан а хьуьнар луш долу, Хьан ниӀмат тӀеоьцу.*

Ткъа хӀинца кхераман а, контролан а сине ала:

*Аса, аса-айса а, кхечу адамаша а сайн дахаре аьлла долу кхерамаш тийсаран а, контроль яран а дешнаш дохадо. Аса сайн дахарехь адамашна хьалха*

*кхераран борзморзах бохабо. Шу, боданан цӀена доцу синош, аса суо Далла муьтӀахь во, тӀаккха со шуна дуьхьалваьлла лаьтташ а ву. Ас сайн дахарехь шуна меттиг ца ло, цундела Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан цӀеран дуьхьа, дӀагӀо. Амин.*

*Шу охьаэгарх лардан а, цӀена а долуш, доккхачу хазахетарца Шен сийлаллина хьалха хӀотто а ницкъ бу Делан. Цхьаъ бен воцчу а, вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсагахула вай кӀелхьардохучу а Далла сий а, паччахьалла а, ницкъ а, олалла а хьулийла, азалера дуьйна а, хӀинца а, абаденналц а. Амин.*

*– ЯхӀ 24-25*

# ИБЛИСО ІЕХАВАР

***КъинтІера ца довларан Іожалле гуранах маьршонехь долу дахар***




“Иблисо Іехавар” киншкано, мостагІчо тешаш берш Делан лаам кхочушбарна генабаха пайда оьцу уггаре а хІилланечу гуранех цхьаъ гучубоккху: халахетарш. Дукхахдолчу адамийн ур-атталла шекьхилар а ца хуьлу шаьш гуро лаьцна хиларх.

Іехаделла ма хилалаш! Дала леррина Къобалвинчо аьлла: “къа латадойтуш долу хІума тІе ца догІуш дуьсур дац” (Лк. 17:1). Шун, Іехийна хила я ца хила, харжийла дац, амма шун цу кхайкхамна муха жоп дала деза сацам бойла ду. Нагахь аша халахетаршна нийса терго ях, шу ондда а, дог доьхна доцуш а хилла дІахІуьттур ду. Нийса терго яро бен аьтто бийр бац шун Делаца дуьхьалонаш йоцуш юкъаметтигаш хиларна.

Кху дахьийтарехула Джона Бивера Делан лааман агІончаш муха диса деза а, шекьхиларх а, цатешамах а паргІатдовла а хьоьхур ду шуна. Шун, бохам хиллачун дог-ойланах кІелхьара а девлла, тІехъяьkkхинчу халонийн а, дог даларийн а дукъ тІехь доцуш, дехийла хир ду. Аша Далла муьтІахьхиларан лаккхара тІегІа дІайиллича, шун дахар къинтІерадовларца а, машарбарца а, ца соццучу даккхийдерца а дуьзна хир ду.

ТІекхочийла ду: MessengerX.com-хь

# АБАДЕНЕ КХИЙДА ДЕГНАШ

***Тахана а, ерриге абаденахь а маьIна долу дахар***




Кху лаьттара дахар – еккъа Iаь бен яц, амма вайх болу дукккха берш цунна дехьа хIумма доцуш долчуха санна беха. Амма, вай хIара дахар муха дIадаьхьначо, вай абаде муха дIакхоьхьур ю билгалдоккхур ду. Делан Дешо вайга боху, тешачарна тайп-тайпана совгIаташ хир ду, адаман кхиамаш цуьнан бIаьргашна хьалха баьгна дIабовларна тIера дIадолийна, Дала леррина Къобалвинчуьнца паччахьалла даре тIекхаччалц.

2 Коринтхошка 5:9-11 гайтинчу агIонашна тIедоьгIна, Джона Бивера, берриге а тешаш берш, цара кху дахарехь даьккхинарг схьаэцархьама, Дала леррина Къобалвинчунна хьалха хIитта безаш хирг хилар дагадоуьйту вайна. Вайх болу дукккха берш Iадийна хир бу, вешан дукхах йолу хан ваьшна абаденан совгIаташ дахарна лерина хир долчунна яйина ца хиларна.

Иштта, вешан дахар маьIне муьлхачу кепара дойла ду вайн? Абадене кхийда дегнаш цIе йолчу книги тIера шу шаьш стенна хьажийна ду довза а, Дала шайна делларг алсамдаккха а Iемар ду. Абаденгахь цкъа а хедар доцучу дахарехь хиндолчуьнга хьаьжча, шун ницкъ хир бу, цкъа а чекхдалар хиндоцучунна тIехь болх бан.

TIекхочийла ду: MessengerX.com-хь

# MessengerX

*Дешаре некъ хIоранна а, массанхьа а*




- **110 меттанашкахь сов маьхза**
- Юххедиллар а, онлайн а санна тIекхочийла ду
- Шун синан лакхалле хьалакхиарна хьажийна хIуманаш
- Шайн историга а, дешаран некъе а хьовса






Messenger дешарна гIирсийн кхоччуш библиотека схьаэца – электронни книгаш а, видео а, аудио хьехамаш а, аудиокнигаш а, Делан Йозанаш а… Хьовса а хьовса, еша а еша, ла а догIа берриге а шайн гIирсаш тIехь.

## MessengerX.com

Download on the App Store

GET IT ON Google Play

Дерриге а дуьненахь App Store-ехь а, Google Play-ехь а тIекхочийла ду

## КХЕРАМНА ТІЕХЬ ТОЛАМ А БАЬККХИНА,
# ШЕН ДАХАРЕХЬ ДЕЛАН
## ПОХІМАНАШ ПАРГІАТ МУХА ДОХУ

ШУНА «**ХІАН-ХІА**» АЛА ХАЛА ДУ?
ШУ **КОНФРОНТАЦИХ** КХОЬРУ?
ШУ КОНФЛИКТАХ КІЕЛХЬАРДОВЛАРХЬАМА, **КОМПРОМИССЕ** ДОЬЛХУ?
САЦАМ БАР ТІЕОЬЦУШ, ШУ **КХЕЧАРНА ТАМ БАН** ГІЕРТА?
ШУН ДАХАР ГОНАХА БОЛЧАРА **КОНТРОЛЬ** ЕШ ДУ?

Нагахь ахьа кху хаттарех цхьанна «хlаъ» аьлла жоп деллехь, хlета «*Ийзадалар дохош*» книга хьуна йогlуш ю. ХIокху книгано ийзадалар Іорадоккхур а ду, цуьнан ирча дІалацар дохор а ду, тlаккха хьан дахарехь Делан совгlаташ муха паргlатдохур ду а, Цуьнан олалла чlагl муха дойла ду а гойтур ду. Цу гуро лаьцначуьра паргlат а девлла, дипресси а, сатуьйсийла цахилар а, эхь хетар а санна, долчу ийзадаларан стоьмашна тlехь толам боккху хан тlекхаьчна. Кхерамна хьуо сецо ма магаде!



ДЖОН БИВЕР Делан Даше шен компромисс ца хиларан тергонца вевзаш ву. Джон а, цуьнан зуда Лиза а «Мессенджер Интернэшнл» цlе йолу, динан гlуллакхдаран кхоллархо ду. Цу гlуллакхдаран lалашо – вайн дуьне хийцадолуьйту, компромисс йоцу Дала леррина Къобалвинчунна тlаьхьахlиттинарш хьалаайар ю. Джон, Колорадохь, цlахь волчу хенахь, шен веа кlантаца настольни карточни ловзарех ловзуш я Лиза шайца гольфах ловза тешо гlерташ хуьлу.

Маьхза видео чу яккхархьама, **MessengerX.com** чу довла

MessengerX

Алсам хаа лаахь
Сканировать е

ХIара книга – авторера совгIат ду.
Йохка йиш яц.

MESSENGER INTERNATIONAL
MessengerInternational.org